

Ongka 1, 7 Januari 1869

Para priyantun ingkang mendet serat Jurumartan ing taun 1868, sarta dereng bayar ing pangaosipun sami kaaturan uninga, manawi kendeling pangintunipun serat Jurumartani, punika awit saking dereng kabayar ing pangaosipun manawi taksih badhe lestantun ing panampinipun srat Jurumartani punika akintuna pangaosipun wau.

Para priyantun ing Ngayogyakarta, ingkang mendhet serat Jurumartani, sami kaaturan ambayara pangaosipun serat Jurumartani punika dhateng tuwan Lamslah, ing kantor paresidhenan Ngayogyakarta, punapa malih para priyantun wau sami kaaturan uninga, manawi boten ambayar pangaosing serat Jurumartani, ing satelasipun wulan Januwari punika, amesthi badhe katagih kapratelakken wonten ing serat Jurumartani.

Surakarta kaping 5 Januvari, 1869

Ingkang medalaken serat Jurumartani'

Katandhan Jaspres enko,

=====

Pawartos saking Surabaya anyariyosaken kados ing ngandhappunika:

Surabaya kaping 17 Dhesember 1868, kala wingi enjing saweg kendel jam gangsal, tiyang manggih jisimipun Walandi wonten margi ing kampung Pacinan Surabaya, katingal pejahipun punika boten saking dening kataton, kala samanten sareng parentah tuwin tuwan dhokter kalapuran bab wontenipun jisim wau, lajeng atiti pariksa ing ngriku tetela bilih Walandi ingang pejah punika saking kadhiri anumpak baita, dumugi karetek ing bibis anyipeng sadalu, sareng wanci angajengaken ebyar saking aturanipun tiyang ingkang nglampahaken baita, tuwan wau menggah dhaeng dharatan, dene pikajenganipun badhe tumbas jampi awit piyambakipun karaos sakit, lampahipun dhateng griyanipun pun Cina, anothok korining griya ingkang llajeng kaengakaken, sarehning cina ingknag gadhah griya boten nate kadhatengan Walandi ing wanci enjing taksih peteng, mireng lajeng anginten bilih Walandi ingkang anomthok kori punika Matrus, kalampaahan kori enggal kakancing malih, kala samanten Walandi ingkang sakit tumunten anglajengaken ing lampah ananging watawis saweg angsal kalih tindak tebihipun saking griyaning cina wau, lajeng adhawah, nunten tuwan Sekaut ing wanci satengah nem aningali jisimipun Walandi wau wonten panggenan ing ngriku.

=====

Saking pawartosipun sasakit kolerah king nagari Surakarta sapunika sampun kathah sudanipun, ananging sakiwatengenipun nagari sangsaya sanget, ing dhusun Singon titiyangipun jaler sami pejah sadaya, amung kantun jajak satunggil ingkang saweg dhateng dhusun ing ngriku menggah jampi dalima pethak punika sampun kajampekaken dhateng tiyang sakit kolerah kathahipun 11 iji, ingkang gesang 10 pejah satunggil.

=====

Bab jampi kolerah cara jawi ingkang presaja sanget.

Menggah jampi kolerah cara jawi kados ingkang sampun kaprate-lakaken tuwan, Korper, punika andadosaken pamikiring tiyang, bokmanawi panunggilanipun jampi kolerah ingkang kadamel saking pamanggih jawi badhe amigunani dhateng ingkang sami sakit kolerah, pratelanipun kados ing ngandhap punika:

Jampi kolerah wau ingkang kadamel rumput teki sagodhong uwit tuwin oyodipun, punika kapipisa, lajeng kaperes toyaniipun saha kadekekan sarem sawuku, toya teki waku kaombe saben sonten manawi badhe tilem, kaambalan ing saben sonten salaminipun taksih wonten sasakit kolerah, dene kathahing toya rumput teki wau amung dados sacegukan.

Saking pawartosipun jampi rumput teki wau angsalipun saking wawangsitipun Sunan Lawu, wonten tiyang tani satunggil aga-griya celak ing redi Lawu, kala wonten sasakit kolerah ing siti dhusun kaprenah celak kaliyan redi Lawu, tiyang tani punika anyupena kapanggih kaliyan Sunan Lawu, ingkang lajeng amangsit dhateng piyambakipun kinen angangge jampi rumput teki bilih wonten tiyang ingkang kenging sakit kolerah, dene jampi rumput teki wau kawastanan dening Sunan Lawu, racun utawi wisa panulaking sasakit kolerah, menggah kadadosanipun jampi rumput teki punika saged pitulung utawi botenipun, sampun kathah ingkang sami amastani, bilih saged anyarasaken titiyang ingkang kenging sasakit kolerah, malah kathah ing-nag sampun sami saras saking jampi rumput teki wau, punapa malih kacariyosaken manawi wonten rencang walandi satunggil ingkang kenging sasakit kolerah sareng kajampenan rumput teki lajeng saras, manawi makaten punapa boten kacariyosaken bab kathahing titiyang ingkang sami pejah kenging sasakit kolerah, sanadyan na sampun kajampenan rumput teki wau, ingkang punika amung para tuwan dhokter kemawon ingkang saged amariksani bab kakuwatanipun ingkang mikantuki kadamel jampi kolerah.

Wasana wonten malih jampi kolerah cara jawi, punika prayogi kadamel simpenan salebetung griya, dhateng para tiyang ingknag sami gagriya tebih saking nagari, kadosta ingkang gagriya ing padhusunan, menggah pratelanipun jampi wau kados ingkang kasebut ing ngandhap punika:

Mendhet arak ingkang sae sagendul, kalebetana laos ingkang sampun karajang lembat kaliyan kadekekan bawang karajang lembat watawis kandelipun kalih dariji, wah kadekekana sarem ingkang kadamel olah-olah ingkang ragi kathah, supados ngan-tosa asin raosing arak wau, dene panganggenipun jampi punika kaombe sapisanipun sagelas bitter, kaambalana ing pangombeni-pun saben sajam sagelas bitter wau ngantos sarasipun babar pisan.

Serat saking Samarang katitimangsan kaping 19, wulan dhesem-bert ingkang sampun kapengker anyariyosaken kados ing ngand-hap punika:

Dereng lami ing nagari Juwana wonten tiyang dipun kecu, andadosaken pratondha, bilih para kecu wau boten angajeni

dhateng pulisi nagari ing ngriku, menggah ingkang kakecu punika tiyang Cina, kalampahan ngantos telas barangipun sadaya kapendhetan ing kecu, dene benetipun Cina sami kawadungan, sareng sampun menga isinipun kapendhetan ing kecu ing sapikajenganipun, kala samanten wonten tiyang jaler satunggil ingkang kapejahaning kecu, bokmanawi tiyang punika rencanggipun Cina wau.

=====

Bandara Kanjeng Pangeran Ariya Jayakusuma, utusan nyadran dhateng (Ng)Imagiri, abdinipun sareng sampun anggenipun nyadran antukipun dumugi takisan kendel angaso, wonten pangason ngriku asarengan ngaso kaliyan Cina satunggal wasana Cina wau lajeng nybrot dhuwungipun abdi wau, lajeng kasudukaken dhateng rencangipun tiyang wau, kalampahan tatu adhemaniipun tiyang ingknag kasebrot dhuwungipun wau namung tatu tanganiipun ing bau kalih pindhah, sareng Cina kacepeng pulisi ing Klathen Cina punika anggadhahi sakit ewah, saha cina katur ing nagari keteranganipun dereng kenging katamtokaken.

Jurumartani wedalipun kemis ping 24 Dhesember 1868 nyebutaken manawi panjenenganipun mas Dahwen amuji-muji kawilujengan kula sapanginggilipun sakalangkung ing pamudhi kula, saha mas Dahwen apitangled\t manawi kula kamanah sampun pejah kengng sasakit kolerah, awit mas Dahwen sampun lami boten maos maos serat kula kang tumrap ing Jurumartani, mads Dahwen punapa pun Kutis kalilan darbe atur ambuka ingkang dados manah kula, bokmanawi mas Dahwen sakit kabuwanan awit boten rpi gas serat kula kang tumrap ing Jurumartani, wedalipun kemis ping 10 uigi dhesember 1868 mugi mugi mas Dahwen sampun ngantos kenging sasakit wau, kaganjara karaharjan sapanginggilipun saha kadugenaa ingkang dados kajatipun menggah serat kula punika kula boten nedya paben namung mangsuli seratipun Dahwen awit kula sampun mirsa saliranipun ingkang nama Dahwen.

Pun Murit ing dhusun Pajaran gadhah bebek sadinten nigan 9 iji, menggah lamenipun 6 dinten elet sadasa dalu nigan malih, lamenipun ugi 6 dinten salamenipun makaten nem dinten nigan sadasa dalu boten dene yen nigan ajeg 6 ing dalem sadinten menggah kambanganipun Murit wau 17 iji, nami ingkang nigan 9 ing dalem sadinten namung satunggal wau.

Ing dhukuh wonten tiyang kasamber gelap sakala lajeng pejah, naming boten katenggel dene kang katenggel wit kalapa, tiyang punika panuju langkung lajeng wonten baledheg wau.

Koripan wonten bangkong kere nedha ayam alit anaming bangkong wau boten satunggal kemawon ing koripan sakalangkung kathah.

Kaserat ing dinten Slasa kaping 14 wulan Siyam ing warsa Jimawal ongka 1797. Katandhan Ki Kutis.

Kapara kathah titiyang anyariyosaken, awit ing serenan sauru tipun lepen Benawi, mangtinggil kala dinten kemis enjing tanggal kaping 10 dhesember punika, umrik wrenining toya petah sarwa buthek, ing ngriku sakalangkung angeram-eramaken kathah ing ngulam wonten ingkang ageng utawi alit-alit, kang

klayan wreni-wreni, ingkang...

Ongka 2, Kemis kaping 14 Januwari 1869

Kula ngaturi uninga dhateng para mitra saha kawanuhan kula,
yen kala kaping 8 Janawari bojo kula gadhah anak estri, ing
mangke sakaliyan sami ginanjar wilujeng.

Surakarta 14 Janawari 1869.

Yonghir Mister Gaeis.

=====

Nyonyah Dhongkresnem asuka uninga dhumateng para priyantun
ing nagari Surakarta, bilih saha jalipun Nyonyah Dhongkrese-
puh sasadeyanipun dhaharan kuwih-kuwih taksih kalestantunaken
dening nyonyah Dhongkresnem wau, wonten griyanipun ing wande
pelem enceng-enceng pakan mila panuwunipun Nyonyah Dhongkres
nem para priyantun ingkang sampun nate ngarsakaken tumbas
dhaharan kuwih-kuwih wau ing mangke mugi karsa adumugekaken
kados adat saben.

Katandhan dening Nyonyah Dhongkresnem.

=====

Pawartos warni-warni

Serat ingknag kapacak wonten serat pakabaran saking Surabaya
anyariyosaken bab kawontenanipun ing tanah Bali, pretelanipun
kados ing ngandhap punika.

Ing tanah Bali sapuniya titiyangipun sami kasangsaran saking
dening kenging sasakit kolerah, ananging wontenipun sasakit
kolera tanah ig ngriku boten andadosaken eraming tiyang,
amargi saking jembaring titiyangipun gagriya.

Parentah ageng tumunten aparing pitulung tuwan dhokter Ce,
Ye, A, Pander Peldhe kautus dhateng tanah Bali, supados
anjampenan titiyang ingkang sami kenging sasakit kolerah,
kala tanggal kaping 18 wulan dhesember ingkang sampun kapeng-
ker tuwan dhokter Panderpheldhe wau dhateng ing Surabaya
sarta ing dinten enjingipun lajeng mangkat dhateng Bali
sdhatengipun ing ngriku tumunten lumampah dhateng panggenan
ingkang sasakitipun kolerah sanget, sadumuginipun wonten
panggenan ing ngriku tuwan dhokter amanggih titiyang kathah
ingkang sami sakit kolerah ing dhusun Sangkil, Bukulan, Kuku,
tuwin ing dhusun Tambakan titiyangipun ingkang sami sakit
kolerah sakalangkung kathah saha kathah ingkang sami pejah,
manawi titiyang ing ngriku sakit kolerah ing dalem 12 jam
dangunipun ingkang pejah 12 iji, punika kaerang saking
wiwitipun sakit ngantos dumugi ing pejahipun jalaranipun ing
dhusun sakawan wau ngantos kathah titiyang sami sakit kolerah

punika awit saking jembering griya griyanipun menggah ingknag kadamel pagering griya lempung ngknag taksih teles sarta salebeting griya dipun enggeni tiyang kaliyan kewan dados satunggil punapa malih salebeting griya griya wau peteng sanget manawi tiyang lumebeting griya asring anunjang babi utawi segawon bokmanawi tiyang Bali punika gadhah piyandel, bilih babi tuwin segawon wau katitisan ing nyawaning manungsa.

=====

Tiyang Bali punika sakalangkung remen angombe jampi walandi, bokmanawi awit saking jampi damelan ing Bali boten saged pitulung babarpisan dhateng titiyang ingkang sami sakit kolerah.

Manawi tuwan dhokter sampun anggenipun tutulung anjampeni

para tiyang ingknag sami sakit klerah wonten ing padhusunan kaprenah sawetanipun Buleleng punika lajeng badhe lumampah dhateng poncot kilen tanah ing ngriku, saking pawartosipun tanah Buleleng ngantos katingal suweng amargi saking kaambah ing sasakit kolerah punapa malih ing Kali Anget sasakit kolerah sakalangkung sangetipun saking pawartosipun ing tanah Pareden inggih ugi kaambah ing sasakit kolerah malaj wonten kampung satunggil titiyangipun sami tumpes dening sasakit kolerah, mila kenging kaetang titiyanging tanah sakiwa tengenipun Buleleng ingkang sami pejah kenging sasakit kolerah kamurwat kathahipun ing dalem Akad 90 iji.

Ing Singaraja sasakit kolerah sampun kathah sudanipun, malah kenging kawastanan sampun boten wonten babar pisan,
Ing Tubungkus kathah titiyang ingkang sakit palenthingan tiyang bali punika agaminipun budha katawis anggenipun sami anyalametaken kabucal wonten ing margi ageng ingkang dhateng padhusunan pikajenganipun anebihaken dhateng lelembat ingkang sami purun amunasika dhateng manungsa

++++++

Jampinipun kapal pilek

Manawi kapal watuk punika kaombenan toya kalapa kaping kalih ing dalem sadinten sapisan_pisanipun kala pasatunggil< dados kaping kalih ingggih kalapa kalih kalapa punika kalebetana gendhis aren sapringkil lajeng kabenem manawi watukipun awis

awis kasukanan ngombe toya kalapa wau sapisan ing dalem sadinten ngantos dumugi ing sarasipun babar pisan
Manawi kapal pilek kajampenan godhong waru kathahipun sate-kem kaliyan gendhis aren satangkep, tuwin sandawa kathahipun sasendhok teh kamoran toya tigang dendul lajeng kagodhog ngantos kantun sagendul sasampunipun jampi wau kaombekna dhateng kapal ing wanci enjing satengah gendul ing wanci siyang inggih satengah gendul nunten kakukusan irungipun kaliyan gendhis aren utawi rosan sapanunggilanipun supados umbelipun saged medal manawi kapalipun anggebres. Jampi wau kaanggekna ing kapal ngantos meh Saras manawi sampun kathah sudanipun ing sasakit pilek kakutugan sapisan ing dalem sadinten sarta kaambalan ngantos pitung dinten laminipun wah ngantos dumugi sarasipun babar pisan.

Menggah godhong wau ingkang kadamel jampi kapal pilek wau punika ingkang kajengipun kenging kadamel landheyan utawi ingkang kadamel untuning galindhinga punapa malih salaminipun kapal taksih kajampenan sasakitipun wauk utawi pilek boten kening dipun dusi.

Sanagari Surakarta dereng tartamtu wonten ingkang nyameni bab kanisthanipun bilih katimbang sasaminipun pangkating kaleng-gahan punika mas Ngabei Sastra Dikrama inggih Wongsawijaya, watawis umur 50 taun griya ing kampung Suradipuran Surakarta dados abdi carik saha pini sepuh ing Jatikusuman awit patrapipun kados ing ngandhap punika:

1. Manawi nyerat wonten satunggaling purug ingkang kadamel jidharan potlot tuwin pen sami wilah mangsi angus.
2. Sanajan sampun umur 50 taun ewadentenkenging katamtokaken saben dalu ngompol dalah panuju wonten purug utawi saos bekti wonten ing Jatikusuman inggih sampun rambah rambah tansah

ngompol.

3. Meh sampun ajeg manawi mendem ngantos wuda saking pajagon-gan dumugi ing griyanipun bebedipun namung kapondhong kimawon andadosaken girising tityang estri malah sampun nglampahi mendem inggih wuda malajeng saking pajagongan anumbuk tiyang estri kang saweg mususi wonten sumur kang celak ing margi andaddosaken wutahipun uwos kalampahan kenging tetempah.

4. Sampun misuwur sakancanipun mas ngabei wau boten pisan nate adus destun ing dalem kalih taun pisan punika sarana ginuyang ing rakyatipun mila badanipun ngantos kokot dhangka-len.
 5. Kapara seta ing ganten ananging boten wonten tiyang ingkang sumerep anggenipun idu.
 6. Salebetung pandhapinipun isi rerenggan ingkang angidab-idabaken kadosta: keremakeren: kawali pangaron isi toya kadamel jamban genthong isi toya lagi olah-olah kajeng obong patarangan ayam pauwuhan bedhiyan tuwin pangobong nyerat sinjang amben alit patinggarenjot lagi manggih ing tamu songsong katunggilaken ing saka katangsulan gadebog.
 7. Ingkang estri inggih sanget ngetoprahipun sinten tiyangipun bilih sampun mara tamu ing ngriku mesthi sumerep cethikipun awit sanadyan prayantun estri sampun ajeg saben dinten anggenipun tapiyan kados tiyang jaler uwel-uwel sarung ngantos dumugi ing cethik wah tanpa semekan.
Patrap makaten wau punapa saking laratipun punika boten awit taksih mangangge kandelan emas kancing jongga inten kancing dhadha emas lopak lopak pethakan nanging inggih punika wau teka wonten prayantun gadhah patrap carobo makaten.
Katandha Lare ing Suradipuran tukang natah ringgit satoterpun sangi.
- =====

Punika serat mugi katur panjenenganipun tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani manawi kepareng sarta pinuju wonten selanipun kabar ingkang prelu kula angaturi penjurung cecengkriman namung kalih bab mugi kapacaka ing Jurumartani.

Sarkara

Pinandara ing sekar artati cecangkriman ing ngandhap punika ingkang mangapus ciptane amung atur panjurung, mring kang ngarang Jurumartani, ngiras karya pangasah, warsitaning kalbu, tinimbang manggalih ura, tanpa kasil punika wonten sakedhik indhaking kalepasan. Wonten wujud pan amung satunggil pinarepat timbange tan owah, kang tri panduman pamane winor dadya sawujud lan panduman ingkang sawiji tinimbang datan siwah dene yen wus kumpul pinara wolu myang sanga nora beda tinimbang lan wujud siji, sadaya kadunungan. Gantya cangkriman kang nomer kalih wonten warna pan namung sajuga, kalamun den long yektine tanowah wujudipun longlongan melah ngungkuli cethaning dhapur genah sarta wujudipun anaming yen winangsulna nora kena bisane katondha yekti tamat cangkriman amba. Kang pinareng saharju ing galih kabatanga cangkriman

punika wantah sara boten aneh awit gampil kalangkung, lamuning kawarsiteng budi tembung jawi kewala tur kalebur parlu, dede basa kekewalan nanging sangking panimbang kula kang yekti binudi ing budiman.

Katandhan Yoganing Ken Raras Driya.

=====

Wawangsul dhateng Gunawan

Gunawan gadhah pamrina dhateng Ranu Wijaya ingkang tetela gabenging engetanipun punika boten leres awit bilih lepat ing panampinipun Ranuwijaya badhe kalajeng gabengipun sabab rumaos leres ukara tuwin sastranipun wasana kumalungkung amathundhung kados enthung andadosaken pituna ageng ing ngatasipun Ranuwijaya. Samanten malih Gunawan punapa boten nate utawi mirengaken ujaring paribasan manungsa namung kedah anampeni wuwulang saking manungsa sanadyana elasing manungsa inggih punika sarjana bilih kasumerepaken ingkang dereng dipun serepi punika amesthi gadhah wawangsul teima kasih tur punika sarja sampun kadipun Ranu malih botena wenang kaajar atyang kangjneg susuhunan Kalijaga kagungan guru rare angen, guru punika rak suka wuwulang ta mas, duka sampeyan ingkang nama Gunawan sarehning sampun tinitah lan tip bilih kasagedanipun punika boten medal saking wuwulanging manungsa nanging medal saking wuwulangipun Malaekat ewa denten bilih Gunawan meri anedha ajar dhumateng kula kula inggih sagah ngajar kalawan pecut punapa gaduging pawulang kula ing ngatasipun sampeyan inggih punika Gunawan sampun malih malih purun anyerat mawi ater-ater, ku awit pancen boten kenging tuwin badhe angicalaken traos kados ta panyerat sampeyan ingkang makaten kuwalik punika lepat leresipun kawalik.

Wondening sagah kula ngajar dhumateng Ranuwijaya punika kedah angentosi panedhanipun Ranu ingkang bboten marojol saking kara sakawit inggih punika kikiranganipun tembung tuwin sastranipun Ranuwijaya ingkang pating balengkrah pramila kula nyukani wawangsul dhateng pun Ranu kalayan pangerang-erang ing sawatawis punika namung supados pun Ranu sampun ngantos kalajeng anggenipun kuminter anganggit mawi kasekarakken punika tetela awis tiyang ingkang mesthi sagetd temen sanadyanna ingkang nama Gunawan tur sawatawis sampun kadunun-

gan sumerep cuwilan tembung kawi ewadenten kula cengkangi dhadhanipun amesthi boten saged anganggit mawi kasekaraken ingkang kenging kaanggep prayogi atyang ingkang nama Abdulatip punika sampun kenging kaanggep sarjana ewadenten rumaos boten kawagang anganggit mawi kasekaraken ingkang kenging kaanggep sae. Mila kula boten gadhah sumelang sakedhik kedhika ing ngatasing kasagedan sampeyan punika boten tebih saka ki panjangipun dados limrah kemawon kados pun kula. Bilih katandhing kaliyan Abdulatip Wigyapanitisstra tuwin dahwen ingkang nama Gunawan boten won

Ongka 3, 21 Januwari 1869

Para priyantun ingkang mendhet serat Jurumartani ing taun 1868 sarta dereng bayar ing pangaosipun sami kaaturan uninga manawi kendeling pangintunipun serat Jurumartani punika awit saking dereng kabauar ing pangaosipun manawi taksih badhe lestantun ing panampinipun serat Jurumartani punika akintuna pangaosipun wau.

Para priyantun ing Ngayogyakarta ingkang mendhet serat Jurumartani sami kaaturan ambayara pangaosipun serat Jurumartani punika dhateng tuwan Lamslah ing kantor Paresidhenan ngayogyakarta punapa malih para priyantun wau sami kaaturan uninga manawi boten ambayar pangaosing serat Jurumartani ing satelasipun wulan Januwari punika amesthi badhe katagih kapratelakaken wonten ing serat Jurumartani.

Surakarta kaping 5 Januwari 1869

Ingkang medalaken serat jurumartani

Katandhan Jaspres enko.

=====

Tuhan Powel ingkang sugih piyambak wonten ing tanah Ostraliye, kesah ambubujeng kaliyan para mitranipun sareng ing wancinipun badhe anedha siyang, tuhan Powel samitranipun wau lajeng dhateng ing pinggir lepen uwon, kaprenah celak kaliyan garojogan toya, wonten ing ngriku para semahipun ingkang sami ambubujeng sampun sami ngalempak angentosi dhatengipun ingkang jaler, supados sageda anedha sarengaan kaliyan ingkang jaler wau. Kala samanten para tuhan sadaya sampun sami aleng-gah badhe anedha kaliyan semahipun saha rumaos kasenenganing manah, ananging boten ngantos dangu kasenenganing manah wau ical, awit aningali peksi mabur wonten sanggingiling panggen-anipun alenggah peksi punika anyangkerem maujud ingkang adamel kasusahaning manah inggih punika anakipun Nyonyah Powel kabekta ing peksi, sareng Nyonyah Powel aningali anakipun kabekta ing peksi lajeng anjerit saha dhawah kalenger. Menggah rare ingkang kabekta peksi wau punika saweg ngumur tigang wulan, dene jalaranipun ngantos kenging kabekta ing peksi punika inyanipun anilar sakedhap dhateng rare wau, kaselehaken wonten sangandhaping uwit kajeng ingkang tebihipun watawis satus tindak saking panggenan pakalempakan wau salajengipun peksi mabur dhateng redi ingkang tebihipun kirang langkung saking kawan mil saking panggenanipun ambekta rare punika wau.

Sareng makaten boten ngantos dangu tumunten wonten rencang bongsa cemeng kakalih sami anututi aburing peksi dereng ngantos 20 menut danguning anggenipun anututi rencang kakalih punika sampaun dumugi wonten sangandhaping redi saha lajeng anginggahai redi ingkang adecipun anjejer kalampahan rencang kakalih dumugi ing pucuking redi ing ngriku sami kraos sayah sanget saha meh pedhot ambekanipun nunten rencang kakalih sumerep dhateng susuhing peksi wonten ing paranging redi ingknag moncol saha katingal boten kenging kainggahan ing tiyang amargi saking adeipun anjejer sareng makaten rencang ingkang satgunggil purun ngayoni aminggah ing parang wau kalampahan saged dumugi ing pangggenan ingkang kenging kapancat ing suku ing sasaged sagedipun ing ngriku peksi lajeng anempuh dhateng rencang punika, kadadosanipun rencang

wau kataton kathah wekasan boten saged alawan saha boten saged majeng utawi mundur malah badhe dhawah awit saking ical karosanipun ananging boten dangu rencang angsal pitlulung, awit peksi kasanjata dening ingkang dhateng tandang tulung ing nalika samanten peksi kenging kasanjata lajeng dhawah wonten sangahaping redi sareng angsal saprapat jam dangunipun rare ingkang kabekta ing peksi kawangsulaken dhateng titiyang sepupipun ananging sampaun pejah saha jisimipun anandhang karisakan sanget amargi sirahipun pecah mila pecah bokmanawi polonipun sageda katedha dening anaking peksi menggah peksi wau kawastanan Aren, dene warninipun kados peksi Bidho, amung kaot ageng kaliyan alit peksi Aren sakalangkung agengipun.

Mugi atur klayan urmat ing panjenenganipun Tuwan Redhaktur, ingkang ngarang serat koran Jurumartani.

Awiyos menawi andadosaken suka pirenaning penggalih lumunturipun ing manah suci sasratan kula punika supados tuwan anglebetna serat Jurumartani minongka bantu sumbang pikabaran mrih prayogenipun negari ingkang sreta kenging kadamel tepe tuladha ing ngatasipun priyantun mudha pratelanipun kados ing ngadhap punika:

Kala tanggal kaping 12 kula kaleres andherekaken rundha radyan lurah Mangun Atmaja, angubengi pakampungan ing Kadanurejan awit gledhegan ingkang kidul mubeng dumugi ler ing

Maliyobara wangsul dhateng pasowan mangunmalih Raden lurah sarwi abekta mintra tuwin konca pangindhung, kathahipun 20 sumekta sak dedamelipun sedaya wondene raden lurah Mangun Pramuja ngirit konca ngindhung ler dalem kathahipun 15 iji, pangkatipun wanci pukul 10 kantros dumugi pukul 1 saklebetipun 4 jam wau ingkang kacipta ing wardaya amung anggenipun bdhe nyepeng tiyang durjana lampah anyala wadi, rehning boten kapranggul tiyang awon lajeng nitik adad ingkang sampun tumindak titiyang ingkang asring nate anglampahi kadursilan katarik saking kasenenganipun ing manah 1 main kalih madon, sampun kaloka lampah dursila punika radyan lurah Mangun Atmaja, lajeng lumebet piyambak dhateng Kedhungipun tiyang awon, 1 griyanipun Singaboga, 2 griyanipun Amat Dasro, tiga jatruna, sekawan Singasemita, gangsal pondhokan ing Imagiri, ingkang ngersa wasta Singakarya, dyan lurah sareng lumebet nomer 1, yektos wonten tiyangipun gangsal ngathok sedaya Cina satunggal punika kapriksa ngaken sapun karepotaken ing pulisi, wusan pulisi boten tan rumaos karepitinan tiyang nem wau lajeng kaceoeng sareng mlebet ingkang nomer kalih, tiga, sekawan, sepen, sareng mlebet nomer gangsal ugi wonten tiyangipun satunggal nganthok, kapriksa ngaken tiyang dhusun perlonipun amung ngungsi tilem sarehning tiyang wau dereng karepitaken ing pulisi inggih lajeng kacepeng sami kaladosaken ing balemangu dyan lurah sangsaya sengkud kurdhanira sumerep tiyang main kowah celak griyanipun Singaboga amung wanita sedaya amung kaselanan priya satunggal, ajujuluk radyan Purwawijaya kalih sawunggaling saking palimarmanipun Radyan Lurah, amung dipun emutaken kimawon bibara, sareng antawis jam kapriksa kok teksih wonten ngriku sawunggaling kacepeng radyan Purwawelik gentya ingkang cinarita, sareng bangun anjing kadugi wanci pukul gangsal dyan Lurah Mangunat-

maja, sakonca mireng rangu, wonten ing radinan ageng, sumeren griya kabesmen, pangindhungipun Raden Tumenggung Pringgadiningrat, sakonca sami tandang sedaya amung ingkang dados aramipun ing manah kula wau, tiyang griya saweg angsal satunggal empyak tiyang tandang kok boten purun, glawat amung eca-eca ningali kimawon inggih kagalih ya punika sipatipun tiyang ngindhu, malah bingah yen wonten reresah sak irip

kados denawa angsal memangsan tiyang ingkang sampun dados
bupati 8 inggih mengkaten sareng kadhatengan konca trundha
lajeng sami kesah dyan lurah lajeng kengkenan ngundangi
tiyang supados sami tetulunga kang dipun ken ngabei
Kertawirama wangsumanipun sami jagi griyanipun piyambak
piyambak lah ng ngriku ingkang katingal tandang bikut 1
Sastrapramuja kalih kagadhah griya tiga supadriya lajeng
kebruk dhateng konca rundha sedaya, O tujonipun katandangan
konca rundha upami botena kados pundi, yen caranipun mekaten
estu broma badhe dados mubal-mubal kathah ingkang sami katri-
sakan sareng borma sampun pejah radyan lurah mangun armaja
wangsum dhateng parowanan Mangu sakancanipun repit dhateng
priyantun ingkang saos akekasih Ngabei Perbongsa, dene radyan
lurah Mangunpramja sampun sepen wangsumanipun konca sampun
kundur mila boten kula sebutaken ing wektu dalu punika ing-
kang nyepengi Radyan Lurah Mangun Atmaja piyambak. Tamat.
SAineratdinten Akad kaliwon kaping 12 Ramlam Jimawal ongka
1797.

Katandhan Kondheku.

=====

Wangsulan dhateng Canggeh.

Canggeh amastani, bilih pamrina kula dhateng Mas Ranuwijaya
ingkang nandhang pangerang-erang punika boten leres, ing
mangke kula mastani yen pandakwanipun Canggeh dhateng Gunawan
ingkang makaten punika inggih boten jujur saupami sampeyan
boten na kula pancah amasthi sampeyan kadaluya kasengsem ing
saindeng angerang-erang tiyang ingknag kawelas asih boten
saged anamengi raganipun, kalayan malih Gunawan anginten yen
Canggeh bingung mingak-minguk boten sumerep babar pisan
dhateng loyoging pitembungan kulaingkang dhateng mas Ranu,
parenmdene arep gawe gita.

Canggeh pitaken dhateng Gunawan punmapa Gunawan boten nate
mireng babasan:manungsa namung kedah anampeni wuwulang saking
manungsa, punika rak babasaning jugul kang kuminter kados
sampeyan wah malih sampeyan reka-reka suka sanepa bab lelabe-
taning para sarjana miwah wali pating caleblung kadi pangose-
hing dhukun pengung kirang tindhuh,punika amung adamel gujeng
kula kemawon Mas Canggeh ki kurang nalar prarandene lumaku di
guroni si Gunawan nyata nututi ujar salah sangsaya kabelik-
belik kabelik-belik.

Panyerat kula tembung kuwalik sampeyan lepataken kedah kaser-
at: kawalik anurut ater-ater: ku, punika boten kenging
kalepataken mas sarta boten ngicalaken suraos sanadyan para
masantra inggih boten kacongga angewahi tembung ingkang

sampun komram tuwin ingkang angemong luwes kadosta: Kadhandhangan kawawa, kawagang, kenging kaserat Kudhandhangan, kuwawa, kuwagang, utawi Kedhandhangan Kewawa, kewagang, kengingipun kaseratan makaten amargi angemong luwes mas

nganten samanten wau boten ajeg kadosta: Kajaga, Kamayangan manawi kaserat: Kujaba, Kumayangan ungelipun kaken ambaceceng.

Boten amung tembung jawi kemawon ingkang gadhah ater-ater pangemong luwes sanadyan tembung Madura, Sundha, malajeng tuwin Walandi inggih sami ugi, uger boten angicalaken suraos mas kuminter, bureng apeteng, dereng teranggam blegam blang, yen kirang ngandel ugi sampeyan maos serat anggitanipun Sastra Sarjana tuwin sertat Sidin anggitanipun tuwan Rudhah pujongg

Ongka 4, 28 Januwari 1869

Para priyantun ingkang gadhah sambutan dhateng kantor lelang ing Surakarta kala ing wulan September 1868 ing mangke sami kaemutaken ambayara sambutan wau saderengipun utawi satelas-ing wulan Januwari punika, manawi boten angleksanani ing pambyaripun wau badhe katagih medal saking panguwasaning parentah.

Surakarta kaping 1 Januwari 1869

Katandhan dening ingkang nguwasani Kantor Lelang Tuwan Bosower.

Tiyang angendhat jalaranipun sakalangkung elok.

Kala tanggal kaping 12 wulan Nopember ingkang sampun kapeng-ker wonten tiyang estri satunggil anama Mbok Mertadiwongsa watawis ngumur 40 taun agagriya ing dhusun Alang-alang Omba dhistik Karanganyar paresidhenan Bagelan, punika angantung badanipun piyambak kalayan salendhang kalampahan anemahi pejah.

Menggah pejahipun bok Mertadiwongsa wau tiyang boten saged anginten bilih dipun niaya ing titiyang sanes mila pulisi lajeng adhah panginten manawi tiyang estri punika pejah angendhat amargi saking boten kuwagangipun angingoni anakipun titiga.

wondening anak titiga wau sami gadhah sasakit badanipun manyenyeh awit saking gudhig sapanunggilanipun rinten dalu sami anangis kalampahan embok Mertadiwongsa boten tahan amirengaken tangising anakipun wau wekasnipun embok wau lajeng ngendhat agantung badanipun piyambak.

Ibata kawontenanipun kasangsaran ingkang wekasnipun adamel kasusahan.

Kretek Tosan damelan enggal ing Kadiri.

Menggah Kretek Tosan enggal ing Kadiri punika badhe tumunten rampung babar pisan ing pandamelipun panjanging kretek punika 160 wiyaripun saking antawising palangipun 6 elo Nederlan, krete wau kasanggi ing cagak tosan ing ngandhap ingkang lumebet ing siti kadhapur kados skrup, sapanggenan cugakipun tosan 14 iji, mongka wonten pitung pangenan kretek punika sampun kacoba kawawratan pasir, 200000 Pon Nederlan ing dalem saelo panjangipun sarehing saking pamurwat pandhelonging kretek badhe wonten 9 setrip, ewadenten kala samanten amung

mandhelong 3 setrip, dene pandhelong tigang strip wau lajeng
ical sareng wawratipun kakesahaken ibata saening pandemlani-
pun karetek punika manawi tiyang amikir ing bab kangelanipun
adamel karetek wau, sarta ing bab panuntunipun dhateng titi-
yang ingkang sami nyambut damel supados sagedipun anggarap
padamelan ingkang dereng dipun serepi mila pandameling kretek
wau kenging kawastanan sakalangkung anggenipun angeram-
eramaken ing bab saenipun.

Satanah jawi dereng wonten karetek ingkang kados makaten wau
andadosaken pakurmatanipun ingkang kajibah adamel karetek wau
punika.

=====

Pawartos saking negari Ngayogyakarta, kenging kabasakaken
kaelokan ing dhusun Jethis kademangan ing Wangen bawah ing

Mangunagaran Wanasari.

WAten satugal kitri ron wit naka awoh pace, waten ing dhusun
ing ngriku kasuba-suba kadamel penadarhan srana mawi kasukanan
sekar konyah saking mathemipun ingkang nenuwun saking kami-
rahanipun Allah, saka jati pun manusya amarengi amung ingkang
sampun kalika pundi tiyang ingkang nuwun yen tondha kirimah.
Yen dumugi jaji mantuk dhateng kalanggengan, sampun tamtu
jiwanipun kabegta waten ing ngriku kapanjingaken dhateng wit
wau. O saking kedah kedahipun badhe manggih mulya, kathah
tiyang ingkang sami nenuwun kyai kayu wau, ajawi saking
punika ing tanah redi kidul, mila teksih kathah para tiyang,
ingkang baten manut sarengat nabi, kathah ngage ngelminipun
para ajar inggih punika sesebutanipun para dewa salongimanak-
en dhateng sang prabu Brawijaya, ing Maospait mila makaten ing
tanah redi kathah wawenen ingkang elok tuwin aker-aker.

Musnanipun sang prabu utawi para wali dados sami memundhi
patilasan punika inggih senajan kapndhiya bok inggih sampun
kaimanaken dados dereng sumerep mmangara napsu, pakat ngarap
rop bau, yen sampun sumereb punika kdos boten sumeja nglak-
sanani kados cariyos kula ing nginggil wau punika, malah
waten ingknag elok malih dah ana ingknag mulad-mulad sak
nginggilipun redi kawastanan bromo salat sairip kados raden
ngabei Kramadirja kasalatan tanpa sakan bau suku sebalih
pejeh katos ing nembe sapunika dereng mantun lo upami kajam-

pekna dhateng kajeng wau bokmanawi sage mayar. O saking panuwun kula dhateng para mintra kula ing tanah redi Kidul rehning ing ngriku kathah wawenen bok inggih kerso akitun serat dhateng tuwan Redhaktur. Ing nagari Surakarta supados kapacaka wonten ing serat Jurumartani, kados pun mas Mangun Suka, negari Ngayugya, tamat.

Kaserat ing Pamancingan kaping 10 Ramlam, Jimawal, ongka 1797 Katandhan Jayengwesthi.

=====

Kathah titiyang wasis anggalaranek kawruh, ananging awis ingknag saged ing panggulungan pangawruhipun. Sampun asring malah kathah para tiyang ingknag kalebet ing babasan punika amargi sampun kula yaktosi akaliyan kanyataanipun, kathah kemawon para tiyang miwah para gsujana ingkang sami karsa anglebetaken saseratanipun tinrap ing jurumartani sanadyana ingkang dereng kalebet wiwicanlaning tiyang lepas ing kawasissanipun ugi sampun karsa ngatingalaken kasagedanipun wau. Ingkang punika inggih andadosaken prayogi ing ngatasing jurumartani awit angatingalaken bilih para ingkang sami karsa anggelaranek kawruhipun wau anjurungi nenekaning pawarti miwah sabyuantu budi murih mencarraken kawruh asarana kalimrahaken wonten ing serat kabar, ingkang namtokaken meh sadaya tiyang sami mangretos awit dening gampil tembungipun, langkung gampil sanget yen katimbang kaliyan tembunging srat kabar Nyiwesbodhe(mungkin Newsbodhe), Batawiyah Andelas Blad, tuwin Lokomotif sapanunggilanipun, amargi seratanipun aksara walandi sarta tembungipun ragi angel mila prayogi sanget dening karsanipun kanjeng gupremen angyasani kantor kabar jurumartani wau awit tembung sratanipun gampil saged mangretos kalampaahan para sujana asring asring anggelar kawruhipun tuwin arebat leres wonten ing Jurumartani. Ewadene teka

andadosaken raosing manah kula dene salaminipun wonten serat kabar jurumartani ingkang suraos panggelaring kawruh ewadene kula dereng meningi satunggiling jana ingkang angedapaken saseratanipun ing jurumartani ing bab pangringkesing kawruh, wondene tegesipun pangringkes tuwin panggulungan kaweruh wau makaten: Kadosta tiyang sinau ngetang cacahing samukawis tuwin ngelmi etang punika kedah kawiwitinan saking angekadasa,

anangkaraken lajeng agunggung sapaninggilipun tiyang angaos sastra jawi kaawitan saking carakan sasapuning gonah dhateng lagyananipun punika saweg katedahaken dhateng bab sandhangan miyah pasang-pasanganing aksara. Punapa dene tiyang binau ngelmi Falak kedah kaawitan saking Adriks nindhuh, Natirkindheh, tuwin anguningani bab idering lintang ageng pipitu, sapanunggilanipun, lah punika sampun kenging winastan pangguluning kawruh awit dene minggah minggah ing pangajaran ananging sayaktosipun saemper boten makaten pangguluning kawruh wau sampun leres makaten wau saya minggah inggiling pangajaran sarta saya sumerep dhateng kaprelu kang kedah kinawruhan salebetung palak ananging sayaktosipun punika malah mamencar anggelar kawruh boten anggulung, awit yen tiyang sampun anggayuh ing satunggiling kawruh upaminipun ngelmi siti: punika samongsa sampun nyandhak babaganing Natirkindheh, saestu yen saya angel saya wewah-wewah kang kedah katitipariksa tuwin kang kaenget-enget. Menggah ing-kang kulawastani pangguluning kawruh wau makaten: upaminipun kadosta: titiyang anggelaraken patrap lampah-lampahipun tiyang wonten ing praja, laksananipun: na ta, ti ti, atata-kon lan titirona lah punika wau yen kagelar dene riringkesanipun upami tingkahipun tiyang anggagusti, Wigya, temen, wedi sarta gumati, karingkes malih amung satya, tuhu, bener.

Sanadyan ta pratelan kula punika wonten gesehipun saking pratelan kula ing ngajeng sabab wau kula angraosi bab kasagedan mongka salajengipun kula mratelakaken bab lampahing tatapraja, ingkang punika inggih boten dados punapa awit prakawis kakalih wau namung kula damel sanepa kemawon, supados mikantukaken anggen kula badhe angraosi ing bab pangguluning kawruh wau. Makaten ugi: anggen kula kumapurun angraosi pratingkah ingg ngagesang, ingkang kalebet ng babasan kathah titiyang wasis anggigelar kawruh wangslu awis ingkang saged ing pangguluning pangawruhipun: punika amung saking jalanan nalar kalih prakawis ingkang sapisan dene kula asring anupiksani wonten ing jurumartani ing saseratan anggitaning para saged ingkang asring taberi amamaoni ing sabarang lampah tuwin kasagedaning liyan saasring kaladuk ing pamancahipun akanthi pangerang tuwin panguman-uman, sapintena bilih juru pancah wau tiyang wigya saestu wah pamancahipun angemu pamurih sae. Punika saking sangeting pangunguning sipta teka makaten pamursitaning wardaya e iya talah dene ora kayaha wong drengki, kang sregep mamaoni sabarang prakara, kang soka anukarta marang sapapadhane tumitah bok iyaha anganggo tepa tepa sathithik yen mamancani marang uwong teka ora pisan wruh

atinane dhewe, sawiji wijining wong padha anduweni kainan dhewe-dhewe, ing sawataraning kaalpane, rehning tinitahake isih anandhang suka lan duka, wong nalare mung saukur bae teka amangap mangap paksa amamamalonii ing liyane, Em, dene

kaping kalihipun asanget karonta-ronta ngungun salebetung manah dene aningali panunggilanipun ingkang tukang amigena kados ta ingkang gadhah pambek sumakeyan kang tan padudugi prayogi awit saweneh ing tiyang saged tuwin tiyang kang semunipun sampun gadhah pangkating kalenggahan sawatawis punika lajeng sok lumuhur aming klikmingklik sanadyana namung katitik saking pakecapanipun kang ing serat inggih lajeng katawis.

Bilih titiyang saged yen sampun rumaos gadhah kasagedan sakedhik kemawon saestu lajeng kagelaraken saengga kajereng sadaya kasagedanipun wau kados kados lajeng angepak kasagedaning tiyang sabuwana, sotaning tyas taman papadheng triloka yen ta ciptaning galih kawedalna ing Jurumartani: wedalipun saestu yen lajeng amomoyoki lampah tuwin kasagedaning rare, akanthi tembung kasar ing kang anggateli gagodhoh. Kalampahan ing mangke para tiyang kang sami watek cugetan manah, langkung mallih para sudhikeng praita jatisutresna sahaya, kang kados pambekipun gunawan manawi tulus wron lawiyaning tumitah, agyaning tyang masih eng janasamanta, ring kang tulya sih nireng dhirintajuga, lah para tiyang kang kasebut kados nginggil punika ingkang katawis jinjanipun sami ajrih lumebet ing pasamuwaning jurumartani inggih awit dening sumelang bilih pinari bawa dening janariwaktanaya yugya, giris bokmawni sek pengkarnaipun gumriming, awit gateling gogodhoh asring anuntumi panas ardayaning galih supreming engetan kampitaning rasa tentrem andadosaken pitunan ing lair batospun. Lah pramila sakalangkung prelu yen para sujana tuwis sanesipun sumerep dhateng panggulungan gkawruh amargi yen titiyang pinter mongka dereng uninga dhaeng ringkesanin gkawruh punika sakathahing kasagedanipun wau saestu taksih sangsaya, awit namung tansah kaurauratann pawekasan, amargi kapinteraning manungsa inggih sakathahane tuwin salepas saneya, yen boten sarta mudheng ing panggulungipun punika salwiring kasagedan wau sirnanipun badhe tanpa temahan, dene

kaotipun yen tiyang estu sampun sumerep ing pangringkesing kawruh amasti titiyang wau ageng tepa tepa saha martaning galih dhateng ing sanesipun awit dening sampun uninga ing anggalang rungsiting pratingkah, sarta uninga dhateng wekasan paesaning ngagesang ingih punika kautaman kasudarman dene tepa-tepanipun wau punika awit tiyang saged wau sumerep bilih sabarang pangrekuhipun tiyang dhateng sasami awon asaeya, syarda tuwin dredyaha, punika balikipun badhe dhateng sariranipun piyambak ingknag adamel makaten wau pinrastawa saking sadaleming asyana tang marungsit nguni wehwinaskitheng pranawa. Menggah nalar samanten wau namung gumantung dhateng kirakiraning titiyang kang sampun karaos ingkang saged angraosaken e punika manawi, wondene bab pangguluning kawruh punika saupami wonten tiyang apitaken ing kula apa sajatine pangguluning kawruh punika sayektosipun kula piyambak boten kadugi anerangaken ananging anggen kula boten kadugi anrangaken wau bokmanawi saking dening tunaning kawicaksanan kula, wangsul kula dhateng anymanggakaken dhateng panjawarning para saged, anjawi saking punika gentaha kula wau gadhah pamurih dhateng para sumakeyan tuwin waonan kang tilar dudugi, supados amantunana ing wawatekipun kang makaten wau inggih boten, sabab

yen kapurih amantun saestu mongsa kenginga ananging satingal kula titiyang kang makaten wau inggih badhe amantuni ugi, saha wonten isaratipun murih angawusaken meda bendananing juru pancah tuwin waonan, inggih punika anjawi yen tiyang punika sampun nate sirahipun katumpangan ing asta wisesa, tuwin sampun kalebet ing jala, lah marabudiya sarosamu, wasana ing panyerat kula dene mawi kamomoran ing tembung ethok-ethok kajawi jarene, punika boten saking anggen kula kumacelu winastana kuminter, boten lyan amung sipta anyoba kemawon punapa pantes miwah boten serat boten pancen mawi ngangge tembang, winoran tembunging kidung nangning nadyan pantes botena kula inggih boten sedya ngaping kalih kawenkawenan malihm awit kula namung kapengin tirok-tirok karsanipun Mas Gunawan, ing sapisan punika kemawon, kalih dening kasagedan kula dhateng kawi inggih namung saipret punika thokthilipun punika sayektos. Katandhan Grenteng.

=====

Kula andarbeni panuwun, mugi tuwan ingkang angarang serat Jurumartani karsoa amacaik serat kabar atur kula ing ngandhap punika bilih kalampahan kapacak ing wingking sampun kenging katamtokaken badhe anjurugi kabar kang pantes kapacak ing Jurumartani.

Kula amerlokaken badhe aningali garebeg dhateng ing nagari Surakarta, kaderenging manah kula, garebeg siyam taun jimawal ongka 1797, estu dhaeng ing nagari Surakarta, mondholing Mangkunegaran, sarehning kula tiyang monca nagari, kula pitaken kaliyan tiyang ingkang kula pondhoki, menggah priyantun abdi dalem ing Surakarta, anjawi kanjeng Raden Adipati, utawi putra santana dalem ingkang kenging kasebut priyantun pangkat ageng wau priyantun punapa, wangsulanipun kang kasbut kinawula wisudha, pangkat ageng wau wadana kaliwon nomer 1, nayaka dalem, bupati lebet nomer 2, nayaka dalem bupati jawi nomer 3, bupati anon-anon nomer 44, kaliwon nayaka nomer 5m bupati pulisi nomer 6, bupati pamaosan nomer 7, kaliwon anon-anon nomer 8, kaliwon pulisi nomer 9, kaliwon pamaosan, wondene patrapipun kalenggahan inggih urut nomer.

Sareng dinten setu kula dipun ateraken dhateng Srimanganti, aningali para priyantun ingkang sami badhe sowan ngabekti ing saandhap sampayan dalem ingkang Sinuhun.

Ing ngriku tiyang kang angateraken kula wau kaget, amargi lenggahipun para priyantun kosek, bupati pulisi utawi bupati pamaosan lenggahipun sangandhaping kaliwon anon-anon, kaliwon pulisi sangandhaping kaliwon pamaosan, sangking cariyosipun salami-laminipun pamaosan sangandhaping pulisi.

Ing sarehning dinten Setu boten saestu ngabekti, dinten Senen kula dipun ateraken mali, ningali dhateng srimanganti, ing ngriku sad saya gumun malih, dene kala Setu, kaliwon ing ngimagiri, kaliyan kaliwon ing sela, lenggahipun sangandhaping pulisi, wasana sareng dinten Senen wau ngalih sangginggil-ing pulisi, sangking kabar salami-laminipun kaliwon salasa ngandhaping pulisi, lo patrap kang sumanten wau punapa sangking dereng sumerep punapa sangking pranatan satupami wontena pranatan garenengipun priyantun kang dipun langkai wau kok dereng anampeni dhawah pranatan.

Aningali patraping lalenggahan sumanten wau kados kok ngangge

sapurun-purunipun pyambak, sabab sangking cariyosipun tiyang kang ngateraken wau, wonten priyantun anami, raden Panjo Padmadireja, punika boten kantenan dudhukipun, inggih sumelang thengel-thengel lenggah sangginggiling kaliwpuh pulisi, malah kabaripun, kala rumiyin sampun nate kadhwahaken boten kalilan ngabekti ing sangandhap sampeyan dalem.

Pramila pamuji kula mugi mugi ing kangjeng parentah karsoha maringi pranatanipun lalenggahan, saupami kala sumanten kanjeng raden adipati Sowana, saestu inggih wuninga kosekipun ing lenggah, wasana kula nyumanggakaken para ageng ing nagari Surakarta.

Mangkunagaran kaping 19 Januwari 1869.

Katandhan pun Gumun ing Samarang.

=====

Tuhan ingkang ngarang serrat Jurumartani asuka uninga dhateng Sadrana, manawi seratipun boten kapacak ing Jurumartani, amargi ungel-ungelipun kathah ingkang boten cocek kaliyan kayektosanipun, wangsal para tuwan tanah sadaya kemawon inggih amasthi sami gadhah pamurih kados tuwan tanah ingkang kacariyosaken sarana kawrat ing seratipun, kados pundi ta manawi piyambakipun amurih angsal pangalem langkung sangking titiyang sanes, anjawi saking punika pamanah kula menggah seratipun Sadrana, punika sampun anedahaken manawi Sadrana sampun anyumerepi prakawisipun tuwan tanah ingkang kasebut ing seratipun wau ing bab pamaosipun siti dhusun mila ing mangke kula gadhah pamrayogi, bilih Sadrana adamela wados ing saserepanipun wau saha sampun ngantos purun purun angundhangaken kados ingkang sasebut ing seratipun, awit kadsadosanipun bokmanawi badhe adamel pitnan tuwin kasusahanipun tuwan tanah ingkang kapratelakaken ing seratipun Sadrana wau.

=====

ongka 5, 4 Pebruwari 1869

Wonten tiyang jawi anama Singajaya, kala tumiyin dados mandhor sata ing Bojanagari, sapunika gagriya wonten ing Puluged-hang bawah dhistrik Majareja, punika sakalangkung Juligipun angaken kadunungan kasusen, kalampahan para kapala dhusun malah wonten para cina sami anganggep ing kasucenipun wau, saha angundang bapa dewa dhateng Singajaya ingang gadhah ngelmi panitisan kados pangakenipun piyambak, anjawi saking punika Singajaya saged ajur-ajur, malah langkung sangking punika menggah saserepanipun, manawi titiyang anedha pitlung daheng Singajaya, supados nyawanipun blih dumugi ing jangji sageda anitis dhateng titiyang sanes punika para tiyang wau kedah anyukani sinjang pethak sakedhik, babon pethak satunggil, uwos kalih tompa tuwin sanesipun barang remeh, sasampunipun anykani ingkang kasebut wau, para tiyang punika kawenangaken gadhah pamilih ing bab badhe panitisipun kadosta: anitis dhateng lurah, patih, bupat

Ongka 6. 11 Pebruwari 1869

Para priyantun ing Madiyun Rembang, Temanggung, Kudus Demak Bagelen Tegal tuwin sanesipun nagari, ingkang taksih waled ing pambayaring serat Jurumartani, sami kaaturan ambayara waledipun wau, manawi boten angleksanani ing pambyaripun punika ing dalem 14 dinten laminipun, tuwan jaspres enko badhe amratelakaken namining para priyantun ingkang sami waled wau wonten ing Jurumartani.

Surakarta kaping 11 Pebruwari 1869

Atandhan Jaspres enko.

Tuhan Jaspres enko asuka uninga, bab serat pananggalan jawi ing taun 1869, manawi sapunika amung kantun sakedhik, dene pangaosipun serat pananggalan punika satunggil sarupiyah, punapa malih para priyantun ignakng sami angarsakaken tumbas serat pananggalan wau, punika saged pikantuk wonten tokonipun tuwan Jaspres enko ing Surakarta.

Benjing ing dinten Saptu tanggal kaping 13 Pebruwari 1869, ing wanci enjing jam 10, badhe wonten lelang ing griyanipun tuwan Es, ing Manggis, kaprenah celak ing Bayalali, pangelanggaipun punika awit saking pangwasanipun pangadilan, menggah barang ingknag badhe kalelang awarni dadosan griya, kopi sakedhik tuwin sanes-sanesipun.

Surakarta kaping 6 Pebruwari 1869, kala wingi wanci siyang watawis jam satunggil, Kanjeng Pangeran Ariya Prabu Prawadana, putranipun pambajeng kanjeng gustri pangeran Adipati Ariya Mangkunagara ingkang kaping 4 atilar dunya kundur dhateng kalanggengan, menggah gerahipun ngantos lami, malah meh sataun.

Pakabran tuwin lalampahan ingkang aeng saking pundi-pundi. Tuwan REDhaktur kula kala wingi saweg mantuk saking kekesahan, mila ing mangke kula anyaksuka panjurung pakabaran ing Jurumartani malih, menggah serat pakabaran ingkang sami dhateng salebetipun kula kekesahan, punika sadaya sampun kula tampani ing sahantuk kula wau, malah serat Jurumartani ingkang kantun piyambak sampun kula waos, ing ngriku mitra kula kikutis angalem kathah-kathah dhateng ukaraning srat kula,

ing mangke kula kedah suka panrimah dhateng ki Kutis, ananging ki kUritis punika sasampunipun angalembana lajeng angerang-ngerang dhateng kula, pangerang-erangipun kula kawastanan boten saged ambayar pangaosing serat pakabaran malajeng, kalampahan andadosaken lami kula boten saged akin-kun panjurung Jurumartani, amargi saking boten sagedipun apikantuk pakabaran ingkang saking serat pakabaran malajeng wau. Ingkang punika wangslan kula amung sakedhik kemawon, ki Kutis mugi sumerepa, manawi pun Dahwen boten bodho kados piyambakipun, sanadyana ki Kutis sampun anginten ing bodhonipun dahwen, boten amung serat pakabaran malajeng kemawon ingkang kula tumbas, sanadyan serat pakabaran tembung Walandi sadaya ing tanah jawi inggih ugi kula tampi, dados sakathahing pawartos ingkang wonten ing srat pakabaran tem-

bung Walandi wau, kula tedhak ing tembung jawi, saha lajeng kula pacak ing Jurumartani, pamrihipun supados bongsa kula priyantun jawi samiya sumerep dhateng pawartos wau.

Tiyang jawi anama Trasetika ingkang sampun ngecu ing Kedhung Ombo, mawi amejahi tiyang, punia ingka mangke kapatrapan paukuman, badhe kagantung ngantos dumugi ing pejahipun, menggah pangantungipun wau sampun katamtokaken kala tanggal kaping 3 wulan Pebruwari punika, ananging boten ngantos kalampahan awit saking wonten pembanganipun, ibata badhe legarin gmanahipun Trasetika, dene saged gesang ing sawatawis dinten malih, ananging gesangipun punika tansah badhe angind-hakaken ngenesing manahipun

Ing Paris kithanipun ageng tanah Prasman telasing kertas ingkang kange anyerat pakabaran sapanungilanipun ing dalem sataun kirang langkung saking pangaos, 6 yuta rupiyah.

Kanjeng maharaja ing Nederlan sampun angulawisudha dhateng sultan ing Gunung Tabor tanah Borneyo, sisih kidul tuwin wetan ingkang ajujuluk maharaja Windhah,dados rider saking Ordheleyo Nederlan.

Kala tanggal kaping 25 wulan Januwari ingkang sampun kapengker tiyang jawi anama Mangunsentana, Juru serat ing Karangmaja bawah kabupaten Magelang, kaganjar madhalye pethakan, mawi kaparingan serat partatondha pangalembana, kasebut ing serat kakancinganipun kanjeng raja, amargi sampun amitulungi tiyang

kathahipun 12 ingkang sami kaurugan siti ingkang jugrug, boten mawi angowel dhateng umuripun piyambak.

Ing dhusun Sumber gondhong bawah dhistrik Majakasri, wonten tiyang estri anama bok Samiyah, sasampunipun kapejahan anakipun ingknag amung satunggil, punika lajeng amangangge sandhangnipun tiyang jaler, saha asantuna nama Setrapati, salajengipun badhe anampeni panduman garapan sabin, menggah pandamelanipun dhateng nagari sakalangkung taberi, dereng lami embok Samiyah ingkang mangangge cara jaler angrabenitiyan gestri sanes-sanesipun, andadosaken pangeram-eraming titiyang.

Menggah wragading panyiratmipun margi margining kitha Londhon ing salebetipun mongsa katiga ing taun ingkang sampun kalamahan, punika telas 12 yuta rupiyah.

Ing Samarang antawis kalih wulan punika kathah titiyang jawi sakit panastis ingkang sakalangkung anggigiris, ngantos ewon ingkang sami pejah, malah para walandi inggih kathah ingknag sami kenging sasakit wau.

Benjing tanggal kaping 30 wulan Mei ing ngajeng punika ing Batawi badhe wonten pasamuwaning dadosipun batawi ingkang saprika sampun 200 taun ing ngriku badhe anggerlaraken sese-karan sapanunggilanipun, ingkang punika para tiyang ing Nederlan Indhiya sadaya sami kapurih akintuna tataneman sesekaran wowohan tuwin sayuran dhateng panggelaran wau, dene menggah gaganganipun sampun kapancekaken awarni madhalye mas, 9, madhalye pethakan 30, saha madhelya sanguban 30 iji.

Wasana tuwan redhaktur kula taksih gadhah pawatos kathah, ananging sapunika kula kendel rumiyin ing panyerat kula, benjing dinten Akad ngajeng punika kula badhe anyaosi panjurung malih, mila ing mangke amung tabe kula kemawon dhateng sampeyan tuwan Redhaktur.

Dahwen.

=====

Atur Hurmat saha tabe kula kang akathah-kathah, katur panjenenganipun tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani, manawi amarengaken sangking karsanipun tuwan, saha kang manawi kakinten boten saru, serat kula punika mugi karsa amacak wonten ing serat Jurumartani.

Ing sarehning anggen kula tinitah gesang, kalebet sanget ginanjar bodho, awit sakking dereng angsal pangajaran tuwin dereng darbe tatuladan ingkang manggen, anjawi namung saserepan kula, mijil saking tembung gethok tular.

Wusana inggal punnika, kula panuju sonja, dhateng griyanipun mitra kula, raden bei Wirasraya, ing kampung klurahanipun mitra kula, wonten ing ngriku kula nyumerepi, serat jurumartani ongka 5 wedalipun dinten Kemis kaping 4 Pebruwari taun 1869 ingkang katandhan mas Mangunbrata, anyebutaken bab serat angger-ageng, katitimangan kaping 11 wulan Sura taun wawu, angkanipun warsa 1245, lo ingkang punika punapa inggih leres, menggah yektosipun, serat angger ageng wau, awit iya sanagari pundi, punapa jamanipun nagari Majapahit, punapa nagari Demak, kok sanget andadosaken, kodhengipun manah kula, dene wonten serat angger ageng, titimongsa taun wawu angkanipun warsa 12445 kang mongka sangking cariyosipun para tiyang sepuh, kang manawi wonten titimongsa sataun jawi ongka 1245 ingkang tamtu wonten ing taun jimawal wusana mas Mangunbrata, ko anyebutaken taun wawu mila sanget andadosaken ing kodheng kula.

Anjawi saking punika, manawi amarengaken, sangking karsanipun mas Mangunbrata, kula nyuwun jarwa, wonten tembung sowab, punika tegesipun punapa sarta kang menawi wonten ing tembung jawi, mangertosipun punapa, ingkang mugi mas Mangunbrata, ing sadaya atur kula wau, karsaha aparing jarwa, ugi kapacak kawonten ing Jurumartani, serep-serep aparing pitedah, dahleng tiyang bodho, ingkang kados kula, ti ti.

Sinerat ing Surakarta kaping 7 wulan Pebruwari taun 1869,
Katandhan pun Kawonan.

=====

Rinengganing kaurmatan kula, akathah athah, mugi katur ing panjenenganipun ingkang ngarang srat jurumartani, manawi kapareng kula ngarui panjurung kabar, ingnag mgi kapacaka ing jurumartani ugi cariyos parlu, ing ngandhap punika pratelani-pun.

Sak langkung ing panggumun kula, wonten satunggal priyantun abdi patih ing Arungbinangan, nama Ngabei Wongsareja, manawi pagriyanipun kapondhokan anakipun, nama Bok Pringgadikara, punika wade apyun petengan wos kagledhah kacina candu pulisenipun boten purun amarsudi mrakawis dhateng ngabei Wongsareja wau, utawi wonten abdi rongga ing ngarungbinangan nama Rong-gasastra setika ugi anakipun ngabei wongsareja, punika mager sareni pun nama mita inggih wade apyun petengan wos kagledhah ngantos rambah kaping 2 kacina badhe tike antawis kalih senik

punika saking pamireng kula ngantos katundhung akaliyan raden mas Tumenggung ARungbinang anaming pulisi nama Rongga Onggasetaika punika ingkang gatholi griyanipun mita, sabibaripun gantholi griya Ronggadangga setika kalih ronggasrastra setika,

nedha besel apyun dhateng pun mita pangaos 8 wang sangking pamanah kula wonten patrap makaten ingkang mesthi adamel kalingsemanipun wadananipun, manawi wadananipun baten anglesanani, sangking pamireng kula manawi wonten satunggal priyantun kapondhok tuwin angawaki piyambak wade apyun punika kapatrapan pocot, saha pulisi nampeni besel tike.

Ingkang punika sangking pangawel kula dhateng raden Mas Tumenggung Arungbinang, mugi kagaliya ing patrapipun dhateng priyantun tiga wau, mindhak anglingsemaken ing kawedanan, adamel rereged awit priyantun tiga wau.

Sinerat Kemis kaping 30 Siyam taun Jimawal ongka 1797. katanthan Rahaden Iman Suwongsa.

=====

Sanadyana kalyan pangungan saha kasingkelaning manah, anggen kula ngaturi pawartos ingkang kasebut ing ngandhap punika, weadene kula rumaos bingah, dene saget nglampahi ingkang minongka anggaosi dhumateng panjenenganipun priyantun ageng. Kala ing dinten salasa wanci jam 11 siyang tanggal kaping 12 wulan Sawal ing taun Jimawal, ongka 1797 utawi tanggal kaping 26 wulan Walandi Januvari, taun 1869 kanjeng pangeran ariya Singasari kaping 2 ing Surakarta, tilar dunya kondur ing rahmatullah, jalanan gerah sarira sadaya, lamenipun 10 dinenten.

Sareng enjingipun ing dinten Rebo tanggal kaping 13 wanci jam 10 siyang layon kaangkataken saking ing dalem Singasaren< badhe kasarekaken dhumateng pasareyan ing Nglawiyane punika kanjeng tuwan residhen Sutelip, tindak dhumatenging Singasaren, angurmati angkatipun ing layon wau, saha para tuwan tuwan sawatawis, sami ngatingalaken sih tesna secanipun ing pamitran, punapa dene kanjeng gusti pangeran Adipati Ariya Mangkunagara, sasentananipun sawatawis, sami angurmati dherekaken gnatos dumugi sajawining dalem singasaren, sarta para kanjeng pangeng pangeran putra putra dalem, para kanjeng pangeran santana, tuwin para bendara riya, panji, utawi

kanjeng raden adupati Sastranagara, para bupati kaliwon jawi lebet, saha malih kolonelipun Prajurit dalem, mayor, kapitan, upsir, sawatawis, sami urmat andherekaken inggih ngantos dumugi sajawining dalem Singasaren, sadaya ing nginggil wau andadosaken prayondha kasaenanipun ing panggalih ingkang sampun seda.

Dene ingkang andherekaken dumugi ing pasareyan ing Nglawiyan, abdi dalem priyantun nagari, kaliwon, 2, satunggal raden angabei Wongsanagara, kalih Raden angab

Ongka 7, Kemis kaping 18 Pewbruwari 1869

Benjing ing dinten saptu tanggal kaping 20 wulan Pebruwari punika tuwan Pe We Ge, Got kaliyan tuwan Lawik Pan Pabse, badhe adamel lelang wonten griyanipun tuwan Swarger ing Surakarta, menggah ingkang badhe kalelang barangin randhani-pun tuwan Dhekok Pan Lewen ing dhusun Manang,pratelanipun kados ing ngandhap punika.

Dandosan griya kadamel saking kajeng maoni awarni: meja lonjong bunder, tuwin meja pasagi, meja alit mawi sela mamer, meja main, pangilon, meja pasuryan saprabotipun, benet kadamel wadhhahinuman, kursi males, benet saisinipun mainan mawi kori gelas, benet mawi pangilon kenap, pethi panyeratan tuwin meja alit.

Punapa malih benet kajeng nongka, kursi goyang tuwin kursi sanesipun, meja, kenap bangku, patileman cekap kaangge tiyang satunggil utawi tiyang kalih, jam pentul tuwin jam gantung, poangilon, pigura warni-warni, serpisteh, benet kangge ise-pen, dandosan gelas sapanunggilanipun, dilah modheratur, dilah gantung tuwin dilah setrolo mawi lisah petroliyum utawi lisah sanesipun, pethitosan pirantos kadamel anedha kaserat rak wadhah serat, rak rak kangge isepen, lampit, babut, tuwin sanes-sanesipun ingkang badhe kawedalaken ing lelang.

Wasana kareta dadamelan ing pabrikipun tuwan Enrih tuwin tuwan Pet, kareta palangkeng, pakeyan kapal rakitan, piyano dadamelan ing pabrikipun tuwan Gerar ingkang sampun kondhang, piyano ageng, tuwin sanes-sanesipun.

=====

Serat wuwulang olah-olah ing tembung jawi, regi, 3 rupiyah, para priyantun ingkang ngarsakaken kenging pikantuk saking tuwan.

1. Ef We, Winter ing Surakarta
 2. Jaspres ing Surakarta
 3. Kamerik ing Ngayogyakarta
 4. Pandhorep ing Semarang
- bayar kenceng.

=====

Pawartos warni-warni

Menggah paukumanipun pejah Tra Setika sampun katindakaken kala tanggal kaping 11 wulan Pebruwari punika, ing nalika samanten kathah titiyang ingkang aningali saha para prajurit

jawi ingkang anjajari saubenging panggenan pangantungan sami kalenger, ingkang punika panggantungipun Tra Setika wau mugi andadosna tutuladan dhateng para tiyang durjana, supados ajriha anglampahi ngecu malih, saking panginten pun Trasetika boten bingah ing manah, dene sampun dados tutuladan bab anggenipun anglampahi paukuman pejah wau, panyananipun Tra Stika saderenging kakethok sirahipun, amesthi badhe boten kalampahan bilih kaukuma pejah, Awit saderengipun anglampahi ngecu, sampun kathah para durjana ingkang sami ngecu kanthi raja pejah, menggah sirahipun Tra Stika sasampunipun kake-thok, punika lajeng kabekta dhateng kedhung ombo panggenani-pun angecu saha mejahi tiyang, supados katancira wonten ing ngriku, saha dados satitingalanipun ing titiyang kathah.

=====

Ing dhusun Nusupan wonten umbul ingkang medal, wiyaripun 5 lebetipun 10 kaki, atusan titiyang ingkang sami dhateng aningali, dene tiyang ingknag rumeksa umbul punika kathah angsalipun arta, awit pata tiyang ingkang dhateng aningali wau sam anyukani arta.

=====

Ing peken Kaliwon Surakarta kala tanggal kaping 25 wulan Januvari ingkang sampun kapengker, wonten tiyang jawi estri anama bok Resasemita kapanggih pejah wonten salebetung sumur, menggah kacemplingipun ing sumur wau, boten wonten tiyang ingkang sumerep.

=====

Ing Melburne tanah Ustraliye sapunika wonten serat pakabaran tembung Cina, kanamanan Tipoah, punika tegesipun: Pamencar saserepan.

=====

Ing serat pakabaran Malajeng amratelakaken rembag dhateng bupati ing Magelang, bab arta 5000 rupiyah, ingkang prelu badhe kaangge andadosi masjid ing Magelang, punika anyambuta dhateng tiyang, sarta pa,bauaripun arta wau ing tembe kawedalna saking sapandumanipun arta panaiban ingkang dhateng pangulu, menggah rembag ingkang kados makaten punika sakalangkung prayogi, ananging dhatenging rembag wau sampun kasep, awit masjid ing Magelang anggenipun andadosi sampun

rampung lami, ananging bupati ing Ngawi prayogi manawi an-ganggeya rembag punika, awit sapunika sampun kalih welas taun laminipun titiyang andadosi masjid ing Ngawi, Muhammad Ibrahim ingkang anyariyosaken kabar wau, amastani adamel rekaos-ing titiyang ing Ngawi bab pandandosipun masjid wau, dene ing Madiyun tuwin ing Panaraga masjidipun enggal dados, andado-saken kurmatipun kangjeng Nabi Muhamad.

=====

Serat ingkang kalayan urmat mugi kahatur ingkang saudara tuwan Redhaktur Jurumartani, ing nagari Surakarta, Kawula ngaturi sumbang kabar, mugi kalebetna wonten ing kagunganipun saudara, serat kabar Jurumartani.

Nalika tanggal kaping 9 Januware punika, wanci pukul 8 dalu, kanjeng ruwan Wedhesekif asisten residhen afdeling Ambal, ingkang pinuji alus lurus lurus penggaliyanipun, sarehning badhe mangkat kundur dhateng nagari Walandi, sampun kaarak cara penganten, kairing dhateng sadaya Amtenaripun jawi ing nagari ngriku, sangking dalem asistenan tindak dhateng pendhapi kabupaten mawi minder puter, ngalun-alun, kaurmatan mawi 3000 dilah lilin kapasang ing kartas kawangun warni kados redi, griya masjid, griya cara walandi ingkang mawi gedhong loteng, lan warni sima, garuda, songsong, sapanung-gilanipun. sadaya warni warni sami sae sarta anggawokaken. Sareng rawuh ing pendhapi, kabupaten, lajeng lelenggahan kalayan plesir ing penggalih.

Kori saketheng kabupaten mawi kapasangan dilah wangun gapura, nginggil kacarakrun makutharaja Wlandi, ing ngandhap kasrat leter dilah W,D,S, kadugi kathah ing dilah wonten 5000 gelas, sareng jam 12 dalu, sadaya amternar ageng alit sami dhahar.

Menggah ongkosipun sadaya barang ingkang sampun kasebut ing ngajeng wau, sadaya medal saking pirukunipun para amternar

ing nagari ngriku, kalayan sukarilanipun pyambak, kakiyataken atur kasugengan lan panrimah, sawb salaminipun kanjeng tuwan Wedhesekip ngasta asisten residhen wonten afeling Ambal pangrengkah pangemongipun dhateng sadaya amtenaripun sae, wilujeng seneng boten kirang satunggal punapa, yen wonten amternar kalepatan boten karsa andamel cilaka, kedah kawula rumiyin kalayan pengendika ingkang sareh sara manis.

Sareng tanggal kaping 10 Januawari punika ugi kanjeng tuwan wau sagarwa putra pangkat dhateng samarang< sadaya amternar ageng alit sami dherekaken saengga dumugi ing watesliye afdeling.

Dumugining wates, kanjeng tuwan paring slamet inggal, para amtenar sadaya ngaturi slamet jalan, anamung boten waged cetha, sawab sangking sadaya manca udra saha ngrentahken waspa.

Ing wusana, sami dedonga dhateng rabilngalamina mugi lestan-tuna ginanjar wilujeng sagarwa putra dumuginipun ing nagari Aerupa, malak mandar manggiya kasenengan ing salami-laminipun.

O, gusti ingkang sipat rahman, mugi mugi aparinga lilintu ingkang jumeneng priyagung keparlanagari, sami karsaha anggelar jembar maklum dhateng kawulanipun sadya, supados ing tembe kapuji pujiya kados dening priyagung kepala nagari ingkang sampun kasebut ing nginggil wau sadaya.

Ing Ngambal, nalika tanggal kaping 17 Januwari punika wanci jam 9 enjing wonten lindhu sangking kidul wetan, ragi sanget, sangunipun namung 2 utawi 4 menut, anaming boten damel karugiyen satunggal punapa.

Karti sampeka kang tumrap Oka, 53 kantadhan Canggeh, ing ngriku damel tembung amemayoki katos anggadhegaken engetanipun ranuwijaya, wondene ingkang dados eruning rajaning kaswenda, duk sinoming, sapada, canggeh, manapa panduka cala, mawi pitaken tembung mekaten, ha, Cala, mangke kula sagah jampeni, murlapanoningrat, O ladala iki ipene, wong dadi parentah, bajur angumadaka, rasarisi winawong wiyat majemuring ngima pinege, ha, slya, na, ing dirya wus tamat, ti ti.

Kula nuwun mugi tuwan redhaktir, srat kula punika, kapacakna ing Jurumartani.

Pawartos saking negari Ngayogyakarta, kenging kadamel tepe tuladha priyatun wanita, ingkang kaleres angger bini 3 tuwin 7 wulan, punika boyo kenging yen dharara, ulan eloh srona ingkang kajenu, sabab sampun waten ingkang klampahan, semahi-pun lurah Kundhi,puniku punuju wawrat 3 wulan kekesahan dhateng lepen winonga, ngupados mina, krana abeta jenu, sarehning lepenipun sak wetawis wiyar baten timbang klayan anggenipunaabegta jenu wau, samaten punika saking kamurahanipun alah, angsal mina 5, iji kawastanan wader pirasoca ageng 1 dim, pajang 4 dim, sangking bingahipun

cakelak lajeng mantuk, wau mina, kagoreng, wus katedha bai
kundhi laju kraos badhe wawratan baten sakwetawis jam jabang
bayi nulaya lair, ing ngriku wus kepanggih pejah, pramila
sapunika saking panuwun amba, dhateng para priyantun ingknag

kagungan garwa babot, sampun kantos dhahar ulam ingkangkula
cariyosaken ing ngajeng wau punika. ti ti.

=====

Wangsulan dhateng Kondheku.

Ing Jurumartani ongka 3 kaping 21 taun 69 anyariyosaken bab
kencengipun rundha pulisi ing Kadanurjan, bubukanipun ing
ngriku raden lurah Mangun Atmaja, kaleres rundha malem akat,
wandene ingkang kasebut kabar wau, inggih leres sadya sabab
sampun misuwur yen raden lurah wau kencengipun lampahipun ing
nagari , punika saking pamriksa kula ketarik saking seneng
tuwin ajrih dados penawangipun ing ngakathah ragi angemeneme-
naken, dhawuhipun kanjenggraden adipari Danureja, punika
saking panuwun kula dhateng raden ;urah, sageda lestantun sak
pingginggilipun, sokur bage yen saged angungkuli malih kados
ingkang kasebut ing srat Jurumartani ongka 3 wau saya, prami-
la sapunika sabab ing tembe badhe waten pergatan malih kajawi
ingkang sampun kadhawuaken, wewahipun kados ing ngandhap
punika:

1. bab menawi waten tiyang kepandungan dursila sakyanaipun
kajibah dhateng priyantun rundha, ing waktu dalu punika,
wondene priyantun ingkang rondha yen baten saget angsal titik
saklebetipun 40 dinten wajib anempuh ing barangipun ingkang
kabekta pandung wau, sapiten telasipun.

Ing wusana ingkang kepandungan menawi baten alok punika
enjingipun kamirengan priyantun rundha, katos kaselahaken ing
negari, sampun baten pitaken malih lajeng kadhendhaha, sak
murwatipun yatra lajeng kabage dhateng ingkang kelah wau.

2. Bab menawi waten ingkang purun angedhagaken baten kalayan
persaben punika mawi kadhedha tumpeng megana 1 lajeng
kaparingaken pundi trapipun rundha, ingkangpunika saking
pendhadhang kula mugi enggala kalegsanan , menggah tiyang
amalutosan wau rekaos menawi sampun asrep, tamat, katandhan
abdidalem Jaksa Negari, pun Sastralukita.

=====

Mugi wontena kersanipun tuwan amacak ing serat Jurumertani. Awit papaeisanipun ing Jurumertani, kumedah wonten panjurungipun para seget sadya, ananging sareng kula maos jurumretani ongka 51 ping 17 dhesember 1868 ing ngrku wonten tembungan saking nagari pasisir ler, katandhan santri ingknag sampaun nate nindakaken pengadilan gupremen, ingggih punika, kyai Muhammat Bentajemur.

Nanging sangking panimbang kula, para santri manawi lumebet pasamuwan Jurumartani, kula dugi kathah kang boten seneng kados pundi kula punika mawi gadhah pandugi dhateng para santri, awit kula sampaun dhamang dhateng lelabetanipun para santri, ingkang sapisan boten doyan jinewer, kaping kaliyah boten remen tayuban, kaping tiga kathah para santri boten purun kadadosaken pangulu, lo punapa tyang dados pangulu punika saminipun tiyang ngumbe jinerwe utawi tayuban, larak sae nami kyai pangulu, kok dipun pelaur nami kyai guru.

Sareng kula nhraos anggitanipun, Muhammat Bentajemur lajeng ewa manah kula, dene wonten tembunganipun makaten: anenggih kaengetan kula ingknag mijil manah sukci, nitik adat ingkang sampaun tumindak rosipun ewa kula wonten ing seratan punika. Kaping 2, lo para sadherek dene tiyang dhateng pronggengan

dipun sujanani, punapaha ing pundi-pundi nagari malah dipun ajani ngadegipun Pronggengan, kadasta sedaya ronggeng boten kenging pajeg panggaotan, kasebut setatblat taun 1857 No. 99 ing pasal 2 ing kurup R, kula upamekaken tiyang jajan wonten peken utawi warung, punapa tyang tutumbas utawi jajan dipun sujanani dhateng pulisi, punapa tyang ramening tyang tumbas utawi sasadeyan dipun awisi dhateng pulisi, kados pundi punapa sang satu mesthi kawajiban nyukani tedha tyang kang sami kapenging dhaeng pun pasisir ler sami ngupads tedha wau, dipun awon-awon, dupeh dhateng pronggengan mila punika dhateng pronggengan margi gadhah arta, wangsula para santri boten purun nyambut damel, namung ngajeng-ngajeng trah sapannunggilanipun, inggih manawi nuju mongsa wonten kendhuri utawi nuju wulan puwasa, ing salebetiiun boten wonten tiyang sadhekah ingknag katedha punapa: kula sumerep panggenan stunggaling kaji sami boten karembatan pendamelan irendhines, manawi punika ingkang dados witipun dursila, sabab wedana

sami boten amenet nindakkaken keras paprentahanipun dhateng para kepala dhusun, yen para kaji boten karembat tan iren dhines namung anggreripun sampun kalebetaken cacah kemawonl kayektosanipun ing wingking tyang dhusun boten saget ngiri, margi ering ningali kepalanipun dhusun sampun rujuk miwah liyanipun pulisi, yen mekatenna temtu dados awratipun tiyang alit ing panggenan ngriku, wekasanipun anggenipun gaota tatanen kirang wiyar utawi boten medal, margi dipun riwuk dhateng tyang mengkarangan kang lepating pendamelan.

Kula sagah ngaturi enget, dhateng pun pasisir ler, lah punika kyai atur kula ing sampeyan.

Menawi jengandika murih sudaning panrajanging parentah para wedana sampeyan puriya nindakaken kuwajibanipun engregelmen pulisi, bab ping 48 kadosta serat damelane kepala dhusun, tuwin liyanipun priyayi, lah punika trusna ing ngarsaning bupati utawi ing pengadilan landrat, kenginga kadamel grayang panunggalanipun panrajangnge prentah ture kyaine niku pun tau nindakake pengadilan gupremen, teka ngala ala wong marang peronggengan niku ampun mengkoten, kula aranana kepengin kul amangke di tutuh ing kathah kesangeten ngarani wong durung takyin, satuhune kyai, yen jengandika nganggit surasane regelmen pulisi ggih bisa sami tulungi bab kanalaran sudane kadursilan, yen jengandika nganggit anglarangi wong jajan kula purih dhateng kauman jajan musikum mawon, negara sepi, upamane boten onten warung tuwin pasar, yen jengnadika nalika nindakake pangadilan ijih mawan wong utaw ijih bau kopine, gedhene matur sak jabane kungkum, boten ta mindak kalayan adil, nggih niku aran memanis utawane gegeroh, boten nuhoni janji, unining nganggre ukum mukuman.

Lah kula ing mangke pitaken dhateng kiyai punapa sampeyan ing mangke sampun kapocot anggen sampeyan nindakaken pengadilan grupremen, sabab dening punapa, punapa sabab panuwun jengandika pyambak, remen dados guru, nami benteljemur, lan kiyai punapa sampun tepang dhateng, A.L. ing Semarang sabab sami pasisiran ler, tentu kemawon sabyantu pinanggih ing raos, enggal mangke punika sampun dhapur pirampungan wonten Jurumartani, punapa kyai nalika daod pengadilan inggih asring andhapur kados dhapuranipun, A.L.

Katandhan Kramaruci.

Panuwun kula manawi lega mugi kapacaka ing serat Jurumartani.

Arjasaning urmat kularing Sang para sarjana, amawadekuning boja dwi, rehning manungsung cumadhong sabda, mugi ta lumuntura kangsih ring amba kang mambek siswa, tarlen mu ungmaneges ring pataken ulun kang sampun kula turken ing dangu, amawa titimongsa ramlamping 30 Jimawal punika bab rimbaging tembung pamical sigar, teng, sasur, belah gethek sumanta, kang punika kadipunapa dening tan karsa maelu, yan makatena taL kang para sarjana,sirna babasaning bainisi nundha wreksa, ya puswiguneku, deta manggung rebat suwala, nglalar kang datan malar, kadosta canggeh Se Ef Pe, nyanyampah mangesi-esi ring Ranu, Gunawan murina temahan Canggeh kang peksa puguh kabranang mijil kang wuwus saru sarosarsangajaring gunawan kalawan pecut, no kadipundi ta, dening tebah tanduk kecapping sujana ywan ta mongcpa yaktine wit Gunawan minta lawan basanya mawa panjeliring canggeh nyang Se Ef Pe, sumarma karya selang sengguh, nyirnakaken sakyehning tangguh, dumadi mung gugah ring garjitaning janma punggung kang kadi amba, o tan mangkono, bok inggiya uminta wawaning basa, sabda kang manohara, mimiring kalayan sambang liring, dumadya tan sebit jatining sujana tur ta kang kataman rila trus ing cipta karata, deta manawi mas ranu, wus makna manawa papanteraning rucah, titika pakarti nyagati, angayah amiyah ringtg para panuning praja, yakti amba tembung kentan pambudi, tankadi, Se Ef Pe, sengganging manawi inaran sujana, mangkaten ugi atur kawula mung saleresippun, mugi sami paringa pangapunten ing tembung kula kang kalantur wau sadaya.

Martasanan kaping 21 Swal Jimawal ongka 1797.

Mintajarwa.

Ongka 8 Kemis 25 Pebruwari 1869

Pawartos warni-warni

Griyanipun tiyang jawi anama Sutadongsa ing kampung kratonan Surakarta sampun kagaledhahan, awit saking ingknag gadhah griya kadakwa asimpen apyun peteng, kala samanten pulisi amanggih cithakan tembagi kalih iji, kadamel anyithak arta, punapa malih pulisi amanggih artanipun ingkang sampun kacithak kalih iji awani ringgit, menggah ringgit punika kagrami sasampunipun karengga kapasangan sosotya palsu, dene kang ggenipun ringgit wau kadamel kaling, sarta sagedipun Sutadongsa adamel kalung ingkang kados makaten wau, punika sampun angsal wuwulangipun Kemasan ing Samarang, ibata kathah ing tarekah ing tiyang , amurih sagedipun apikantuk tedha.

=====

Ing dhusun Cigedhogan bawah kabupaten Bandhung wonten tiyang, 14, anedha jamur kuping ngantos kathah, kadosanipun tiyang 14, wau sami sakit, sarta tiyang gangsal kalampahan nemahi pejah, lah punika kadadosanipun tiyang ingkang ambruwah.

=====

Es We, sakalangkung anggenipun boten angrujuki bab sidhekah maleman, sarta adreng ing panyuwakipun sidhekah maleman wau, awit sidhekah maleman punika boten kapratelakaken kalebet ing agami Islam, punapa malih badhe andadosaken kacingkranganipun para tiyang ingkang miskin sami kajiyat tumut ugi asidhekah maleman, kalampahan andadosaken jalaranipun lalampah awon.

=====

Ing panggenan bawah ing dhusun Jemus dhistrik Lengkir dereng lami tiyang amanggih jisimipun tiyang jawi anama Arsa ingkang sampun bosok sarta katingal manawi kapejahan ing tiyang, menggah pun ARsa wau ing sawatawis dinten laminipun kacariyos kathah prakawis kaliyan wadanipun ingkang badhe kagugat, ananging wadana punika lajeng anyukani mamanis dhateng piyambakipun, supados sandeya anggenipun badhe anggugat, sala-jengipun wadana wau boten patos amrelokaken anggenipun angupadosi tiyangipun ingkang amejahi dhateng pun Arsa, O, manawi makaten kenging kaupamekaken kalebet ing panginten.

=

Ongka 9, Kemis Kaping 4 Maret 1869

Para priyantun saged pikantuk atumbas serat Lokapala capcapan saking tuwan Ef We, Winter ing Surakarta, reginipun serat satunggil 2 rupiyah, 50 sen bayar kenceng, awarni arta utawi wissel pos, mawi abayar wragading pantintunipun serat ing pos.

=====

Pawartos warni-warni

Pratelaning jampinipun sasakit kakalih.

Pe Dhe We, ing Tegal sampaun amireng kalayan susah ing manah bab kathahing titiyang sakit panastis, kalampahan kathah ingkang sam pejah saking sasakit wau, mila ing mangke Pe DHe We, suka pratelaning jampinipun sasakit panastis kados ingkang kasebut ing ngandhap punika:

Mendheta godhong meniran saoyodipun, sasampunipun kakumbah resik kalebetna ing wadhah, kathah ipun saraup, tumunten kadekekana adas tuwin mungsi sapingerud, sapingerud kathahipun kirang langkung saking sacekothokan, punapa malih kadekekana kajeng legis nyaripanjangipun wah pulasari satengah nyari panjangipun, salajengipun wadhah punika kadekekana toya ngantos kebak, nbunten kagedhoga ingkang dangu ngantos toyapunipun kantun sapratigan, manawi sampaun rampung ing panggodhogipun, lajeng kaombeya manget-manget kathahipun sacangkir teh ing dalem kalih jam, kaambalan ing pangombenipun jampi punika kirang saking tigang dinten, tiyang taksih gadhah kuwatos bokmanawi sasakitipun panastis dereng ical babar pisan.

Phe Dhe We amastani bilih godhong meniran punika sakalangkung dayanipun anyarasaken sasakit, menawi tiyang sakit wawratan rah, jampi godhong meniran wau saged anyarasaken sakalangkung prayogi, ananging ingkang kaangge amung oyotdipun kemawon, punika inggih kagodhog mawi adas mungsi kajeng legi wah pulasari, kathahipun kados ingkang kasebut ing nginggil wau, ananging pangombenipun amung kaping kalih ing dalem sadinten enjing kaliyan sonten Phe Dhe We saanak bojonipun sampaun anglampahi angangge jampi wau, ngantos kapiing pinten-pinten kemawon kadadosanipun inggih lajeng saras.

=====

Te Ha We Be, suka pratela kawrat ing serat pakabaran ingkang kawastanan: Matahari, bab sarananipun angicalaken tinggi kadosta ing ngandhap punika:

mendheta godhong legundhi, kagodhog kaliyan toya, manawi sampaun kasaringa kaliyan sinjang, lajeng kadekekaken ing gendul, manawi badhe kaangge anyirnakaken tinggi, toya legundhi ing gendul wau kasiramna ing panggenanipun tinggi, kadosta wonten patileman, benet sapanunggilanipun, langkung prayogi malih bilih sangandhaping kasur kadekekana godhong legundhi.

=====

Tutuladan kakalih bab gugon tuhon pratelanipun kados ingkang kasebut ing ngandhap punika.
Raden Tumenggung Prawiradienigrat ing Ngayogyakarta gadhah kapal sae, anggenipun tumbas 400 rupiyah kapal punika dipun sihi sanget dhateng raden tumenggung Prawiradiningrat wau, ananging dereng ngantos lami anggenipun asih selak kapal punika pejah, dene pejahipun kapal kala tanggal kaping 21

wulan Januware ingkang sampun kapengker.
Salajengipun bathanging kapal wau kaceplungaken ing sendhang ingkang sampun asat toyanipun, awit kamanah rekaos bilih andhudhukana siti kadamel mendhem kapal pejah wau, sareng makaten ing wanci dalu raden tumenggung prawiradiningrat anyupena kadhatengan lelembat ingkang jagi sendhang wau, katingal sakalangkung muring muringipun dene tiyang purun purun anyemplungaken bathang kapal ing sendhang, ing ngriku lelembat lajeng wicanten dhateng ingkang supena, bilih sasak-itipun kapal badhe kasandhang ing raden Tumenggung Prawiradiningrat, manawi bathanging kapal punika boten enggal kapendhet saking sendhang.

Kala samanten raden tumenggung Prawiradiningrat sakalangkung kuwatos ing manah, mila sareng tangi enjing lajeng dhawah mendhet bujang sawatawis, kinen angentasaken bathang kapal saking sendhang, sarta amendhem ing panggenan sanesipun, kaepahan sadsa rupiyah, wasanaa dereng ngantos kalampahan bathangkapal kaentas saking sendhang, Raden Tumenggung Prawiradiningrat lajeng pejah rumiyin, bokmanawi saking kirang rikating anggenipun angentasaken bathang kapal wau, ananging ingkang tamtu pejahipun raden tumenggung prawiradiningrat punika awit saking kenging sasakit kolerah ingkang ngadat angenggalaken pejahing tiyang.

Ing sawatawis dinten laminipun ingkang Sinuhun Kanjeng Sultan ing Ngayogyakarta adhawah ngubengaken wonten salebetting nagari kagungan dalem bendara ingkang anama: Kyai Tunggulwulung, supados angicalna sasakit ingkang ngambah nagari ing Ngayogyakarta. Menggah cariyosipun Sastra Premadi, manawi para tiyang ingkang tumut ing lampahipun angubengaken bendara wau, sami katingal kados titiyang Arab anglurug prang.

Wondening ingkang wonten ing ngajeng, punika pangulu landrat kaliyan pangulu Imam, kalih pisan sami angrasuk busana pameran saha numpak kapal, sawingkingi pangulu kakalih wau para kaji, lajeng bandera kabekta wonten sawingkipun, sawingking-ing bandera para kaji malih, ketib modin tuwin ingkang ambekta sanjata, wonten ingkang anabuh bedhug, wonten ingkang lumampah kemawon sarta wonten ingkang numpak kapal.

Manawi lampahipun para tiyang wau dumugi ing margi prapatan, lajeng sami kendel , sarta salawatan sakalangkung rame kalayan katrebangan.

Lampahipun agnubengaken bandera wau wiwit pukul pitu sonten ngantos dumugi enjing jam nem, ing margi margi sakalangkung padhangipun saking dening kathahing obor.

Sareng jam nem enjing para tiyang kendel woten ing alun-alun, wonten ing ngriku amragad maesa bule satunggil, sirah ing maesa salajeng kapendhem, dene ulamipun kadumaken dhateng tiyang kathah ingkang sami wonten ing alun-alun wau.

Menggah bandera kyai tunggulwulung punika sampun wonten kala ing jaman kina, saha babaktan saking tanah Arab, wah mawi karengga ing saseratan Arab.

=====

Manawi kapareng ing panggalihipun tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani mugi kapacak kaserat kula ing ngandhap punika:

1 Bab, dereng lami wonten tiyang wasta Kertasemita ing dhusun

Samakaton bawahipun tuwan Bos ing Mipitan Kalathen (Surakarta) panuju satunggaling dinten Kertasemita lumampah ing padamelan anggejig turutting badhe bendungan lepen ing Masararan, watawis dangu padhas kang kaleres nginggilipun lajeng gempal watawisa maesa agengipun andhawahi Kertasemita kang taksih katingalan kantun sirahipun kimawon, kengingipun kapendhet padhas mawi kadhudhuk sareng kaentasaken badanipun remuk syada, ewadenten saged umur 4 jam dangunipun lajeng pejah.

2 Bab, kula anggadhahi panginten dhateng Se Ef Pe, anggenipun agahan amastani ing kula kaupamekaken belo tumut sabton punika awit saking wekdaling serat kula wonten Jurumartani kang katitimangsan kemis ping 14 Januwari kapengker punika, dados kadakwa nunut wangslanipun Gunawan dhateng pyambakinipun, ing mangke kula suka sumerep dhateng Se Ef Pe, manawi anggen kula ngintunaken serat kula sampun kala kaping 4 Januwari, wasana sampeyan mretelakaken anggitan kang minongka wangslan dhateng Gunawan menggah turraping kula kaupamekaken sepatu bilih sedheng prayogi kula anggeya, punika wangslan kula sakedhik kedhik ingggih ragi kenging kaangge, ananging kula dereng pitaya bilih serat wau kasagedan sampeyan pyambak, kula anamtokaken mawi kagurok gurokaken ing sanes, wangslan seratan sampeyan kang rumiyin miligi kasagedan sampeyan pyambak mila tebih sanget katimbang kaliyan kang kantun, samanten malih sampeyan mretelakaken kapitembungan makaten: wondene panyeratipun anggitan kula, mapan sampun kantenan yen kathah ingkang nybal saking paramasastra, dhasar sampun kula kinten nanging bab ing ungel-ungelan kadi boten

patyasisip, Lo ko lajeng muker punapa sampun kasupen dhateng anggitan sampeyan kang rumiyin mawi nyebutaken pameleh kados-ta: aberakaken taling tarung, utawi malih, wrantahipun tem-bung gani, goni, waten wonten, saten, sonten, punika punapa boten amelehaken kikirangan lenggahing sastra, kajawi punika mila ngantos ragi lat anggen kula mangsuli punika kang sawau kula nuju kekesahan.

3. Bab dereng watawis lami Trunadimeja ing dhusun Jatinom Bayalali (Surakarta) ingkang estri saweg gadhah anak enggal panuju jagongan sapekening bayi : Trunadimeja kedah badhe suduk sarira ananging boten kalampahan awit katulungan ing titiyang kang sami jagong, sareng wanci pukul 4 dalu kadugi sampun salong mantuk kang sami jagong Trunadimeja mlajeng boten kenging katututan ing tiyang, kaupadosan sareng sareng enjing kapanggih sampun pejah wonten jurang sakidulng dhusun jatinom kang lebetipun 150 kaki, tilasipun galundhung saking nginggil dumugi ing ngandhap pisan awit labetipun kambengan kang wonten perang sami pating bebasik tuwin jisimipun remek sarta babak vundhas, bok manawi tyang wau nglalu awit kirang prayogining segah nalika sami jagongan malih nalika siyangi-pun sampun muring muring awit nedha yatra dhateng tyang sepuhipun boten angsal.

4. Bab, sampun watawis wulan laminipun Abdulatip boten karsa nyruwe dhateng mantri lid ing Madiyun Wigyapanitisstra, lan Gunawan, punapa sampun medhot anggenipun angasakaken tampi Jurumartani, bilih botena makaten kula mokalaken kapirid saking adat kang sawau.

5 Bab, kala dinten sabtu kaping 13 Pebruwari punika kawanci pukul 3 siyang, ing dhusun Jonggrangan sapanunggilanipun kang celak ing ngriku wonten prahara llangkung santer andadosaken girising titiyang awit kakajengan agng alit kathah ingkang sami sol tuwin tugel kados kauntir, utawi griya-griya kathah sami rebah dalah dhapuran pring inggih kados kabedhol.

6. Bab kula anggadhahi panedha dhateng Gunawan mugi sampun katumut-tumutaken kaliyan pun rama Canggeh bab anggen kula ngangge tembung (punika) boten mawi pasangan.

7. Punika namung saking seneng kula pyambak kedah makaten, malih kula pirid tinimbang tembung: (Jalak uren) kenging kaserat (Jala Kuren)

Kaserat kaping 24 Pebruwari 1869

Katandhan Dipalukita.

Panuwun kula ing panjenenganipun tuwan ingkang angarang srat Jurumartani, mugi karsaha amacak saseratan kula punika wonten ing Jurumartani, mutadanipun kados ing ngandhap punika:

Sayogi sampun ngantos andadosaken ewaning panggalihipun para saged tuwin para tiyang sanesipun, dene amaos serat kula kang sampun kapacak ing Jurumartani, ingkang suraos bab panggulunging kawruh, sarta mawi angraosi bab wawateking tiyang para pancah, tuwin para ambek sumakeyan, saha malih mugi kula sampun kagalih anyanyemoni, bokmanawi anujoni kayaktosanipun wonten salah satunggiling juru pancah, tuwin kagungan ambek sumakeyan wau, ingknag punika dede pikajengan kula yen makatena, amargi sayektosipun kula amung sadya pepenget dhateng tiyang ingkang kapareng kasupen dhumateng wuwulang estu, inggih punika dudugi prayogi, tegesipun inggih sanadyan mamaona tuwin angerang-eranga akanthiya pamurih sae sarta boten tilar kautamen, lah yen makatena prayogi, awit yen titiyang bantah ing satunggiling kawruh, sanadyan ing nalika rebat leres wau mawi kaserenging karsa ing sawatawis yen ingkang kapaben wau dhasar prakawis angel wah taksih peteng, nanging pamucawaratipun akanthi sareh sarta pambudi patitis punika saestunipun bilih kemawon lajeng saged na panggih katranganing pratingkah ingkang kapaben wau. samanten wau bilih boten katambung lampah pamancaning sadherekk jail kados titiyang saweg rebat leresing kawruh leres-leres upaminipun wonten ing srat Jurumartani miyah ing sanesipun mongka lajeng wonten satunggiling tiyang sumaruwo angkulaken sreng, tuwin angayawara amung sedya ramen-ramen sarwi anandukaken pangerang-erang, murih kala peteng ing manahipun ingkang sedya musawarat wau, sok makatena inggih sinten tiyangipun kang boten lajeng kadunggengipun rengu ing manah.

Ingkang punika pramila kula cumandhak tur mugisa, anganggt orek-orekan ing Jurumartani, ingkang kapisan atur panjurung isening papan longkang, inggih sampun mokal yen saseratan tuwin suraosing anggitan kula kagalih alowung dening kijurumartani, panjenenganipun Ki juru karsa amacak saseratan kula punika kemawon sampun pinten-pinten sakalangkuning panuhun kula, yen anggerng manah kaupamekna kadyangganing moitalab-dati arsa, cipta kagunturan ring prawatasari, karoban jaladri madu, rumaos boten katiwang sagnet sanget akaliyan, dene kaping kalihipun kula yektosipun angeman sanget yen kalampa-

han sepen ing Jurumartani, dene kirang ingkang sami suka panjurung saseratan sabab saking kirang warni-warnining anggitan awit dening para tiyang kang teksih sami kirang-kirang kok dipun singkang-singkang.

Tur inggih mongsa makatena kalampahan sepen anggeripuntaksih para sarjananing Jurumartani, ingkang sami jumeneng raras mandaraning pustaka, kunang asthawara sanga mas Gunawan, makaten ugi panjenenganipun ki Juru inggih boten ngantos

kikirangan cariyos aneh tuwin adi-adi, ingkang badhe karsa tinrap ing serat kabar, tur angleresaken ing ngalepat punika inggih prayogi, ananging angerang-erang tanpa dudugi punika inggih dede kautaman.

Katandhan Grenteng.

=====

Sanget getun ngunguning manah kula, dene pun, Canggeh ko boten amedali ing pambaratan Juru ngartani malih, ingkang punika kaula pitaken ing sapeyan mas glathak punapa kanang daruni dene jengandika atilar ganggam colong palajeng amudur dereng babak busik, kok eman temena sampeyan pun Canggeh, tegesipun Canggeh punika tiyang tukang angesi-esi ing sisip utawi tiyang candhala ing budi tan kadunungan pambekan darma, nanging sampeyan saweg kumlawe sapisan amemoyoki ing liyan lajeng boten kumrembyah malih, punapa saweg sakit asta sampeyan ingkang dipun parenthili dening mas Gunawan awit saking candhala tuwin kawasnteran sampeyan badhe amecuti ing mas Gunawan utawi punapa saweg putung pen tuwin telas dalancang sampeyan, yen ta makatena dene kon nistha temen undur jengandika, kados dede trahing ngutami, ambeking sujana. Punapa

Ongka 10, Kemis kaping 11 Maret 1868 [evidently error for 1869]

Kula ngaturi uninga dhumateng para mitra utawi pitepangan
kula, manawi kala tanggal kaping 4 wulan Maret punika bojo
kula gadhah anak jaler ing mangke sakaliyan sami ginanjar
wilujeng. Surakarta 8 Maret 1869 Dhe Philip.

=====

Pawartos warni-warni

Toya ingkang ddos pangeram-eram,
Ing dhusun pateslan kaprenah ing sisihipun margi ingkang
dhateng Ngaran saha boten tebih saking Karangturi bawah
paresidhenan Samarang, wonten tiyang estri semahipun kapoala
dhusun kenging sasakit, tiyang estri punika kalanipun taksih
sakit anyupena, bilih wonten sumur ingkang sampun pinten-
pinten taun boten wonten toyanipun, lajeng isi toya saking
dening kaleben ing toya banjir ngantos kebak, dene toyaning
sumur punika badhe dados jampinipun titiyang ingkang sami
kenging sasakit,

Sareng tiyang estri wau tangi, sayektos aningali sumur ing-
kang sampun lami asat wau, wonten toyanipun ngantos kebak,
salajengipun tiyang estri punika angombe toyaning sumur,
kadadosanipunlajeng saras ing sanalika, sara kraos sakalang-
kung sakecaning badan, kados upaminipun dereng nate kenging
sasakit.

Menggah lalampahan ingkang kados makaen wau lajeng kasumere-
pan ing titi kang kathah, awit tiyang estri ingkang mentas
saras saking sakiipun angandhak-andhakaken bab sarasipun
wau, kalampahan titiyang ingkang sami sakit sakalangkung
kathah dhateng panggenan sumur ingkang toyanipun dados ja-
jampi, sarta sami angombe toyanig sumur wau, wekasnipun
gugon tuhon ingkang kados makaten punika lajeng kawedalaken
asilipun, mila sinten ingang dhateng mendht toya sami kated-
hanan arta sasen utawi langkung saking sasen, mawi mawi
kathah kedhiking kaanggenipun mendhet toya.

Pawartos saking kedhugnjati amratelakaken, manawi kala tang-
gal kaping 17 wulan pabruwari ingknag sampun kapengker wonten
pandung lumebet ing gedhong pakendelanipun kareta asep kalay-
an ambabah, menggah ingkang tilem wonten gedhong ing ngriku
punika kuli 25 sasampunipun kalapuraken dhateng pulisi ing
bab kapandungan wau, elet kalih jam pandungipun lajeng kace-
peng, sarta kalebetaken ing kunjaran, dene barangipun ingkang
kapendhet ing pandung, sadaya inggih ugi sami kapanggih

asareng kaliyan kacepengipun pandung wau, ibata taberinipun pulasi, punapa dene taberinipun tuwan sekaut ingkang sampun angupadosi saha anyepeng pandung ing dalem kalih jam, sampun pantes kemawon bilih kaulembanaha, dene pulisi tuwin tuwan sekaut wau saged enggal anyepeng pandung sabarangipun ingkang kapendhet, sayektos andadosaken pangeram-eram, manawi katimbang gampil icaling lacakipun paratiyang durjana wonten panggenan ing ngriku, awit meh saben sajam kareta asep lumam-pah ambekta samukawis ingkang kangege ing padamelanipun margi asep sapanunggilanipun dhateng tanah bawah Surakarta ingkang amung tiga tengah pal tebihipun saking kedhungjati wau, punapa malih para kuli ingkang sami anyambut damel wonten ing kedhung jati punika kathah titiyang saking paresidhenan sanesipun, makaten ugi para mandhor ing ngriku inggih ugi

kathah ingkang saking nagari sanesipun,

=====

Juru Mejahi Sima.

Tiyang jawi anama Partadiwirya agagriya ing dhusun Ma, tanah Pa, gadhah menda sakalangkung kathah, andadosaken suka bingahing manahipun, mengkah menda punika amanak-manak ngantos dados kathah, ananging boten ngantos lami patadiwirya lajeng kecalan menda sabendinten satunggil, sarta boten sumerepsinten ing kang dados pandungipun.

Panuju satunggiling dinten ing wanci dalu Partadiwirya kaget anggenipun tilem saking dening amireng sabawa wonten sangginggiling kandhang menda, pangintenipun Partadiwirya manawi pandung menek ing kandhang menda badhe amendhet menda, mila lajeng angadeg mendhet lameng kalayan alon ing lampahipun, nunten ambikak korining kandhang, sarta aningali salebetipun kandhang, lajeng wonten sima mancolot medal saking kandhang, awi ambekta menda kasampiraken ing gigiripun, pancoloting sima meh anyarempet rainipun Partadiwirya, sarta lajeng lumebet ng wana.

Wiwit kala samanten Partadiwirya sumerep, sinten ingkang daos pandungipun, ngkang mendheti mendhanipun saben dinten, sarehning Partadiwirya amung ambekta dadamel lameng, anginten bilih katandukna dadamel punika, badhe boten saged angrampungi, mila pun Partadiwirya kedah badhe angupados

dadamel sanesipun ingkang kenging kadamel amejahi sima sampun ngantos lepat,

Sareng dalunipun malih pun Partadiwirya anancang menda satunggil ing uwit, dene piyambakipun ameneh ing uwit wau, mawi ambekta sanjata ingkang sampun dipun etengi rumiyin, kalampahan sadalu muput anggenipun wonten ing uwit, ananging simanipun boten dhaeng, enjingipun Partadiwirya atilem sadinten, sareng ing wanci dalu anancang menda sarta menek ing uwit malih, ngantos sadalu boten tilem, menggah anggenipun anancang mmenda sarta menek ing uwit wau kaambalan ngantos wolung dalu, ewadenten sima boten dhateng, ananging sareng sangang dalunipun sima lajeng dhateng, partadiwiya aningali saking singinggiling utwit, katingal wela-wela lampahing sima ingkang sakalangkung alon, awit ing dalu wau kaleres padhang rembulan, boten dangu sima kendal, saking panginten badhe lajeng lumebet ing kandhang amendhet menda malih, kala samanten pun Partadiwirya inggih boten kendel, lajeng anginceng sanjatanipun, boten ngantos dangu sanjata mungel, sima kenging sirahipun anjampalik kaping kaping kalih lajeng pejah.

Wangsulan dhumateng Jugulmudha.

Mugi sampun andadosaken kalintuning tampi saha rengating galih mas Jugulmudha, dene kula palsa cumanthaka, atur wangsulan, ingkang awit sampeyan angarangaken serat kapacak ing Jurumartani ongka 5, saingga amintokaken apitaken dhateng para saget, rosing cariyos, yen srat karampungan punapa mesthi katetepaken sadaya ungelipun punapa boten, wah sasebutan kadamel kangge punapa boten, mila mas Jugulmudha pitaken, awit saking mireng pakabaran wonten ngabei dhusun Ngawen abingah-bingah, awit saking ngajengsampun tampi karampungan kawates menawi boten saget bayar yatasukrewalet salebetipun

30 dinten, kaleres pocot kabekelanipun, wasana pambayaripun lat langkung sangking 15 dinten boten kapocot yatra taksih katampen siti gumantung. Cekak ing cariyosipun mas Jugulmudha, lajeng darbe panyuwun dhumatng tuwan ingkang ngarang srat Jurumartani, yen dereng wonten kang paring pitedah kapacaka kakaping 10 rambahan.

Menggah karsanipun mas Jugulmudha mangkaten wau kula boten

saget angewahi, saaha leres prayogi, margi sawek angungudi katreranganipun matrapaken srat karampungan supados kenginga kadamel tetulatdan, namung ngungun kula sakedhik pitakenipun mas Jugulmudha kirang trerang namaning priyantun ingkang kalebet pamirengipun kabar mas Jugulmudha wahu, wondene kula kumaourun matur mas Jugulmudha, ingkang supados tumunten angsla wangsulan saking para saget saemper sakedhik bokmanawi kados kyai Pra nglebetaken pakabaran pulisi Kleca. Tamat Katandhan pun Greremeng.

=====

Katur ing panjenenganipun tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani, manawi pareng kula angaturi panjurung kabar, manawi sakinten pantes mugi kapacaka ing Jurumartani.

Kala ing dinten Akat kaping 16 wulan Dulkangindah punika wanci pukul tiga dalu ing kampung ordhenasan Surakarta, wonten tiyang jaler nama pun Tikamenggala, punika pejah angendhat tali murda, gulunipun kagantung piyambak ingkang kadamel tangsul sabukipun setagen kasambet lan sinjang ciyut katampar dipun kencang wit pelem lan wit jambu kaluthuk prenah ing pipi regolipun mas Ronggasstra sudira, inggilipun namung sadadeg sareng pejah sukunipun kangsrah ing siti, antawis kendel pukul tiga, konangan tanganipun lajeng dipun tulungi tiyang kathah, sareng dipunuculi ing sak nalika, taksih saget angreng unjal napas ugi lajeng pejah, boten dangu pulisi prembe dhateng amirsani, bangke sampun dipun lurubi, pulisi dhawah dipun ken mangsulaken ing Prenah, badhe sumerep patrapipun sareng dipun wangslaken tiyang wau, unjalnapas malih sapindhah lajeng dipun petiki ing sanak sadherekipun anaming inggih lajeng pejah, denten pakabaran ing tongga tepalihipun anggenipun anglalu pun Tikamenggala wau, susah ing manah awit saking dedamelipun boten pasah, yen tumrap padhuwung, bebasan dhuwung damelan ing Kudus manawi sumerep celaka sima, jajeng polah, mila temahan anglampus raganipun, Katandhan Rakaditmaha.

=====

Serat tinenga sagunging pakurmatan mawantu-wantu, cumaos ing ngarsaning panjenenganipun tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani, bilih kapareng ing panggalih saha uman papan serat kula punika mugi karsaha macak ing srat Jurumartani, cariyosipun kados ing ngandhap punika:

Kula sampun maos serat Jurumartani, ingkang Katandhan Mas MIntajarwa, ing ngriku mas MIntajarwa, nedha katranganing tembung matangsuran kadosta: 3,4,5,6,7,8,9, sasur, punika sadaya mawi ater-ater: ka, ajawi, 3,5,7,9, sasur ingkang

boten mawi ater-ater: ka, punika sadaya leresipun inggih
kedah mawi ater-ater: ka, punika sadaya leresipun inggih
kedah mawi ater-ater ka dados , katelu, kapat kalima, kanem,
kapitu, kawolu, kasanga, sasur, salajengipun, nanaging sareh-

ning sammpun limrah ing ngakathah, bilih titiyang jawi punika
sami remen anembungaken tembung ingkang ngalih wanda, kadosta
tembung ngamonca: tong, bum, kar, sapanunggilanipun titiyang
jawi sami nyerat utawi anembungakenL etong, ebum, ekar,
sapanunggilanipun.

Dados rimbaging tembung mawi wanda swara: e, ingkang ambukani
wandanipun ngajeng, katelu, kapitu, kasanga sasur, punika
kaserat tuwin katembungaken tanpa ater-ater: ka, sok kaserat
utawi katembungaken dados aksara ambukani wanda, mawi kalulu-
han aksara ingkang panci dados bubukaning purbanipun aksara
lambe: wa, tuwin sastra cethak: la>

Kalimasasur, kaserat tuwin katembungaken Klimasasur
Kawolu;:::::::; Kwolu sasur
dene telu;:::::::; telu sasur
pat;:::::::; kapat sasur
pitu;:::::::; pitu sasur
sanga;:::::::; sanga sasur
telu ingkang ambukani wanda ngajeng sastra untu: ta
papat;:::::::; lambe pa
pitu;:::::::; lambe pa
sanga;:::::::; untu sa
manawi swaraning wanda ngajeng kaluluhaken kalayan ater-ater:
ka, boten saged amor, sanadyan rikat tuwin cetha anggenipun
maos swaraning sastra ingkang dados bubuka: tra, pa, pa, sa,
inggih taksih katawis swearanipun, dene wolu, ingkang dados
bubuka wanda ngajeng sastra, wa, inggih ugi kalebet sastra
lambe, ananging kedalippun wontening lambe, boten sanget
gadthukipun kados sastra pa, ba, ma, makaten ugi sastra ya,
inggih lkalebet awoning sastra, cethak ca, ja, nya, dados
sastra wa tuwin ya sinengkakaken ing ngaluhur jinunjung ing
drajatipun kakula wisudha asal nama sastra mondaswara, awit
swaranipun monda-monda.

Saking pamanggih kula ingkang samanten wau, boten pisan-pisan
bih kula amumucuki angbaraken ing kabangkitab kula, utawi

sedya medali ing pabaratan jurumartani, kados dene para saged ingkang sami arebat leres udur-uduran bab kawicaksananipun dhateng kawruh, lo, punika amung kapinujon katarik dening manah adreng, dumados saged anyepeng pen rinoban dayaning manah, lumebering pustaka punika minongka wangsuman dhateng Mntajarwa, saking pun asujarwa.

=====

Kapasang yogya kayogyan katuju ing Jurumartani, arda arsa yeng tyas amba, gathi taulun anupiksani kawalanipun mas Grenteng, kanang amedharaken laksitaning pangringkesing kawruh, nanging sareng kula angingling sasebutan ingkang makaten (yen tiyang badhe sinau ngelmi palak kedah sumerep rumiyin dhateng lintang pitu). dumugi ngriku pangingling kula niring arsa yeng praya, renteng ing tyas tumengeng wiyat, boten condhong ing pamanggih, makirtya runtag tentreming driya,dumadi goreh ing pembudi, melang melang ing pamungseng, amangu-mangu ing manah kirang mantep angugemi piwulang, samanten wau ing ngatasipun kula ingkang taksih mudha punggung dereng sampun purna ing kawruh kang dereng cumond-hong dhateng kawruh ing liyan.

Sarehning sangking ahat kumacelu kula adreng kedah badhe

sumerep namanin gtuwin kanggenipun karsa tika sapta, ingkang sampun kapratelakken mas Grenteng, mila kula lajeng anyitra serat punika.

Nuwun wiyosipun mas Grenteng ing sarehning samangke kula kataman ing ronggadiarda, mila mugi wontena karsa sampeyan angusadani, inggih punika kodhenging panampi punapa saking dereng sumerep kula bab lintang pathokanipun tiyang sunau elmi mila sanget kodheng kula wau dene sulaya kaliyan ingkang sampun kula serepi, enget kula sanjangipun ingkang suka sumerep dhateng kula, ingkang kadamel wawaton bab elmi palak punika lintang graha, kathahipun kartika sadya kalihwe-las. Mila sanget ameng kula wau, dene satunggaling perkawis ingkang sami sam pikajenganipun teka teka gesehing pathokanipun.

Mila manawi dhangan akaliyan sarjuning panggalih mugi wonten akaes sampeyan aparing priksa sabab lintang pipitu wau .

Dene sanjangipun ingkang suka serep dhateng kula namaning

lintang kalihwelas punika, kados ingkang kasebut ing ngand-hap,

1 Ing tembung Walandi, ram, tegesipun Menda utawi sumbul

2 ;;;;;;;;

Ongka 11, Kemis kaping 18 Maret 1869

Para priyantun ingkang taksih gadhah sambutan dhateng kantor lelang ing Surakarta kala ing wulan Nopember 1868, ing mangke sami kaemutaken, ambayara sambutan wau saderengipun utawi satelasing wulan Maret punika, manawi boten angleksanani ing pambayaripun wau, badhe katagi medal saking panguwasaning parentah.

Surakarta kaping 1 Maret 1869

Katandhan dening ingkang ngwasani kantor lelang
Tuwan Bosower.

Sarehning para priyantun ingkang sami anyambut dhateng kula tuwan Jaspres enko, tuwin dhateng tuwan Dhegrotkolep enko, ngantos sapriki dereng karsa mangsuli serat kula panagih, ing mangke para priyantun ing Kudus, Demak, Temanggung, Madiyun, Surakarta, wah sanesipun nagari kula emutaken sapisan engkas saha wekasan, mugi ambayara sambutanipun wau, manawi boten angleksanani pambayaripun ingkang tumunten, amesthi badhe kalampahan punapa ingkang andadosaken boten sakecaning galihipun para priyantun wau.

Surakarta kaping 15 Maret 1869

Katandhan Ef, Ha, Jaspres.

Isarat adamel nem

Tiyang dhusun bongsa Dhitse awit saking wonten prelunipun lumappah dhateng nagari ing tanah Amerikah, ing ngriku aningali saseratan wonten balabag ingkang kadekekaken sanggingilipun korining griya satunggil, ungelipun isarat adamel nem, sareng makaten tiyang dhusun punika lajeng lumebet ing griya wau, ing ngriku tiyang dhusun aningali saseratan wonten panggenan ing ngrika ngriki, ungelipun makaten: ing ngriki tiyang saged kadadosaken nem, boten dangu tiyang dhusun sumerep manawi griya punika panggenanipun tukang cukur, ing sanalika tiyang dhusun badhe wangslu medal saking griya wau, ananging lajeng kaandhev dhateng ingkang gadhah griya, sarta kapurih angenemaken badanipun, tiyang dhusun apitaken bab bayaranipun adamel nem wau, wangslanipun ingkang gadhah griya, amung salangkung sen, manawi sampeyan sampun kula nemaken, amesthi sampeyan badhe pandung dhateng sarira sampeyan piyambak amargi saking dados nem,

Sarehning panedhanipun wragad angenemaken wau boten kathah, tiyang dhusun lajeng enggalaken angenemaken badanipun, kalam-pahan tiyang dhusun punika kausaran saking dening kacukur tuwin pangguntingipun brengos gadhen jenggot tuwin rambut sakalangkung saking rikat upaminipun kados tiyang sulapan, sareng sampun rampung ing pandamelipun nem, tiyang dhusun lajeng ngilo, saha wicanten makaten, lah sapunika kula sampun sampeyan enemaken, wangulanipun ingkang gadhah griya, inggih makaten, sampeyan sapunika dados nem sadasa taun, tiyang dhusun gumujeng saha awicanten asemu momoyogi, pitembunganipun makaten: punapa akula boten sampeyan enemaken langkung saking sadasa taun, ingkang gadhah griya mangsuli: kula sumerep dhateng padamelan kula ingkang kula andhemi, sarta purun anyanggi kalepatnipun, sayektosipun manawi sampeyan

kula enemaken langkung saking sadasa taun, bokmanawi andado-saken kalintuning tampinipun para sanak sadherek sampeyan, kadadosanipun sampeyan badhe anglampahi ingkang pancen boten lonampahan, tiyang dhusun apitaken: punapa ingkang badhe kalampahan wau, wangulanipun tiyang ingkang gadhah griya, sampeyan amesthi badhe kakintunaken dhateng griya pamulangan malih.

Pangagenging pangadilan ing tanah Amerikah sampun misuwur sakalangkung adil anggenipun anindakaken karampunganing prakawis, boten mawi amawang titiyangipun saha boten bau kapine, kala samanten pangagenging pangadilan punika panuju angrampungi prakawisipun tukang sapatu, kadakkwa anggebagi pangulu ngantos sanget, sareng tukang sapatu kadangu punapa ingkang dados sababing anggenipun anggebagi wau, wangulanipun makaten: kula nuhun, mila kula kamipurun anggebagi dhateng bapak kula, sareng prakawis raja pejah punika kabur ing pangadilan, pangulu wau kapatrapan paukuman boten kalilan maos kitab wonten ing masjid laminipun sawulan, pangagnging pangadilan tumunten andhawahaken karampunganing prakawis wau, tukang sapatu kapatrapan paukuman boten kalilan adamel sapatu laminipun sawulan.

Saking pawartosipun ing Ngawi tiyang angsal buwaya

sakalangkung agengipun wontening lepen alit, kaprenah celak ing dhusun gemarang, kala samanten sakalangkung kathah titiyang ingkang sami dhateng aningali, sarehning badhe anggampi-laken anggenipun sami aningali para tiyang wau, buwaya lajeng kaseder mrika-mriki, sareng makaten sasampunipun buwaya katingalan ing ngakathah, lajeng kaprgad ulamipun sami katedha ing titiyang cina tuwin tiyang jawi.

=====

Kabar eram,

Nalika ing dinten senen tanggal kaping 15 wulan Pebruwari antawis jam 8 injing, wonten satunggal lare jaler, umur 10 taun nammi pun Kuncung ing dhusun Sembung, dhistrik Sragi, kesah bobotan dhateng lepen, sareng dumugi pinggir lepen, wonten satunggal wiwitan kajeng kemlandhingan, ingkang pangipun manglung dhateng lepen, wau lare lajeng menek, genipun bobotan saweg medal satugel, wonten keleman ngambang, sedyanipun badhe nyidra dhateng lare kang saweg botbotan wau, nanging lare boten mirsa, menawi ngandhapipun wonten keleman, tumunten wau lare dipun sabet dhateng buntutipun, boten kacendhak, ming kacendhak pucukipun epang, tugel, pangipun jepat lare kontal dhawah ing dharatan, kedadosanipun wau lare wilujeng, boten istu katedha ing keleman, Sareng sonneniun antawis jam 6 tiyang jaler nami Singgem, umur 57, taun tunggil ing dhusun Sembung dhistrik SRagi, medal saking griyanipun sumedya badhe methuk kapanakanipun ingkang saweg kesah tumbas jagung dhateng peken, sareng dumugi ing sabrangan, kleresan kepenakanipun saweg dhateng saking kilen, klayan ngrembat jagung, lajeng dipun ken mandheg dhateng pamanipun, badhe dipun sabrangaken, sareng pamanipun nyemplung saweg sadhepa tebahipun, saking pinggir, lajeng dipun sarab dhateng keleman kacendhak cengelipun dipun

bekta silem ngantos sadinten sadalu dipunupados boten kepanggih, sareng dinten Rebo tanggal 17 tiyang nami Sarban, sarta Rawin, sami nganco ulam ing lepen, kaget wonten rembuwas saking lebetipun lepen, sareng dipun tingali bangke, lajeng pyambakipun mentas, anconipun dipun uculi, lajeng watangipun anco dipun damel bandhol punika bangke, dipun entasaken dhaeng dhartat, dipun tingali ternang yen punika paksinggem,

kang dipun cidra dhateng keleman wau, nanging sampun k

Ongka 12, Kemis kaping 25 Maret 1869

Pawartos warni-warni

Ing dhusun Cigedhog bawah ing Bandung wonten tiyang kawanwelas sampaun sami anedha jamur kuping, kadadosanipun tiyang ingkang gangsal anemahi pejah.

=====

Ing Bayalali wonten tiyang adamel wilujengan sapekenipun lairing anak, para mitra tuwin kawanuahnipun sampaun sami dipun ulem-ulemi, ananging tiyang wau boten gadhah arta ingkang kadamel tutumbas pasegah, sakingpangajeng-ajengipun, badhe asali pitulungan arta saking embok marasepuhipun, wekasan boten angsal.

Sareng tiyang ingkang gadhah damel wilujengan wau sumerep yen pasegahipun dhateng para tamu kirang samuwanipun, enggal morod saking pajagongan, lajeng angglundhung ing jurang, dhawahipun ing ngandhap sampaun pejah.

=====

Ing Demak wonten tiyang cina satunggil kacepeng ing pulisi, awit kadakwa ambekta apyun peteng, kathahipun watawis kalih welas katos, apyun punika kadekekaken salebetung usus.

Sasampunipun tiyang cina wau kakunjara, usus ingkang kininten isi apyun lajeng katitipariksa, ing ngriku tiyang lajeng sumerep manawi isining usus wau gendhis tetes, kadadosanipun adamel cuwaning manahipun titiyang ingkang sami angranggak wau.

=====

Bubuka prayogi

Wiraguna acariyos manawi kanjeng tuwan Residhen ing Remmbang sapuniка karsa miwiti angelih para wadana gagentosan panggenan bawah Paresidhenan REmbang, mila ing mangke pangajeng-ajengipun Wiraguna, mugi kanjeng tuwan Residhen ing Surabaya inggih ugi karsaha angelih para wadanipun gagentosan panggenan, kados lampahipun ing Rembang wau, upaminipun para priyantun ing Lamongan dhateng Majakerta, para priyantun ing Sidayu dhateng Sidaarja, lampahipun angelih wau gagentosan panggenan.

Wiraguna amanah bilih para priyantun jawi boten kesah saking panggenanipun, amesthi badhe boten saged wewah ing saserepanipun, manawi kaelih kados ing nginggil wau lampahipun, amesthi badhe saged pikantuk langkunging saserepanipun dha-

teng tanem tuwuh warni-warni, utawi dhatng siti, wawataking tiyangpunapa malih dhateng paparentahanipun, supados para priyantun wau sageda anyekapi pikajengan ing bab anggenipun anglampahi dados wadananing kanjeng gupremen.

=====

Raden Ngabei Suradipura jaksa kaliyan mas Mangun Yudamantri pulisi sampun amanggih apyun peteng wonten wana Bojong Kalor bawah Malang, kathahipun 4388, tail, kawadhahan ing dhus 22

Ongka 13, 1 April 1869

Rembag dhateng titiyang estri ingkang sami meteng
Tiyang jawi anama Mangun Suka asuka rembag dhateng para
tiyang estri ingkang sami meteng, sampun ngantos purun purun
anedha ulam ingkang kenging ing jenu, awit sampun wonten
tutuladanipun, manawi andadosaken kaluron, mila ing mangke
prayogi bilh kaundhangaken dhateng para tiyang estri ingkang
sami meteng wau, supados sampun purun purun anedha ulam
ingkang kenging ing jenu wau.

=====

Tiyang Cina gandrung

Wonten prawan Cina ingkang sakalangkung ayunipun kados wida-
dari, inggih punika anakipun tiyang Cina dados sudagar barang
suwek, agagriya wonten ing peken Be. Menggah prawan Cina wau
padamelanipun ing saben dinten andodomni sandhangan sarta
kathah angsa-angsalanipun kalampahan saged atumbas sengkang
inten tuwin gelang mas.

Panuju satunggiling dinten ing wanci sonten wonten tiyang
Cina nem-neman punika aningali dhateng prawan Cina wau, kala
samanten prawan punika panuju saweg anyled dilah, sanalika
jaka Cina lajeng kasmaran, salajengipun jajaka Cina punika
boten saged anedha tuwin angombe awit saking kasmaran dhateng
prawan Cina, rinten dalu ingkang katingal amung prawan Cina
kemawon, ibata bingunging manahipun jaka Cina, badhe anedha
prawan punika kadamel bojo dhateng tiyang sepuhipun amesthi
andadosaken pakewed, awit prawan wau sugih, jaka Cina miskin,
sarta warnining prawan ayu, jaka Cina awon amesthi badhe
kalampahan katampik, andadosaken wewahing kasusahanipun, mila
jaka Cina lajeng kendel kemawon tansah angunjai ambekan boten
purun anedha tuwin angombe, kalampahan andadosaken sakitipun,
nunten bapakipun jaka Cina angundang dhukun ingkang lajeng
anjampeni sasaged-sagedipun dhateng ingkang sakit, ananging
jampining dhukun boten saged amayaraken sakitipun, wekasani-
pun jaka Cina anyariyosaken sakitipun ingkang sayektos inggih
punika sakit kasmaran, kalampahan tiyang sepuhipun jaka Cina
anedha prawan ayu wau badhe kapendhet mantu, kadahusukan
kaliyan anakipun ingkang kasamaran ananging tiyang sepuhipun
prawan anampik dhateng jajaka Cina, andadosaken sangeting
susahipun jaka Cina wau, kalampahan boten kawawi anandhang
susah ing manah, lajeng pejah, kala badhe pejahipun ingkang
kaamekaken amung prawan Cina kemawon.

Salajengipun amung elet 14 dinten saking pejahipun jaka Cina,
prawan Cina lajeng laki angsal babah ingkang sugih, mila
ingkang suka kabar bab cariyos kasmaran punika anganggit
ungel-ungelan kados ing ngandhap punika:

Punapa malih ingkang sinabda, anjawi mung tunggil sacarita,
manawi tyang boten gadhah arta, katresnaning manah tanpa
guna.

=====

Pawartos saking negari Ngayogyakarta, saking panuwun hamba

mugi kacithaka ing serat Jurumartani mrih kawentara ing negari liyan.

Kala tanggal kaping 20 wulan Pebruwari taun 69, Raden tumenggung Ranadirja, parentah ing kadanurejan, tampi serat kintunan saking ingkang wayah, Raden Mas Tumenggung Kusumaningrat wedana Pringku, katitimangsan kaping 15 ugi wulan taun punika, ijemanipun asuka priksa yen Raden Adipati, Yudadinin-grat, ing negari Ngawi kapansiyun kaliyan urmat, karsanipun kanjeng Gupernemen, ingknag gumantos putra saking garwa patmi, wasta Raden Mas Tumenggung Kusumaningrat, ibata bingahipun anggenipun badhe memantu benjing, wulan kaping, sasi sapar ing ngajeng punika, putra wanita, dhaub kaliyan putra-nipun Raden Tumenggung Ranadirja, akekaksih Raden Bagus Ramlam, ugi saking garwa patmi, ingkang punika saking panuwun kula, mugi mugi lestantuna sakpengginggilipun ingkang garwa, sagetda angladosi, Kanjeng Tuwan asisten Phe, Panuk ing negari Ngawi. Tamat. Ti Ti. Katandhan Mangunsuka.

Atur paurmatan kula, ingkang akathah-kathah katur panjenengnipun uwan ingkang ngarang srat Jurumartani manawi kepareng sela ing papan kula angaturi penjurung mugi kapacaka ing Jurumartani, kados ing ngandhap punika.

Sarehning ing mangke, para sujana, nedhengipun sami angelaraken pangawikan sual ingkang magepokan suluk ing ngelmi, manawi pinuju ing karsanipun para sujana kula nyuwun dunung ingkang tetrang, bab tilem utawi supena, ugi rumiyin sampun wonten ingkang anglairaken ing Jurumartani, utawi sampun kajawab terang tur wiajng-wijang, namung kula piyambak dereng padhang ing pamanggih kua kilap manawi saking sangeting balilu kula, ing ngandhap punika ingkang kula arutaken, ing mangke ragi kula wewahi, kaliyan ingkang sampun medal rumiyin,

1. Bab tiyang tilem punika ingkang tilem punapanipun
 2. Tilem wau purugipun dhateng pundi
 - 3: Supenan wau sangking punapa ingkang dados supenan,
 - 4; Utawi supenan punika punapa mesthi temen punapa kathah doranipun
 - 5: Saben supena wau punapa inggih mesthi wonten wahananipun punapa boten, naung punika ingkang kula suwunaken dunung ing para ahli budi, sangking kodhenging manah kula, denten manawi sampun wonten ingkang aparing teranging manah kula, upami gentos wonten karsanipun andangu dhumateng kula ing sawetawis kula inggih sendika, ing saksagt-saget kula, kadamel samben lenggah, minongka pangasahig kethul. Katandhan Kyai Wargapilita.
-

Ngayuyakarta, kaping 5 Dulkangidah JImawal, 1797 saking panuwun amba mugi kacithaka ing serat Jurumartani, menawi teksih longkang.

Kula sampun ningali serat koran ingkang tumrap ongka 6 kaping 11 Pebruwari taun 69 ingkang katandhan Mas Dahwen.

Ing ngriku mas Dahwen anyariyosaken yen benjing wulan kaping 30 wulan Mei , ing ngajeng punika, Batawi, badhe wonten pesemuwan, sarta dadosipun sapriki, sampun 200 taun, tuwin anggelaraken sasekaran ing sanesipun, utawi warni sayuran, punapa dene wowohan, ingkang ragi aneh-aneh menggah ganjarnipun sampun kapancekaken awarni mandhalye mas, 9, mendalye pethakan 30 mendhalye sanguban 30, iji, punika sarehning sanget kumacelu kula, badhe ngangge koklajeng kaslak sakit, dados sareh rumiyin bokmanawi ing tembe saget angitunaken medali ing pos, awarni wit kawestanan kala kacika, lebetipun woh waten urangipun, pundi ta panggenanipun mandhalaning Merapi, inggih punka maesndra, ngancala, senajan kula botena saget angitunaken kula teksih kadugi damel kabar, ingkang kenging kagem ing negari Batawiyah, tamat. Titi Katandhan Mangunsuka.

Kula perlu menjurung Jurumartani, mila tumunten tuwan Redhaksi ersa amacak

Kados ta lampahipun serat Jurumartani, pamurihipun kang sami remen maos utawi tampi pikabaran wau sageda ajeg, wusananiipun kang sami tebih griyanipun saking kantor pos punika sami lat utawi randhat penampinipun serat kabar, amargi sami katitipaken tuwin katampekaken ing panggenanipun kepala dhistrik, panggenan kepala dhistrik dumugenipun padhusunan boten wonten pengaturan tyang kang mesthi beta srat kabar dhateng kang mesthi nampeni, terkadhang ngentosi repitan 8 dinten sapisan terkadhang katitipaken tiyang kang langkung tuwin kang nuju badhe langkung tuwin tyang sembarangan kang badhe dipun titipi andugekaken srat kabar punika.

Sampun tamtu damel cuwanipun kang nampeni srat kabar, ka, ampanahan ing taun 1869, punika wonten kang dereng tami srat kabar jurumartani, ongka 5 ingkang punika andadosna panibangan, kasenenganing pulisi yen wonten pranatan kang mesthi beta serat utawi nampeni tuwin ngintunaken serat kang saget trusipun dipun dipanggenan kalayan ajeg sampun ngantos kadho mawi tuna dungkap, srat sami katitip-titipaken, kantos cacengklungen pengajeng-ajengipun kang badhe nampeni, ugi upas posliyun asring beta srat kang sampun kabikak sangking gredhu kacangking, ananging upasliyun sarening samben pos gantos wonten kang aklenu panampi srat lajeng katampekaken sanes kang mesthi nampeni.

Sangking dening punika kula sampun nitik sratanipun, mitraba pun Gerenteng, wiwit karsa nganggit, ing kautamen, punika prakawis utaminipun kados pundi, pamanah kula yen kalampahan saking pangajeng-ajeng mikantukaken kasenenganing ngakathah, pramila estu yen ula manah, ahli praja, klayan ahli cipta kalangggengan kumedah rebat inggil.

Lo punika pasemonipun bongsa kula kang sami manut panutan kangjneg gusti, Nabi Muhammad Sam, kang sebanan ngangken sae, kang iket-iketan ngangken sae, kangangge kethu ngaken sae, sadya pangankenipun utami, sumongga mas gerenteng sampeyan

wastani kang utami kang pundi, punapa pasemon anggen-anggen, anggen sampeyan nyerat ing Jurumartani ongka 9 ingkang mungel mengkaten, anranging angerang-erang tanpa dudugi punika inggih dede kautamen.

Yen sanes kautamen lah punapa arane, punapa inggih tyang kepapak sagawon gudhig baten kagutak supados nyimpang, selajengipun icala eneking manah kula dadosipun punika rak utami.

Cekakanipun kula aturaken karsanipun kang sami anggalih suraos punika, punapa kagalih lowung sertanipun genteng punapa boten, awit mitra kula pun Gerenteng la tyang sampaun katembungaken sesolo inaning anggitanipun orak orakan ing Jurumartani.

Kasrat kaping 13,3,69, ingkang pratondha pun Greneng, ing Ngajibarang.

=====

Kang walrita riningga sanggyaning pakurmatan sanitya samawan-tu wantu, ingkang mijwa singkanitya maning puadjrena, sumengka katur ing panjenenganipun tuwan ingkang anggubah kintaka warta, ingkang asasana ing nagari Surakarta, panuwun kula bilih kapareng saha uman papan sarta kagalih prayogi, mugi karsa amacak ing srat Jurumartani.

Saking dahad arsaning deiya kumacelu, uning angabendayaning tyas tangtya saka tarik dening pikajengan ingkang sumapala, sedya awahyanaken pamanggih dhateng pun mintajarwa, kang samangkyा tya saruneng ring kawruh, kasandhung kang remeh, dumadya tyas nyalimut engung-engu kadaya angganing sang ontakara kaong prayandening sang pratala, dumadya tan uning aninidaka, wah linimputaning imaharda wewah remeng remeng, pambudinipun bab tembung ingkang mawi ater-ater,ka, ke, sapanunggilanipun.

Ater-ater: ka, punika anggadhahi daya kakalih 1
anggadhahakenpurbaning tembung, kaserat ambukani wanda ngajeng. 2 anggadhai teges tandang, kados ta purbaning tembung saking : palu, paju, thuthuk dados kapalu, kapaku, kapaju, kathuthuk dados kapalu, kapaku, kapaju kathuthuk tegesipun maujud wau dipun tandang utawi dipun lampahaken sarana kajarag utawi kasedya, dene: kethuthuk kepaju, kepalu, kepaku, kesabet ketabok sapanunggilanipun ingkang mawi ater-ater: ke, punika boten kajarag inggih ugi tandang, nanging maujud wau katandukaken dhateng maujud sanesipun ingkang kasedya, wasana dhumawah ing sipat ingkang panci boten kasedya pun dhawahi maujud wau, sarta tembung ingkang mawi ater-ater: ka, kawasanan tanggap kaping 2, utawi tanggap: ka, dene tembung ingkang mawi ater-ater: ke, kalebet ewoning tembung: bawa: ha, ke, kuma, kami, kapi, sapanunggilanipun, dene tanggap punika warni 3, 1 tanggap: na, 2 tanggap: ka, 3 tanggap triprusa, tanggap titiga punika bilih karaketan panambang, dados tandanging kriya, kriya, kabedakaken i kriya, lan e kriya, tanggap: na, punika tembung kang sarana sineselan, na, bilih

mawi karaketan panambang i, e, inggih, i kriya, e kriya, nanging tanggap: na, lan: ka, i kriyanipun boten karaketan panambang i, dados han kados saking purba: tulis linggih, papag katanggapaken ping 1, utawi tanggap na dados tinulis lininggih, pinapag, katanggapaken kaping kalih utawi tanggap ka, katulis kalinggihm kapapag, nanging tanggap ka, manawi tanduk sapisan utawi tandukipun kriya wantah boten kange, yen karaketan panambang han kawastanan tembung: bawawacaka, kadosta saking purba, guna, sugih, sapanunggilanipun kang sami tandukipun kriya wantah boten kange, bilih dipun bawa-wacakakaken inggih sami mawi ater-ater: ka, (kragunan kasugihan).

Wasana tanggap katiga utawi tanggap tripurusa, kadosta: Tembung kang mawi ater-ater: di, kawastanan tanggap Pratamapurusa.

Tembung kang mawi ater-ater: ko, utawi sampeyan, kawastanan tanggap Madyamapurusa.

Tembung kang mawi ater-ater: dak tak utawi sampeyan kula kawastanan tanggap Otamapurusa. tetelu disebut Tanggap Tripurusa.

Ananging tanggap pratamapurusa, manawi anggadhahi teges paken kawastanan tanggap sananta pratamaurus, kadosta purbasaking gelis, dhuwur, maju, bilih dipun sananta purusakaken digelis, didhuwur. dimaju, sapanunggilanipun.

Bedaning tembugn i kriya, lan e kriya, amung sakedhik sarta alus sanget, titiyang sami ngraos sumerep bedanipun saweneh wonten kang boten saged anglair utawi anerangaken, kdosta saking purba: endem manawi dipun tandukaken, i kriya, lan e kriya, dados ngendemi, ngendemake, ngendemi, tegesipun maujud ingkang anggadhahi daya endem, ngendemake, sipat ing kang anglampahi (saged) mendem.

Wondene panyertipun Ki Mas Mitra; Gunawan kuwalik leresipun kawalik, bilih awawaton tanggap kaping 2 (ka) wau. ananging sawatawis ingggih ragi lertes amung kirang kuwatipun, kadosta saking purba, gilang, bagus, bawakuma, dados swaraning ku, dados gu, swaraning: ma, dados gagentosipun wanda swara ing purbanipun, cekakipun swaraning bawa wau, manut sastranipun ingkang panci dados wanda ngajeng purbanipun yen sastra lambe, pa, gorokan: ka, manawi swaraning kaantepaken mawi aksara lambe: ba, gorokan, ga. Ti ti

Sinerat ing Kirsana ping 28 Maret sinengkalan, guatikta andhanata.

Katandhan Asungjarwa,

Dhumateng ingkang sampun kaetang ing nama SArjana,

Ing Ondolpo

Kaget sanget manah kula, sareng nupiksani jurumartani ongka 10 ingkang saweg medal mangke punika, boen kadosa mas dene kok ingkang sarira darbe pamundhut katranganing ngelmi palak, ingkang punika: kula adreng kedah anedha priksa, menggah pratingkah ing anggen jengandika maos serat kula, punapa

inggiha anggen sampeyan maos wau; kalayan dereng suryan, e dene kok nyebal temen saking suraosing serat kang sampeyan wangslui, punapa ungeling serat kula boten makaten: tuwin anguningani bab idering lintang ageng pipitu sapanunggilanipun, menggah tembung sapanunggilanipun punika punapa boten sampun anedahaken yen wonten malih sabangsanipun kang kedah kauningan bab kawruh punika.

Wondene paparing sampeyan priksa dhateng kula, yen bab kawruh ing panujuman punika ing sakawit anguningani lintang kalihw elas boten pitu. Ingkang punika inggih leres, sarta sakalang-kung tedhakena dhateng sanesipun kemawon, awit ing bab prakawis punika saking barkah sampeyan kula sampun dhenger sanget sanget, sarta saderenging wedalipun serat jengandika, kula ingggih sampun ngalebetaken saseratan bab namaning lintang kalih welas, samanten wau kula boten mawi mratelakaken menggah pranataning lintang wau, awit kula manah kasompolaken yen kalebetna ing sera kabar, ananging bilih saking pawartosipun kang ngandhani ing kula, yen bab kawruh panujuman punika ingkang tetep winastan lintang ageng namung pipitu, menggah pratelaning nama pitu wau, mugi sampeyan andanguha dhateng Jayengwesthi Mancingan, wit punika ingkang sagah anjarwa wonten ing Jurumartani, dene yen jengandika paripaksa ma iben panjarwa kula: suwawi sampeyan kula atur mirsani balabaripun kang wonten ing dalil Kur'an.

Menggah panyual sampeyan bab cangkriman, punika inggih mugi kaparing na lare kang sami skolah ing pamulangan surakarta, awit punika kang kedah kawulang bab punika, sabab bilih pamanah kula piyambak cangkriman makaten wau ragi kakathahen prelu, ewa dene manawi jengandika adreng ing karsa, murih anjajagi pun Grenteng bok inggih sampeyan lampahi, nanging panuhun kula lah cuwawi sampeyan batang rumiyin kadosta: 1 wonten satunggiling panggenan menawi ing panggenan ngriku saweg sadinten saminipun tumrap ing nagari sampeyan ngriki sampun sataun, 2 jejeg kenging risak, langgeng boten kenging ewah, wondene bab Renang nomer kalih, punika sampeyan mugi sampun kalebetan ing tampi, saha sampun sampeyan dahl yen punika pangeran, ananging amung cangkriman balaka.

Wasana yen mangke jengandika saged miradi tembung kula punika, kang sarta anyekapi, kula inggih sagah mangsuli punapa sapandangu sampeyan, tur ta kula sampun mathekaken bilih jengandika saged batang cangkriman kula, nanging bilih sampeyan saged mongka dereng karsa medharaken amargi kagalih wados punika sampeyan ing tembe mugi sampun munasika ing kula malih, awit kula punika titiyang cekak cukupan, punika sayek-tos.

Katandhan Grenteng.

Seratipun Ra, Sa, Sa, aliyas Midin, seratipun Raden Baikusu-mayuda ing Tuban, seratipun Mas Timbul tuwin seratipun Sugani, badhe kapacak ing Jurumartani ingkang badhe medal kemis ngajeng punika.

=====

Ongka 14, Kemis kaping 8 April 1869

Pawartos ingkang kasebut ing serat pakabaran selompret malayu anyariyosaken bilih kretek tosan ing kadhiria sapuniка sampun rampung ing pandamelipun, malah sampun kalangkungan ing titiyang kathah, menggah tiyang ingkang suka kabar wonten ing selompret malayu punika sakalangkung kathah pangalemipun bab saening karetek tosan wau, sarta kangsengsem ing manah, aningali para kreta ingkang sami langkung ing ngriku, dene ungeling kretek bilih langkungan ing kareta, punika kados redi kelut kalanipun murub medalaken latu tuwin sela, anang-ing sakedhik panacadipun ingkang suka kabar wau bab andhaping pancak suji ingkang wonten sakiwatengenipun karetek.

Ing dhusun Sembung bawah ing dhistrrik Sragi tanah Pakalongan dereng lami wonten rare anakipun tiyang jawi badhe wawrat tan dhateng lepen, sadumuginipun ing lepen rare lajeng menek ing uwit kajeng ingkang epangipun tumelung ing lepen, boten ngantos dangu anggenipun rare wonten ing epang wau, tumunten epang punika kasabet ing buntuting buwaya, kalampahan sempal, mila kasabet amargi buwaya badhe mongsa dhateng rare, anang-ing rare dhawah ing dharatan asareng kaliyan sempaling epang, manawi rare dhawah ing toya, amesthi lajeng kamongsa ing buwaya.

Salajengipun buwaya boten kesah kesah saking panggenan sangandhaping uwit wau, sarta angajeng-ajeng wonten amamangsan sanesipun ingkang ingkang andhatengi, boten dangu buwaya angsal mamangsan, inggih punika paksinggem ingkang kamongsa, menggah jalaranipun paksinggem kamongsa ing buwaya wau, punika pasinggem gadhah kapenakan kesah dhateng peken atumbas jagung, sareng ing wanci sonten kapenakanipun dereng mantuk, paksigem tansah angajeng-ajeng sanget wangsuming kapenakanipun punika, sarta lajeng amethuk dhateng kapenakan wau, sadumuginipun wonten ing pinggiring lepen ingkang dipun enggeni ing buwaya, paksinggem aningali kapenakanipun dhateng ambekta jagung, lampahing kapenakan saweg dumugi sapnggiring lepen ing sabrangipun, kala samanten paksinggem angundang kapenakanipun ingkang kapurih kendel wonten sabrang ing ngriku, awit paksigem badhe anyabrangaken babektanipun jagung, salajengipun paksigem anyabrang ing lepen ingkang boten patosa lebet, sareng paksinggem saweg dumugi sadhepa tebihipun saking pinggiring lepen, lajeng kacakot ing buwaya githokipun, sarta dipun bekta ing buwaya punika dhateng panggenanipun salebetting toya, badhe kamongsa wonten ing ngriku, kala samanten para tiyang dhusun sami dhateng atan-dang tulung, ananging paksinggem kaupadosan boten kapanggih, sareng elet kalih dinten wonten tiyang kalih anama Sarban kaliyan Warin sami mendhet ulam wonten ing lepen wau, sareng makaten tiyang kakalih punika sami aningali mauud wonten salebetting toya, kalampahan maujud punika kagandhol kaliyan deling dhateng tiyang kakalih wau, sareng katilingaken tiyang

kalih punika lajeng sumerep manawi maujjud wau jisimipun paksinggem, amung kantun balung kaliyan sirahipun kemawon, dagingipun sampaun telas katedha ing buwaya, sarehning tiyang kakalih wau gadhah sedya badhe ambekta jisimipun paksinggem, supados sageada kapendhem dhateng sanak sadherekipun, mila kalampahan jisim wau kaentas saking toya, ananging dereng ngantos kalampahan ing pambektanipun wau, selak ingkang gadhah burukan ngatngal wonten sapinggairing lepen, nunten ngamuk angrebat burukanipun, kala samanten tiyang kakalih inggih boten kantun ing kapurunanipun, buwaya lajeng kapenthungan dhateng tiyang kakalih wau ngantos sanget, wekasani-pun buwaya lumajeng anjegur ing toya panggenan ingkang lebet.

=====

Panuwun kula kalayan sanget saha sinaroja ing kaurmatah akathah kathah katur panjenenganipun tuwan ingkang angarang serat jurumartani, mugi karsaha macak panjurung kula wonten ing Pustaka Jurumartani ingkang medal kemis ngajeng punika. Kula sampaun maos serat Jurumartani ongka 6, Kemis kaping 11 Pebruwari 1869 ing ngriku wonten thethukulan tembung labet seseratanipun ki sanak Iman Suwongsa,, ingkang katiten kaping 30 Siyam taun Jimawal ongka 1797,ingkang suraos anelakaken gumuning manah ing salajengipun, Iman Suwongsa wau anandukaken pangoceh ingkang kados dene makaten, sangking pamanah kula wonten patrap makaten ingkang mesthi adamel kalingsemanipun wadananipun, mnawi wadananipun boten anglesanani, sangking pamireng kula manawi wonten satunggal priyantun kapondhokan tuwin angawaki piyambak wade apyun punika kapatrapan pocot, saha pulisi nampeni besel tike, ingkang punika sangking pangowel kula dhumateng raden Mas Tumenggung Arungbinang, mugi kagaliya ing patrapipun dhateng priyantun tatiga wau, mindhak anglilisemaken kawdanan, adamel rereged awit priyantun tiga wau.

Lah ingkang bab punika dhi: Iman Suwongsa den,. sampeyan niku tiyang gadhahi kawajiban punapa guws, dene kok gamampleng purun-purun arda, angirabaken obrol ingkang amikenani dhateng priyantun ingkang boten pisan ngarubiru dhateng ing ngarasing kawujudan sampeyan, bilih temen batenipun prakawis kang den obrolaken wau, punapa dene boten mireng tuwin sumerep, dhi, yen nalar wau rak inggih sampaun katur ing panrentah ageng kantor ing Suradirjan, tiyang ingkang pancer kadunungan lepat, sampaun dumugi paukumanipun, punapa pun adhi: mastani taksih kirang awrat paukumanipun wau, sarta nyawadi para parentah sabab siadhi den mawi anglairaken sairip murih pocotipun prayayi tiga wau, o sangking kapingining dadi prayayi teka rusuh tandange, la,, dhi den, yen menggah para parentah mrakawis dhateng kang den sebutaken niku, punapa den purih lapur dhateng ki sanak Iman Suna, andika, sarta bilih sampaun saengga pocot, lah punapa mesthi andika saged, tiyang sumedya gayuh kadrajadan sampaun makaten lampahipun, dhek, parentah ageng punika rak boten kakilapan, le, mila winastan parentah rak boten kirang panggalih, sarta papeling dhateng

sadaya tyang ingkang kalebet bawah wawengkonipun, amila mager sarine Ronggasasta Setika kang wasta Karyamita, kalampahan katundhung sangking ngriku, karsanipun Bandara Raden Mas Tumenggung Arungbinang, punika murih sirnaning piawon supados kenceng rajin kapulisennipun, tur Karyamita wau, nalika kagledhah boten kacihna teme wade apyun peteng, ananging kapanggih badhe, godhong boten kadamel dados, mila tyang boten lajeng kabeta saha boten manggih punapa-punapa, wonden-ing pun adhi Iman amastani bilih pulisi, onggga Sentika 2, sastrasetika, sak bibare nggening gandholi griyanipun karya-mita wau lajeng nedha beseli tike, lo,punika taksih kula ewok dhateng upacaranipun tiyang sengit, sabab bilih temen ujar punika mongka wau dyan pulisi sampun katarik kapriksa ing Parentah ageng, bilih sak estu trang pranggrayanganing kisanak Iman, cilaka botena tamtu sumerep saha boten pangling ananging yen boten sumerepипун inggih leres, sabab panggenane si adhi ngandhap wah tebih, utawi katutupan wawateke si adhi cinging para wadulan tansah ambek setan, susah ningali tiyang begja, saha bingah ningali tiyang cilaka, tiyang ingkang kados makaten wau pantes kawedalaken saking paumpulanipun tiyang sae, temah nunulari.

Ingkang punika dhi, sampun malih-malih si adhi purun adamel dongeng kados makaten wonten ing Jurumartani bilih boten mangartos leres, mindhak damel baten prayogining slira sam-peyan, samanten wau yen kenging kula emutaken, bilih boten, kedah adreng netepi pakareman sampeyan nanacad, lah punika cumongga kalampahana, ananging kula boten sumelang. ti ti. Akad kaping, 2 dulkaidah warsa JImawal ongka 1797. Kula ingkan gpantes lumawan minongka tangkising prayayi tiga: Warnin, Bareskures. Katandhan Ra Sa Sa Aliyas Midin.

Ngayuyakarta kaping 6 Dulkajah Jimawal, 1797.
Panuwun kula kula manjurung klayan urmat, mawantu-wantu tuwan Ridhektur ingkang ngarang serat Jurumartani, menawi kagalih pantes serat kula punika mugi kula aturi, kapacaksa wonten serat Jurumertani, pratelanipun kados ing ngandhap punika. Kala dinten Slasa tanggal kaping 2 wulan Besar taun JImawal punika, 1797, utawi tanggal kaping 16 Maret taun 1868, wanci pukul satengah sawlas dalu, Raden Tumenggung Ranadirja bupati pepatih ing kadanurejan, punika tilar dunya mantuk ing rahma-tulah jalaran gerah sepuh, sampun yuswa, 97 taun, atilar putra priya tuwin wanita, kathahipun 16 iji, layon lajeng kasarekaken, dhateng pakuncen, wondene sangking tresipun para bendara pangeran, utawi kanjeng raden adipati Danureja, punapa dene bupati Mantri sak panunggilanipun, kathah ingknag sami kersa tindak tuwi.

Mekaten malih para priyantun ingkang sami ngalap berkah andherekaken dhateng pakuburan, ugi langkung sangking kathah, delasan bendara raden tumenggung Gondaatmaja, ngaturi panju-rung bau, kathahipun 45 iji, kapethukaken wonten ingggah-inggahan ing lepen winonga, raden tumenggung ugi dherekaken,

kantos dumugi ing pasareyan, em saking penawang manira,
putranipun raden tumenggung Ranadirja wau ingkang katingal
ing ngakathah cahya abrit tuntung jenar, socaning barabag 1
raden lurah Mangunatmaja, 2, Kanjeng Ismail, 3 Den Bendung, 4
Den Ngabei Kramasura, punika wonten dalem dumugi ing pasareyan,
pulahipun ler tempaling, klampahan radyan lurah kalih
Bendung lumebet wonten ing Kruwat o sangking pamuji kula,
trus si manah suci ingkang seda jembara kuburanipun, ingkang
tresna tindak tuwi, sami wilujenga, angleberana dhateng pun
patik sumongga, tamat.

Katandhan, pun Sugani.

=====

Wangsulan dhateng Greremeng.

Jurumartani ongka 10 taun punika, kula sampun ngaliling
seratipun Mas GReremeng, angrujuki panuwun kula saserepan
dhateng para saget bab karampungan sasebutanipun sadaya
punapa kadamel kangge punapa boten spados ing wingking keng-
inga kadamel tatuladan sampun ngantos anemahi lepat witipun
kula angsal pakabnaran bingah-bingahipun Ngabei Ngawen,
ngajeng sampun tampikarampungan kaleres bayar suker walet
bayar kawates cidra badhe kapocot, wasana lat boten kapocot
menggah pitanglet kula dhateng para saget mas Greremeng
ngrujuki ngaleresaken sarta amriyogekaken, ingkang punika ma
Geremeng kagalih leres kula nyumanggakaken, anjawi punika mas
geremeng ngungun dumeh pun Jugulng kirang trang pamirengipun
kabar namaning priyantun kang gadhah prakawis ibata mas
geremeng, anggenipun ngudi badhe sumerep supados leganing
panggalipun o kados pundi ta mas geremeng, anggen kula saget
nerangaken dhumateng cariyose tiyang dhusun margi tiyang
dhusun wau awis-awis ingkang priksa sasebutanipun para priy-
antun ingkang dipun sumerepi namung namaning dhadhusune kang
den gri, kados namaning tuwan babak tuwan gembongan tuwan
dilanggu, sistonipun kang kapendhet rak namaning dhusun boten
saestu bilih waget nerangaken namaning tuwan jawi geremeng
waget aneragna, namanin gpriyantun tuwin tiyang ingkag sami
gadhah prakawis samangke kula saget anerangaken awit badhe
kula titik prakawis ingkang nyebutaken Ngawen kang taksih
gumantung, Boten langkung kula taksih ngajeng-ajeng dhateng
para saget mugi paringa jampi dhumateng tiyang bodho.

Kaserat ing dinten saptu tanggal kaping 29 wulan Dulkangidah
warsa JImawal sinengkalan Geremeng Trus guenenging janmi.
Katandhan pun Jugulmudha.

=====

Serat saha ingkang tabe kaurmatan kula akathah kathah raden
Ronggaonggasetika mantri pulisi Kabupaten Sewu, sayogi katur
panjenenganipun tuwan Jaspres enko, ingkang kuwasa angarang
serat Jurumartani.

Sasampuning kadya punika wiyosipun, sampun satawis lami kula
anglebetaken kabar supados kapacak wonten ing serat Jurumar-
tani, ingkang katandhan sastra purnam, Ra:Sa:Sa: Aliyas
Midin, wawangsulan dhumateng rahadyan Iman Suwongsa, ananging

panjenenganipun tuwan, boten karsa macak serat kula wau,
amargi serat punika boten kula teken nama kula ingkang sayek-
tos,

Ingkang punika manawi amarrengaken panggalihipun tuwan, serat
kula ing ngajeng utawi serat kula punikam, mugi karsa amacak
ing Jurumartani awit kula manah prelu sanget yen mila leres
kula sumerep manjurung kabaripun jurumartani: saha badhe
andadosaken suka pirenanipun ing manah kula, bilih tuwan
kersa ngedalaken ing dinten kemis ngajeng punika.

Katur tanggal kaping 22 Maret taun 1869.

Onggastika.

=====
Ngendhaksurani pun Mangubrata.

Kula sampun ningali serat koran ingkang tumanduk ongka 6,
ingkang katandhan mas Kawonan ing negari Surakarta,
Cekakipun anedha priksa anggenipun damel tembung, sowab, lan
ager ageng, katitimasan kaping 11 wulan sura, taun wau,
akaning warsa, 1245, lomalengun brata damel tembung mekaten
wau, punapa inggih sampun mathem, res, yen teksih sumelang
prayogi, nedhowa priksa dhateng raden Lurah Nglaras Tenaya,
pujangga negari Ngayogyakarta, tur inggih caket geriya sam-
peyan mas, bokmanawi saged anerangkaen pabujungipunmas kawo-
nan ing negari Surakarta wau, o saking adernging manah kula
wau, kok kedah ngrumiyini kersa sampeyan, manawi baten klen-
tu, tembung sowab leresipun sowak, medhet saking tembung
Cina, trangipun kendel, utawi kaping 11 Sura taun Wawu, 1245,
leresipun rak katiti kaping 14 wulan Sura, taun Wawu, angkan-
ing warsa 1745, wondene menawi ing jengandika dereng ngandel
prayogi mriksoha, ager-ageran jawi, 1 nawala pradata dalem 2
ager sadasa, 3 ager ageng, 4, ager redi, 5 ager arubiru,
pungkasaning mawi katiti, kaparingaken saking batawiyah ping
7 Maret taun 1822, katandhan kajeng tuwan Baron
Panderkapelen, ingkang kacithak saking negari Surakarta,
tamat.

Katandhan Mangunsuka.

=====
Ingkang serat saha tabe kula ingkang kathah-kathah, kalayan
sagunging kaurmatan, Rahaden Ngabei, Kusumayuda, ing Nagari
Tuban, mugi kaatur ing panjenenganipun ingkang saudara tuwan
Jaspres enko ing nagari Surakarta.

Sasampuning kadya punika, wiyosipun, saudara, menawi andado-
saken pareng dhanganing panggalihipun saudara, kula nuwun
tulung punika serat kula mugi kapacakka ing Jurumartani,
sangking panuwun kula dhumateng para rpuantun utawi para
saget mugi ambiyantoni saha paring pitedah panuwun kula ing
ngandhap punika.

Sangking criyosipun tiyang sepuh-sepuh, ing jaman kina wonten
tedhak rasul, nama Sojumadilkubra, sangking gusti kanjeng
nabi Adam tedhak kaping 67 garwanipun kakalih ingkang sepuh
nama Siti P{atimah, jajuluk Siti Patimah Kamarumi, punika
putranipun Sultan Ngadulkamit, ing Ngerum, putraning Sultan

Mahmut putraning Sultan Salim, putraning Sultan Ngabdil kamit, putraning Sultan Ngadul kamitan, putraning Sultan Ngabdullah Akbar ing Ngerum, putraning sayidina Ngusman, kang patutan saking siti Rukiyah, putraning Kanjeng RA Sul, garwanipun Seh Jumadil kubra ingkang nem, nama Siti Patimah Kati, inggih punika putraning Seh Japar Sidik, ing Mekah, Seh Japar Sidik putraning Seh Ngalidakir, putraning Seh Samangundakir, putraning Seh Masarir, putraning Seh Ngalisadik, putraning Ngalimusa, putraning Seh Masarir, putraning Seh Ngalisadik, putraning Ngalimusa, putraning Seh Jakpar, putraning Seh Kalap, putraning Sayidina Ngumar, Jenal Kamidin, putraning Sayid Sultan ing Sam, Jenalkalim ing Mekah, putraning Sarip-sultan Ngumar Jenal kusen ing Madinah, seh Jumadilkubra putranipun salikur.

- 1 Kang ibu Siti Patimah kang Marumi, molana Sultan Mukiyidin Kubra, Kalipatul Nurul Kiyidil Mukamadil kubra, kalipatul Nurul Mulki ing Madinah.
- 2 Kang ibu Siti Patimah Kamarumi, Siri Rakimah, kagarwa sultan Mahmud ing Ngerum, putraning Sultan Muran, putrane ?Sultan Ngabdul Kamid.
- 3 Kang ibu siti Patimah Kamarumi, molana Sultan Mukiyidin Mukamadilkubra, kalipatul Nurul Mulki ing Mekah.
- 4 Kang ibu Siti Patimah Kamarumi, molana Abu Ahmad Iskak, imamulapasi, dados imam wontening pase tanah Malaka.
- 5 Kang ibu Siti Patimah Kamarumi, molana Abungali iBrahim, dalem wontening Jidah, lajeng pindhah dhateng ing Cempa, dados imam wonten ing Asmara tanah Cempa, lajeng kasebut nama molana Ibrahim Asmara.
- 6 Kang ibu Situ Patimah Kawi, Seh Samsudin
- 7 Kang ibu Situ Patimah Kawi, Seh Samsu Tabaris
- 8 Kang ibu Situ Patimah Kawi, Seh Ngarip Arsul Murtasiyah
- 9 Kang ibu Situ Patimah Kawi, Seh Sarib
- 10 Kang ibu Situ Patimah Kawi, Seh Kasan Basari
- 11 Kang ibu Situ Patimah Kawi, Seh Kasan Ngali
- 12 Kang ibu Situ Patimah Kawi, Seh Ibrahim Astari
- 13 Kang ibu Situ Patimah Kawi, Seh Ngabdullah Ansari
- 14 Kang ibu Situ Patimah Kawi, Siti Jenap, angsal Seh Iskak ing Nyujuned
- 15 Kang ibu Situ Patimah Kawi, Seh Ngabdullah Astari
- 16 Kang ibu Situ Patimah Kawi, Seh Mustahal
- 17 Kang ibu Situ Patimah Kawi, Seh Kaltum
- 18 Kang ibu Situ Patimah Kawi, Seh Subli
- 19 Kang ibu Situ Patimah Kawi, Seh Ngulwi
- 20 Kang ibu Situ Patimah Kawi, Seh Katim
- 21 Kang ibu Situ Patimah Kawi, Siti Katimah

Ing sapangandhipun kula boten terang, putra ing satunggal-tunggalipun miwah garwa-garwanipun, namung ptra ongka 5 molana Abu Ngali Ibrahim ingkang nama Molana Ibrahim Asmara, punika kula sampun sradi terang, inggih ingkang gerahaken dhateng kanjeng Susuhunan ing Ngampeldenta.

Anamung panuwun kula dhateng para priyantun ingkang kagungan sejaah, utawi karsa mitulungi dhateng panuwun kula namung putranipun Molana Abu Amad Iskak Imamulsasi, putra ongka 4 ing sapangandhapipun kul a kapengin sanget kedah sumerep, seserepan kula namung putranipun kapendhet satunggal satunggal kemawon, wah boten katerangaken garwa-garwanipun.

Saking pitedahipun tiyang sepuh-sepuh, MOLana Abu Amaat Iskak imamulpasi punika, puputra nama Seh Iskak kasebut nama Seh Walilanang angajawi, jujuk ing nagri Bali, krama angsal putranipun Raja ing Bali, puputra satunggal nama Pangeran Kalipah inggih Susuhunan Ratu ing Giri,jujuluk Prabu Seta, seh Walilanang lajeng akrama malih, angsal putranipun bethara Katong kasebut Brawijaya Kaliwungu puputra kalih,

1 Susuhunan Gunung Jati Kalisapu iing Carebon

2 Maulana Agung, ingkang sinare ing Pakis Aji

Susuhunan ratu ing Giri, puputra nama Susuhunan Dalem Susuhunan Dalem puputra Susuhunan Parapen Susuhunan Parapen puputra Panembahan Kawis Guwa, Panembahan Kawis Guwa apuputra Panembahan Jothang, panembahan JOthang, puputra pangeran Jothang, wau pangeran Jothang krama angsal putranipun KYai ADipati ing Lasem kang seda sinare ing tanah Telayua, pangeran Jothang puputra na,a Pangeran Kagaluan, ing nginggil punika sadaya kula boten saget nerangaken kathahipun putra namenipun ing satunggal tunggal saha boten sumerep garwa-garwanipun mila kula nuwun dhumateng para priyantun ingkang kagungan sajarah, nocoki kados ingkang kula aturaken ing nginggil punika, mugi karsaha amitulungi macak ing Jurumartani, saestu andadosaken suka pirenanipung manah kla, saha menawi wonten ingkang lepat anggen kula mastani nami ing nginggil punika, mgi karsaha angleresaken sangking panuwun kula ingkang karsa paring pitedah mugiha blakanan, namanipun ingkang saestu,miyah dalem kalenggahanipun supados kula lajenga precados kenginga kademel mewahi sajarah minongka pangenget-enget, wah badhe sumerep ahli ingkang sampun tebih benjing kula angaturi lajengipun sajarah ingkang sampun kasebut ing nginggil punika, saha saget ngaturi serat iber medal ing pos.

Kaserat ing nagari Tuban tanggal ping 22 Sasi Maret 1869.

=====

Kanjeng Tuwan Residhen Sutelip ing Surakarta, ing mangke kaundur saking kalenggahanipunkalayan kurmat mawi kaparingan wahel, kasebut wonten ing serat pakabaran saking Batawi, katitimangsan kaping 8 wulan April 1869.

=====

Ongka 15, Kemis kaping 15 April 1869

Para priyantun ingkang taksih gadhah sambutan dhateng kantor lelang ing Surakarta kala ing wulan Dhesember 1868 ing mangke sami kaemutaken, ambayara sambutan wau saderengipun utawi satelasing wulan april punika, manawi boten angleksanani ing pambayaripun wau, badhe katagih medal saking panguwasaning parentah.

Surakarta kaping 1 April 1869

Katandhan dening ingkang nguwasani Kantor lelang
Tuwan Bosower.

=====

Pawartos warni-warni

Ing kampung Krumbangan bawah Surabaya wonten tiyang estri ing wanci dalu amragad anakipun piyambak ingkang saweg ngumur gangsal wulan kalayan lading kethul, sareng rare punika sampun pejah, tiyang estri wau lajeng amragad anakipun ingang ngumur kawan taun, ananging anakipun wau boten anemahi pejah, amargi saking panjeritipun ingkang andadosaken tangining bapakipun, kalampahan amung anandhang tatu kemawon, awit bapakipun lajeng angrebat lading ingkang kacepeng ing semahipun, menggah jalaranipun tiyang estri wau amragad anakipun piyambak, punika awit saking gadhah sakit ewah.

=====

Ing Batawi wonten tiyang estri taksih nem anggodhog anakipun kulon ngumur watawis sataun utawi kalih tengah taun, bapakipun rare punika ing wanci enjing kesah saking griya dhateng panggenanipun anyambut damel, sareng mantuk saha boten aningali anakipun, bapa lajeng apitaken dhateng semahipun, bab anakipun wonten ing pundi, kala samanten semahipun panuju wonten ing pawon saweg olah-olah, saha boten amangsuli ing pitakenipun ingkang jaler, nunten ingkang jaler apitaken malih dhaeng semahipun, punapa ingkang kagodhog wonten ing kuwali ageng, semahipun inggih tansah akendel kemawon, sareng makaten ingkang jaler angungkabi tutuping kuwali, ing ngriku bapa aningali anakipun kagodhog dening semahipun, kadadosanipun bapa wau lajeng gadhah sakit ewah, dene prakawis punika ingggih lajeng kapriksanan ing parentah.

=====

Tiyang jawi ing dhusun Sempon bawah dhistrik Remane tanah Magelang, ing wanci dalu amirneg sabawaning pandung wonten salebetung griya, lajeng tangi saking patilemanipun sarta amendhet pendhung ageng, nunten pandung kapenthung sirahipun lajeng dhawah kalenger, ananging ambengok rumiyin, sareng kancaning pandung mirneg pambengokipun, lajeng antutulung, ingkang gadhah griya kasuduk lading ing wetengipun, kalampahan ingkang gadhah griya wau anemahi pejah, sareng pandung ingkang kapenthung enget, lajeng tangi, kala samanten kancanipun kakinten ingkang gadhah griya, mila lajeng kasuduk wetengipun, ananging tatunipun boten amejahi, salajengipun titiyang kathah sami dhateng tandang tulung, sasampunipun

pandung kakalih sampun sami lumajeng, ananging anilar dadamelipun, saha labetipun kataton, andadosaken sagedipun kacepeng ing parentah ing dinten enjingipun menggah pandung kakalih wau tiyang saking dhusun bawah ing Ngayogyakarta.

=====

Ing tanah Amerikah ler dereng lami parentah andhawahaken angger kawrat ing serat, ungelipun manawi para tiyang estri ingkang gadhah semah, sami kaparingan lilah, anggugat dhateng bojonipun tiyang estri wau, kala samanten para tiyang estri lajeng sami taberi sanget ing pamurihipun, supados angger wau kalampahanan kalawan nastiti, malah wonten tiyang estri satunggil angundhangaken dhateng para tiyang ingkang Wade inuman, pitembunganipun makaten para tiyang ingkang purun purun Wade inuman dhateng ingkang nama Emorus Ais, punika boten badhe adamel duka pirenaning manah kula, sarta badhe kula gugat wonten ing ngarsanipun pangadilan, manut saungelipun serat anggering parentah. Katahrinahais.

=====

Pawartos saking negari Ngayogyakarta, kenging upami lajeng kapacak ing serat koran ingkang nama Jurumartani, mrih kawentara prasobat subat mitra sadaya, ingkang waten nagri liyan. Kala tanggal kaping 20 wulan ingkang sampun kapengker punika, raden Lurah Mangun Atmaja, abdi dalem lurah Punakawan bedhaya, ing Purwaretna.

Kakersakaken pindhah tunggil ingkang ibu, tuwin ingkang rama, raden TUMenggung Ranadirja, Bupati Patih Kadanurjan, inggih punika Putra saking garwa patmi, Raden Tumenggung wau yuswanipun sampun 97 taun, penggaliyanipun teksih kuwawi, sak irib jejaka, ingkang yuswa, 15 taun amung slira ingkang sampun katingal cape sadaya.

Wondene ingang adadosaken pitulungipun kuwat ngantos pikun wau, srana ngagem jammpi, sarem, 1 gegem, kasukakaken waten gelas dhepo, lajeng kasukanan toya, wanci pukul 7 lajeng kaunjuk, sak derengipun ngunjuk laloh punika, wanci pukul 5 sampun siram toya wayu, punika sak dangonipun karsanipun raden Tumenggun wau mekaten, mila saking panuwun amba, para putra, wayah sami, ing ngeltanrekena, kados ingkang kasebut ing nginggil wau punika.

Tamat. Titi. Katandhan dene Raden Ariya, Jayengwesthi, ing Pemancingan.

=====

Pakurmatanipun Pengatiyan mri kawentara ong nagri liyan, sumaosing para aliting tanah Monca-ngamonca, Kala tanggal kaping 15 wulan Dhesember taun punika, putranipun Raden Tumenggung Ranadirja, wanita sak juga wasta Raden Rara Semog, karsa dalem kajeng ratu, kedhona, sampun biyantu, kaliyan putra dalem gusti raden ayu Sekargedhaton, RAden Rara wau, kaparingaken kaji Makrup, sunaning kaji Malum, adidalem wadana kaji ing kedhaton, kapagihipun penten amarengi diten, Akad Legi, ingkang dados wali, Raden Lurah Mangunatmaja, adidalem lurah punakawan bedhaya ing

Purwaretna, punika pamudhining para ahli, seklangkung-langkung nuwun sabab rumaos lare lola kaparingan ges sanglah ing ngriku ingkang sami ngiringaken pengaten wau, kareta 30 kapal 50 sami plajaran sadya, kocap ingkang angebat-ebataken, tiyang kuning, amung kang mayungi pengatyatan inggih punika pun Sasra, penganggenipun cara Turki, sarwi reyab-reyab abengok-bengok, ayah, ta, ramene, segeging crita, wus prapta ing kauman, sapekenipun lajeng kabayong dhateng Ngronadirjan. Tamat, sinerat ing pemancingan kaping Purnama Kaji, Parsaji-mawal 1797, Katandhan Jayengwesthi.

Panjurung Jurumertani

Ing saestunipun, kula ragi anggalih perlu ing saseratanipun, Gunawan, ingkang mungel bilih tyang boten nedha inggih luwe, dados prelu sanget ing ngatasipun tedha, kosok wangslipun menawi tiyang kirang artanipun, kirang dayanipun, mengkaten malih kinosok wangslul bilih kirang daya, ugi tan antuk arta. Lo punapa niku kang di arani arah loro, lah sarene niki taun pitu tutug taun 1869 kula ragi prelu nedha rembag dhateng para mitra, ing pundi kang kajat ingkang sami tumbas tuwin ambiyantu ing Jurumartani, cariyosipun jaman samangke bab ambudidaya bubukani ngupaya tedha utawi arta.

Kadosta satunggal padalemanipun para bupati, inggih punika kabupaten, kaping kalih padalemanipun para wadana, urutipun mangandhap dhateng para amtenar alit alit, punika darbenipun sinten, ingkang saweneh wau griya kabauar dhateng gupremen nalika pendamelipun kawarni bekakas kemawon, ingkang saweneh inggih namung medsal saking raja pundhut, ingkang saweneh ugi klayan numbas arta medal saking para tiyang kathah kepala dhusun dhumawah saengga dhateng kulo, kosokwangslipun boten terang sinten kang mesthi gadhah, mekaten malih perkawisani-pun para tanem tuwu sak lebete prekawisan mongka kang ngenggeni amtenar sanesipun, pundi pundi kang ngenggeni inggih lajeng nenanem sakkuwasanpun, punika ang mesthi gadhah waris sinten punapa kanggening samangke, punapa kang darbe tiyang kathah, nanging sinten sintena ang ngenggeni punika inggih lajeng nguwasani lajeng andhahar karangkirna karangkitri sasaminipun ingkang tanpa katiti esah ing kukum, punapa punika kang kawastanan ahli nagara, mila boten ajrih kagugat, tur boten kasebut ing buslitipun para amternar, sedaya kang tasih peteng saking penampi kula amugi mugi enggal pikantuk kapadhang ing manah kula, lajeng sumerrap sinten gadhah wajib, atyang sadaya perkarangan boten kasebut ing buslit katetepan, larak pekewet anggen kula galih mongka leres punika patut dados tuladaning sajagat, kosokwangslipun adil punika minongka ondakara sumunu manoningrat ingggih punika katembung wicaksana kawicaksadu, ogogolongan para sarajana, para iman para empu jongga, utawi para pangauban ing ngarasi-pun para mudha punggung utawi kang tasih peteng dereng terang ing penggalih kang sami kapengin sumereb ing bab prelu perlu, kang sumejaha arah arjakaken ing ngakathah, kang kasdu amama-

lat kasenenganing tyang, ang sami kasusahan, kang sami ngaubi tyang kang sami boten angsal aub, upamenipun aweh payung wong kodanan aweh kudhung wong kepanasan aweh kemul kang katisen ing sapanunggilanipun, angentasi tiyang kang kabelabag (blabag).

Myang andhudhuk sujalma kang kaurugan, gununge, ing pamrihe jiwane aparipurna, kabehe nora etung kangelan ngedal kenaya, yektine, wewangsule pira pira kabecikan, sinideng, temah nguwataken ing budidayanya, ing tembe, temtu antuk margane ing kauntungan, tanwande, pirapira sihing ratu ganjar sira,
Artakeh. i

Sampun cekap semanten kemawon, pratondha, bares aliyas Bares Putih.

Rinengga sagung paurmatan ingkang mawantu-wantu, katur panjenneganipun tuwan ingkang mangarang serat Jurumartani, kula angaturi panjurung kabar manawi sakinten pantes mugi kapacakka ing Jurumartani, ingkang kula aturaken punika, ing sawetawis ragi wonten elikipun kilap manawi sangking ripakipun saserepan kula, kados ing ngandhap punika.

Ing kampung Bobosan Kilen nagari Surakarta, wonten satunggal tiyang, anama Biyang Riwuk punika asring dados dhukun anjam-peni rare sakit manawi cariyosipun para ingkang gugon tuhon Biyang Riwuk wau gadhah prewangan nama Raden Panji Sekar, awit tiyang wau ragi wonten anehipun sareng sampun gadhah anak kalih, punika ingkang jaler lajeng dipun singkiraken namung dipun uluri tedhanipun biyang riwuk wau lajeng ngaken dados jaler, patrap pangangge ugi cara jaler wusana lajeng rabi angsal rare ing mangkuyudan tur teksih prawan ugi anaki-pun tiyang alit kimawon dilalah rare estri wau kok purun anglampahi, awit biyang riwuk wau, pengakenipun gadhah jalaran ugi gadhah kuwadonan kayektosanipun prawan ingkang dipun rabeni wau samangke sampun gadhah rare rambah kaping kalih, ingkang estri wau yen dipun tangledi tongga tepalihipun sanjangipun biyang Riwuk wau menawi kerkat nunggil pyambakipun lajeng medal dakaripun punapa punapa inggih kados tiyang jaler sayektos manawi sampun ugi wangsl gadhahanipun lami kimawon, punika andadosaken pangungunipun ingkang celak utawi ingkang midhanget kalampahan ing stunggal dinten wonten ingkang sedya anakyinaken Raden Pani Sekar wau saweg pinuju adus mas Ngabei Sastrawedana, prelu anginjen namung badhe sumerep kayektosanipun naming ragi kasep den panji wau sampun anggenipun adus saweg sruwulan pangraosipun mas Ngabei wau ing prenah katingal menthokol ageng, saingga dereng saget terang saget terang panelikipun, tiyang wau kantos samangke inggih teksih cara jaler patrap panganggenipun manawi kekesahan ugi meretan dhuwungan sampun ical labetipun ing estri, pangugngun kula wau inggih talah teteb babasan asnapunwarni warni titah ing allah punika, dene wonten pawestri, tekat ambirat ing ngestrinipun kedah angandhemi jaler, saeneh tiyang jaler tekat ambucal jaleripun kayuyun angandhemi cara

estri, saingga nema anjarakarna.

Katandhan Ran Adirakatmade, Graji.

=====

Kabar Eram

Raden, Jayadiwirya, Kliwon ing Kabupaten Pekalongan, nalika ing malem Mnggu tanggal kaping 7 Maret 1869 wanci jam 8 dalu, ngundang rencangipun, dipun kengken ngundang sedherek tuwin mitra karuhipun, badhe dipun aja k main kertu, ugi wau ren-cang lajeng kesah, nanging boten pikantuk undang-undangan, sawab sami ewed pyambak, raden Jayadiwirya lajeng tileman wonten salebetipun griya, sareng sareng klayan bojonipun, ura-ra Pakowati, sart ngupuk-upuk anakipun alit, sareng jam 9 anakipun tangi, badhe bobotan, lajeng dipun ajak ibunipun raden Jayadiwirya, maksih tilem boten dangu bojonipun mireng, menawi ingang jaler nggenipun tilem mawi ngorok senggur-senggur, lajeng dipun purugi, badhe dipun gugah, sareng dipun gugah, ngorokipun kendel, nanging sliranipun dipun mek sampun kaken, boten waged ebah.

Kedadosanipun wau raden Jayadiwirya lulus pejah, boten mawi sakit.

=====

Nalika malem Rebo tanggal kaping 9 Maret 1869 wanci jam 1/2 8 dalu, rencangipun raden Purwadikrama, mantri Opnamen nomer 2 ing kampung Jraganan, Pekalongan nami Mangusentika, kang 1 Wira Semita., punika, 2 tiyang sami tabuwan cangkem, gendhinganipun oncohe, pun mangunsentika, ingkang ngendhang, Wirasemita, bonang, sareng antawis tengah jam, pun Mangunsentika, nggenipun ngendhang kendel dipun undang dhatng pun Wirasemita boten semaur, sampa tilem, tur mawi ngorok senggur, senggur, sareng dipun oyog-oyog ngorokipun kendel, nanging bada-nipun lajeng kaken sarta napasipun sampun ical.

Kedadosanipun wau pun Mangunsentika, lulus pejah, kadidening raden, Jayadiwirya.

Sinerat ing dhusun Kayuapu, dhistrik Sragi kaping 5 Maret 1869, Katandhan Carik Dhusun Pa Dha Wa

=====

Kecengipun perundhan lebet nagari Ngayogyakarta andadosaken senenging kathah awit sud lampahing kadurjana.

Dene tengaranipun tiyang lumampah dalu mawi upet rehning sampun tumindak kepara dangu kados pundi yen kaewahana, andadosena kaweningan kyai Juru para dursila punika gadhah pengertos, sumongsa kesah imbut damel boyo ngeniraken brama upet manggen wonten bumbung wongwang ingkang kados semprong, kakowek tengah pancen kange repengi wau brama upet yen lumampah wongten radinan ageng ugi taksih katingalaken: anaming yen sampun dmugi lebeting pemahan ingkang badhe dipun angkah wau upet kainglepaken lumebet dhateng wau bumbung. Punika anjawi kersanipun kyai juru yen mekaten wau brama upet taksih kenging kange lampah sandi. Em ingkang saupami saben saben nagari punika kadosa Betawi punapa ing surabaya tuwin Semarang, ingkang para tyang lumampah dalu katemtokaken mawi

tengara ting punika ka kula dherek kados boten yen ta kenginga dipun krenah kainglepaken dhateng bumbung wau. Pernatan liya 3 nagari wau, saupami sampun dados karsanipun priyageng, kados inggih sae, tyang lumampah dalu katimtu sami mawiya lentera, langkung dene prayogi yenyetunggali, tyang 1 ting, 1 namung yen mekaten kyai juru boyo tumindak mergi para kenthola kula ing Ngayugya kathah ingkang boyo kesdu senadyan kiranga Bayu tuwin otot ugi bayu puru nyangking ting pyambak.

Upami nagari ngersakna mekaten dipun aturi lentera 1 punika inggih persaja sanget nanggel tyang 2 tuwin tiga, ing ngriku para patrol sarta para rundha, kedah ngudakawis dhateng ingkang boten bekta ting wau punapa wonten ingkang nagel yen milawonten ingkang nanggel sarengipun lumampah wau rak inggih sampun, anjawi punika nuwun nyebal ingkang kula aturaken tembe punika wonten tukang blek ider saganganipun kula pitaken ting dika niku rega pinten. Wangsulanipun ting glas dhepok ageng punika regi segelo, ting glas dhepok onye dhuwit punika mirah yen sampeyan pyambak ingkang ngersakaken 6 wang mawon kula saosaken lo dene punika ka, teka, mirah mawon kados para meskin kados punika boten klajeng mlaratipun yen kapleksada mernekaken lentera ingkang regi mirah entheng bektanipun wau. Katibang yen kadamel ngebotoan mawon utik utik purun bukal 1 semat rak kenging kacuwila damel tumbas lentera tamat. Ke-tandhan Pun Madyasastra.

=====

Manawi andadosaken parengipun tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani, kula aturi amacak serat kula kang kasebut ing ngandhap punika.

Awit saking pawartosipun ing sapunika balen kathah bibingah aning para tuwan sarta priyantun jawi, amargi ing griya kopihiis ingkang kadhegaken dening tuwan Bruhe kenging kasukan saremenipun sarta kenging pikantuk tumbas dhadhaharan eca-eca, ananging namung sakedhik cacadipun dene wonten sawatawis tuwan ingkang sami dhateng ing kopihiis wau angangge calana tidur kemawon ingkang andadosaken saruning pasamuwan punapa malih patraping panampenipun para tamu boten andadosaken kasenenganing manah.

Sapa mireng kula para priyantun jawi ingkang kala rumiyin remen kasukan ing kopihiis nalika cepeng tuwan Meski, ngantos sapriki dereng sami karsa dhateng, punapa sampun mantun anggenipun remen kasukan nyodor bolah mawi toh ageng, punapa leres kalampahan pambatangipun mas Jonggalana, ingkang kados makaten ungelipun bilih para priyantun jawi boten tumunten matun anggenipun main bolah kaliyan cina mawi toh ageng saestu badhe sothal-sathil, samanten punika saklangkung tebih saking pangajeng-ajeng kula, mila kula kamipurun angemutaken dhateng para raden mas ing Mangkunagaran ingang sami karsa dhateng ing kopihiis sampun ngantos kasupen dhateng paribasanipun mas Jonggalana, sarta sampun kathah kathah anggenipun tohan main bolah tuwin Stoteran utawi kasukan ingkang mawi angejitaken kertu, amargi sadaya punika badhe anglestarekaken

pambatangipun mas Jonggalana, ingkang sampun kagelaraken ing Jurumartani ing taun 1868.

Samarang kaping 12 Maret 1869
Katandhan Mas Timbul.

=====

Ongka 16, Kemis kaping 22 April 1869

Cina Aneh

Ing Kedhiri dereng lami wonten Cina anandukaken lalampah ingknag damel gugujengan, pratelanipun kados ing ngandhap punika:

Tiyang cina wau ing wanci dalu aningali ringgit wacucal, ing ngriku lajeng ngantuk, ananging boten ngantos dangu anggenipun ngantuk wau, boten saronta lajeng tangi amancolot saking panggenanipun lenggah, andandosaken kaget tuwin sumingkiripun para tiyang ingkang sami celak kaliyan tiyang Cina wau, sasampunipun mancolot tiyang Cina punika tumunten lumajeng dhateng panggenanipun Ta Pe Kong, wonten ing ngriku lajeng dhawah, sarta pucet rainipun katingal kados tiyang pejah, ananging boten dangu tiyang Cina punika lajeng ngadeg, andhodhogi dhadhanipun piyambak sakalangkung seru, sarta wicanten sakalangkung prayogi, boten kenging kawastanan pitembunganipun singkek ingkang bodho.

Kala samanten titiyang kathah sami anginten, bilih tiyang Cina wau kacerapan ing Tu Pe Kong, nunten titiyang andhateng-gaken kapitan Cina, sasampunipun dhateng kapitan Cina punika inggih boten sumerep menggah ingkang dados sababipun tiyang Cina gadhah solah utawi pitembungan ingkang kados makaten wau, salajengipun tiyang Cina punika adamel solah pratingkah akathah-kathah, angombe teh samangkok, anedha grabah kados tiyang anedha roti, mawi anyolahaken badanipun saha amedalaken pitembungan ingkang aeng-aeng, kalampan ngantos sapriki para tiyang sami gadhah panginten manawi tiyang Cina wau asrawungan kaliyan lelambet, makaten ugi ciptanipun kapitan cina, mila kapitan cina punika kalampaahan ambibrah griya awit saking pirembagipun cina ingkang asrawungan kaliyan lelembat wau, saha lajeng adamel malih griya enggal wonten panggenanipun griya lami, mawi kawangun ingkang sakalangkung sae.

=====

Kulanuwun tuwan Redhaktir, wangsuman manira puniki yen tuwan galih pantes, mugi kapacakna ing serat Jurumartani, kados ing ngandhap puniki.

Eh eh, dho, walau, sampun nupiksa, serat koran ingkang tinrap ongka 11, kaping 18 taun 69, katandhan Mas Grenteng.

Ing ngriku Grenteng amangsuli dhateng ing kula, bab Sukal Manira, lintang, 12, panduka sampun parng jarwa, amung kasatunan nama, inggih senajan kasantunan nama, pisan kula baten sumelang, dhateng ing sampeyan, ragminng dhateng palag, Asad, inggih loyo, jarwaning, sima, mijan inggih teraju, skorpiyon jarwaning, kalajengking, inggih punika, angkrap Em, yen panduka karsa mundhut uruting, ongka kula mrayogekaken kamal, inggih menda, sur, inggih lembu, jaojag inggih wanita, jejer kekalih katos dumugi 12 yen pun Grenteng, ayogyani ingkang dados atur kula wau punika, mugi paringa priksa kisabatanak asiripun sokur bage, yen panduka karsa paring priksa kaliyan busudipun pisan. Ing wusana pekenira paring piwulang, panuju-

man, manggen wonten langit sap 7, sak ngadhaping aras nging-giling bet, katingalipun wonten ing pulojawi kilen, manco-rong, o malah, lintang puniku, boyo kenging para priyantun sami amriksanana, sabab kasiyatipun nyakiti mripat, tandyu kacariyosaken malih wonten ing panujuman, agenging lintang, katimbang, kaliyan sesongka, tuwin radigtya, baten katun, pramila sapunika, giwangkara manggen wonten langit sap 6, Alala, sap 2, wangsl jalal sap 7, wanlauaklam, tamat sinerat ing pemancingan kaping sintaremi kaji, ing warsa Jimawal, 1797.

Katandhan Jayengwesthi.

Wangsula dhateng mas Grenteng.

Kala kula nyitra serat ingkang sampun kula pacak ing Jurumar-tani ongka, kula sampun ayatna bilih pitaken kula wau badhe adamel bingunging panggalihipun mas Grenteng, ing samangke kula sampun anamtokaken yen ta mantun panyipta kula kang kadyaka, sabab sampun kasihneg semu, kuakaning tembung, panampiking pitaken kula, makirtya ngelani kodhengipun.

Jengandika amastani bilih anggen kula mangsuli serat sampeyan nyebal saking suraos awit ungeling serat sampeyan makaten truwin anguningani idering lintang ageng pitu, tembung pa-nunggilipun punika rak namung anelakaken kabusukanipun ing ngatasing elmi palak,

1 ing samangke panyuwun kula ing sampeyan suwawi sampeyan wahyakaken namaning lintang ageng pitu, sarta kula nyuwun katrangan menggah temen tuwin botenipun tiyang marsudi palak punika wiwit saking lintang pitu.

Nanging mugi kawuningana kyai bilih tiyang sinau elmi palak punika saking sanjangipun ingkang ngandhani kula wiwit saking bumi kadosa: kawujudaning bumi, ebah, tuwin ubengipun, cekakipun kedah nguningani kawontenanipun bumi.

2 Dene manawi jandika sampun dhenger sanget dhateng namaning lintang 12 punika kula inggih boten mokalaken nanging manawi karsa kula nuwun katrangan sapisan engkas, sarta sampeyan galih kasompoken yen anerangna babar pisan kawontenanipun lintang 12, supami kalebetna ing serat pawarta, punika bokmawni budi jengandika pribadi, sabab slirane puniku gagarapan-ing kodrad ingkang kaenggalan tumitahipun sangkodrad dados kasupen adelehi namaning lintang 12.

3 Saha kula pitaken ing slirane menggah anggen sampeyan ambodhokaken pitaken kula dhateng siswa pawiyatan Surakarta tuwin dhateng jayengwesthi ing mancingan punika punapa saking remehipun pitaken punapa ta saking kodheng jandika.

Kula suka wuninga ing sampeyan mas pitakene kalihbab punika boten kalebet ing elmi palak, inggih leres manawi sampeyan wastani cangkriman dados kirang perlu yen kula angrawes pitaken ingkang sapala, ananging pitaken kula punika dede cangkriman, saha pun Mas punapa boten kanggenan basan ingkang makaten pitakene wong gemblung siji iku angrubedi pujongga sapuluh.

4 Anjawi punika panedha kula ing jengandika, mugi sampun purun malih malih ngangge tembung malajeng yen ing ngatasing tembung jawi gadhah teges sanes kadosta: panujuman yen tembung malajeng punika inggih leres tegesipun palintangan wangslul ing tembung jawi tegesipun jurupethekj utawi, pamethikan sabab kang makaten wau badhe adamel kalintu tampil- ing para tiyangkang dereng mangreto ing tembung malajeng, mongka kathah sanget tiyang jawi boten dhenger dhateng tembung malajeng.

5 Saha malih punapa kyai sampun marem kula kandhani bilih surya lumampah saking kidul mangaler, sasaminipun yen sampeyan lepataken kula ko boten tampi pratelan jengadika.

6 Sarta pratelan sampeyan ingkang makaten idering lintang pitu punika punapa slirane sampun rumaos leres, yen sam rumaos leres kula inggih sokur.

Samangke kasagedan sampeyan elmi palak sampun kawiyak ing para sarjana, sanajan sampeyan mendhaka inggih katon alingan inggih sangsaya katingal.

Kula jandika purih anjajagi ing sampeyan punika wangslulan namung boten susah anjajagi awit pating srempaling wasulan sampun anelakaken cethekipun,

Dene yen sampeyan paripaksa aken ing tiyang lumuh, kula inggih kadugi anjajagi ing jandika, sanajan sampun kula ecam yen cethek, ewa samanten kula adreng badhe anacakaken papu-cuking elmi kodrad.¹

1 Punapa sababipun kukusing latu amuluk

2 punapa sababipun karikil ingkang alit kajeguraken toya kelem wangslul baita kapal ingkang nglangkungi ageng boten saged kerem.

3 Punapa sababipun manawi titiyang mireng sababwa ing wingkingipun mawi anolih

Dalapa kaping 6 April 1869

Bapakipun Guning

=====

Wangslulan dhateng Canggeh tuwin Gunawan
nyangking Se, Ef, Pe

Samangke pun Canggeh tetela kalindhuh dening Gunawan ingkang ambeg welasan, awit pun Canggeh lepat ing panyaratipun punika, tanpa pasangan na, anyerat anipun boten mejahi na, dados yakti marojol saking ugering paramasastra, lan malih kang sarira pancen kalah pinter. Bilih kula timbang kaliyan Gunawan, lo sampun palintiran ta mas tiyang sayaktosipun kemawon, pinten pinten ma kang sarira pikantuk bathi seserepan saking satunggaling tiyang ingkang sampun kenging winastan saged, pramila langkung prayogi ing ngarasing juru martani amigunani para punggung bilh winahyu amesthi saged rumambaka engetani-pun sarana katetah ing Jurumartani.Nyelani sakedhik dhateng sampeyan mas Se Ef Pe wangslulan sampeyan dhateng Gunawan ko bregas boten kados seseratan sampeyan rumiyin, kula pitaken sampun dados galiye gih mas yektosipun punapa sambatan.

Wangslul dhatng poun Canggeh malih anggen sampeyan bebedhung

Gunawan sampeyan Cawadi lepating lepating panyeratipun kuwalik punika kula dherek awit dhasar pancen lepat malih Gunawan amubal mubal nepsunipun amecah pikiripun ingkang sumimpeni ponjen adamel senenipun jurumartani, ing bata para wigya remenipun ningali seratanipun Gunawan, nanging sagedhik sampeyan mas CAnggeh ragi kaladuken, Gunawan panyeratipun kuwalik dupeh mawi ater-ater ku kemawon badhe jengandika pecut iyah tobil dadi guru kok kereng temen nyurupake sarasa glintir bae teka ngangagi pecut, sampun ta dumugi samanten kemawon sampeyan kula aturi ngaso rumiyin sampun lumembar amethukaken Gunawan ingkang sakti ing jurit, awit dhasar pilih tandhing. Mila ing mangke pareng boten parenga nama sampeyan Canggeh kula suwun, awit kula damel pawitan pitaken kula dhateng Gunawan bab ater-ater: ka, sabab wontenipun kojah ater-ater ka saking sampeyan, sampun inggih mas Canggeh kula amurwani pitaken dhateng Gunawan.

Gunawan kula sampeyan mangertosaken wangsulan sampeyan dhateng Canggeh bab ater-ater: ka, punika sampeyan amratelakaken kenging sambut-sinambut: ku, tuwin ke awit tembung punika sampun komram sarta angemuluwes, kados pundi mas Gunawan siswa pawitan Surakarta kok makaten pamanggih sampeyan, boten sande ambibrahaken beneripun tiyang nulis, kang mongka sampeyan punika cacawangan mantri guru, utawi kenging katamtokaken bilih manah sampeyan jujur amesthi sageda dados mantri guru, e punika manawi boten kenging sasakit kolerah, mongka pawulang sampeyan dhateng para siswa sampeyan badhe angrambyang boten wuninga benering ater-ater, kula owel mas Gunawan bilih dipun pocot kula tumut getun, makaten ta mas pamanggih kula ater-ater: ku, tuwin ke, punika kengingipun rak namung kendel wonten pakecapan, kados ta tiyang wicanten, kudhandhangan, kuwawa, kuwagang, sarta kedhandhangan, kewawa, keagang, punka wenang awit angggampilaken pakecapan, wangsun ing panyerat punapa boten, kadhandhangan, kawawa, kawagang, saestu inggih makaten, tondha yaktinipun punika sampeyan mariksani serat almanak wedalan Surakata taun 1869 ing kaca 51 punika wonten tembungipun: kawawa nanging boten kaserat kuwawa, tuwin kewawa dados sampun yakin ing panyerat wau kedah leresipun boten manut gampiling pakecapan kajawi wawaton serat almanak kula anyriyosaken malih serat anggitanipun suwargi tuwann Karel Fredherik Winter JUrubasa ing nagari Surakarta, kados ta cariyos tigabelah, cariyos kalih atus kawandasa sakawan utawi dongeng piwiritan tuwin sanesipun ing sawatawis kang sampun kula serepi, punika amesthi boten wonten tembungipun mawi ater-ater ku tuwin ke nanging ngangge ater-ater ka lan malih sampeyan punapa dereng nyerat tembung kawajiban, galibedipun Gunawan kados sampun nate, dene punapa kobeoten jengandika serat, kuwajiban tuwin kewajiban, jeh punika gampling pakecapan.

Katandhan Canggeh Tiron.

Ri sampuning katur sagung paurmatan katur panjenenganipun

tuwan ingkang ngarang srat jurumartani, manawi kepareng atur penjurung kula punika mugi kapacaka.

Ing satunggaling dinten kula maos serat jurumartani, ingkang medal kemis kaping 1 April ongka 13 taun 1869 ing ngriku wonten saseratanipun kyai Warga Piluta, suraosipun anywyyun dunung dhumateng para sujana, bab tilem utawi supenan punika saking watawis kula, para Sujana ahli raos kados ragi pakewet anggenipun badhe amitulungi, keplokipun ing dunung, awit punika manggenipun kedah wonten ing mongsan kalih, denten adrenging karsa kyai warga piluta, manawi kepareng kula kimawon ingknag ngatura jawab rerancaganipun kimawon manawi rujuk ing pamanggih.

1 bab pitaken sampeyan tiyang tilem ingkang tilem punapaipun, punika pamanggih kula, ingkang tilem elingipun, untawisipun mila tiyang supena kapethuk gajah sima, punika ajrih, awit engetrpun tilem sanes kaliyan tiyang ingkang sampun saget tilem punika, ing supenan boten ajrih punapa, margi sampun sumerep tilem sampeyan tilem kula punika estu limrah, lapipun boten sumerep,

2 bab pitakene kyai, purugipun tilem dhateng pundi, kados punika boten kesah saking jagadipun piyambak, margi jagad ageng lan jagad alit, sami isinipun.

3 bab pitakene kyai supena wau saking punapa, punika saking lampahipun larangan sabab larangan punika siyang dalu lumam-pah, yen tiyangipun tilem raosing larangan wau dados supenan.

4 bab pitaken kyai supenan wau pnapa temen punapa dora, punika, supenan mesthi sadaya temen ingkang sumerep tegesipun

5 bab pitaken kyai, saben supena punika punapa wonten wahananipun punika saestu saben supena mesthi wonten naming kula sampeyan boten sumerep wahananipun awit punika sadaya sesmitanipun ingkang kuwasa, dhateng lampahaning manusa gesang, kados supena wau dalu, punika ugi sesmitanipun lampahan siyang punika, mila supenan wau boten nate dhumpyuk salaminipun asupena, melekipun ugi makaten mesthi wonten gesehipun saking sakedhik naming sampeyan kados dereng nen-geri kaelokan ingkang punika, yen temenipun tiyang tilem punika boten supena, awit supena punika manggen ing ngawala-kir, tegesipun namung wonten ilayap utawi badhe nglilir, mila supena keprep jugag raosipun sabab tilem wau prasanaking pati, meh nunggil babagan yen kyai wargadereng marem ing jawab kula punika, ewet anggen kula nginggiahaken malih, samanten punika sampun ragi kaladuk leresipun kyai sampun sumerep manawi megsa dereng mangretos prayogi sanjan dhateng griya kula, sami tuntunan saserepan dene prenahipun griya kula, sukauning panggungan Sontakusuman Surakarta, ingkang iring wetan naming sanget romotipun lan kyai warga sagah gentos dipun pitangledi, punika kula ngaturi samben dunungi-pun ingkang nama cangkem lan ingkang nama omah, punika ingkang pundi, lan kula gadhah urun-urun kalih pada: pocung, naming sastranipun baliswara, kados ngandhap punika.

Mataulmanjaranga kang kui ya ikine taibgrahnedhan layejah

pening rapa wruh ku iru tunganing raparuh wepasa.
Rani di buning madar kadadan wita circuiting nukan tur lakasar
sakarung nwuta ung nun lita dape riuruh nweng taye.
Katandhan RanAdinakat made, Lurah Gerji.

Senajan katresaning pangola, ruwianing waweti mintra ing ngamonca monco, kula rumaos bingah dene ambasaged anglampahi katresaning manah, anglabeti dhateng tyang sepuh, kala malem Slasa kaping 2 wulan Kaji ing taun punika, wanci pukul satengah sawelas, raden tumenggung Ranadirja, dumugi jajim tlar donya mantuk dhateng ngakerat, jalanan gerah sepuh, yuswa sampaun 97 taun layon kasarekaken dhateng dhusun Pakucen, tilar putra, kathahipun 16 priya, 13 wanita, 3 dene ingkang sepuh piyambak 1 raden panji Natawirana, saking selir, ijen, 2 raden Panewu Kramadirja, saking gaarwa, ibu saking warak, ijen, 3 raden Ngabei Brajasentama, saking selir, tunggil 5. Raden Lurah Mangun ATmaja saking garwa, tunggilanipun 6 iji, timur saking selir, ijen gunggung jangkep 16 iji mila amba jalang jalangken, mrih kawentara ing nagri sokawati, ing ngriku aslenipun kocapa para bendara ageng ageng, ingkang karsa tetuwi trsna rawuh ing ngranadirjan sami kula pundhi sadaya, o lah mugi mugi, sununing dyan megung, sageeda sami angemong dhateng putra kang alit-alit, kinebdaning sang nata, mutamat jaralko, mangayubagya angrarabi amba, wus tamat., Sinerat Sidarja, kaping 1 April ongka 1869 katandhan pun Phir.

Kula wisudhan ing Surakarta

Abdi dalem magang kantor pulisi kaptiyan Surakarta

1 Raden Tirtadipura anakipun Mas Ngabei Tirtasubrata wasdana dhistrok panaraga ingkang kamantu dening Raden Ngabei Tirtarmaja onderkolektur ing kitha Samarata, sami afdeling Panarga Madiyun kasebut ing serat piyagemipun kanjeng parentah ageng nagari Surakarta, ongka 20 katiten kaping 7 Sura ing taun Je angkaning warsa 1798 ing mangke kinulawisudha dados abdidalem mantri jaksa pradata saking paperangan garapan prakawis kriminil kapatedhan nama Raden Angabei Darsapradata, kalayan lengkah siti dhusun cacah 3 jungjungjungan ing Surakarta.

2 Raden Yudaatmaja anakipun Raden Ngabei Yudadipura wasdana dhistrok tuwan paresidhenan Kedhu Magelang ingkang kamantu dening raden Ngabei Tisnawijaya patih ing Afdeling Temanggung ugi paresidhenan Kedhu, kasebut ing serat piyagemipun kanjeng parentah ageng nagari Surakarta ongka 23 katiten kaping 7 Sura taun Je angkaning warsa 1798 ing mangke kinulawisudha dados abdidalem mantri tukang gambar, kapatedhan nama Mas Ronggamangun pandara, kalayan lengkah siti dhusun cacah 2, jungjungjungan ing Surakarta.

Ongka 17, 29 April 1869

Undhang-Undhang

Kanjeng Tuwan Residhen ing Surakarta aparing weruh marang sarupaning wong ing paresidhenan Surakarta, manawa saiki akeh ringgit kang gopokli nakokake ana ing bawah Surakarta, ringgit mau meh ora ana bedane karo ringgit kang temen, awit ringgit gopik mau cemengklinge sarta gambare singa apa dene tulisan kang minongka bejining ringgit wus kaya ringgit temen, katarane manawa ringgit mau gopok, gambare srimaharaja kang ana ing ringgit gopok mau kurang cethane, karo tlisane kang ana sawengkuning ringgit gopok mau ora muni, ringgit gopok iku iya rada cilik gedhe ringgit kang temen.

Sapa sapa kang nampani ringgit gopok kaya kang kasebut ing dhuwur iki, banjur alapura marang ing parentah, sarta angga-waha ringgite gopok, lan amratelakna tampane saka sapa.

Surakarta kaping 9 April 1869

Katandhan Kanjeng Tuwan Residhen ing Surakarta, Sutelip.

=====

Saking pawartos kanjeng tuwan Algemene sekretaris watendhorep sampun anyuwun pamit kalih taun dhateng nagari Walandi, amargi badhe anyarasaken sarira, sarta karsa badhe medal dharat ing tindakipun dhateng nagari Walandi wau.

=====

Kala wulan Maret ingkang sampun kapengker kaleres ing dinten sabtu wonten tiyang estri amanak tembayan ing peken Samarang, kadadosanipun boten adamel pangresulanipun biyunging rare, awit anakipun wilujeng, menggah para tiyang ingkang wonten ing peken ngriku sami raraosan, bnab bedaning lalampahanipun tiyang manak wonten ing peken ing jaman sapunika katimbang kaliyan ing jaman kina, awit kala ing jaman kina manawi wonten tiyang manak ing peken, punika jabang bayinipun lajeng kasuwek-suwek saha kacuwil dagingipun ing titiyang kathah, dene cuwilan daging wau karawatan kadamel jimat, supados para tiyang ingkang sami sasadegan sageda laris punapa ingkang kasae, lalampahan ingkang kados makaten wau amesthi sampun lami sanget.

=====

Ing tanah Switser dereng lami wonten tiyang kalih ambekta rewonda satunggil ingkang jabbarangaken, ing wit rewonda wau saged adamel pratingkah warni-warni, sarehning titingalan ingkang kados makaten punika boten kalebet aneh ing ngatasi-pun titiyang ing Switserlan amargi sampun asring aningali, mila kalampahan tiyang kakalih wau boten saged angsal arta kathah, andadosaken kethering pembayaripun tedha wonten ing griya pasewan, salajengipun ingkang nyepeng griya pasewan amendhet rewardanipunkadamel cepengan, boten kasukakaken malih dhateng ingkang gadhah, manawi dereng ambyar sambutani-pun, nunten rewonda kalebetaken ing gedhong panggenan angrawati inuman, sareng makaten rewonda ingkang ambek julig rumaos bilih kagedhong, kalampahan rewonda ambikaki sumpeling

tong anggur kathahipun nem iji, kala samanten anggur mancur medal saking ing tong, punapa malih sakathahing gendul isi inuman sami kapecahan dening renwonda, sareng ingkang gadhah inuman sumerep pambalebering inuman medal saking gedhong, sakalangkung sanget napsunipun, lajeng amejahi dhateng rewonda.

Sareng ingkang gadhah rewonda sumerep pejahing rewondanipun, ing sanalika boten tarimah, lajeng ingkang nyepeng griya pasewan kagugat wonten sangarsaning pangadilan, karampungani-pun pangadilan amtrapi paukuman dhateng ingkang nyepeng griya pasewan, kapurih ambayar arta kirang langkung saking 250 rupiyah, sumerep tatempahing pejahipun rewonda wau.

=====

Ing Bekasi bawah paresidhenan Batawi wonten reresah sawata-wis, kalampahan kanjeng tuwan Asisten REsidhen pulisi, tuwin tuwan Sekaut wahjakska tanah ing ngriku sami anemahi pejah wonten panggenan reresah wau. Saking pawartos Raden Saleh ing Batawi kembet ing prakawis reresah punika, ananging sayek-tosipun pawartos punika kadura, awit wonten tiyang alit ingkang angangge namanipun raden Saleh wau, menggah sababipun wonten reresah punika dereng terang, nanging sapunika sampun tentrem.

=====

Sastradipura apratela wonte ing serat pakabaran bintang timur bab pawartos ingkang anyariyosaken manawi mas demang Cakradipura dereng ngantos lami anggenipun anilar bawahipun dados wadana wonten ing kuningan, lajeng ing bawahipun wau kathah tiyang durjana, punika sastra dipura boten rumaos anyariyosaken kados ingkang kasebut wau, punapa malih manawi kala angkatipun mas demang wau kathah ingkang ngiringaken, Sastradipura inggih boten rumaos pisan-pisan, mila ingmangke panedhanipun Sastradipura, mugi tiyang ingkang purun purun adamel cariyos wonten ing serat pakabaran kados makaten wau, punika kedah puruna anyerat namanipun ingkang sayektos wonten serat pakabaran wau, kados Sastradipura sampun anyerat namanipun inkang sayektos wonten sangandhaping seratipun ingkang kapacak wonten ing serat pakabaran.

=====

Dereng lami priyantun wadana bawah ing Magelang dipun gebagi ngantos sanget dahteng kalerehanipun patinggi, jalaran anggenipun suka parentah dhateng patinggi punika mawi amaratangan, andadosaken seriking manahipun patinggi wau, mila kalampahan wadana kawales ginebagan.

=====

Saking pakabaran bab pandamelipun margi kareta asep ing samangke sampun dumugi ing Jengkilung bawah Surakarta, tebihipun saking nagari 16 pal, ingkang punika titiyang sami asuka bingah, dene badhe enggal saged anumpak kareta asep samanten wau manawi boten wonten pembangan utawi sambekalani-pun.

=====

Malika ing dinten Selasa tanggal kaping 30 Maret 1869 antawis wanci jam 5 sonten kapalipun raden Kramadiputra, mantri Rosan, dhistrik Karanganyar, kabupaten Pekalongan, jaler, wuludragem, naminipun Bambangsuteja, wonten saklebetipun setal, saweg nedha, dipun samber gelap, ingga pejah, ingkang tatu, ming wetengipun bolong, klayan tompta setal tugel satunggal.

Tansah andadosaken ngungunip[pun ingkang gadhah, sawab punika, kapal, dipun sihi sanget, klayan sampaun nate dipun awis, 300 dhateng kancanipun priyantun, boten suka, sangking dening tresnanipun.

Jatimalang kaping 16 April 1869

Katandhan Carik Dhusun, Pawara

=====

Dereng lami kula mentas dolan ing panggenanipun sadherek kula ing peken ageng bawah Ngayogyakarta, ing ngriku ngantos nyipeng sak peken, sak dangunipun kula nyumerepi kathah ingkang dados kasusahanipun para tiyang ingkang manggen gagriya wonten ing peken ageng wau, awit saking karisakan nalar saking lindhu kala ing wulan Jun taun 1867.

Ing ngajengg sampaun sami tumandang andadosi made griyanipun salongs sampaun sami warni, kasaru kok wonten parintah, kawentaripun mijil saking inggil, andikakaken anitipariksa sak rupining kajeng jati ingkang katingal wonten ing peken ageng, kang malebet utawi ingkang boten malebet ing penggrayangan medal saking kresna, punika dikakaken beskup sadaya.

I babingahipun para ingkang nindakaken dhawah wau, sabab saged nyebal saking karsaning nginggil, laer mencok ing kisma, mongsa gek boten gurbrat.

Lah punika amurugaken tintrim susahipun ing tiyang, sabab anggenipun badhe amulyakaken barng derbakipun kapambengan, mongka kala wonten paring dalem kanjeng guermen yatra pipilis para tiyang ingkang peken ageng boten kasekakaken ing ngaluhur manggih kanugrahan rehning boten tampi ganjaran pisan-pisan.

Samanten punika para tiyang boten kacingkrangan narimah saking ombering gusti, supangating ratu, saha dahat sengkutipun amurih dodosi made griyanipun anyaekaken panti.

Wasana wonten dhawah kang kasebut ing nginggil wau, saha kadhatengan para priyayi pulisi, sami agaledhahi pundi wonten kajeng jati peteng, kadadosanipun sak rupining ingkang dereng karimbas utawi ingkang sampaun punapa dene ingkang sampaun kangee griya, punika dipun pundhuti, cacahipun kirang langkung 700 iji, ageng alit, mila dados kathah griya ingknag sami dipun cuwaki,

Punika para ingkang nupiksani, utawi para ingknag boten nupiksani serat Jurumartani, kula aturi angraosaken sapinten ta kingkinipun para tiyang ing peken ageng, sabab sami krajriyan rehning boten saged anerangaken sangkaning kajeng, salong wonten ingkang saged anerangaken inggih maksa dipun beskup.

Kok mengowa kados rumiyin bab panumbasing kajeng, boten dados punapa, lah sapunikanipun kadya pundi,
Ingkang punika mugi andadosna kauninganipun para ageng ingkang kuwajiban bilih bilih ingknag nindakaken parentah kapara kaganasan nalar saking kabludagen taberi, bok dipun galiya yen tiyang alit wau inggih kumaselu gagriya sae, boten beneh kadi tiyang ageng, kalih dene karsaning kang wonten nginggil kasuprih inggal amulyakaken panggenan kang prawasa, saha sageda abrukuti barang darbekipun rehning dahat nguwatosi, lah kadipundi saged majeng manawi kapambengan makaten, tur pikantuking kajeng wau mawi irup-irupan yatra.

Dhuh para ageng ingkang kadunungan soca bathara, bok dipun murinani pakewedding tiyang peken ageng, ingkang sak dangunipun seca tuhu namung anindakaken kuwajibanipun grami, Dhuh karsaha agalih, bilih kajeng ingknag kange griya perlu makaten sak emper kadya sekul manawi tiyang dahat luwenipun dipun taweni bukti, mongsa gek taken pundi sangkanipun sana-dyan dipun jarwanana inggih dipun sambi nedha rumiyin saking luwenipun.

Mugi mugi pengadhu punika, dumugi ing ngabyantarating kang kuwajiban miyarsakaken.

Surakarta kaping April 1869

Katandhan Karming tuhu

Wangsulan dhateng ingknag nama Ran Adirakatmade lurah Gerji. Kula sampun maos serat Jurumartani ingkang medal kemis kaping 22 April punika wonten saseratanipun Ran Adirakatmade, punika tegesipun raden Atmadikara lurah GErji punika asuka penjawab dhateng paminta kula dunung, bab tilem sarta supenan sadaya panjawabipun sampun kula raosaken terang, punika ugi ragi marem ing manah kula naming kirang cumepling sakedhik pamanah kula, naming boten badhe kula pacak ing Jurumartani, kula badhe anglesanani asanjan dhateng pagriyanipun raden Atmadikara punika, ing samasa-masa purnamasidi, kula dhateng, utawi kula dipun sual uran-uran kados ngandhap punika.

Mataul manjaranga kang kui ya iki, netaip grah nendhan laye jah pening, rapa wruh kui rutunganing rapa ruh wepasa.

Ranidibuning madar kadadan witacirciting nuhan tur la lasar sala[ero uwruh kaing mata urung duruh ntentaye.

Tegesipun makaten.

Sapa weruh paraning ngaruru iku, wruh paraning pejah, yen landhep grahitanekei, iya iku kang aranjanma utama.

Yen tan weruh surung utama ing kawruh, uripe kang sasar kalantur anuting cicir tan widadada kadarmaning budinira.

Punika genah ing ngungel dene raosipun ugi nunggil ing pataken kula punika dene tegesipun ingkang nama omah, yen pamanggih kula, wadhagipun inggih omah omah aning purus kang manjing, elokipun inggih date, kang nama omah, dene dununging kang nama cangkem ewet anggen kula medharaken binjing yen kula pinanggih pyambak kula dunungaken yen condhong, lan kula nusuli malih sakedhik ingkang kawastanan perlu lan sunat

punika pundi artosipun kula punika ugi ewon santri, naming dereng dhamang tembung punika.

Katandhan Kyai Wargapilut, ing Sunyaruri.

=====

Wangsulan kalayan pamrayogi dhateng kyai warga piluta. Jurumartani ongka 13 ingkang katandhan kyai WArgapiluta ing ngriku anyebutaken nedhak trangan dumunung ing tilem sasminipun ingkang semunipun anyoba dhateng kasagedanipun satunggaling sanes tuwin dhateng ingkang badhe suka katrangan pitakenipun awit kyai Wargapiluta sampun amanggih saserepan ingkang kakinten sampun leres sarta anyekapi, sanadyan pitembunganipun kyai warga sampun anandhakaken kados panginten kula ingkang kasebut ing nginggil wau punika ewadene kula anamtokaken bilih pitakenipun kyai warga wau boten namung anjeglong ananging dhasar dereng pisan-pisan terang dhateng sajatining kaweruh.

Sarehne ing ngatasipun serat jurumartani punika boten pantes kaangge lalantaran angrembag suraosing kawruh pramila kula namung suka pratikel ingkang wenang ijengandika lampahi, inggih punika kyai WArga angupadosana dhateng satunggiling tiyang ingkang sampun terang sajatining raos ing ngriku kyai warga badhe angsal katrangan kados pitakenipun ingkang kasebut ing nginggil wau sadaya, wondene manawi kyai Piluta apitaken ing pundi panggenanipun tiyang ingkang sampun terang dhateng lampahing raos punika kyai warga boten ssah angupados dhateng sapucukung ardi tuwin salebetung guha sasaminipun panggenan ing ngasepi, ngupadosa celaking nagari dalem Surakarta kemawon ingkang watawis namung satus seket cengkal tebihipun saking pangecapaning jurumartani kados wonten ingkang badhe anyondhongi saosiking pamangggih wau kalayan tanpa prabeya, angger temen ing pangupados sarta anteping manahipun.

Ing wasana manawi kyai Warga boten sarju saking pratikel kula punika awit kamanah kirang prayoginipun kula asuka pratikel malih kyai warga ambudiya suraosing cangkrimanipun yoganing ken raras driya ingkang sampun kapacak ing jurumartani wedalipun kemis kaping 14 Januwari taun 1869 ongka 2 tumrap ing sekar dhandhanggendhis, manawi sampun terang suraosing cangkriman wau tamtu kyai warga badhe pikantuk saserepan punapa saesthining manahipun ingkang boten saking pitedaipun ing tiyang ananging medal saking sarira ijengandika piyambak.

Ing Ngeksigonda kaping 11 April 1869

Katandhan Kyai Jatisampurna.

=====

Saking panyuwun kula tuwan Redhaktir srat kula wangslan, punika mugi kula aturi macak ing koran, ing ngajengpunika, menawi teksih lokang.

Jurumartani, ongka 13 kaping 1 taun 69, wonten saseratanipun, mas Mangusuka, ing negari Ngayogyakarta, ing ngriku anyario-saken yen kanjeng Raden Adipati Yudadiningrat karsanipun kanjeng gupermen, kapasiyun, klayan urmat ingkang gumantos,

putra sangking garwa patdemi, akekasih Raden Mas Tumenggung Kusumaningrat, inggih punika, Wadonapringkuku, ibata bingahi-pun, anggenipun badhe ngramakaken ingkang putra, bendara raden ajeng Selekah, aksal putranipun Raden Tumenggung Ranadirja, negari Ngayodyakarta, ing sak punika sangking karsanipun, bendara raden mas tumenggung putra mantu wau, kaparingan nama, raden mas Ranakusuma, dene sratipun, mas Mangun suka wau, inggih leres sedaya, ingkang sarta manira sung terima kasih, tamat, sinerat ing negari Ngawi kaping 4 Sura, Je, 1798. Katandhan Raden Bagus Suratiman.

Punika serat mugi kahatur ing panjenenganipun tuwan juru amertani ing panegari Surakarta Adiningrat.

Wiyosipun menawi salebetipun serat Bramartani ingkang medal dinten Kemis ngajeng punika, wonten ingkang sela, mugi atur dongeng kula ing ngandhap punika, panjenengan sampeyan lebetaken ing kabar, serat Bromartani, pangalembana kula dhateng Mas Bei Kretawedana abdi dalem lurah srti ing pangeri Ngayogyakarta adiningrat.

Nomer 1 bab lendhah manah alusing budi, tur asik lelampahanipun.

Nomer 2, bab teteb mantepipun anggening anglampahi ayah andados lurah srti, tur nglenggahi ing ngagamenipun.

Nomer 3, bab langgengipun anggening agadhah iman trakaruh, sarta pangrengganing dhateng bongsa tamu.

NOmer 4, bab ajrih sumungkemipun dhateng inggil-inggilanipun, wusana ing mangke ngabei Kerta Wadana manggih sangsara kapicot sangking kelenggahane, ingkang terang datan pados.

Ingkang punika andadosaken getun joblong ngungunipun manah kula, dene wonten lelampahan asik bersih kados ing nginggil wusana manggh susah ing makaten, andadosaken getun ngunguning masgulipun para sesaget ing negari Ngayogyakarta, boten liyan pamuhi kula ing panjenenganipun kanjeng tuwan residhen ing Ngayogyakarta kagungana penggalih, mugi aparinga kawlasan dhateng ngabei Kertawadana mengkah tetepipun kalenggahanipun wonden-ing nalaripun lereh, benjing kawrat ing dinten Kemis ngajeng malih.

Ngayogyakarta kaping 4 April 1869

Katandhan Mudhik Bathara.

Ing Serat Jurumartani ongka 16 kula amrangguli serat anggitanipun kang jajuluk Canggeh, Tiron, sektinipun ngebat-ebati, sasad anggajah elar, dene kacongkah nyangking dhateng Se Ef Pe.

Ing ngajeng badhe kula bayar tunggil arta, kok kula manah kedhik damelipun awit kula ewokaken aslinipun mas dipalukita, ingkang sampun kula wangslui,

Kalih dene kula kengetan liding paribasan "gampang mangsuli tiyang waras sadasa, kaliyan mangsuli pitakening tiyang ewah satunggil.

katandhan Se Ef Pe

=====

Ongka 18, 6 Mei 1869

Benjing ing dinten Jumungah kaping 14 wulan Mei, 1869, ing wanci enjing jam 9, badhe wonten lelang ing griyanipun tuwan Ye. Panbelarkum, amargi saking badhe kekesahan, menggah barang-barangipun ingkang badhe kasade ing lelang awarni dadosan griya kadamel saking kajeng maoni, meja inggih ugi saking kajeng maoni, benet sandhangan , meja main, piyano, benet alit wadhah musik, benet inuman mawi marmer, pangilon tuwin pigura sakalangkung sae-sae.

Dadosan griya damelan ing Batawi saking kajeng sana awarni patileman bangku, meja, kursi, kenap, benet sandhangan, setonlep, dilah gantung tuwin dilah ngadeg lisahipun petroliyum, pethi tosan selotipun mawi aksara, paksikenari, lampit, tuwin sanes-sanesipun bara pethakan, kristal tuwin gelas, seng pis anedha tuwin sarpisteh, dadosan kangge ing pawon tuwin dandosan ing sepen.

Kareta damelan ing Eropah, kareta piktoriyah kalebet taksih enggal, kareta melor tuwin kareta sanes-sanesipun.

Kapal rakitan sakawan iji wedalan ing makasar ules bopong, pakeyan kareta, bekakas kestal tuwin sanes-sanesipun.

Punapa malih waja kadamel anggodhog gendhis, tuwin barang sanes-sanesipun ingkang badhe kawedalaken

Katandhan Swager.

=====

Pawartos warni-warni

kanjeng Maharaja ing Nederlan karsa angulawisudha kanjeng sultan ing TErnate dados rider saking Leyo Nederlan.

=====

Tiyang estri anama boksana ing dhusun purwasari bawah Surakarta panuju satunggiling dalu wonten griya piyambak,awit bojonipun kaleres kenging pajagen, sareng wanci tengah dalu wonten pandung andhatengi ing griyanipun bok Sana, saha lajeng ambabah, pangintening pandung manawi ingkang gadhah griya sampun tilem, dados boten mireng ng pambahahipun wau, sarta boten gadhah panginten pisan-pisan manawi ingkang gadhah griya punika sampun arumantos badhe anglawan dhateng piyambakipun, kala smanten bok sana sakalangkung prayitnani-pun, sareng mireng sabawaning pandung ambabah, lajeng amendhet sanjatanipun ing knag jaler, ingkang kaisenan ing sanalika sarta kadekekan mmimis tiga, lampahipun angiseni sanjata wau boten wonten sabawanipun ingkang kamirengan saking sajawining griya, awit pandung tansah angeca-eca anggeniing nglajengaken pambahahipun, nunten bok sana ameneraken welah ing sanjata dhateng panggenan pambahahipun pandung, boten dangu boksana aningali bolonging gedheg watawis wiyaripun wonten saking tigang dim, sarehning boksana boten bingah, bilih pandung ngantosa lumebet ing griya, mila sanjatanipun lajeng kaungelaken kapeneraken ingpanggenan pambahahipun pandung wau, mimis tiga sami anrajang gedheg butul, saking panginten pandung boten kenging, ananging lajeng rikat lumajeng, sareng

enjing tiyang aningali labetipun rah mrika-mriki, bokmanawi
rah ing pandung awit saking kenging ing eri utawi kacocog ing
carang ingkang landhep, ewadenten saking panginten pandung
wau boten purun enggal wangsul malih.

=====

Andadosna pangemut-emut lalampahan ingknag kasebut ing ngandhap punika.

Dereng lami wonten tiyang gadhah sakit tatu ing jempolanipun suku, ingkang kajampenan boten sage saras, nunten tatepanganipun tiyang satunggil asuka rembag, kapurih anjampeni lisah petroliyum, kalampahan rembag punika katurut, ananging boten ngantos dangu sukunipun lajeng abuh sanget, ing sanalika ingkang sakit angundang dhokter, sanadyana dhokter anjampeni sasaged-sagedipun, ewadenten ingkang sakit boten ngantos lami lajeng pejah.

=====

Lalampahan aneh

Dereng lami wonten tiyang jawi anama Janing lumampah dhateng masjid ageng ing Magelang, solah pratingkahipun Janing kados tiyang ewah, ananging sayektosipun boten ewah, awit pun Janing sumerep punapa ingkang dipun lampahi akanthi pikajengnipun wau, punika kapratelakaken kados ingkang kasebut ing ngandhap punika:

Janing gadhah anak jaler sakit lempoh sampun kalih taun laminipun, anak punika sampun kadhukunaken kaping pinten pinten kemawon, anangingjampingin para dhukun boten saged anyarasaken sakinipun, wekasan Janing angsal wawangsit jampi ingkang amesthi badhe anyarasaken sakiting anakipun, menggah kantuking wawangsit punika wonten salebetipun supena, pun Janing kapurih mendhet wacucaling bedhug masjid ageng ing magelang sakedhik, manawi sampun angsal wacucal wau kadamel jampining anakipun, mila kalampahan pun Janing enggal dhateng ing masjid, mawi angangge sarwa pethak, para tiyang ingkang sami wonten ing masjid anginten manawi dhatengipun Janing ing masjid ageng badhe sembahyang, amumudya ingkang kuwasam supados anakipun sarasa, ananging boten makaten pikajengnipun, mila dhateng ing masjid badhe angiris wacucaling bedhug sakedhik, supados kenginga kadamel jampining anakipun wau, pangirising wacucal ing pinggit, saha lampahipun sakalangkung taklimipun, awit saderengipun angiris, bedhug kasembah ngantos kaping pinten-pinten, punapa malih pangirisipun wacucaling bedhug wau sanpun atrang saking ketib ing majid ageng.

=====

Panuwun kula dhateng panjenenganipun tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani, ingkang mugi serat kula wangsulan dhateng ingkang wasta RanAdirakatmade Greji punika, kapacak wonten ing Jurumartani.

Kula ningali serat Jurumartani ongka 15 wonten tandhanipun, ranadirakatmade Greji, anyariyosaken, menawi ing nagari Surakarta, kampung Bobosan Kilen, wonten satunggal tiyang aneh, nami biyang Riwuk, pramila biyang riwuk wau kawestanan

tiyang aneh, deneka tiyang estri, mawi gadhah pratingkah kados dene tiyang jaler, sarta mawi rabi, kalampahan gadhah anak kalih,

Punika sakelangkung anggen kula gumun sewu tigang dasa, wah malih wekasanipun cariyos, mawi anyebutaken bilih wonten kang langkung aneh malih, wonten satunggali tiyang jaler dados estri, mawi Jarakarna, punika kula sangsaya gumunkalih belah ewu, anaming sanget cuwanipun manah, kula dene anggenipun-cariyos tiyang jaler ingkang dados estri wau, kaboten kapratelakaken trerang kados biyang riwuk, punika cuwa manah kula, prayogenipun katreangaken kados biyang Riwuk makaten, dados tatela, ing senipun ing jagat punika asnapun, masing-masing.

Cikandhe bawah Serang Banten kaping 22 April 1869

Katandhan Yakarnaraki.

Tuhan Redhaktur, awit saking pamundhut sampeyan ing mangke kula kintun serat panjurung jurumartani isi pakabaran warni-warni tuwin lalampahan aeng aeng ,panuwun kula ing sampeyan,mugi kapacaka ing Jurumartani ingkang badhemedal benjing enjing, menggahpakabaran ingkang damel bingahing manah punika kula pratelakaken ing sampeyan kados ing ngandhap punika:

Ing Batawi dereng lami wonten serat pakabaran malajeng kawasanan Bintang Barat, dados punika ing tanah Jawi wonten serat pakabaran malajeng nem, serat pakabaran jawi satunggil.

Pawartos saking tanah Cina anyariyosaken bilih badhe andekeki telegrap saking Hongkong dumugi tanah Eropah.

Menggah kanjeng tuwan Residhen Sutelip ing Surakarta kabikak kalenggahanipun mawi kaparingan wahhel, punika andadosaken kagetipun titiyang sanagari Surakarta, kanjeng tuwan residhen Sutelip punika dados raraosanipun titiyang kathah bab unggulng kasagedanipun ing basajawi tuwin saserepanipun dhateng ngadat wawatoning titiyang jawi, punapa malih kaejeenan sanget dening para ageng jawi, pambikaking kalenggahanipun kanjeng tuwan residhen Sutelip wau sayektosipun kula boten saged anggayuh ing bab jalananipun, anangingkula sumer-ep sayektos manawi kanjeng tuwan residhen H Tobiyas ing Rembang, Rider sangking Ordheleyo Nederlan tuwin saking leiyun paniir ing Prangkrik, ing mangke kakarsakaken agentosi dados residhen ing Surakarta, kados ingkang kasebut ing serat pakabaran ingkang medal saking telegrap ing Batawi.

Ing nagari Inggris dereng lami anglampahaken pirantos ingkang sakalangkung sakedhik wragadipun, pirantos punika kaangge adamel sarem saking toya saganten.

Ing tanah Amerikah paukumanipun tiyang nyebrot kadamel sakalangkung gampilipun menggah pratelanipun kados ing ngandhap punika:

Wonten tiyang nyebrot kalih sami anglampahi kadurjananipun wonten ing margi kareta asep, sareng makaten konangan ing para tiyang ingkang sami numpak kareta asep wau, ing sanalika tiyang nyebrot kalih kacepeng, lajeng kagantung ing uwit

ingkang wonten sapinggaing margi, Ibata gampiling paukumana-nipun, mila prayogi bilih lalampahan ingkang kados makaten punika katindakna ing tanah ngriki dhateng pandung tuwin kecu, menggah prakawis kecu wau kula kengetan manawi kecu ing Janglot taksih wonten salebetung kunjaran ing nagari Surakarta, wonten ing ngriku sami angentosi paukumanipun, dene pawartosipun kala wonten tiyang kagantung ing Surakarta, para kecu ing Janglot wau badhe enggal kagantung, ananging sa-priki sampun kawan wulan dereng wonten kayektosanipun.

Mastanu kaliyan juru seratipun jaksa ing Ciyanjur sami bathon anyidhem arta saksi, kalampahan tiyang satunggil ngantos angsal 1700 rupiyah, ananging lajeng konangan ing parentah ingkang lajeng angawisi lalampahan ingkang kados makaten wau, tiyang satunggil ingkang bathon punika sampun atumbas kaliyan artanipun rasukan tuwin sandhangsan esipun ngantos langkung saking 100 iji, menggah lalampahan bathon ingkang kados makaten wau bokmanawi sampun kalimrahan ing wontenipun. Ing serat pratelaning kagunganipun barang kanjeng ratu ing Sepanyol anyebutaken kareta kathahipun 368 iji, kareta punika badhe kawade sadaya.

Dereng lami tiyang anyanjata peksi wonten salebetung pakebonan, sanjata punika kaisenan saking wingking, peksi kenging lajeng pejah, mimising sanjata mesat tebihipun 700 tindak dhawah ing siti ingkang atos lajeng malesed wangslang angin-gingi rare estri ing kempungipun, kalampahan tatu ngantos lebet, kadadosanipun rare estri ing dinten enjingipun lajeng pejah.

Serat pakaraban saking surabaya kang wastanan Niwesbodhe, anyariyosaken manawi kanjeng tuwan Algemene Sekretaris Wattendhorep ingkang sampun kalilan pamit dhateng nagari Walandi, badhe kagentosan dhateng kanjeng tuwan Pan Blumenwandres dhirektur saking paparentahan lebet, dene kanjeng tuwan Dhepenter Residhen ing Surabaya badhe angentosi kanjeng tuwan Dhirektur wau.

Kanjeng Raden adipati ing Surakarta, dereng lami karsa ange-lih namaning priyantun ingkang wonten bawahipun, ibata anehipun awit dereng lami wonten priyantun sawatawis sami kasantu-nan nama, pamanah kula para priyantun wau sami remen kaindhakan ing tedhanipun kaliyan aneh-anehan asantunan nama wau. Katandhan Dahwen.

Wangsulan dhateng Mas Canggeh Tiron kinten-kinten samukawis ingkang tiron punika punapa langkung sae kaliyan ingkang boten tiron, sokur yen saged ngungkuli.

Canggeh Tiron sasampunipun angraosi bab kasantikan kula, lajeng kadhuweng amaoni pasilan angajengaken ingkang dipun raosi ingggih punika kula pun Gunawan, kala saweg kruget-kruget kemawon sampun sinaroja ing netya miwah liring ingkang andalajati awon dhateng kula, mila cipta kula ing sapandurat makaten: apa anggulung bandera, apa ta angrakit byaha, kadi-paran sang ciptane dalajat ala iki.

Ing wasana mas Tiron ingkang sampeyan dameol babanggal dhateng kula namung masalah liring ater-ater: ka. (Dhuh ya kodrat apa kang mawa, para teka anganakake ater-ater: ka, temahan dadi kalebut prakara saka sakehing prakara kabeh kang kalimputan dening papan awang-uwung, dhuh ngalam kabir, ora ana barang kang ora kawengku ing sira, bawana, condra, karti kamyang surya kabeh kagebeng ing sira).

Mas Tiron mila tembung kawilak kula serat kuwalik awit dhawah kawalik tegesipun: dhawah dipun walik, wangsul dhawah kewalik utawi kuwalik tegesipun anggenipun kwalik wau boten katemaha, makaten sasaminipun kados ta, kasandhung tegesipun dipun sandhung, wangsul kusandhung utawi kesandhung boten kajarag, mila kula purun purun ngangge ater-ater, ku, utawi ke, awit sami nalirahipun sok ugi tegesipun ceples kaliyan denta ywanjanipun ing ukara, kalih dene malih ingknag makaten wau kula anurut utawi sesendhen serat sidin ingkang sampun kaewanhan anggitanipun risang maha kuncara tuwan Rurdhah, pepethikan saking serat sidin lami anggitanipun swargi ingknag maha Kuncara tuwin Winter, serat sidin enggal wau panyeratipun tembung, kajaba, kawatir, lastari, mangkono, teka makaten kejaba, kuwatir, lestari, mengkono, makaten ugi sapanunggila-nipun.

Awit saking punika ing bab pangangge kula ater-ater ku, kula suthik sinengguh amutatuli, ananging sarehning samukawis ingkang tigas kawuryan saha mijil saking bongsa sudra, punika sanadyan leres sainggih boten dados pangungakaning ngakathah, malar dipun enjepi, kawastanan anyrewentah, mapan anenggih sampun kapurba ing paribasan ungelipun makaten: Padupan anyaura arum sadurunge kapasukan ing peganing gondawida, mangkono uga: ngelmu palak nembe angaton isih manggung gawe benceng pikir. Mila kula sampeyan suraki, sampeyan petaki, pamangsul kula namung alumah tangan kakalih tegesipun sumonga ing karsa.

Mas Tiron badhe getun yen kula kapocot saking kalenggahan kula mantri guru, layak makatena, awit piyambakipun rumaos badhe angsal guru enggal saha tamtu badhe katarik bauarani-pun ingkang mesthi, wangsul manawi kula teksih mandhiri guru, mas Tiron anggenipun sekolah boten ambayar, kang mawi kula punika ambek welasan kerep anglunturi sih dhateng titah ingkang kados sampeyan.

O, Mas Tiron bingah kula kados aningali gugubahan sekar menur kalak cepaka gambir, sareng sumerep indhaking regengipun serat jurumartani, pun ta, pun na, ca, ra, ka, sapanunggila-nipun pating bathithikt angatinggalaken kadayanipun piyambak-piyambak boten ketang pa, pincang inggih kedhiklangan tumut animbrung, adamel ribedding aksara murda, sokur sokur supados ing tembe saged dados pa talawya, menggah minggah lajeng sinebut dha, murda dya, menggah ingkang kula upamekaken pa pincang wau, inggih raga kula piyambak yen kula upamekna mas Tiron iba anggenipun briga-brigi dhateng kula gunawan calon mantri guru, samanten wau manawi boten, sarta tuwin,,,,,,

miwah sinidi ing para jawata.

=====

Wangsulan kula dhumateng kyai Wargapiluta, ing Sunyaruri, kula sampun maos serat Jurumartani, ingkang medal kemis kaping 29 april ongka 17 taun 1869 ing ngriku wonten wawangsulanipun kyai Wargapiluta, dhumateng kula, anyariyosaken yen ing sawetawis sampun wonten maremipun ing panggalih, saking panjarwa kula ing pitakenipun dunungin gtilem utawi superna, namung kyai warga, anyeutaken manawi teksih kirang cumeplong ing panggalihipun, punika ugi leres saking osikipun kyai Wargapiluta, awit panjarwa kula punika, sampun kula angkah, sapantesipun ingkang kenging kaangge lalantaran angrembag suraosing kawruh tumrap ing Jurumartani, langkung saking punika, kathah pakewedipun sabab punika inggahipun tegsих kirang tigang tataran manggenipun kedah wonten ing masakalih, pramila kyai anggenipun badhe anglaksanani andhatengi ing griya kula, ing samasa marenji purnamasidi, punika tansah andadosaken ing pangajeng-ajeng kula, saged a letantun kalampahan saking pangangkahipun ing panggalih wau, manawi manawi kyai Wargapiluta, condhonging panggalih kalayan serepan kula, dene pambatangpun kai dhateng cangkriman kula, aksara bali swara, ugi leres utawi panjawabipun ingkang nama omah, inggih ragi leres namung pitaken kula dunungipun ingkang nama cangkem kyai Warga dereng karsa medharaken ubangiyen pinangggih pyambak punika bokmanawi kyai pancen dereng sumerep awit panimbang kula, sareng ing mangke kyai warga, apitaken artosipun babasan parlalu, utawi sunat punika andadosaken pangungun kula, margi pitakenipun ing ngajeng sampun inggil yen tumrap para rengaos meh dumugi ngama, mongka punika wangsal dhateng kula umalih, mila kula wastani makaten tiyang sampun anglairaken babagan kalepasan, punika mudhun dhateng rapal makna ananging rehning sampun dados karsanipun kyai, isasaged-saged kula ugi angaturi jawab, manawi saking pamanggihipun manah kula tuwin pitadahipun ing pawong mitra, ingkang katembungaken parlalu, punika, pandamel ingknag wajip pesthi sata langgeng, gampilanipun, pundi ingkang dipunlampahi rumiyin tuwin ingkang boten kenging katilar, punika kenging katembungan parllu, wondene sunat punika, tumrap ing sawingkingipun parlalu, mila tiyang anglampahi gangsal wekdal punika kabasakake anglampahi parlalu, sabab punika yen katilar andosani, ingkang anglangkungi saking gangsal wekdal punika, nama sembahyang sunat sunat punika yen katilara boten andosani, yen dipun lampahi angind-hakaken utami, sasaminipun malih tiyang angabdi, parlalunipun ingkang anetepi kawajiban, manawi anglangkungi kawajibanipun angsal kautamen anama Sunat.

katandhan Raden Atmadikara.

=====

Ongka 19, Kemis 13 Mei 1869

Pawartos warni-warni

Padhang kaping 17 Maret wonten tiyang baita dereng lami
wangslu saking Trusan bawah Padhang, anyariyosaken bab awis-
ing uwos ing trusan, salidho, tuwin sanesipun panggenan
prenah tanah ing kidul, sadhacin ngantos regi, 12, rupiyah,
sarta anyariyosaken manawi wonten tiyang titiga sami pejah
kalirene, punapa malih manawi titiyang ing ngriku sapunika
sami anedha uwi, tuwin pisang amargi saking awising uwos wau,
dene uwi tuwin pisang punika samangke boten cekap katedha ing
titiyang kathah.

=====

Pandung ingkang lumebet ing griya medal saking payon.

Menggah tiyang kathah sampun sumerep bab lampahing pandung
ingknag lumebet ing griya ngadat medal ing babahan, sarta
ingkang gadhah griya asring kemawon boten arumatos wonten
salebetung griya, kados ingkang sampun kacariyos ing jurumar-
tani, bab tiyang estri ingkang wonten ing griya piyambak,
sareng wonten pandung ambabah griyanipun lajeng anyanjata
prenah babahanipun.

Wondening tiyang ingkang gadhah griya banon, amesthi boten
gadhah kuwatos bilih griyanipun punika badhe kababah ing
pandung, punapa malih manawi griya wau mawi payon gendheng,
amesthi sampun boten gadhah kuwatos pisan pisan manawi badhe
kabesmen, wah manawi ingkang gadhah griya andarbeni grobog
mai galindhingan kadamel angrawati barang gadhahanipun ing-
nag kathah pangaosipun, amesthi boten kuwatos bab icaling
barang wau, awit grobog punika gampil angggenipun amedalaken
saking griya, bilih wonten sangsaranipun.

Ing Tuban wonten tiyang jawi anama Urawan, punika gadhah
permut sampun ngantos tiyang kiranga weweka wonten salebetung
griya, awit dereng lami ing Tuban wonten lalampahanipun
pandung ingkang kalebet elok, pandung punika mandung ngantos
kaping kalih wonten salebetung griya satunggil, lebetipun
medal saking payon, dene ingkang kabekta graji tuwin pirantos
kadamel ambikak grobog, kalampahan pandung wau ambikak gro-
bog, sarta amendhet arta kathahipun 1000 rupiyah, andadosaken
gumuning kang gadhah griya.

=====

Katemenan ingkang awis wontenipun

Kala ing tanah Amerikah wonten prang, tukang erloji ingkang
sakalangkung sugihipun lumajeng anilar balegriya sabarang
gadhahanipun sadaya, saking pawartos isining gudhang barang-
ipun kamurwat pangaos tiga, utawi kawan kethi ringgit, kala
samanten rencangipun tukang erloji satunggil kantun ing
griya, rencang punika sasaged-saged lajeng anyingkiraken
barang gadhahaning bendaranipun, nunten barang wau dipun
sadeni dhateng rencang punika angsal bathi sakalangkung
kathah, sareng bendaranipun mantuk, sakantunanipun barang
tuwin sakathahing arta papajenganing barang bathinipun sadaya

kasukakaken dhateng bendaranipun, kalampahan adandadosaken gumuning bendara, kala samanten bendara punika saderngipun ananmpeni barang tuwin arta sakng rencang, sampaun anginten manawi badhe kamlaratan sanget sareng sampaun anampeni barng tuwin arta bendara wau sakalangkung bingahipun, kalampahan rencang kasukanan panduman ing padagangan dados lampah bathon.

Saking pawartosipun kala badhe andungkap ing mongsa katiga boten ing Samarang kemawon ingkang kathah jawah, ing sanesipun natari inggih kathah ugi, lepen praga ing Magelang salebetipun wulan April ingkang sampaun kapengker bena, amargi saking kathahing jawah, dene kala tanggal ping 12 wulan April wau kretek enggal ingkang wonten ing margi dhateng Barabudhur larut kabekta ing toya banjir.

A. Sanget suka piresaning manah kula aningali tandangipun Mas Canggeh Tiron wonten ing Jurumartani, dene teka angiwut angawut-awut anyepak anyandhng, akakirab sumeja monggok ing salebetung pustaka pawarti, ingggih saking kasugihaning wani bondha purun tuwin bakperasipun mila ambapang methukaken prawira titiga.

Kala kula maos serat sampeyan saweg pikantuk tigang ukara kendel pamaos kula cipta kula makaken: i, lah sapa baya prawira lumarap ing pambaratan iki, dene teka anyandal si Canggeh, asusumbar ngarepake mas Gunawan, anyampe Se E Ef awasana mas Tiron apitaken dhateng Mas Se E Ef, bab anggenipun damel serate kageseh, ingkang punika kula mugi sampeyan jatosi ing pamrih menggah pitaken jengandika ingkang makaten wau, saking panimbang kula suraosing pitakenipun ki sanak punika satengah andhandhang paben tuwin amejanani, kalih dnene malih sampeyan punika rak namung bade adamel mrekitik-ing karnaning liyan kimawon, em lah bok sampaun jail jail jandika punika ki sanak tur panerka sampeyan punika mongsa kumeplok kaboten sanajan jailing ki sanak wau sampaun ngalela wonten ing nama, nanging bok ingggih ingkang ragi koma-koma sawetawis, manawi pakareman sampeyan ingkang makaten punika taksih sampeyan lajeng-lajengaken lah bok ingggih mas sampeyan lampahi, nanging ing tembe manawi sampeyan sampaun boten pikantuk wangsluan mugi sampaun suka ing galih akeplok ambanting suku rumaos unggul ing jurit, nanging karaosa bilih sampeyan kaewokaken gingsir ing ngakathah, ingggih saking anggen sampeyan kirang dugi-dugi, kaliyan malih supami panerka sampeyan ingkang makaten punika yaktos sampeyan punapa badhe meri atiru tiru, tuwin punapa ta jandika karu-giya tumut angepahi panyambate, teka slirane manasteni niku.

Anggen kula angemutaken ingkang makaten punika mugi sampaun ngantos adamel seling serep sampeyan mas, awit kula eman sanget yen jengandika ngantos tampi paukumaning kang sapun dados leresipun ingggih punika katapuk lathi sampeyan ingkang ngantos mewek, sabab punika paukumanipun tiyang talocar

talocor.

Salajengipun sampeyan amendel dhateng mas Gunawan anguduraken
bab tanggap ku, ke, ka, iyah ora jamak wanter kuwanene mas
Cangggeh Tiron,

B. Wangsulan dhateng mas Gunawan

Wanti pangulap kula, e, lah,, punika ki raka, Gunawan katin-
gal yah beksa rosa amethukake mas Canggeh Tiron garjitingin
manah kula kiraka Gunawan saiki oleh tandhing padha jago
banget nanging yen manggung aku welkruna rebut bener kang
sapala eman yen kongsiya padha tatune, e kiraka Gunawan kula
aturi renggak angggen sampeyan rok ditya tandhing kaweruh,
bab kanggenipun ater-ater, ku, ke, ka, mila makaten awit
pamawang kula koragi repot, saha malih saking panimbang kula
anggen sampeyan nyerat kuwalik kapancah dhateng cangggeh
tiron punika kula dugi panyeratipun kiraka wau wenang ugi
awit tiyang wonten papathokanipun, nanging panuwun kula
sampeyan mugi sampun ngandika makaten mrengko ora susah ko
tulungi si cangggeh, dak ing kepala lo punika sam-
pun, mila kula purun purun angalangi ingkang makaten sabab
papathokanipun tanggap: ka, punika enget kula makaten:

1 Ing basa jawi tembungipun tanggap tigang warni, dene
tembung wau kaandhaken saking tembung tanduk tigang warni,
ingggih punika tanduk, griya, ikriya, saha e kriya,

2 Ing tembung tanggap ingkang kapisan angsal ater-ater: ka,
boten karaketan ing anuswara, kadosta: karusak, saking ngrun-
gak, longganipun rusak, kalebokake, saking nglebokake, ing
tembung tanduka kaping kalih panambang i, ewah dados an
kadosta: kalampahan saking ngalpahi.

3 Tembung tanggap kang kapisan kenging kabentenaken kalih
warnil ingkang sapisan nanging kawastanan tanggap ka, uwit-
ing swarantenipun: ka kaungelna rebah, kadosta, kacandhak
kaungelna: Kacandhak, dene kaping kalihipun ater-ater wau
kaserat mawi pepet kadosta: ketemu, utawi katemu, rimbag
ingkang makaten punika kawastanan bawa: ka,

4 Manawi tembung apurwa aksara luluh, la, tuwin ra utawi ha,
ater-ater ka, kaliyan pepet dadosaa wanda kaliyan purwaning
tembung, kadosta: kliru, lintunipun: kaliru, sasaminipun.

5 manawi tembung apurwa ha, mawi karaketan ulu utawi, suku,
ing tembung bawa kaewah dados taling, utawi taling tarung,
kadosta: keli, lintunipun keeli, kocap lintunipun keocap,

6 Manawi tembung apura wa, ing tembung bawa ka, ater-ater:
ka, ewah dados suku, utawi luluh kaliyan purwaning wanda
kadosta: kuwalik utawi kewalik tuwin kwalik, lintunipun L
kawalik

Sampun dumugi samanten kemawon anggen kula anerangaken papa-
thokanipun ater-ater: ka, sabab ingkang sampeyan raosi tem-
bung lingga ha purwa: wa, ingggih punika walik, dados kak-
thahan perlu yen kula anerangaken akathah-kathah.

Ewa samanten manawi katrangan kula punika taksih kapaiben
kirang leres dhateng mas cangggeh Tiron kula ugi kadugi
angrembat prakawisipun mas Gunawan, angekahai bilih panyerati-

pun kuwalik punika sampun leres, inggih sadasa kas pundi yen kula badhe bilahi kaawraten anggendlong ater-ater ka.

Dhateng mas Canggeh malih, mas sampeyan sampun mawi kakatha-hen sakarat, mapan sampeyan ingkang lepat inggih bokmanawi saking kirang terang sampeyan dhateng tanggap ka, sabab wontenipun ater-ater ku, ke, ka, punika kanggening satunggil-tunggilipun mawi mawi aksara purwaning lingga.

D Wangsulan dhateng Se, E, Ef

Kula sampun aningali wangsulanipun mas Se E, Ef dhateng mas Canggeh Tiron, dene wangsulanipun cacekakan kimawon awit saking lumuhipun angladosi dhateng pun Cangggeh, karanten pun tiron wau kaewokaken tiyang kabuwanan.

E Lah kados pundi mas Canggeh raosing galih sampeyan kala maos wangsulanipun Se E Ef

F Dhateng pun Grenteng

Sanget pangajeng-ajeng kula tami wangsluan sampeyan, sabab punapa dene teka lami boten timbul-timbul, punapa pajandika sampun anjerbabah, kumurep andhepani meja sampeyan jalaran namung kula jawil ing elmi falak, dene ingkang wau kakepres sampeyan teka agegilani.

Panuwun kula dhateng kang sud warsa amariksani serat kula punika sampun mawi anggalih geseh panyerat kula kaliyan saseratan kang sampun kula pacak, awit kang sampun kula pacak punika sastranipun kathah kang nilar paramasastra.

Dalapa, 8 Mei 1869

Katandhan Bapakipun Guning.

=====

Serat sangking sakathahing katur mattan: katur ing panjenengnipun tuwan Redhaktur sangking Jurumartani, menawi kepareng wonten paman kula nyaosi panjurung kabar, menawi kagalih prayogi kapacak ing Jurumartani, kados ing ngandhap punika: Ing nalika dinten Jumungah tanggal kaping 18 wulan Sura taun Je ongka 1798 punika raden tumenggung Sasra amijaya pepatih dalem ing Pakualaman nyuwun kendel anggenipun nyepeng parentah kepatihan kendelipun wau boten saking prakawis punapa-punapa, namung sangking sampun ing ngantawisipun ngumur 57 taun angraos kathah kekiranganipun lelados ing ngarsa dalem kangjeng gusti ajrih kuciwanipun ingkang dipun ladosi menggah penuwunipun inggih kendel babar pisan.

Wondene katranganipun karsa dalem kanjeng gusti kalilan kendelipun nama pepatih namung lajeng kakersakaken anyentana mijen sarta teksih mawi kaparingan tetenger sih dalem siti lelengga ing sapantesipun cukup dados tedhanipun nama ngangur intan sarta mawi kadhwuhaken serat undhang kaparingan panarima akathah wondening raden tumenggung wau inggih mangsul pinten-pinten sembahing panuwun, dene ingkang kakersakaken gumantos nama pepatih, raden tumenggung Sasra Pranata bupati wadana Karang Kumuningugi sentana dalem wondene raden tumengggung sasra amijaya wau nggenipun awit ngabdi mana kawan ing gusti kanjeng suwargi pakualam ingkang kapisan awit ing taun Ehe ongka 1756 nalika ngumur 15 tquin

angsal 2 taun gusti surud ngabdi ing gusti Pakualam ingkang Jumeneng ridder sareng ing taun Jimawal, ongka 1765 dados panji wedana lebet umur 24 taun, ing taun Be ongka 1776 dados bupati wedana pulisi ing karang Kumuning Brosot ngumur 35 taun taun Je 1790 dados pepatih dalem gusti ingkang jumeneng kapung 3 ngumur 49 taun taun Je 1798 kendel anyepeng parentah dados lameneipun ngabdi angsal 44 taun.

Kaserat Pakualam kapung 20 wulan Sura taun Je ongka 1798.

Mantri Jurusrat Pakualaman Nagari Ngayogyakarta.

Ngabei Sastrakarya.

Mas Padaken rimang manising budi, ngawikani ingkang para limpat, beda pinanduking pangreh, iba sruning pamesu, bongga saking watoning tuls, sayakti mung mardawa, yuwananing kalbu, dadya widada ing karsa, ing kasedyan binudi sing tatakrami, kang nora karya rengat. Katamana susetyaning ati, pinggir ngaweng mengkoni ing rahsa, tinambah sumrambah kabeh, gatin-ing kang paranung, ing kadarmen darsaneng budi, nahan ingkang pinurwa, gana lukita lus, rinuruham samarting driya, subasita sirna warana pinipit, rapet pepetan ginggang. Karsa mas sengsem pangulah ing wad tatas marang sandinig walrita, pidinta-dinan dadumeh, nila krama anulus, jineming kang trap sila manis, ing tindak solah bawa, kaduka semu ruruh, sidik pangucape nyata. Darananing budi winingati, dinulur ing hyang paramu, sea, manandukaken saciptane, trini aslining lungguh, sapamanduming kang dumadi, puwasing panarima, luh ar ipamesu, ing budi tinulusena, pamardining sakeh wawadining tulis, busananing sujana. Dinulura saesthining ati, cumandhak amindha pujongga, kususing kasedyan kosek, parandene kumudu, ring lukiting mangolah niti, prasasat gayuh lintang, maladining kayun sasmitaning kadlajandan, traing wirautama mangulah wadi, wadining asmanira. Tondha nama tuwin pangkating kasilan kula punika dumunung urut sawingking padalingsa.

Kula sampun maos serat Jurumartani, ongka 15 ingkang medal kemis kapung 15 april 1869 katandhan, Ran Adirakatmade, Greji.

Sampeyan suka kabar, yen wonten satunggal tiyang istri, nami biyang Riwuk, dados dhukun asring jampeni lare sakit, gadhah prawangan nami raden panji sekar, ingkang suwau biyang Riwuk, gadhah laki, sareng sampun gadhah anak kalih,lakinipun lajeng dipun pegati, ing sak punika, wau biyang Riwuk, ngaken dados jaler, pengangge sarta adadipun ugi cara jaler, tumunten lajeng rabi pikantuk prawan, dumuginipun sak punika, wau prawan sampun gadhah anak kapung kalih, dipun takeni tonggga tepalihipun, nalika sah uwat, wangsanipun prawan, ugi gadhah jaleran kadi dening tiyang jaler liyanipun, menawi sampun bakda, lajeng wangslu gadhahanipunlami, tansah andadosaken pangunggunipun manah sampeyan, nggene kok wonten lelampahan ingkang kados makaten,punapa malih kula inggih dherek getun.

Boten naming panuwun kula ing sampeyan, rehning sampeyan ingkang caket, biyang Riwuk, ingkang suwau, nalika maksih gadhah laki, sampaun nate anak anek ngantos kaping kalih, adadipun tiyang gadhah anak punika mesthi nganggge dhukun, prayoginipun punika dhukun sampeyan urus, menawi kepanggiyh kinggih sampeyan takeni kagranganipun.

Katandhan PHA WA RA.

=====

Nalika ing dinten Minggu tangggal kaping 18 wulan punika April 1869 antawis wanci jam 3 siyang ing dhusun Paklonthongan dhistrik Seragi, kabupaten Pekalongan.

Wonten satunggal lare jaler, umur 13 taun angen maesa ing sabin dipun samber gelap, ingga pejah, dalasan maesanipun pindhah.

Katandhan Pha Wa Ra.

=====

Wonten kabar bilih ing nagari Batawiyah, sampaun sumeta, anggggenipun badhe ngarsakaken kasukan pista, minongka kormat dhateng swargi Kanjeng Tuwan ingkang ageng, kang wicaksana Gubernur jendral Jan Pitereskun punapa boten punika ingkang kasebut ing babat ingkang jajuluk Baron Murjangkung awit tiyang agung wau ingkang ngawit nganwontenaken nagari Batawiyah.

Menggah werti kathah ingkang sami byantarani murihngruba-kaken pista wau, ing negari Pintan sami urun tatingalan murih sangkep sesinemaneka warni,

Kawatos saking Ngayogyakarta badhe ngintunaken beksan wonten saking tiyang 50 kajawi nayaganipun, dene ingknag badhe ngirid Raden Tumenggung Arya Gondhaatmaja, putranipun kan-jeng raden Adipati Danureja, sapinten bingahipun para tiyang jawi ing Batawiyah, manawi aningali dhateng beksan wau, kuciwa bilih kathahingkang boten badhe sumerap dhateng basanipun beksan, ewadene rehning taden tumenggung wau kasusra menggah ing kawasissanipun, manawi punika ingkang saged jumeneng Kartabasa.

Surakarta, Mei Katandhan Karmituhu.

=====

Wangsulan dhumateng Mas Dahwen ingkang lumuntur saking awani-piyambak

Jurumartani ingkang medal kamis kaping 6 Mei 1869 ongka 18. Wonten pitembungan mijil saking osikipun mas Dahwen ingnag sawatawisipun dereng katimbang saking panggalih suci, anang-ing miyos saking ardaning hawa ingkang angoncati paugeraning budi daema anyampahi dhumateng ing ngatasing parentah ageng, bab anggenipun kersa anyantuni namaningpara prayayi ingkang sami kabawah dereng mangggen sisirlahaning kawajiban dumunuhing kawadanipun, tuwin mawi anyebutaken karsa ingkang makaten kagalih aneh aneh langkung bingah manawi para pryayi wau saenggak indhakan tedhanipun, wasul piyambakipun purun amrayogi pranata ingkang sampaun katamtokaken saking panimbang ingknag sawatawis pantes kalayan dumunung ing

kalenggahanipun, punapa ijengadika pikantuk ruruba ingkang klayan mamanising tembung, manawi saking panimbang kula indhaking tedha wau kedah mijil saking kukuming padamelanipun ingkang mesthi anyekapi, boten susah kaprayogi saking satung-giling sanes ing wasana manawi mas dahwen badhe karsa mangsuli serat kula punika tetela medal sakinglumunturing budi arda, sarta badhe boten susah kula wangslui malih, awit saking boten mikantuki dhumateng ing ngatasing para darma.
Jumungah kaping 7 Mei, 1869, katandhan Mas Ardasonya.

Ongka 20, Kemis kaping 20 Mei 1869

Boten Saben Dinten Wonten

Manawi Bupati nyandhak kalam kadamel anyerat seratipun lajeng kapacak wonten serat pakabaran supados angicalna pangawon awon ingkang dhateng kanjeng tuwan asisten residhen ing Bangil, punika sampun kaleres kalebet prelu sanget.

Raden Adipati Ariya Surya Adiningrat Bupati ing Bangil amaca seratipun wonten ing serat pakabaran saking Surabaya, katitimangsan kaping 16 wulan April 1869 ongka 88 ing ngriku bupati ing Bangil amratelakaken, bilih amireng bab ingkang kasebut ing serat pakabaran ingggih ugi saking Surayabaya, katitimangsan kaping 5 wulan April wau, manawi ing Bangil pare-sidhenan Pasuruwan tiyang numpak kareta langkung sangajenganing dalemipun kanjeng tuwan asisten residhen kaawisan angungelaken sambuk, punapa pamalih manawi kanjeng tuwan asisten residhen wau kala lengggah wonten ing landrat, amuring-muring awit saking kabrebetgen ing kalurukipun sawung wana ingkang wonten salebetung sengkeran sangajenging pandhapinipun bupati ing Bangil, lajeng jumeneng saking palenggahan, amundhut sanjata, murugi sengkeraning sawung wana, sarta lajeng anyanjata sawung wana punika, kenging lajeng pejah, punika bupati ing Bangil amastani dora sadaya. Ing mangke raraosaning ngakathah, anguja dhateng bupati ing Bangil anglajengna pangandikanipun piyambak, amastanana paresidhenan Pha punika Pasutuwana, kabupaten, Ba, punika Bangil, andadosaken kageting manah, awit ingkang kasebut ing nginggil wau boten wonten satembung kemawon ingknag leres, punapa malih adamel eraming manah, dene wonten tiyang purun purun amacak pawartos ingkang nyimpang saking leres, wekasan badhe angicalaken nama sae, mila ingkang suka kabar kados makaten wau kalebet tiyang boten temen sarta boten kenging kapitados ing salaminipun,

Wondening pikajenganipun bupati ing Bangil supados seratipun kapacaking serat pakabaran saking Surabaya, sapunika sampun kadumugen, dados angicalaken pangawon-awon wau, ananging punapa angggenipun amacak serat bupati ing Bangil wau medal saking pikajenganipun piyambak.

=====

Salebetung kraton

Boten amung ing tanah pasisir kidul kemawon pulisi ing Ngayogyakarta saben dinten tansah ajajagi, salebetung kraton ingggih makaten ugi boten kikirangan ing weweka bab panjaginiipun, padamelanipun sae pulisi wau titiyang boten kikilapan, punapa malih pulisi punika manawi mubeng ing wanci dalu lampah patrol, supados sagesta anyepeng titiyang ingkang kawatawis badhe lampah awon, sakalangkung taberinipun, andadosaken indhaking karaharjaning nagari, mila pulisi ingkang kados makaten punika sampun pantes angsala pangalem tuwin panrimah ing nagari, sanadyana pulisi wau sakalangkung taberi anggenipun anglampahi padamelanipun, ewadenten tiyang

durjana sawatawis purun purun anglampahi kadurjananipun wonten salebeting pager banon ing kraton, kalampahan andadosaken gumuning titiyang kathah, ananging ingkang kapendhet ing titiyang durjana wau amung sapele, saking pawartosipun amung amendhet dhuwung satunggil, gadhahanipun tiyang ing kampung Taman, menggah ingkang kaangkah ing titiyang durjana punika sakingpanginten ingggih pancen amung dhuwung satunggil wau, kalampahan dhuwung karebet kemawon saking ingkang gadhah, sanadyana ingkang gadhah punika taksih melek saha bengok-bengok anedha tulung, titiyang durjana boten anglegewa ing pambengokipun ingkang gadhah kagebagan ing theklek dening tiyang durjana ingkang satunggil, ingkang satunggilipun angrebahaken, dene ingkang satunggilipun malih amendhet dhuwung ingkang kaangkah wau, sasampunipun dhuwung kenging kapendhet, titiyang durjana sami lumajeng kalayan mareming manah.

=====

Teteging manahipun tiyang estri

Ing tanah Eropah wonten rencang estri dhusun panuju saweg olah-olah wonten ing pawon, dene bendaranipun saweg kesah dhateng gareja, nunten wonten tiyang jaler priman angadeg wonten sangajenging korinipun pawon, panganggenipun sarwa gombalan, sarta katingal katisen, ing ngriku tiyang jaler punika apriman dhateng tiyang estri, saha anedha kalilanana aso aso sakedhap wonten salebeting pawon supados sageda kraos angeting badan sakedhik, sanadyan tiyang jaler wau mripatipun katingal pandirangan, ewadenten tiyang estri boten anglegewa dhateng polatan wau, amargi saking kagendeng dening welas asih, nunten tiyang jaler punika kapurih lengggah wonten ing pojokan pawon ing lebet, kala samanten tiyang estri panuju angolah sop kawaduhan ing kuwangkul, nanaging sop punika taksih wonten sangginggiling latu, duduhipun mumpal-mumpal, anjawi saking ngolah sop tiyang estri wau anyambi damel tatedhan, sareng makaten tiyang jaler boten saronta angadeg ing ngajenganipun tiyang estri, tanganipun ingkang satunggil anyepeng kestul ingkang satunggilipun anyepeng golok ingkang sampun kaliga, sarta lajeng wicanten dhateng tiyang estri makaten: yen kowe ora ngenehake dhuwit kang ana sajroning omah kene kabeh marang aku ing sanalika, amesthi kowe bakal mati dening aku, tiyang estri sanadyana ragi kaget sakedhik, amireng pitembungan ingkang kados makaten wau, ewadenten saha ngatingalaken sareh ing manah, wangulanipun makaten dhuwitku dhewe kang bakal dak wenehake marang kowe, nanging mung sathithik, mara ta entenana sadhela bae, aku suthik mati bab prakara dhuwit sathithik, awit aku arep angentas sop iki, yen kasuwen bokmanawa esat duduhe, tiyang durjana purun angentosi, dene tiyang estri tumunten anyandhak kuwangkul panggodhogan sop badhe kaentas, salajengipun isining kuwangkul boten saronta kakapyukaken ing rainipun tiyang jaler, kalampahan tiyang jaler punika boten emut lajeng dhawah ing siti, sareng bendaranipun tiyang estri mantuk saking greja, tiyang

durjana sampun kapangggih pejah.

=====

Kula sampun maos seratipun mas Dahwen ingkang kapacak ing Jurumartani ongka 18 anyariyosaken bab kanjeng tuwan residhen Sutelip ing Surakarta, bilih kanjeng tuwan residhen Sutelip punika ing mangke kakarsakaken kendel angggenipun dados residhen mawi kaparingan wahel, sarta ginantosan ing kanjeng tuwan residhen Tobiyas ing ngrembang, punapa malih mas Dahwen amratelakaken manawi bab kendelipun kanjeng tuwan residhen Sutelip wau andadosaken kagetitng titiyang sanagari Surakarta, punika sayektosipun boten amung andadosaken kagetipun titiyang sanagari kemawon, malahan dadosaken pangunguning akat-hah, awit salaminipun ing nagari Surakarta dereng wonten residhen kados kanjeng tuwan Residhen Sutelip ing bab sagedipun kukumpulan kaliyan para ageng jawi, manawi ngandikan kaliyan para ageng, sanadyan kaliyan ingkang sinuhun kanjeng susuhunan saha kaliyan kanjeng gusti pangeran adipati ariya Mangkunagara, pitembunganipun jawi ingkang sakalangkung cetha, lemes tuwin sae, salaminipun kula wonten ing Surakarta, saestu dereng sumerep para kanjeng tuwan residhen kados kanjeng tuwan residhen Sutelip ing baba kasagedanipun dhateng basa jawi, dhasar saged sayektos saha sumerep ing ngadat jawi sampun boten kikirangan, wah tandukipun ing pakumpulan kaliyan para ageng jawi sakalangkung sae, dhemes tuwin angresepaken ing manah sayektos owel sanget kanjeng tuwan rsidhen Sutelip kendel dados residhen wonten ing Surakarta o mugimugi kanjeng gupremen engggal kagungan karsa angulawisudha malih dados residhen dhateng kanjeng tuwan residhen Sutelip ibata badhe bingahipun para tiyang jawi ageng alit.

Menggah pangalembana kula dhateng kanjeng tuwan residhen Sutelip wau, saestu boteh saking ilon-ilonen, utawi boten saking kagendeng ing mamanisipun pitembungan, tiyang sayektosipun kemawon, kula punika sampun satengah sepuh, salami kula gesang dereng sumerep para tuwan ingkang lairan nagari Walandi, saged lemes tuwin jangkep pangandikanipun jawi kados kangjeng tuwan residhen Sutelip wau.

Katandhan Sabdestu.

=====

Pawartos tuwin lalampahan ingkang aeng-aeng saking pundi-pundi.

Ratu Adil utawi Sunan Adil punika sasebutanipun ratu ingkang kaajeng-ajeng rawuhipun ing tanah jawi dhateng mara tiyang jawi, ananging titiyang jawi ingkang sami gadhah budi kadurjanaan kemawon, punapa ingkang sinuhun kakalih ing surakarta kaliyan ing Ngayogyakarta boten sanget Adilipun dene kok para tiyang wau taksih dereng anarimah dhateng pangadilanipun, punapa titiyang wau boten sumerep bilih kanjeng gupremen punika tuking pangadilan, dados pangadilan punapa ingknag dipun upadosi, manawi makaten para tiyang wa sampun tetep kenging kawastanan tadhah lampahe gaota ingkang medal saking budi kanurjanaan, pangangkahipun amung sageda

pikantuk kauntungan saking titiyang bodho, utawi saking titiyang ingknag sami gugon tuhon, dados sadaya punika tanduk pangapus, mila kawastanan pangapus, awit titiyang ingkang angajeng-ajeng rawuhipun Sunan Adil, utawi ingkang sampaun angangggep Sunan Adil dhateng satungggiling panatus dhusun, punika sam boten gadhah panimbang dhateng kamokalan sanadyan gadhah asaserepan dhateng kamokalan wau, ingggih ugi boten dipun paelu awit saking kagendeng ing budi kadurjanaan, titiyang wau mokal kok boten sumerepa, manawi amung tedhakipun ratu kemawon ingkang pancen gadhah kawajiban dados ratu saged jumeneng nata, sanesipun amesthi boten saged.

Menggah panatus ingkang ngaken dados Sunan Adil wau, dhusunipun kabawah kabupaten ing Bantul, sarta oara tiyang ingkang sami angangggep Sunan Adil dhateng piyambakipun sampaun sawatewis kathah, dene anggenipun jumeneng Sunan Adil punika angiras dados dhukun, lo punika kados pundi kok mawi dados dhukun Raden Atmadikara kemawon amasthi saged anerangkaen, kados pundi katranganpun raden Atmadikara, o punika makaten: Anggenipun dados dhukun punika pamrihipun angupados kauntungan, awit para tiyang ingknag anedha jampi, sami anyukani arta majani, salajengipun Sunan Adil wau badhe jumeneng nata wonten ing Sambirata, ananging saderengipun jumeneng badhe kalempakan rumiyin kaliyan para tiyang ingknag sami anganggep, wonten ing redi Ijem bawah kabupaten ing Redi Kidul, kala samanten pulisi lajeng mireng bab anggenipun badhe kalempakan wau, awit saking taberi tuwin nastitinipun pulisi, Sunan Adil sakancanipun tiyang 20 sami kacepeng dening pulisi wau, mila ing mangke para priyantun pantes asuka apangalembana dhateng pulisi wau punika.

Ing nagari Inggris sapunika tiyang sami angangge pirantos kadamel anggarap dandosan kajeng, kalayan pirantos punika tiyang kalih kemawon saged angrampungaken panggarapipun barang kajeng ing dalem sadinten sami kaliyan kagarap ing undhagi gangsal welas.

Dereng lami kula maos serat ingkang kapacak wonten serat pakabaran saking Samarang, anyariyosaken bab kethering panggarapipun pragakawis landrat tuwin pulisi ing Pacitan, tiyang ingkang suka kabar amratelakaken teteladan bab lamining anggggenipun kakunjara para tiyang durjana, andadosaken sagedipun ginau anglanyahaken badhe paukumanipun, ing Surakarta ingggih makaten ugi, para kecu ing Janglot sapriki watawis wonten kalih taun anggenipun thenguk-thenguk wonten ing kunjaran supados sageda ginau anglanyahaken badhe paukumanipun wau. Derenglami ing benawi wonten tiyang estri keli, sareng kaentasaken watawis dangunipun kalih jam, saha sampaun katingal pejah, tuwan dhokter lajeng amireng bab tiyang estri keli wau, nunten tiyang estri punika gebagan badanipun ngantos sanget, sasampunipun ginebagan tiyang estri katingal gesang, ialampahan gggih lajeng gesang malh, wiwit kala samanten tuwan dhokter kapundh pundhi dhateng para tiyang jawi.

Tiyang jawi anama Karidin kapejahan dening mitranipun piyambak ingkang nama drana, menggah tiyang kakalih wauw sami tugil sagriya wonten ing dhusun kaprenah ing nagari Basuki, mila kapejahan awit pun Karidin angremeni bedhangipun drana anama Kamsiyah, padamelanipun ider wade tatedhan, sareng ing dinten enjingipun pun Drana kacepeng ing pulisi saha lajeng kakunjara, kadadosanipun kamsiyah kecalan remena-nipun kalih pisan, ibata susah ing manahipun.

Amung sapisan punika kemawon kula badhe gineman sakedhik akaliyan ingkang nama ARdasonya, mas ardaonya sampeyan kok napsu sanget jalaran saking anggitan kula bab kanjeng raden adipati ing Surakarta anggenipun karsa nyantuni namaning para priyantun ingkang sami kabawah, boten mawi kaparingan indhaking tedha, angggitan kula sampeyan wastani boten mijil saking manah suci, ananging mihil saking dayaning ruruba ingkang klawan manising tembungm punapa malih sampeyan masta-ni pikajenganipun angggitan kula boten sanes amung anyanyam-pahi dhateng parentah ageng, ing mangke saking pama-tawis kula sampeyan piyambak ingkang nyanyampahi dhateng parentah ageng, sabab bokmanawi jengandika piyambak ingkang kagungan pamanggih medal saking kasantikaning budidarma, inggih punika anyukani santuning nama tanpa indhakan balonja, sanadyan sampun kula tamtokaken bilih boten badhe amangsuli seseratan ingkang sepen dunungipun, awit ssedya kula amung ambayawarakken pakabara, ewadenten sapisan punika kula nyebal saking adat saben, tur mas Ardasonya sampun mratela-kaken manawi badhe boten mangsuli.

Ing mangke sampeyan kula sanjangi, yen sampeyan kirang nastiti anggen sampeyan mriksani seseratan, kula aturi mas paosaken angggitan kula ingkang klawan binudi pinungseng teme-temen, kula rak mung ngabaraken manawi kanjeng taden adipati karsa anyantuni nama, pamatawis kula lowung bilih kaparingan indhakan balonja, mongka sampeyan mastani ririgen kados makaten boten susah kaprayogi ing sanesipun pangandika sampeyan bilih pakabaran makaten boten migunani inggih nyamleng sanget nanging piawonipun punapa ta mas rak inggih boten wonten punapa malih panjenenganpun mas Sonya bokmanawi kapencut ing santun nama wau, yen mas Sinya pancen boten manggih nugraha angsal santunan nama, inggih punika jalaran saking kagalih sampun murwat kaliyan padamelanipun, teka owel temen ing mangke boten pinuju wonten sakaten, sok wontena sakaten panjenenganipun kula aturi ambaranga tingalaken sarira, supados angsal arta rak mayar ta.

Ing wusana kula ngaturi pirembag sae dhateng mas ardasonya, samun ngantos amangsuli dhateng tiyang, manawi dereng nyandhak pikajenganipun anggitan ingkang badhe dipun wangsu-li, punapa mlaih sampun ambeg bragasan makaten, sabab ewed anggneipun badhe nentremaken galih Dahwen.

=====

Sangking dahating sang siptaning driya kumacelu asung panjuring dhumateng ing tuwan ingkang ngarang wilapa Jurumartani:

Wus tan wrincine daing lyan malah kamantyan ing panuwun saking dene sareng aningali serat kabar Jurumartani ingkang kawahya kemis kaping 22 April.

Ing ngriku wonten mitra kula ingkang nama Raden Atmadikara ing Surakarta, ingkang ambatang cangkrimanipun Kyai Warga, ing kang nyebutaken:

1 tiyang tilem ingkang tilem punapanipun sangking pamangggih sampeyan alingipun.

2 bab purugipun tilem dhateng pundi, pamangggih sampeyan boten kesah sangking jagadipun pyambak, amargi sami jagad alit kaliyan jagad ageng.

3 bab supena wahu sabgubg oybaoa oanabggug sanoetab sabgubg kanoaguoyb karabgab cejajabuoyb.

4 bab supena wau punapa temen pamangggih sampeyan masthi temen.

5 bab saben supena punika punapa wonten wahananipun pamangggih sampeyan masthi wpnten

Wang sul kula ananbung lampah dhateng sampeyan raden Atmadikara, kayaktosanipun badhe nedha pitaken dene karsa anglairaken pambatang ingkang saestu sumerep ing lajengipun.

1 bab tiyang nglindur punika dene tilem saged wicantenan, punika ingkang gadhahi wicanten sinten lan kabekta saking punapa

2 bab tiyang manjad sekarat dene langkung saking rakaos ingkang dadosaken rekaos punapanipun

3 bab menapa kenging sarat sarana ambucal sakitipun sekarati-pun lah punapa ingknag angicalaken pun sakit wau.

4 bab, tiyang pejah punika punapa gingsir yen gingsir dhateng pundi purugipun

bab 5, bab yen batena gingsir, saestu boten pejah lah punapa kula saged priksa jagad alit saged dipun kados pundi.

Kulanuwun sumonggga mas ing sakrehning abdi truwilun sanget kumedah nyuwun priksa ing sampeyan.

ingkang saha para satriya gungsujana kula nuwun pangapunten sampun kalentu tampi kula wau amung barongan upamenipun obah ngarem mogel buri, anggenipun kula purun amedalaken wiraos makaten ingkang wau sampun angsal wewaton saing para ingkang saged 1 jayengwsthi, mancingan 2 Kyai Warga

Kulunun sumongggga para swarjana paringa priksa, Ngayogyo, kampung Ngabeyan, kaytandhan Bekel panakawan, Kliling, Raden Mas Bekel Sumitra.

=====

Ongka 21, 27 Mei 1869

Tuwan Kunas ing Surakarta, prenahing Meken Kliwon, angaturi uninga dhumateng para priyantun bilih mentas anampeni dagan-gan warni-warni, kadosta, sutra lurik warni ijem biru, sarta wungu, bara jene sayektos bulun sarta alit rinda jene, lisah wanggi, warni lapendel abrit lisah rus lisah rambut pidih, sabun wanggi warni-warni, sabun cukur, toya cacap anyemengaken rambut wedhak walandi kawadhahan wonten ing dhus setrup wawar, asem jeruk prambus amandhek serbat sarta panili, pait wari-warni, wowohan sarta setup setup saking nagari welandi, kawadhahan ing lodhong, pil kufan jampi sawarnining sasakit mangsi kadamel anyireni sandhangan pethak pen mas Inggris temak mawi waduh, sititsepuder ing dhus pinkilter jampi sakit ros-rosan sarta kolerah, balsem sepermaseti jampi watuk seskamper jampi pileg gwuranah jampi puyeng, kreosot jampi sakit waja, pelster Inggris jampi koreng, prabot sanjata, pipa karet sarta sanesipun barang warni-warni sarta sae-sae. regenipun barang wau sadaya badhe kasuda bilih amundhut mawi bayara kenceng.

Katandhan Tuwan A.Kunas.

=====

Bab Panglelanging rumput

Benjing tanggal kaping 1 wulan Juni ngajeng punika wanci jam sadasa enjing ingkang suka tondha ing ngandhap punika badhe adamel lelang wonten ing griya losemen ing Surakarta bab sesanggen lebetanipun rumput dhateng griya-griya pos ingkang kasebut kados ing ngandhap punika:

Ing griya pos nagari Surakarta 40 rembat

----- Jurug 8 rembat
----- Kalitan 32 rembat
----- Delanggu 12 rembat
----- Teras 12 rembat

----- gunggung 104 rembat kirang utawi lang-kung saking samanten benjing kinten-kinten ing sacekapipun.

Menggah kawontenanipun rumput boten kenging anglebetaken rumput ingkang sampun wayu.

Sarembatipun wawrat 70 kati, sarta kedah rumput resik

Dene lumadosipun rumput ingkang sapalih ing wanci jam 6 enjing ingkang sapalih jam 4 siyang

Wiwitipun tumapak benjing tangggal kaping 15 Juni utawi langkung sae saderengipun tanggal 15

Ing tembe badhe wonten katrangan malih saking tuwan ingkang asuka tondha punika.

manawi sampun kadadosan bab prakawis punika, lumadosipun rumput wau mawi wonten tetanggelanipun tiyang kakalih ingkang sae.

Wasana prajangjeyan punika mawi kaseksen dening namanipun notaris.

Ha, We, Panpirdhen.

=====

Pawartos warni-warni

Kala tanggal kaping 6 wulan Mei wanci snten ing Makasar tiyang ambeka layonipun jaksa ing ngriku anama Basodhaenah Asiyah dhateng Kuburan, jaksa ingkang ngajal punika saking asli alit, ananging katrimah sanget ing pangabdinipun dhateng kanjeng gupremen, wondening anggenipun dados jaksa sampun pinten-pinten taun laminipun, salajengipun awit saking panuwunipun piyambak jaksa wau kagentosan dening anakipun pambajeng, sarta taksih meningi sadasa taun anggening dados jeksa anakipun wau, dados lebetipun sadasa taun jaksa sepuh punika tansah adamel resepung manahipun para sanak sadherek mitra tuwin tatepanganipun, wekasan jaksa sepuh ngajal, sampun ngumur 86 taun.

Menggah ingkang sami kurmat tumut lampah ing layon dhateng kuburan sakalangkung kathah, boten amung titiyang Makasar kemawon, ingggih ugi para tiyang Cina tuwin para tuwan tuwan sami kurmat tumut lampahing layon dhateng kuburan.

Sareng layon sampun kalebetaken ing luwangan, kanjeng tuwan guprenur ing Selebes karsa andhawahaken pangandika, ingkang andadosaken panggagasing manahipun para akrabing kang ngajal.

=====

Menggah pakabaran ingkang kasebut ing selompret malajeng anyariyosaken kados ing ngandhap punika:

Kala wulan ingknag sampun kapengker wonten pikraman kalih, ingkang satungggilmantri pulisi ing dhistrik wadana dibawah Banjarnagara, putranipun bupati ing Banjarnagara, angsal putranipun bupati ing Cilacap, ingang kalihipun putranipun jaler bupati ing Banjarnagara angsal putranipun bupati ing Wanatasaba.

Punapa malih pakabaran wau anyariyosaken bilh mantri gudhang ing wana dadi kadakwa amendhet arta nagari, kathahipun 2000 rupiyah, saha kapatrapan paukuman kabucal tigang taun.

Anjawi saking punika wonten malih ingkang kacariyosaken, kala kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral tedhak dhateng Purbalingga, wonten ing ngriku karsa angangkat dados bupati dhateng bupati ing Purbalingga ingkang sapunika, kala samanten bupati wau sasakitan, ananging ing mangke sampun saras, saha sampun tumindak ing damel.

=====

Wonten tiyang Dhitse sampun gadhah pamangggih saged adamel satiwel ingkang gadhah daya kenging kadamel lumumpat ngantos tebih, manawi satiwel punika angge tiyang saged lumampah tebihipun 40 utawi 50 mil, ing dalem sajam, samilipun kirang langkung saking sapal, ingkang punika manawi satiwel ingkang kados makaten wau sampun kalimrahaken kawade ing ngakathah, amesthi tiyang palaur angangge satiwel wau kaliyan anumpak kareta asep.

=====

Ing dhusun Kepuh bawah Tuban wonten tiyang gadhah saking uwit

kalapa ingkang inggilipun 30 elo Nederlan dhawahipun wau wonten ing payoning griya butul lajeng dhawah ing amben ingggih ugi butul, amecahaken piring 10 iji ingkang wonten sangandhaping amben , sukunipun kalih pisan putung, dene ingkang suka kabar lajeng wicanten makaten: tujunipun boten putung gulunipun.

=====

Serat saking Sukareja anyariyosaken kados ing ngandhap punika.

Redi Lamongan ingkang tebihipun saking nagari Pasutuhan watawis kalihdasa pal, sarta kaprenah kidul wetanipun nagari Pasutuhan wau,kala tangggalkaping 14 wulan Mei punika murub saha sora sabawanipun, kukusipun medal saking pucakipun ingkang kaprenah kidul, menggah anggenipun murub redi punika sampun sawatawis dinten laminipun,manawi katingalan ing wanci dalu, latunipun kados sabin utawi wana pareden kabesmi, dene pucakipun ingkang ler kawastanan Tarub punika boten punapa-punapa.

=====

Tiyang jawi anama Tadrana ing dhusun Karangwuni bawah ing nagari Salakarta, kala wingi kacakot ing sawer ingkang mandos sukunipun wonten ing kampung sokadana, kalampahan tiyang wau kabekta dhateng griya sakit bokmanawi wontening ngriku badhe kakethok sukunipun.

=====

Kala tanggal kaping 28 wulan April ingkang sampun kapengker ing Tulungagung wanci pukul kalih dalu titiyang sami kaget anggenipun tilem saking dening wonten lindhu, para tiyang wau lajeng sami medal saking griya, wondening dalunipun malih kewanipun para tiyang wa sami medal saking kandhangipun awit saking kabekta ing pandung, sasampuning lindhunipun kendel para tiyang ingkang medal saking griya punika sami enggal wangsl lumebet ing griya malih, ananging para kenewan ingkang medal saking kandhangipun boten wangsl malih dhateng kandhang wau, mila andadosaken pratondha manawi lindhu punika boten patosa adamel susahing titiyang kados pandung.

=====

Serat saha ingkang tabe akathah-kathah, sayogi katur dhuma-teng ingkang saudara tuwan ingkang ngarang srerat Jurumartani, ingkang palengkah negari ing Surakarta Adiningrat. Sasam-punipun kadya ingkang sapunika awiyos kula prelu angaturi kabar sangking panuwun kula mugi saudara tuwan Redaksi karsoa macak tumunten wonten ing Jurumartani, panjurung kula kabar wau, kadidening ngandhap punika.

Nalika ing dinten Jumungah Wage tanggal kaping 18 ing wulan punika ugi, kanjeng gusti pangeran adipati Litnan Kolonel Kumendhan Suryasassraningrat, ingkang jumeneng Pakualam kaping 4 sampun amatedhani lereh anggenipun dados wrana dalem pepatih, raden tumenggung sasra Amijaya, awit saking panuwunipun boten saking punapa amung awit rumaos samu sepuh, anamtokaken kathah kang dados kuciwanipun anggenipun

lelados ing sakarsa-karsa dalem nama teksih tetep raden tumenggung, kaparingan tetengtrem tedha nganggur sabin 6 jung karsa dalem ingkang kaangkat kagentosaken dados wrana dalem pepatih, abdi dalem raden tumenggung sastra pranata, bupati pulisi bawah dalem ing Brosot Karangkumuning, wondene ingkang kakarsakaken gumantos nyepeng pulisi kabupaten bawah dalem Karang Kumuning wau, putranipun Raden Tumenggung litnan Arjawinata ingkang sepuh, kang wau kakarsakaken amedanani abdi dalem lebet sedaya anama Raden Panji Sasradigdaya, sapunika kapatedha nama Raden Riya Sastradigdaya.

Dene ingkang kagentosaken nyepeng kuwajibanipun Raden Panji wau, ingggih ugi putranipun Raden Tumenggung Arjawinata, patutan saking gusti Raden Ayu Bendara, kapatedhan nama Raden Mas WEdana Suradirja, sinerat ing Pakualaman tangggal kaping 20 wulan Sura ing taun Je ongka 1798 katandhan Raden Mas Arya Janakusuma.

=====

Wangsulan kula dhateng ingkang wasta, yakarnaraki, ing ci-Kandhe bawah Serang Banten.

Kula maos Jurumartani ongka 18 wonten saseratanipun ingkang wasta Yakarnaraki, anyariyosaken anggenipun gumun rambah kaping kalih ngantos 2530 dhateng cariyos kula, bab anehipun tiyang nami biyang Riwuk dene tiyang estri mangaken dados jaler, punika ugi leres ingkang gumun yen ta sampuna, wujudipun tiyang, samangke taksih, saestu kathah ingkang maiben, mila kula aturaken ing Jurumartani, awit kua raos sanget aneh sarta anggujengaken utawi malih, ya karnaraki, cuwa panggalihipun saking cariyos kula, tiyang jaler ingkang saingga malih estri, kalampahan anjarakarna, kula boten amratelakaken kados biyang Riwuk wau, punika mugi sampun dados panggalih, kula ajrih anerangaken namung anyaosi pratikel kimawon mugi, ki ranakarya, matura pitanglet dhateng nyai lurah udakara, abdi dalem lurah pasindhen badhaya, ing Surakarta, punika kados terang ing cariyos kula wau, utawi ing Jurumartani, ongka 11 wonten tandhanipun ingkang ingkang wasta pha, wa, ra, ugi amangsuli dhatng kula bab anehipun biyang Riwuk kula dipun purih angurusaken dhateng dhukun ingkang mulasara, ing rabinipun biyang Riwuk nalika gadhah rare, kula dipun galih caket griya kula, salebet beteng naming kula inggih amituruti, rembagipun Pha Wa Ra, tau sasama kula angsal katrangan, tumunten kula ngaturi wangslan.

Pratondha Rakaditman Adera.

=====

Kula sampun maos Jurumartani, ongka 20 ing ngriku wonten saseratanipun mitra kula, ingknag paparab Raden Mas Bekel Sumitra, bekel punakawan kliling, ing nagari Ngayogyga punika karsa, mangrasehaken suraos awit saking denya mentas amirsani, rasembagan kua kaliyan kyai Warga, ingkang wonten ing Jurumartani, ing mangke raren mas bekel Sumitra, karsa mundhut pitanglet gangsal bab kados ngandhap punika.

1 bab sampeyan putaken tiyang nglindur, dene tilem saget wicantenan kabekta saking punapa, pamanggih kula tiyang nglindur wau saminipun su[ena, dados tiyang wau yen nami tilem boten anglindur, dene ingkang wicanten punika, awanipun kabekta saking rilem supe, 2 tiyang sakarat sampeyan galih langkung rakaos utawi sakit pamanggih kula ing sakarat ingkang rakaos punika, kados tiyang ingknag boten dados ngilminipun manawi ingkang sampun katrimah, kabaripun malah nikmat mila bebasan nikmat 3 prakawis ingkang tanpa timbang, layaping nindra lan sahwat tiga sakarat 4 gisiripun tiyang pejah, yen gingsir dhateng pundi 5, yen botena gingsir saestu boten pejah, punika pamanggih kula, tuwin saking pitedah ing para sepuh, rahning sami dereng nate nglampahi pejah, tiyang pejah wau, ingkang gingsir, ingkang inggal manawi ingkang langgeng boten kesah-kesah, lajeng mangggen ing sasananipun piyambak, utawi sampeyan badhe priksa jagat alit punika rinten dalu sampun kangege, mokal yen botena priksa, namming yen keplokinipun ugi angel kedah wonten ing pareap eninggalih, ing wusana sadaya wau yen wonten gesehipun ing pamangggih, mugi sampun daods galih awit sadaya punika sami saking pitedah ing guru, ingkang angsal kaliyan udanagari tuwin kitabipun manawi kapareng kula gentos angaturaken kodhenging pamanggih kula sumongga sami karaos, 1 bab tiyang teksih nem pejah, punika, kasesa punapa, 2, tiyang ngantos sepuh, dereng pejah, punika ngentosi punapa 3 tiyang supe wau angetipun dhateng pundi, 4 yen sampun enget pun supe, dhateng pundi 5 bab ingkang dipun wastani, ngilmu jothon, tanpa papan tulis punika ingkang pundi, titi,
Katandhan Raden Atmadikara, ing Surakarta.

=====

Ingkang paurmatan akathah-kathah mugi kaatur panjenenganipun tuwan Redhaktir, menawi kepareng sarta sela ing papan mugi serat kula punika kapacakka.

Kula maos kabar jurumartani ongkang 18 ingkang medal kemis kaping 6 Mei, wonten wangulan panjawabpun raden Armadikara, dhateng pitakenipun rayi kula pun Wargapiluta, bab lapal parlu sunat naming samangke pun warga saweg pamit dhateng dhusun augi sampun meling manawi angsal wangslipun borongaken ing kula, dene jawabipun raden Atmadikara punika manawi kula ingggih sampun meper, tuwin sampun sedhengan tiyang lalantaran rembag wonten ing serat kabar, kilab binjing yen dhateng tiyangipun adat pun Warga punika kasok brengkelo, awit saking bodho, pramila leres ing pangiyasipun kyai jati sampurna ig ngeksigonda, yen pun Warga wau dereng pisan-pisab sumerepa ing sjatining raos naming semanten wau ugi dereng temtu, sabab wonten bebasan girilusi, dene pamray-oginipun kyai Jati, punika dalah kula tumut kodheng, dene pun Warga dipun purih ngupadosi, 1 tiyang ingkang gegriya, tebihipun 150 cengkal saking pangecapan Jurumartani, naming boten dipun genahaken prenah ler kidulipun upami badhe nglampahi kados pundi, temtu ewet anggenipun jujug wah mawi dipun

ken ngraosaken ing cangkrimanipun yoganing ken rarasdriya, ingkang sampun tumrap ing Jurumartani, sekar Dhandhangendhis punika malih sageda ngraos watawis sanesipun ingkang gadhah cangkriman piyambak kados boten saget.

Ing mangke rehning pun Warga dereng dhateng kula anyelani sesamen lengggah, ngiras anyuwun barkah dhumateng kyai Jati, menggah tiyang, geng tumprang sae sekawanan wonten rincangipun pothengan ugi remeh kimawon ingkang kula suwunaken jarwa, ing ngandhap punika.

1 bab kados tiyang yen lali, punika, elingipun dhateng pundi, utawi yen sampun eling, pun lali, manggen dhateng pundi. 2 ingkang dipun wastani ngilmu kothong punika ingkang pundi dunungipun sampun namung thel punika, pitaken kula boten anjenglong temen saking bodho kula.

Katandhan Odhermudhapunggung.

=====

Jurumartani ingkang medal kemis kaping 20 Mei 1869 ongka 20 ingkang nama Dahwen anglairaken saking osiking manahipun bilih namung sapisan punika badhe gineman sakidhik akaliyan ingkang nama mas Ardasonya, punika andadosaken eraming manah kla sareng aningali pitembungan ingkang kados makaten wau, saking panginten kula ingkang nama ARdasonya kados badhe boten saged kumecap malih wonten ing Jurumartani, awit sampun anamtokaken badhe tampi wangsulan ingkang medal saking budi ARda sara niyatipun boten sumedya amangsuli malih, sanadyan anggadhana cipta badhe amangsuli dhumateng dahwen ingggih ugi kula anamtokaken manawi boten saged, sabab pandamelipun tembungan Dahwen sakalangkung saking wilet, kalayan malih Ardasonya boten saged nyandhak dhumateng sandining kajengipun dahwen ingkang kirang kosok wangslipun lasar katema asupados sampun ngantos kauningan ing ngulam lautan dening wilet pamunkiring kaniyatan rapet pandaliting budi sereng, awit saking dahat kasesanipun ing karsa enggalipun saged amangsuli dhumateng ARdasonya sampun ngantos kawon brangasaning budinipun lasar saweg miyos kemawon saking Dahana awaning surya kendhel ingkang sampun santuna malaukas, punapa dene wangunipun kados boten kawon waskitha tuwin tanggap rikating pan-yandhak ingkang ngantos kasupen dhateng pitekbunganipun piyambak, mila pamuji kula dhumateng ing ngatasipun ingkang kawaswa aganjara santun nama kaping tiga engkas kados ingkang sampun kalampaahan punika, supados andadosna wewah pngresulaning manahipun, malah sawarniningnama ingkang dereng kaangge ing titiyang prayogi kaparingaken dhumateng Dahwen sadaya, supados Ardasonya sampun ngantos uman santunipun ing nama. Ing wasana pangajeng-ajeng kula dhateng Dahwen amangsulana malih dhumateng ARdasonya sampun ngantos pedhot pedhot ngan-tosa pikantukipun wangsulan saking ARdasonya wau ingkang kawastanan ambek brangasan ingkang badhe kalindhuh dening Dahwen.

Kaping 24 Mei 1869

Katandhan Demang Puspawilapa.

=====

Saking panginten kula pak Nuning punika punika enggal lami badhe anemahi sumek jamanipun awit saking remenipun anandukaken tembung saru dhateng kang sami anama Prawira (destun yen dheweke iku pinunjula).

Pak Nuning, jengandika punika tiyang pinter, muwang wayangan sampeyan piyambak lo kang mastani pinter, kendel sarta kirang dugi-dugi, sugih kawruh pating talecetk, lepas ing budi ingkang angembahi awoning cacad sampeyan punapa malih julig ngupaya mungsuh.

Ngelmu palak tuwin paramasastra pas lontang ranting, amargi jengandika damel anyabeti mas Grenteng tuwin masn Canggeh Tiron.

Sanadyan kula rumaos boten wigih pisan-pisan dhateng kawasisan jengandika, sara kadugi angaben ngelmu palak tuwin paramasastra punapa dene sami anandhing kawruh sanesipun akaliyan jengandika, ewadene kula rumaos ajrih dhateng jengandika, karana jengandika punika remen angengakaken lathi ingkang amargi kadedel ing swara saru, kados ta sampeyan ngandika katapuk lathi ingkang sampeyan ngantos mewek, punika pitembungan punapa rak tembungipun tiyang nistha, althi katapuk ngantos mewek punika pitembungan punapa, limrahipun lathi katapuk ngantos mencos, sampun katanggalan luwung sampeyan ngandikaha, lathi katapuk ngantos benjt utawi ngantos pin-cang, lah punika para cobolo sami badhe bingah ing manah. Anggen jengandika angaku pinter paramasastra punika tanpa deya, awit sasetatan jengandika kathah kang teksih pelo, sarta tembung jengandika katahah kang amratandhani, yen jengandika punika amutatuli, angayah miyah emek emekan kados ta panyerat jengandika tembung.

anyepak leresipun anyepak

Kasugihaning wani leresipun kasughihaning kawanen

Wangsulan leresipun wangsulan

karugiyan leresipun karugen

Paukuman leresipun paukuman

Amendel leresipun amendel

Yahbek saking wancahipun iya ambek leresipun yambek

nangi limrahipun nangi

Aturi leresipun aturi

swantenipun leresipun swaranipun bocahangon mongsa weruh
akramaning tembung swara

Kaewah leresipun kaewahan

kakathahan perlu leresipun kakathahen prelu

Lah mara budiya saiki, mumbula ing tawang pisan leganing ngatiku, ning mangke pak Nuning kula peksa angakeni ing kalepatane, yen jengandika meksa amalang kadhak amasthi jengandika kenging dipun sebutaken gagambening tiyang cariwis oabgahebg-ajeng kula boten langkung amung lathi jengandika mugi kinunciya ing sabar eling, darapon sirna cacvad miyah balentonging sarira jengandika, awit boten jengandika piyam-

bak ingkang sugih tembung saru, para bongsa nistha ingggih
ugi sampun sami kadunungan ing pitembungan saru wau.

=====

Ongka 22, Kemis kaping 3 Juni 1869

Tuwan L.N.Longkring ing Surakarta gadhah kestul Repolper mawi
welah salikur, dados saged mungel kaping selikur angiseni
sapisan mawi patrumainipun, sanjata panganten alit kalih iji
sakalangkung saenipun, tuwin lisah odhur, mahatan saking
balangilang punika panunggilanipun sekar malathi, menggah
kestul sanjata tuwin lisah odhur wau badhe kawade, pangaosi-
pun murwat saha bayar kenceng . 16 Katandhan L.N. Longkring.

=====

Serat pakabaran saking tanah Amerikah anyariyosaken kados
ingkang kasebut ing ngandhap punika.

Dereng lami ing tanah Amerikah pulisi anyepeng tiyang durjana
taksih nem, ananging sakalngkung juligipun, sateng tiyang
durjana neneman wau kabekta dhateng kunjaran pambektanipun
katujpkaken ing kareta, pulisi katingal ngantuk wonten
salebetung kareta, nunten tiyang durjana amendhet gebyas isi
jampi ingkang gadhah daya adamel tilem kapatos dhateng ti-
yang, gebyas wau sasampunipun kabikak sumepelipun lajeng
kadekekaken sangandhaping irungipun pulisi, kadadosanipun
pulisi lajeng tilem kapatos, kala smanten sasampunipun
amendheti barangipun pulisi tiyang durjana mancolot saking
kareta, lumajeng lajeng ical boten kantenan purugipun.

=====

Dereng lami ing Setambul wonten tiyang durjana kapatrapan
paukuman pejah, dene ingkang kaukum pejah punika tiyang islam
anama Asan dosanipun antawis kawanwelas dinten saderengipun
kaukum pejah tiyang durjana wau anyolong barangipun tiyang
estri ingkang lajeng kapejahan, mengggah angggenipun anyolong
barang wau ing wanci siyang, tiyang durjana lumebet ing griya
panuju tiyang estri punika wonten ing griya piyambak, sasam-
punipun amejahi dhateng tiyang estri wau, tiyang durjana
lajeng amendheti barang ingkang wonten salebetung griya
sadaya, kala samanten kapanujon pulisi sumerep dhateng kadur-
jananipun ing sanalika tiyang durjana angakeni dosanipun,
wiwit kala samanten tiyang durjana boten saged angoncati
paukumanipun pejah, ananging awit saking adat wawatonipun
nagari ing Setambul bilih wonten tiyang kapatrapan paukuman
pejah, punika paukumanipun boten kapratelakken dhateng
ingkang badhe kaukum saderengipun dumugi ing dinten panindak-
ing paukuman, sarehning kala samanten boten saged angsal
mondaraka ingkang badhe anglampahaken paukuman wau kalayan
epahan sakedhik, dados panindakipun ukuman punika kaunduraken
ing dintenipun, wonten tiyang ingkang purun anglampahi pada-
melanipun mondaraka, ananging boten katampenm amargi saking
kakathahen ing panedhanipun epahan, salajengipun pulisi
ingkang purun anindakaken paukuman pejah wau, kalampahan
pulisi ing wanci enjing ananjangi dhateng tiyang ingkang
badhe kaukum pejah, bilih piyambakipun badhe kabekta dhateng
tanah sanesipun minongka paukumanipun kabucal wonten ing
ngriku, kala pulisi dhateng ing kunjaran badhe ambekta pasak-

itan, punika pasakitan panuju taksih tilem, ananging lajeng kagugah kemawon, sareng pambektanipun pasakitan sampaun dumugi ing satunggiling panggenan, ingkang sampaun kapilih rumiyin badhe anindakaken paukuman pejah wonten ing ngriku, pasakitan lajeng badhe kajiret gulunipun, sanadyan pasakitan sampaun kabesta, ewadenten saged anglawan, supados sampaun ngantos kenging kajiret gulunipun, panglawanipun wau ngantos sawatawis menut dangunipun, sarta abengok-bengok, kalampahan andadosaken kathahing titiyang ingknag sami aningali, wekasani-pun kenging kajiret gulunipun, lajeng kagantung wonten korining griyanipun jagal, ing ngriku pasakitan lajeng pejah.

=====

Pakabaran tuwin lalampahan ingkang aeng-aeng saking pundi-pundi.

Menggah pasamuwan ageng ing Batawi minongka pangemut-emut wiwiting pangerehipun tanah Nederlan dhateng tanah Nederlan Indhiya, punika katedhakakan ing Kangjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Mangkunagara, tuwin pangeran ing kasunanan sawatawis.

Kanjeng Tuwan Seteimen Residhen ing Pakalongan awit saking gerah kalilalan pamit dhateng ing nagari Walandi, laminipun kalih taun.

Saradhadhu anama Saridin ing Surabaya, sampaun kapatraan paukumanipun, katingalaken ing ngakathah wonten sangandhaping pagantungan, dangunipun satengah jam, sarta kabucal katrapaken ing padamelan paksa mawi karante, laminipun kalih dasa taun, menggah dosanipun saradhadhu wau amejahi semahipun ingkang konangan anggenipun lampah ngiwa.

Ing Bogor tiyang kecalan jam kandhutan pethakan, mawi tondha nama We Ye Ber, ongl 3086, sinten ingkang manggih jam kandhutan punika, saha amangsulaken dhateng ingkang gadhah, wah saged anedahaken ingkang mendhet badhe angsal ganjaran 500 rupiyah, ananging bab ganjaran wau boten kapratelakaken sinten ingkang badhe ambayar.

Menggah ingkang kasebut wonten serat pakabaran saking Batawi, ing Samarang salaminipun kathah titiyang jawi sakit, kacawisan dhokter jawi kathahipun 14 iji.

Ing griya panggenan wade inuman ing tanah Amerikah saben dinten kasadhiyanan kareta satunggil, supados kareta punika kenginga kadamel ambekta mantuk dhateng para tamunipun ingkang sampaun sami mendem, pranata makaten punika sakalang-kung prayogi, awit amayaraken ing padamelanipun pulisi.

Ing Magelang badhe kadekekan wangan toya, ingkang badhe saged angelebi siti wiyaripun watawis 600 bau, amesthi kemawon siti wau lajeng kadadosaken sabin, menggah wragading pandamelipun wangan punika, kamurwat amung 5000 rupiyah, dene lepen wau kadhudhukan saking lepen Bolong, kalampahaken dhateng lepen elo medal ing dhusun Sidatp, tuwin dhusun Menawa, dumugi ing nagari Magelang, saking ngriku lajeng lumampah dhateng ing dhusun Truman tuwin Karanggan, wiyaring wangan 12 kaki, panjingipun nem pal.

Tiyang ingkang gadhah pangraos pakewed aningali titiyang jawi, anyambut damel sanesipun anananem tuwin nyambut damel dhateng Patoman Kopen sapanunggilanipun ingkang pamedalipun kagrimi dhateng tanah Eropah, punika gadhah pamrayogi kasebut wonten ing serat pakabaran saking Surabaya, para tiyang jawi ingkang sampun kaawisan angaben sawung, mugi kaawisan pisan anggenipun angulukaken peksi dara, awit tiyang angulungkaken peksi dara punika ingggih ugi saged totohan, tiyang ingkang gadhah pamrayogi punika kenging kawastanan sami kados Ardasonya, manawi boten sam kaliyan Ardasonya, inggih mesthi sami kaliyan sadherekipun ingkang nama Demang pusyawilapa, bokmanawi nama kalih punika tiyangipun namung satunggil, ingkang nama pusyawilapa saestu gadhah panginten badhe adamel napsu kula, awit saking saseratanipun ingkang sepen ing suraos, punika boten makaten, maolah andadosaken wewah pamuring muringipun Ardasonya, sanadyana pun pusyawilapa medal ing jurit amurinani ardasonya, ewadenten piyambakipun amastani cobolo dhateng ARdasonya, amargi saking anggenipun amratelakken bilih pitembungan kula sakalangkung wilet, put Ardasonya boten saged anyandhak dhateng sandining pikajenganipun dhasar katemaha, supados sampun ngantos kauningan ing ulam saganten, manawi makaten pun Arfasonya punika ulam saganten, awit piyambakipun boten mangretos pitembungan kula, kula inggih amung andum sokur kemawon.

Puspa Wilapa amumuji dhateng ingkang kuwasa, mugi anganjara santun nama kaping tiga engkas kados ingkang sampun kaaampahan, manawi makaten pun pusyawilapa gadhah panggrayangan dhateng kula, bilih kula punika asring asantun nama, o bok sampun mawi tedheng aling-aling, manawi sampeyan pancen purun, suwawi kula aturi anggenanaken nama kula, ing mangke kula inggih amumuhi, mugi sakathahing nama ingkang dereng utawi ingkang sampun kaangge ing titiyang, sadaya punika kaangge ya dhateng pusyawilapa, supados sakathahing nama wau sageda adamel lema dhateng piyambakipun, ananging pusyawilapa sampun ngantos supe dhateng ARdasonya, anyukani panduman nama dhateng piyambakipun.

Kula kapurih anyerat wangulan dhateng Ardasonya sampun pedhot-pedhot, ngantos pikantuk wangulan saking Ardasonya wau, punika kula mopo, awit kula taksih gadhah garapan saensipun ingkang langkung prayogi katimbang udur kaliyan tiyang cobolo utawi kaliyan ulam saganten kados ingkang nama Ardasonya.

Pusyawilapa sampeyan kula emutaken, ing sapawingk8ngipun sampun ngantos purun purun malih, amacak seat wonten ing Jurumartani, awit sampeyan kula manah taksih cotho sanget dhateng kasusastran, sanadyanna kula kadugi angladosi ing pembudi sampeyan, ewadenten kula badhe boten purun adamel kebakting Jurumartani kala wangulan dahteng sampeyan, amargi Jurumartani punika pamrihipun kadamel anggelaraken saseratan ingkang wonten pigunanipun, mila ing mangke sampeyan kula wastani taksih kantun sanget kaliyan ingkang nama Atmadikara

ing bab kasusastran, awit seratipun ingkang sampun kapacak ing Jurumartani kalebet wonten pigunanipun.

Wasana kula badhe apratela sakedhik teng sampeyan bab raraosaning tiyang kathah, bilih prakawis santun nama kados ingkang sampun kapacak ing Jurumartani, punika ing mangke katedhak ing tembung Walandi, sarta kapacak ing sarat pakabarann saking Surabaya, dene ungelipun tatedhakan wau makaten: Kanjeng Raden Adipati ing Surakarta karsa anyantuni namanipun priyantun sawatawis ingkang sami kabawahaken malah wonten priyantun sawatawis ingkang mentas santunananan malajeng kasantunananan nama malih, pangraos kula para priyantun punika luwung kaparingana wewahing tatedhan, katimbang kaliyan kaparingan aneh-anehan.

Lo punika kados pundi kok mawi anyebutaken, kaparingan wewah ing tatedhan, manawi makaten para priyantun wau kaupamekaken lembu grobagan, mila manawi sampeyan dados panunggilanipun para priyantun ingkang sampun sami angsal nama enggal, saestu inggih ugi kenging kawastanan dados lembu gorongan ingkang ageng tuwin lema.

Saking pawartosipun Raden Mas Sunita, putranipun panggulung Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Mangkunagara, ing mangke sampun kajumenengaken dados Pangeran Prabu Ariya Prangwadana. Dahwen.

=====

Saking pawetosipun kyai kang selak ngriku, nalika wulan dulkangidah Jimawal 1797, kapengker punika, dinten tuwin tanggal kasupen wanci ngandhaping ngasar, wonten baledheng nyamber wit Kelapa, tirisan ing dhusun Ngijo kadhestrikan Pandhes ing kabupaten Bantul Ngayogyakarta. Wau glap andadosaken eraming ngakathah, awit gelap punika adat yen nyamber boten tilar brama, sareng glap ing dhusun Ngijo mangi suka titilaran brama murup wonten tapas tlasing tapas mrambat dhateng mancung, gudhanging baledheng tiyang ngriku sami mespaosaken ingkang kumebul wonten ingkang celak papah klapa tuyang sami mestani ugi yen brama, kadugi wau brama dede brama sangking akaling tyang, kateksir brama saking titilaranipun baledheng ingkang mentas mungel wau, satunggiling tyang ragi gungon tuhon suka retos dhatengtyang Ngijo sami wektu punika, kapurih meja ing brama, sangking bramani-pun lami, ingkang sampun kaangge sedangonipun wonten ing ngriku, kapurih nganggeya brama sangking glap baledheng wau, Kaamper-empreng, ing tembe tanah ngriku badhe kalis dening baledheng dene brama sapunika wradining ngriku, sami kaangge ing kathah, kados penganggenipun brama lami dhusun Ngijo.

Kawontenanipun jawah ngayogyakarta amiing tanah ler nagari kepara kathah, memper tiananipun jawah sangking tanah kedhu, ila mila lepen ingkang sangking ler nagari mili mangidul lebet nagari sapengiduljawah boten deres anaming lepen sami banjir, yen ta jurukretek tuwin juru bendung, sampuna jagi leres dhateng kagungan dalem bendungan tuwin kareteng bokbilih wau kretek tuwin jawahan kaempuh dene toya ageng, tamtu

andadosaken pitunaning nagri.

21 Mei 1896 pun Madyasastra saos tabe pakurmat akathah-kat-hah, katur panjenenganipun tuwan Jaspres saha tuwan ingkang ngarang Jurumartani sedaya kula pun Madyasastra.

=====

Kala ing dinten Setu Wage enjing tanggal kaping 29 Mei ing Ngayogyakarta, wonten titingalan ingkang saklangkung gigi-risi.

Sampun awit jam 5 enjing ing ngalun-alun kathah titiyang sami klepakan badhe aningali titingalan wau, sanggsaya terang sangking kathah para tiyang ingkang dhateng salong wonten ingkang mawi kreta, bendi, utawi kapalan.

Para bayaita militer, utawi kasultanan saha Pakualaman sami sumeta wonten ing ngalun-alun ugi.

Sareng jam 6 langkung, wonten ingkang katingal dhateng malih, nanging salong satwi pethak penganggenipun mawi dipun sumpingi sekar mlathi sarta kanthil saha kabayang dening dadamel, kathahipun ingkang warni pethak 6 iji, inggih punika benggolipun durjana, ingkang sampun angecu ing dhusun kamijara, siti tebasanipun tuwan Seneng, saingga amejahi upsinderipun ingkang nama tuwan Dhom, dene ingkang, Ya, sami kancanipun angecu.

Ing madyaning ngringin Sengkeran kadekekan tarub ungganing para priyangung leleresan, sareng jam satengah pitu sami rawuh, nunten amanggen tiron angajrih-ajirihi, sabab sami anindakaken dayaning angger, awit saking karsaning kang agung kanjeng tuwan ingkang wicaksana Gurnadur Jenderal ingkang jumeneng wawakiling sang aprabu mahraja ing Nederlan.

Para durjana Jendral adegitipun mawi kareksa dening dadamel boten dangu nunten serat karampungan kawaos, ijowanipun amratelakaken pitadosanipun para durjana, mawi kaperang-perang, saha kagelaraken bilih badhe kapatrapan paukuman kisas sarana kagantung.

Abdi dalem pandhe, Mratalulut Singanagara saha siman sami sumahab tumameng ing ngabyantaruning priyangung leleresan.

Saksana kapirekeng tatembungan makaten, kaadilan saking asmane sang arabu kang maha gung srinarendra ing Nederlan.

Samanten para punggawa ageng alit sami jumeneng, salong bukak topi, para bayaita amandhi sanjata utawi medhangipun, minong-ka kormat dhateng ratu.

Nunten para durjana ingkang 6 kainggahaken ing pagantungan nyatunggil nyatunggil saingga nenem pisan.

Sasampunipun nunten para durjana ingkang 9 kawasesa sarana kinalungan wesi badhe kabucal saking nusajawi laminipun 20 taun.

Para tiyang ingkang sami aningali kathah ingkang wangsl boten kejem utawi boten kaconggah, salong biyas tan gadhah bawa.

Kekencenganing adil makaten punika, badhe dangu anentremaken kagungan dalem praja, sabab kaupamekaken kaca ageng, prayogi kasumerepan dening sinten sintena ingkang pinuju malbeng

wisaya, kaconggaha amegak ing budi awanipun ingkang juti.
Ngayogyakartadiningrat ping 30 maret 1869. Katandhan Se Ef
Pe.

Ing samangke kula sampunnantokaken bilih pun Canggeh Tiron
punika ewonipun tiyang sosongaran boten anetep ing kautameni-
pun, awit kagendeng ing budi gemblung.

Mas Canggeh sampeyan yah behkurdha, mencak angerik-erikmung
jalaran saking tipising kendhanganing karna jengandika,
nanging kirang titi panupiksa sampeyan dhateng ing serat
kula.

E, bokmanawi sampeyan saweg gerah jele mila lajeng katawis
boten saronta lajeng anyandhak kalam sarta karoban ing budi
panas baranan sanajan dereng gadhah wangsulan ingkang patitis
ugi lajeng mangsuli agedhabyah, dalah ingkang boten kalebet
serat kula dhateng sampeyan inggih sampeyan cangking.

Saking bakperes jengandika, sarta saking kasugihan sampeyan
kawruh, ingkang kula kinten boten angungkuli panjanging
garana sampeyan mila jengandika satengah nantang purun
atandhing kawruh kaliyankula, bab punika kula inggih boten-
maiben sarta sampeyan punika sugiha kawruh ingkang badhe
boten dipun mangertosi ing tiyang kathah, inggih boten mokal,
ananging pangandika sampeyan ingkang makaten punika punapa
sayaktos tuwin mantep, lah yen dhasar badhe tanggon kula
aturi ingkang prayitna tuwin ingkang santosa wawaton jengan-
dika, sabab kula badhe boten mundur sacengkang mengo sagod-
hong pari, angaben kawruh kaliyan jengandika, ya, Allah iba
gendhunge, supama bisa angelu palak temenan bobote rada
dhenger paramasasstra bae, angepe gemudhig kirik.

Saseratan kula sampeyan wastani pelo, punika inggih memper
yen jengandika ingkang maos inggih bokmanawi lathi sampeyan
sampun mewek sayaktos.

Sampeyan amanceni anggen kula nyerat makaten: yah bek, lo
punika sampyn tetela ing lepatipun punapa namung baliwur awit
kabalabur ing budi sereng, iyah ora jamak pinter rekyta itiron
iku, nanging mugi kauningana mas tembung yahbek punika wan-
cahanipun tembung: yah, tegesipun rupa, kaliyan tembung, bek
saking ambek dene yen sampeyan wastani saking iya
ambek, punika beda suraosipun kaliyan pikajengan kula, dene
yen sampeyan kirang marem suwawi sampeyan mriksani ing serat
Bausastra jawi, ing ngriku sampeyan badhe kacolok ing tem-
bung: yah, ingkang ngantos rembes.

Dene anggen kula amberakaken pasangan: la, sasaminipun punika
jalaran saking kirang titi panyerat kula, (inggih saking
karsaning sangkodrat) pratandhanipun panyerat kula boten
saben kados makaten, ingkang kados makaten wau ingggih namung
satunggal kalih, nanging ing ngatasaiipun tiyang culuk inggih
kaanggep kalepatan.

E, kula teka radi kasupen sapunika jengandika punapa sampun
dhamang dhateng tanggap: ka
Sampun watekipun pun Kewusnedar, boten kenging binreg purun

tuwin dipun ajrih-ajrihi kadilare salamenipun dereng nate gingsir den sumberi, tuwin boten ajrihing wayanganing tiyang cubluk, ing sarehning sampeyan badhe boten wigih pisan pisan yen tandhinga kawruh kaliyan kula, mila samangke sampeyan kula aturi ngongalaken dhadha jandika kula jojohing elmi palak, e, ki sanak di tanggon sampun gumingsir, mila elmi palak ingkang kuola rumiyinaken sabab punika boten patos pakewed tuwin sarukadamel maesi serat pawarti.

- A. Tiyang marsudi palak punapa ingkang kedahdipun sumerepi rumiyin.
- B. Wujudipun bumi kados punapa
- C. Punapa pertandhanipun
- D. Gelaring bumi pinten mil pasagi tuwin wawratipun sapintin.
- E. Surya, condra tuwin kartika punapa sayaktos lumampah
- F. Punapa pertandho tuwin sababpipun.
- G. GRahana surya tuwin wulan jalaran saking punapa(Sampun sampeyan jawab katedha buta)
- H. Punapa temen surya punika grahana (sampun sampeyan jawab katedha buta)
- I. Pertandhanipun punapa
- K. Dhawah ing grahana surya tuwin wulan pinuju wulan punapa.

Bab punika taksih badhe wonten cindhakipun.

Suwawi kisanak sampun calelang saleleng diri katyukaning katrangan kula boten pisan anepus yen sampeyan boten saged anyukani katrangan yen sampeyan saged mongka boten karsa amedharaken kikiyas wau masthi badhe boten kaandel dhateng para sarjana, sarta sampeyan anetepai ujaring paribasan (wong gemblung angaku bangkit pamrih emung arep angunggulake awake sarta yen oleh piwulanging liyan, piwulang mau dibeki duweke dhewe.

Dalapa kaping 28 Mei 1869 Pak Nuning.

=====

Ongka 23, 10 Juni 1869

Para priyantun ingkang taksi gadhah sambutan dhateng kantor lelang ing Surakarta kala ing wulan Pebruwari 1869 ing mangke sami kaemutaken, ambayara sambutan wau saderengipun utawi satelasing wulan Juni punika, manawi boten angleksanani ing pambayaripun wau, badhe katagih medal saking panguwasaning parenteh.

Surakarta kaping 1 Juni 1869

Katandhan dening ingkang ngwasani kantor lelang.

Tuwan Bosower.

=====

6 Apogel

Tukang gambar ing Mangkunegaran balapan saga gambar para priyantun sapanunggilanipun awit saking sakmrica ngantos sakaki agengipun. 16

Tuwan Kunas ing Surakarta prenah ing peken Kaliwon, angaturi uninga dhumateng para priyantun bilih mentas anampeni dagan-gan warni-warni, kadosta, sutra lurik warni, ijem biru, sarta wungu, bara jene sayektos bulyan sarta alit rinda jene, lissah wangi, warni lapendel abrit lisah rus lisah rambut pidih, sabun wangi warni-warni, sabun cukur, toya cacap anyemengaken rambut pedhak walandi kawaduhan wonten ing dhus setrap mawar, asem jeruk prambus amandhel sebat sarta panili, pait warni-warni, wowohan sart setup saking nagari Walandi, kawaduhan ing lodhongan pethak penmes Ingris tesmak mawi waduh, sitit sepuder ing dhus pinkilter jampi sakit rosrosan sarta kolera, balasem sepermaseti jampi watuk seskamser jampi pileg gwaranah jampi puyengm, kreosoot jampi sakit waja plester Inggris jampi koreng, prabot sanjata, pipa karet sarta sanesipun barang warni-warni sarta sae-sae. Reganipun barang wau sadaya badhe kasuda bilih amundhut mawi bayar kenceng.

Katandhan Tuwan A. Kunas.

=====

Pawartos warni-warni

Serat pakabaran saking Surabaya anyariyosaken, manawi kanjeng tuwan residhen ing Kediri sampun anuwun pamit kalih taun dhateng nagari Walandi, saha karsa angeglang kagunganipun barang benjing tanggal kaping 11 tuwin kaping 12 wulan Juni punika, punapa malih kanjeng tuwan residhen wau badhe tindak dhateng Surabaya benjing tanggal kaping 14 inggih ugi wulan Juni punika.

=====

Saking pakabaran Bupati ing Blitar, awit saking panuwunipun piyambak ing mangke sampun kaundur saking kalenggahanipun mawi kaparingan pensiyun, punapa malih bupati ing Blitar wau gadhah panuwun, mugi kanjeng Gupremen kagungan karsa anggen-tosaken dados bupati ing Blitar putranipun mantu anama RAden Ngabei WArsakusuma.

=====

Kanjeng tuwan Asisten REsidhen Laging Tobiyas kala tindakipun saking Sintang tanah Borneyo sampun anampeni rumaketing galihipun para pangageng ing tanah ngriku, kanjeng Raden Adipati ing Sintang kaliyan putranipun raja ing Salimbaou awit saking karsanipun para raja ing Sintang anyukani bintang mas mawi pojokan sanga dadamelan ing tanah Sintang, tuwin rante mas satunggil dhateng kanjeng tuwan Asisten Residhen wau, dene waweratipun bintang kanjeng tuwan Asisten Residhen wau, dene wawratipun bintang kaliyan rante mas punika sa pon Nederlan, sarta ing sisih ing bintang ingkang satunggil mawi serat tatembung malajeng, ungelipun makaten: Minongka katondha pangemut-emutipun para raja ing tanah Sintang dhateng Kanjeng Tuwan Asisten Residhen Laging Tobiyas, ig sisih satunggilipun mungel taun 1284 tuwin 1286, dene saubengipun bitnang wonten ungeli-ungelanipun makaten: Piymbakipun ingkang kaganjar kuwasa dening Gusti Allah, amargi paparentahanipun wiled tuwin adil.

=====

Kala tanggal kaping 8 wulan Mei ingkang sampun kapengker, awit saking kathah ing jwah redi Cipicung bawah dhistrik Timbanganten kabupaten Bandhung punika jugrug, panjanging jugrugen 200 kandelipun 60 cakal, kalampahan wonten tiyang ingkang anama Raksajibja anemahi pejah, amargi saking kaurugan jugrugen redi wau, punapa malih pategilan ingkang wiyari-pun 17 bau saha pategilan kataneman sata dah dhapuran deling gunggung panjangipun 220 cengkal sami kaurugan sadaya.

=====

Ing nagari Turki sapunika titiyang wiwit sami rame rame jalanan badhe wonten pista ageng kirang tiga utawi kawan wulan laminipun, dados sumerep amidadareni, awit ingkang sinuwun kanjeng sultan ing Turki badhe anyupitaken ingkang putra anama Pangeran Yusup AsedhinApendhi, punapa malih ingkang sinuhun kanjeng sultan ing Turki wau badhe karsa sidhekah awarni barang suwek, kaparingaken dhateng para rare anakipun titiyang islam ingkang sami badhe abela, kathahipun ngantos ewon.

Anjawi saking pista punika kanjeng sultan ing Turki badhe karsa sidhekah malih tuwin paring jakat dhateng para tiyang kathah, ingkang szami dhateng ing pista wau, tuwin dhateng para tiyang miskin, menggah wragadipun pista, sidhekah tuwin jakat ingkang ngantos pinten-pinten dinten laminipun, punika kamuwat tigang yuta nem kathi rupiyah.

=====

Boten kadosa jengandika pak Nuning, baya badhe kalunta apaung, teka amastani dhateng kula tiyang sosongaran sara gadhah budi gemblung, pak Nuning lakanating jurumaartani, kula emih sampeyan wastani makaten.

Kula sampeyan senguh kirang titi panupiksa kula dhateng serat jengandika, awit kula kininten sakit jeleh, punika kalepat panyana sampeyan, kula boten watek kurang paniti, boten kadi

pak Nuning, si kuminter, kula aturinoleh griya.

Kapinteran kula sampeyan wastani boten angungkuli irung kula, sanajan cendhak: ananging ngungkuli kapinteran jengandika, pratandhanipun: ukara tuwin panyerat jengandika teksih sanget ketheripun, sadaya suwung, lemes-leres sarta bregas.

Jengandika goroh sarta manyunyang, teka purun purun amastani yen panyerat jengandika boten pelo, yen makaten: dados jengandika langkung jeleh saking kula: ka: sampun apratela, bilih panyerat sampeyan ewah kaliyan ingkang sampun awit ingkang samun kathah lepatipun, dados pangaken jengandika: kirang titi ing panyerat kula, inggih saking karsaning sang kodrat punika goroh.

Salajengipun jengandika goroh malih, teka angakeni yen lepat-ing panyerat jengandika amung satunggil kalih, lah punapa apratelan kula bab lepating panyerat sampeyan ngantos: 12, tembung ingkang jengandika jawab amung satungil, wah boten kaprah.

saupami ula mengsahan kaliyan tiyang ingkang sumjerep ing tatakrampi, sarta angenggeni taklim amasthi kula inggih tanggon, ananging sarehning jengadika tanpa pamekak lathi, dados kula ajrih bok bilih kataman tembung saru, ewadene sapisan punika kemawon lo, kula anjawab pitaken jengandika, amung katarik isin yen jengandika wastani Goroh.

A. Tiyang marsudi palak punika ingkang kedah dipun sumerepi rumiyin bab dhapur ageng lan ebahing bumi.

B. Wujuding bumi bunder, ananging boten kepleng, prandhanipun kadosta: 1. sarehning panunggilanipun bumi kadosta: surya, condra tuwin kartika punika sami katingal bunder, yen makaten bumi ing gih bunder, 2. Manawi tiyang numpak baita mangilen leres punika lami-lami dumugi ing panggenan kala angkatipun boten mawi karaos anekak-nekuk utawi onjag-anjog. 3. Manawi tiyang wonten ing saganten awit saganten langkung waradin tinimbang kaliyan dharat sarta aningali redi-redi tuwin tiyanging baita kapal saking katebiyan punika kang katingal rumiyin pucakipun awit ing bongkot kaaling-alingan pangkeluking bumi, 4. manawi grahana rembulan punika padhanging srengenge kaaling-alingan ing wayanganing bumi, boten saged dhawah ing rembulan dados wayanganing bumi katingal wonten ing rembulan katingal bunder, dene wayangan punika meh saben manut wujudipun kang gadhah wayangan, dados tetela yen bumi bunder.

Sampun mas punika kemawon cekap kadamel tondha yektinipun bundering bumi.

Kula boten jawab babpratondha boten sampurnanipun bundring bumi, awit jengandika boten pitaken, wah malih mindhak angbek-ngibeki papan Jurumartani.

D. Bumi kaperang dados 300 grad sagradipun wonten 15 mil, yen badhe sumerep gelaripun bumi 360×15 , kaping panjanging garis tengah ing bumi, dene panjanging garis tengahpunika wonten pitu para kalih likuripun garis kubeng.

E. Surya dereng kasumerepan lumampah tuwin botenipun condra

lumampah angubengi bumi, dene lintang wonten kang manggen wonten ingkang lumampah.

G.Grahana surya jalaran kalinganing soncra, inggih punika condra pinuju dumunung saantawisipun surya lan bumi, sarta pinuju nunggil sagaris, surya kengingipun kawastanan graha, amargi sampun komram sayektosipun bote makaten awit surya boten kalingan punapa-punapa, ananging sorotipun ingkang sumorot ing siti kaalingan ing rembulan, benten kalih graha-na condra.

K. dhawah ing grahana suryapinuju wulan sepuh, dene grahana condra ing wulan purnama.

Lah punika mas jawab kula ing pitaken sampeyan, ing mangke kula pitaken dhateng jengandika, kados ing ngandhap punika.

1 saben wanci anggagat enjing wonten sabawa kamirengan kumrusuk kados suraking lare, prenahipun saben dalu angalih, ing tembung jawi kawastanan rjal lolah, punika sajatosipun punapa. 2. Surya punika maujud punapa, teka benter sanget. 3. wonten lintang ingkang kumukus punika punapa. 4. wontenipun wujud punika saking kalempaking punapa. Sampun pak Nuning, serat kula punika enggal jengandika wangsuli, awit kula selak ngemadheyan dados jengnadika sampun boten badhe angsal wang-sulan malih saking Tiron tiron ambek welasan, yen jengandika boyo enjoh anjawab sual kula, amasti jengandika tetep gem-blung kapaung.

Jengandika yen angaken boten lamur punika goroh, awit tondha nama kula mungel tiron tiron ambek welasan teka jengandika ungelaken Canggeh tuwin Canggeh Tiron, lah pun Canggeh tuwin pun Canggeh tiron punika rak ingkang sampun ngucira kaliyan pun Gunawan. Lare kakalih punika teksih cubluk-cubluk mongsa puruna malih kaliyan gunawan pak Nuning kula aturi suryan ingkang dangu supados sampun ngantos emek-emekan.

kajawi punika kula enget wangsulan sampeyan dhateng mas Grentang, ing wekasan wonten sual sampeyan tigang glintir, ingkang kalih leres kalebet pupukung ngelmi palak ananging kang satunggil ungelipun makaten: Punapa sababipun manawi tiyang mireng sabawa ing wingkingipun mawi anolih em punapa punika ingggih pupukung ngelmi ing palak sambel goreng loho, lah punika rak panunggilanipun cangkriman ingkang ungelipun makaten: menga-mengowng samene sapa weruh.

Katandhan Tiron-Tiron ambekwelas badhe ngemadheyan.

Kula sampun anngali serat koran ingkang tumrap ongka 20, kemis kaping 20 taun 69 katandhan deninge Raden Bekel, Sumitra ingkang ngaken Kliling bekel ing negari Ngayogyakarta.

O den bekel wangsulan ingjengandika dhateng Raden ATmadikara ing negari Surakart, kayektosanipun jengandika rak badhe pitaken pembatang kados ing ngandhappuniqa.

1 bab tiyang nglindur,punika dene tilem saged wicantenan, punika ingkang gadhah wicanten sinten, lan kabekta sangking punapa:

2 bab, tiyang manjat sekarat, dene langkung sangking rekaos

punapanipun.

3, bab punapa kenging sarat sarana ambucal sakitipun sekaratipun, lah punapa ingkang ngicalaken punapa sakit wau.

4, bab tiyang pejah punika, punapa gingsir, yen gingsir dhateng pundi purugipun:

5. bab, yen botena gingsir saestu boten pejah lah punapa kula saged priksa jagat alit, sagedipun kados pundi:

Sru jengandika nyumanggakaken dhateng raden Atmadikara, mrih kabatanga, sarehning peneknira mawi ngaken sampun angsal wewaton ingkang saget 1 Jayengwesthi Mancingan, 2 Kyai Warga mila kula kedah anreggulang kang dados lampah sampeyan yen kapara yektos sampeyan kaparingan wewaton priyantun kekalih wau suwawi mundhut sangking ngelmi punapa; punapa sangking sarak punapa sangking kuwaleyean, sangking sarak utawi sangking kuwaleyean tansah dahat anajeng-ajeng katranganipun temunten: menawi ing tembe kula saged batang ingkang dados sual sampeyan wau punika sadaya, amin.

Anjawi saking punika kula eram sanget dene Sumitra saget amestani, yen tiyang manjat sekarat wau rekaos.

Lo yen makaten denten bekel sampun nate sekarat lajeng wang-sul, tondha den kliling purun purun angendalaken cariyos kados ing nginggil wau punika.

Katiti katandhan muride Jayengwesthi tuwin Kyai Warga kang mung gengan calaning sela lumbung pun tuk yukdi gunuk.

=====

Serat saha tabe pakurmatan kathah-kathah, katur panjenengani-pun tuwan ingkang ngarang Jurumartani nagari Surakarta Adiningrat.

Sasampunipun kadya punika: wiyosipun kula sampun maos Jurumartani ongka 18 katandhan dening Mas Dahwen tanapi juru ongka 20 tinengran dening ki sanak Sabdestu sami wulan Mei 1869 gancanging criyos juru kekalih wau saos pengalembana saha ngungun, dhumateng kanjeng tuwan Ye Pe Sutelip Residhen nagari Dalem`ing Surakarta Adiningrat kawael saking kanjeng gupremen liya sangkng penika mila estu dening persaja, sedaya ingkang kawratJurumartani ongka 18-20 bab pengalembananipun dhateng kanjeng tuwan residhen wau, anjawi pesthi mila temen mijil sakng lembana suci, boten liya amung satuhonipun kemawon mila ta kula dakwa ingkang sumanten: nalika jumeneng asisten residhen wonten nagari dalem Ngayogyakarta 8:9 taun sasumerep kula boten nate, ngrengataken penggalihipun para priyantun ageng, tenapi alit sedaya,punapa dene dhateng abdi dalem alit sarta dhateng bongsa ngabongsa, mandar aparing seneng tenapi bayu ambayoni nggenipun sami budi pengupajiwa, ngladosi kersanipun nagaro, o, boten kadosa ingkang among titah, wusana puji kula boten lintang dhateng kanjeng tuwan wau amung tinebina pitung buwana; sangking karentengan rinaketna kadya mimilan mintuna dhuamteng mulyarja, e mugi mugi sampun dangu, kanjeng gupremen aparing asih malih, langkung anglangkungi kados ingkang wau, Katandhan pun Madyasastra.

=====

Kabar aneh

Ing salebetipun dhistrik Kranggon, kabupatosan TEgil, wonten satunggal lare jaler wasta K, ing dhusun K, lare wau saweg ngumur 10 taun, saking lait mila kejaleranipun manggen sangandhaping pandhungan, dados pandhunganipun wonten sanging-giling kejaleran, utawi kawestanan kuwalik. Sarta wonten malih lare jaler nami T, ing dhusun Tegal wangi, saweg umur 9 taun, plandhunganipun sakalangkung ageng, kenging kabasakaken selang sebat kalayan agengipun krambil, saupami kangge leng-gah boten patos rekaos, sabab prijilaningplandhungan wau, malebet ing weteng, ananging manawi kangge lumampah utawi ngadeg sakelangkung sanget rekaosipun, kranten wau prijilan lajeng medal.

Rapati tiyang alit ign salebetipun bagiyan tegil saweg sami awit mendheti pantun ing sabin, kranten sapuniwa saweg mong-sanipu tiyang panen rame. Kathah para tiyang moncanagari sami dhateng andon muguti pantun.

Sanget sanget suka pirenaning tyas anvam debe jyka tejsug saget amenangi, saseratanipun priyantun kekalih, 1 Ngabei Sastrakarya, w Karmituhu, ing negari Surakarta ingkang tumrap Jurumartani ongka 19 ing ngriku nyariyosaken uduripun Raden Tumenggung, Patih ing Pakualaman negari Ngayugya, kendelipun wau boten wonten perkawisipun punapa-punapa, amung saking sampun sak wentawis umur 57 taun rumaos kathah kacingkranganipun gene ngladosi kanjeng gusti, jrih menawi kuciwa, angge-nipun angempakaken paprentahan, bokmanawi manggih sangsara lepat, o, mas saking pamundhi kula ingggih sek langkung lakung, kasigihyan sanget dene rade tumenggung patih kagan-gan penggalih mekaten, nyalangi sak derengipun kentung, upami kantos saka rumiyinan rakmining kanjeng gusti, ibata runtag-ing galihipun kyai Patih, punika saking panimbang kula, kenging kadamel pangongla, karnalaning para satiya, ing negari Ngayugyakarta sadya, dene ruwiteng alit, tega dhateng kalenggahanipun.

2 bab nyariyosaken yen bendara raden tumenggung ARya Gondaat-maja, karsa miyos dhateng negari Batawiyah, sarwi ngampil lelangen besan, wonten tiyang 0 iji, punika ibata, bingahipun para tiyang ing negari Batawiyah, menawi ningali besan wau, inggih senajan tiyang betawi dereng sumerep cara caraipun besa wau, tiyang sampun kasusra kajana priya.

Yen kawagedaniun raden ARya, angukuli Kyang Sabuwona sadaya, inggh punika ngger ingkang badhe jumeneng Kartabasa, Batawi ping 20 Mei 1869

Katandhan Gondasuna

Kula sakedhik angaturake serat dhumateng panjenenganipun tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani, ing nagari Surakarta:

Awit kula sampun sawatawis kerep maos ing panjurungipun satunggal raden ARmadikara, kalih Kyai WArga, tiga Radn Mas Bekel Sumitra, ingkang sami nyuraos patraping kaelikan unika

sangking anuwun kula sampun sami anglajengaken pyayi tetiga
wau ing wekasan tanpa wusana aluhung sami ya galih among tani
mugen ing panggalih tur ayeman terkadhang angsal kasenengan
menawi angenipun sesabin medal kang sarta tulus, boten mawi
katedha mendhak: o, den namun pangati dhumateng garwa sutu,
tur kenging katedha kaliyan eca ing panggalih.

Ngayugya Mancingan parangwedang Kula pun Kramadrona.

=====

Ongka 24, 17 Juni 1869

Benjing ing dinten Rebo tanggal kaping 23 Juni punika ing wanci pukul wolu sonten badhe wonten komedhi ingkang kanama-kaken kados ingkang kasebut ing ngandhap punika.

1 seling serep, 2 Tiyang Prasman ingkang amratelakaken tris-nanipun dhateng nonah Inggris. 3 Topining tukang Orloji.

Menggah lalampahanipun komedhi wau badhe kawradinaken benjing rebo ing ngajeng punika.

=====

Pawartos warni-warni

Tiyang estri anama Anjasmara amratelakaken wonten ing serat pakabaran Salompret malajeng, bab cuwaning manahipun awit saking aningali titiyang estri semahipun para priyantun ing wanasaba, sami boten kalilan saha kaawisan sanget angangge songsongipun ingkang jaler, mawi kapratelakaken bilih para semahipun priyantun wau boten lumados ing damel dhateng nagari.

Para tiyang estri wau sami angupados serep, punapa songsong punika wontenipun asareng kaliyan setatblad punika nami mangangge sandhangan ingkang sakalangkung sae, sarta angajengaken sosongipun supados sageeda sanes kaliyan nyai-nyai utawi ringgit ingkang sami lumampah wonten ing margi ageng, mila makaten para nyai nyai tuwin ringgit asring kemawon kapandung ing tityang ingkang sami langkung wonten ing margi ageng wau, kadadodsanipun para semah ing priyantun punika sami rengu ing nitya manawi kapandeng ing tiyang.

Ing mangke tuwan ingkang ngarang serat pakabaran asuka pirembag dhateng para semah ing priyantun wau, sampun purun-purun kesahan manawi boten asarengan kaliyan ingkang jaler.

=====

Mariyem aneh, tiyang jawi ingkang nama Pha, acariyos manawi ing kampung Karangantu bawah Serang paresidhenan Banten, wonten mariyem tembagi ageng, saking cariyosipun ing jaman kina mariyem punika anglangi ing saganten lajeng minggah dhateng dharatan, kanjeng sultan tanah ing ngriku dhadhwah, andekekaken mariyem punika wonten ing dhusun, menggah mariyem wau saking kadadosanipun tiyang estri ingkang anama: amuk, mil akalampahan sapunika kapundhi-pundhi dhateng titiyang tanah ing ngriku, salajengipun mariyem wau kadekekana aub-aub griya alit, sangginggiling griya ing lebet kalangse, dene para tiyang jawi tuwin cina ingkang amidhang dhateng panggenaning mariyem sami ambekta menyan tuwin sekar-sekar.

=====

Tukang ngetang arta ingkang begja. Mas Marta Atmaja tukang ngetangarta ing Salatiga dados mantri gudhang ing Getasan, pak Semita amastani manawi tukang ngetang arta wau sakalangkung begja, dene saged mancolot dados mantri gudhang, mongka titiyang sanes ingkang wonten sangginggilipun tukang ngetang arta sampun smi anyuwun kalenggahanipun mantri gudang punika boten angsal, menggah mas Marta Atmaja wau kala dados tukang

ngetang arta blanjanipun amung sekawan rupiyah tembagi langkung 20 dhuwit ing dalem sawulan, balonja samanten kathahipun punika sakinten badhe andadosaken lepat anggenipun angetang arta, manawi katimbang kaliyan pamedalipun bujang ingkang sakedhik piyambak, amesthi taksih kathah pamedal wau.

=====

Sawatawis tiyang ing dhusun Wedhung bawah ing Demak, kaleres sami angsal ganjaran arta, kathahipun 20000 rupiyah, amargi saking anggenipun angsal apyun peteng, kathahipun gangsal rembat, sampaun sataun punika laminipun ananging para tiyang wau tansah angajeng-ajeng bayaripun arta ganjaran wau.

=====

Ing Parakan bawah Kedhu sapunika katingal sakalangkung sae, punapa dene kampung Pacinanipun asri sanget, griya-griya ing ngriku sami kadekekan tetenger namaning kang griyani, kaserat wonten ing blebekan kajeng alit, ananging ingkang suka kabar punika boten manggih kantoripun pos menggah ing parakan kaliyan ing Temanggung kapara kathah tiyang sudagaran, sarta padaganganipun rame.

=====

Wangsulan dhateng Tiron ambek welasan rekane, sajatine jail atine jujur mangsin.

Kula rumaos bilih dipun bibingung ing tiyang cubluk dene jengandika angangge topenging Canggeh Tiron teka dumrojog anumbak tambuh, ngaget ing pakewed pinujunipun ko boten kula epahi lathi sampeyan ingkang ngantos suwing.

Kula jengandika wastani boten sumereping tatakrami, itobil ora jamak si Tiron gegedhen cemering jurumartani, kula inggih boten sudi jandika sebut datan wikan ing taklim tuwin laknating jurumartani. Menggah ing tatakrami kula kaliyan jengandika inggih embuh sinila embuh si tom.

Ukara tuwin saseratam kula jengandika cacad taksih sanget ketheripun dene katranganipun ingkang taksi sanget cupet punika engetan jengandika pribadi, mapan sampaun prabata sampeyan punika dereng unnga ing rantene ukara.

Pitaken kula bab wawrat tuwin kubuking bumi dereng jengandika jawab e bok manawi kan jengandika takeni pinuju dereg mangeritos bab punika, utawi bab punika boten sampeyan takenaken jalaran kasupen.

Ukara jandika wonten ingkang mungel, suryacondra, tuwin kartika sami katingal bunder. Dados yen makaten manawi boten dipun tingali wujud kubuk utawi dhapur sanesipun, saha: sadaya wayangan manut dhapuring wujud punika kadura, manawi adhapur pesagi utawi maujud kang mawa pijok pitu tuwin sane-sipun punapa wayanganipun ingggih manut dhapuring wujud ingggih layak kimawon yen jengandika saged amoyaki ukaraning tiyang, sabab ukara jengandika sampun dhawah luwes saking padhangipun dumadi bureng, sampaun masthi yen tan wonten awa padhangipun sanget temahan balawuraken paningal.

Jengandika nabda bilih boten sampurnaning bundering bumi boten kula takenaken 6 sicalak kula rak sampun amratelakaken

bilih pitaken kula taksih badhe wonten cindhakipun. Sampeyan badhe boten mangsuli malih awit ajrih yen kataman tembug saru. iya wong dora gedhe iya wedi marang tembung saru sawetara, e lah, sibelis teka amenyunyung nganggo ngadi-adi jaluk di dara-dara, ingkang sampeyan damel sabab kok remeh temen kyai. Dene sampeyan pamit mundur sakng ing jurumartani kula inggih sokur sarta andherekaken mugi-mugi linuluttana ing gering kineraha kolerah ing samargi-margi.

Dene punika budi jandika namung teka samanten, kula wastani anggajah lar badhe tanggon wonten ing jurumartani, inggih sanajan tanggona manawi saweg jengandika kimawon malanga inggih kula putung, ngalawea kula tatas pesajanipun kula boten erep dahteng sampeyan, sanajan sampeyan kendhit tamimang, kadanga dewa ngandelaken sugih kawruh ewa denten sampeyan sampun kula tepus manawi dereng pasah dhateng kula.

Pitaken sampeyan ingkang katengran ing ongka 1, salajengipun punika mila pantes yen sampeyan pitaken dhateng liyan awit jengandika sampun kula cengkangi yen dereng saged prakawis punika.

Lah ing ngandhap punika keterangan kula dhateng pitaken jengandika.

1. Bab rjal dede panunggilanipun elmi palak nanging inggih kawruh liya.
2. Maujuding surya dereng tamtu, dene watekipun temening boten benter, soroting surya wau namung anangkaken benter.
3. Bab lintang kumukus punika inggih dereng kenging katamto-kaken awit panggenanipun boten mesthi, yen pernahipun tebih kaliyan donya katingal alit saya celak sangsaya ageng wekasen boten lami lajeng boten katingal malih, Yen kula terangna sadaya wontening ngriki mindhak karoncen dene yen jandika adreng badhe sumerep kojahipun kula aturi ngingling serat.

Caremin, mata bagi segala orang.

Wontenipun wujud saking kempaling watek dene wujud punika kalih warni, satunggal wujud kodrat kaping kalih wujud dame-laning manungsa, kadosta: jam punika ingkang kadamel kuningan, tosan sasaminipu sarta sami nadhah daya utawi watek piyambak piyambak kempaling watek dados maujud jam, dene maujud kodrat wonten ingkang kapanjingan nyawa wonten igkang boten, ingkang kapanjingan nyawa wonten ingkang kathah engetanipun wonten ingkang sakedhik saha wonten ingkang tanpa angetan, lah punika keterangan kula. Pak Nuning.

Mas Dahwen wangulan sampeyan ingkang saijab-ijab ngantos sakalangkung andadosaken eramipun tiyang gopol budinipun kados sampeya ingkang sampun kadunungan ambek angungkulungkuli ananging malah kenging kasebutaken sakalangkung bodho sarta pitembungan sampeya wau kathah ingkang sami anggadhai daya angremehaken dhumateng ing ngatasing sarira sampeyan piyambak, anamung andadosna kauningan awit saking anggen kula umuk amangsuli dhumateng sampeyan tuwin amurinani ardasonya jalaran anggen sampeyan agelaraken cariyos bab kapranang

tanipun kanjeng Raden Adipati ing Surakarta anyantuni namaning priyayi panewu mantri sasaminipun ingkang sami kabawahaken, ardasonya samoeyan manah kirang titi pariksa suraosipun anggen sampeyan anggelaraken cariyos, saking panimbang kula kados boten kirang pamariksa tembung sasuraosing kang ngan-
tos kalebet ing budinipun, sanadyan pitembungan sampeya sakalangkung dening rapet ewadene para ahli mesthi boten kikilapan manawi pitembungan sampeyan wau angadhahi daya kakalih, satunggal amaoni dhumateng pranataning kanjeng parentah ageng, ingkang satunggal anggadhahi larap badhe pamukir sampeyan angangkeni namung agelaraken cariyos kema-won, menggah pitembungan sampeyan ingkang kathah-kathah boten susah kula wangslu kalayan kosok wangslu awit badhe andado-saken kembuning para sarjana, anamung kula kedah andunungaken bab anggen sampeyan agahan amastani kula kawon kasagedan kaliyan raden Atmadikara larapipun namung sapele punika sangsaya ngatingalaken yen sampeyan taksih budheng, punapa sampeyan anginten yen kula boten sumerep dhateng sampeyan sanadyan sampeyan inggih sumerep dhateng kula awit sampun pakantuk pitangledan sarta pratikel saking satunggaling tiyang ingkang wajib nyumerepi dhumateng kula, mila sampeyan anamtokaken bilih kula tunggil kaliyan ardasonya ananging ing ngatasing panginten wau boten saged adamel pratondha yekti, pramila kula boten purun amdharaken sajatining asma sampeyan, wangslu anggen sampeyan ngiyas manawi raden Atmadikara ngungkuli sanget dhateng kasagedan kula punika sakethi boten patitis, punapa sampeyan namung amirid anggenipun purun medharaken dumununing tilem tuwin supenan saminipun bangsan-ing ngelmi raos ingkang dereng pisan-pisan nyamleg kalayan sajatining teges, inggih punika panjarwa minongka panyoba dhateng satunggiling sanes ingkang sam anggayuh bab ngelmi raos gampil yen sampun anganggep yekti, manawi sampeyan sampun amastani unggul tuwin leres panjarwa ingkang makaten wau saestu andadosaken pratondha sangeting cobolo jengandika sara kalebet tiyang bingung ngupados ungguling paben sampeyan murih sampy ngnatos kula pabeni malih tumrap ing jurumartani, punika sakalangkung gampil awit saking dayaning asli sampeyan.

Ing Sujarwa kaping 26 Sapar Je ongka 1798.

R.D. Armosoemitra.

Manawi den Atmasumitra sumerep dhateng mas Dahwen prayogi kapratelakna kemawon kados angenipun andunungaken namanipun piyambak sampun mawi anglindhih kawajibanipun tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani, ingkang boten wonten emperipun pisan-pisan.

=====

Saking iklasing rugma, kula kok kedah mratelakken ing dalem pustaka Jurumartani, sumerep asung panjurung tuwan Redhaksi, bab tedhan dalem bayar, tuwin sabinipun raden Tumenggung Ranadirja, priyatun sepuh ingkang sampun umur, 97 taun, ing tembe kang sampa seda, dhasar, bayar 100 rupiyah, sabin 100

karya Wijangi kados ing ngandhap punika.

Parakan 2 jung,pasekan w jung nyamplung 1 jung, kragilan 1 jung, kramat, w bau, ngemplak 1jung, srowolan 1 jung, babatan 1 jung, Kenturran wanasalim dhukel sari 1 jung, Genjan 2 jungm jumeneng 1 jung, Brayat 2 Baukecese 1 jung, Samen 2 jung, Kiyaran 1 bau, Kiyaran 1 bau, , Sampangan 2 bau, Jata-wang, 1 bau, Kalimundhu 2 bau, patiyan 1 jung, Cabeyan 2 jung, Krapakan 1 jung, sambeng 1/2 bau, Jethis Bajangkarang Gedhongan 1/2 bau, gunggung 24 jung, milamba, kula pratelakaken mrih Sumerep paramintra, ing negari liyan, ing negari Sukawati tuwin Madiyun Ngawi. Tamat. Titi.

Katandhan Dhokter Sarsa Parela.

=====

Sakelangkung andadosaken suka pirenaning manah kula ingkang terus ing batos awit angen kula maos Jurumartani ongka, 23, ingkagn medal kemis kaping 10 Juni ing ngriku wonten saseratanipun mitra kula, kang apaparab Kramadrona, ing Ngayogyo,

Mancingan Parangwedang.

Punika karsa asung wasita pepenget dhumateng kula, bab anggen kula, alantaran rembag, suraosing kawruh, kaliyan raden mas Bekel Sumitra, tuwin kyai Warga, wonten ing jurumartani, inggalipun sami dipun purih kendel kagalah tanpa wusana, prayogi amugenaing angupajawa, ingkangpunika sanget sanget ing panarimah kula, dhumateng mitra kula, kramadrana, ing sayektosipun nalika kula anjawab ing pitakenipun kyai warga sapindhah, ing sasampunipun enget sanget getun geduwung kula, dening gempil kula, purun angedalaken wiraos ingkang boten manggen patrapipun tur sampun kula angkah ing sawatawisipun naming tan wande dipun esemi para sujana, mila saya karaos, ing balilu kula, sareng midhanget wawarahipun mitra kula kramadrana, nangning samanten wau saking pamanggihipun manah kula piyambak, kilap karsanipun mitra kula, raden mas Bekel Sumitra, tuwin kyai Warga, awit ing ngantasipun para priyatun sadaya wau temtu boten kenging dipun wor, ing tekadipun sami gadhah kakencengan piyambak-piyambak ing wusana kula sumongga ing mitra kula sakaliyan.

Pratondha Raden Armadikara.

=====

Panjurung kabar ing Jurumartani

Ing Jurumartani ongka 11 taun punika,kula amrangguli anggitanipunKyai Mas Gliyuk ing soka, ing ngriku amedharaken uduri-pun kyai Ngarpah akalian Kyai Manten, bab takdir kaliyan Ihtiyar, ing saklajengipun kados dening ingkang sampun kawi-jangaken wontening seratipun kyai Mas Gliyuk wau.

Kulanuwun maap mas, sarrehning sapriki dereng wonten parasse ingkang kersa anglagewa dahteng saseratan sampeyan, bokmenawi sangking dening kagalah sanget remehipun, boten perlu dhumawahipun dhateng panimbangaipun sang sarjana, nanging ing ngarasipun kula tiyang mudha punggung salaminipun dadunung wontening padhusunan, inggih saklangkung-langkung

dherek angajeng-ajeng kados pundi ingkang badhe dados piram-punganipun para sarjana, dhateng udur punika.

Suprandonosipun kula aparipaksa ambrajali sangking pamanggih kula pyambak kang karana cekak kemawon, nanging mugi sampun pisan dados rentenging panggalih sampeyan inggih mas, punapa boten kenging upami kula jawab, kados dening kawitan kaliyan wekasan, sami kiyatipun mengkaten ugi takdir akaliyan ihtiyar, boten kenging dipun tilar salah satunggal: semanten punika kula teksih sumarah dhateng ingkang para ahli raos sangking dening rumaos kula dereng tasis ing kawruh, ingkang cumondhong dhateng kawruh ing liyan.

O, ya rabi, angggen kula kamipurun kumawelu dhateng perkawis punika, boten sanes rehning kula manggih paribasan makaten sanajan ora wicaksana, nanging ana kang rosa, saupami badhe milihi ingkang bunder kemawon, lah ingkang lonjong sinten ingkang darbeni,

Ewadening ing ngatasipun kula, yen kalebeta dados pangampili-pun pakecowan, dhateng para sarjana, saestu sampun narimah untung.

Ing Karangjati kaping 1 Mei 1869 katandhan Gremet.

=====

Asung panjurung klayan urmat, yen serat kula punika saudara galih pantes mugi kula aturi macak ing dalem serat Jurumartani, kemis ing ngajeng punika, sabab ing salami kula wonten ing negari Sukaarja datan kadi sapunika, anggenira mindhaget warti, yen ing negari Batawiyah, badhe main kasukan pista, ingkang sarta kathah ing sansipun ing negari, badhe sung panjurung, lelangen krameyan, mrih gambiranipun tiyang ing tanah Batawiyah sadaya, dene kula mindhanget warti, aja wi ingkang sampunkapacak ing dalem koran, kenging kacetokaken yen raden tumenggung Gondaatmaja, badhe tindak dhateng negari betawi, sarwi beka besan tiyang 50 iji ibata kathahipun yatra badhe wragat pangusungipun besan wau, sabab lampahipun muged lagung aneka-neka, suweneh, numpak kuldi, kuda, kermun glindhing, grobag egrang sapanunggalanipun, awusana tiyang Batawi dereng mangertos basaning, besan wau, o baten dados punapa tiyang raden tumenggung Gonda, puika, igkang badhe jumeneng kartabasa, wah, kasagedanipun raden tumenggung wau, rak sampun kaloka, ing tanah monca-amonca, yen saget 6 basa, wlandi, Arab, Koja, Cina, Aprika, Jawi, tiyang sampun kagunganipun piyambak, ta, sinten kang saget angungkuli manusya kang kumelip ing ngalam padhang sedaya, ajawi mung Raden Tumenggung punika, pramila sapunika saking panuwun kla, katentokna, besan wau. dugenipun ng negari Batawiyah, tamat.

Katandhan Tan wande, Sukaarja.

=====

Ongka 25, Kemis kaping 23 Juni 1869

Benjing ing dinten Senen tanggal kaping 28 wulan Juni punika adhe wonten lelang ing griyanipun tuwan Okerse ing Kleca, dene ingkang badhe kawade ing lelang barang praboting griya warni-warni, barang gelas, kristal tuwin pirantos ing pawon, sengkeran peksi, bakupon, ayam talekun tuwin sanes-sanesipun, lembu sae-sae, kareta, kapal, wonten kapalipun sandelwut satunggil ingkang sakalangkung sae, punapa malih sanesipun barang-barang ingkang badhe kawedalaken ing lelang.

=====

Tuwan Kunas ing Surakarta, prenah ing peken Kliwon, angaturi uninga dhumateng para priyantun bilih mentas anampeni dagangan warni-warni, kadosta sutralurik wari, ijem biru, sata wungu, barajene sayektos bulyun sarta alit rinda jene, lisah wangi, warni lapendel abrit lisah rus lisah rambut pidih, sabun wangi warni-warni, sabun cukur, toya cacap anyepengaken rambut wedhak walandi kawadhahan wonten ing dhus setrap mawar, asem jeruk prambus amandhel serbat sarta panili, pait warni-warni, wowohan sarta setup setup saking nagari Welandi, kawadhahan ing lodhong, phil kupin jampi sawarnining sasakit mangsi kadamel anyireni sandhangan pethak pen mas Inggris tesmak mawi wadhah, sitit sepuder ing dhus pinkilter jampi sakit ros-rosan sarta kolerah, balasem seperma seti jampi watuk seskamper jampi pileg gwuranah jampi puyeng, kreosot jampi sakit waja, plester Inggris jampi koreng, prabot sanjata, pipa karet sarta sanesipun barang, warni-warni sarta sae-sae, regiipun barang wau sadaya badhe kasuda bilih amundhut mawi bayar kenceng.

Katandhan A.Kunas.

=====

Kala tanggal kaping 10 wulan Mei ingang sampun kapengker celak kaliyan pal 18 wonten titiyang estri satunggil alang-kung ing marginipun kareta asep, ing ngriku kreta asep panuju saweg kalampahaken kawawratan sela, sareng kareta asep punika dumugi ing pangenan tebihipun saking tiyang estri wau watawis 800 elo, masinis sumerep dhateng tiyang estri punika, masinis punika tiyang ingkang nglampahaken kareta asep, ing sanalika masinis angungelaken sulingipun, anangig tiyang estri boten purun sumingkir, kalampahan masinis angrendhetaken lampah ing kareta asep saking dening kadekekan sapatu rodhanipun, sarta tansah angungelaken sulingipun, sarehning kareta asep punika boten kenging kakendelaken ing sanalika, mila kalampahan tiyang estri kaplindhes ing rodhanipun, anda dosaken pejahipun ing ngenggen, menggah tiyang estri wau budheg saha gadhah sakit ewah.

=====

Kala tanggal kaping 1 wulan Juni punika tiyang jawi anama Ali Ngajal, watawis ngumur 68 taun, pun Alipunika kala taksih gesangipun dados upasipun para komandaning wadya balanipun kanjeng gupremenm dene anggenipun dados upas wau laminipun 50

taun, tansah taberi saha temen-temen.

Kala ing taun 1825, pun Ali andherek kanjeng tuwan Jendral Baron pain anglurug dhateng Bali, punapa malih kala ing taun 1858, utwin 1859 pun ali wau andherek tindakipun anglurug Kanjeng Tuwan Jendral JOngkir Panderwik tuwin Kanjeng Tuwan Jendral (H)Ertohpan Saksen WEimar Eisenah, dhateng ing Boni. Awit saking sampun sepuh pun Ali kala ing wulan Januwari 1865 anyuwun kendel anggenipun dados upas kala samanten kanjeng gupremen amaringi tedha dhateng pun Ali, kathahipun 6 rupiyah ing dalem sawulan, amargi saking katrimahipun anggenipun anglampahi padamelanippun dados upas ingkang kalayan taberi tuwin temen-temen.

Sarehning pun Ali sampun kulina anyambut damel mongka lajeng nganggur, punika andadosaken boten sagedipun anglampahi ing pangangguripun, mila kalampahan angupados padamelan malih. Sareng kanjeng tuwan Jendral Andresen jumeneng dados komadhaning wadyabalanipun kanjeng gupremen, pun Ali lajeng gadhah panuwun ing padamelanipun lami, kanjeng tuwan Jendral Andresen inggih lajeng amaringaken padamelan wau, kala ing wulan April ingkang sampun kapengker, punika kaetang meh kawan taun lamining anggeniun dados upas malih, sareng kanjeng tuwan Jendral Andresen anyuwun kendel ing padamelanipun, pun Ali rumaos boten kuwawi anglampahi padamelanipun amargi saking sampun kathah sudaning karosanipun, mila lajeng anyuwun kendel, wasana kala tangal kaping 1 wulan Juni punika pun ali atilar donya.

=====

Tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani, sampun kapara lami angajeng-ajeng kintunanipun kabar ki Kutis, sapunika ki Kutis sampun ngintuni, lajeng kapacak ing ngandhap punika.

Kula ki Kutis sampun sawatawis wulan dhateng kula, sakin gTEgger, ing Pasuruan, sarta kula sakedhik nyriyosaken nalika kula kakesahan, sadhateng kula nagari pasuruan sawatawis dinen kula lajeng dhateng pasanggrahan Tasari, ing redi Tengger, kula lajeng minggah malih numpak kapal wedalan ngriku, wulonipun panjang panjang, sareng kula dumugi nginggil kaget ningali saganten tiyang ngriku mraelaken bilih punika saganen wedhi kang kawastanan dhasaripun redi Brama, kula lajeng miwdhun menggah saganten wedhi wau, wiyaripun watawi 2 1/2 (loro setengah) pal, resik boten wonten kakajengnipun, kula lajeng minggah pucake redi Tengger, inggih punika redi Brama, sareng kula dumugi pucuk ing ngriku kula aningali kawah, wiyaripunkawah watawis 500 kaki, lebetipun 70 kaki, kawah wau sami bolong pating cumpleng kathah, sami medal kukusipun ambetipun saega besmenan welirang, ing nglebet kawah wau kados kukusan kalumahaken sasampunipun ningali kawah kula lajeng midhun mangetan, watawis saganten wedhi punika, wiyaripun sangking tamping kilen: dumugi tampinge saganten ingkang wetan kinten-kinten boten kirang 6 pal, dene ngalerngidulipun ugi samanten , kula anglajengaken mangetan dumugi pasanggrahan Ngadisari leres, pasanggrahan wau ingkang

nyepeng walandi, tukang kebon sayur, sinten tiyang ingkang mondhol ing ngriku mesthi bayar kados dening lusmen 5 rupiyah sadinten, sawatawis dinten kula wangsul dhateng pasanggrahan Tasari, Tiyang Tengger punika, agamenipun teksih Buda, manut satyang Bathara Brama, tiyang tengger punika, bilih pejah, pamendhemipun ujuripun kados tiyang Cina, awit ujuripun angeblat pucuke redi Brama, wanguning griya paos-paos la-wangipun wonten pojok, dene jaka, tuwin prawan sami acundhuk jungkat semongsa jakar seneng dhateng prawan amendhet jungkat ingkang kaangge prawan kadedahaken tiyang sepuhipun ingkang sepuh lajeng tepang rembag sami sepuh, jajaka, lan prawan lajeng kapanggihaken dados semahipun, sawatawis dinten kula wonten Tasari, lajeng wangsul dhateng Pasuruhan Tengger saking pasuruha tebihipun 30 pal, namung samanten kimawon nalika kula kakesaha ingkang kula criyosaken, dene saserepan kula ingkang aneh aneh ugi kathah, ananging bilih dadosaken kembanipun ing serat Jurumartani.

Pun Kipul aningali reyog mlajeng-mlajeng wonten sopretan ing Surakarta, anggenipun malajeng kasandhung dhawah mangkurep, kapinuju wonten reta lumampah, amlindhes gege ripun pun Kipul sareng sampun kaplndhes rodha ingkang ngajeng, pun Kipul lajeng malumah dados kaplindhes rodha ing wingking, petengipun ewadene pun Kipul boten pejah sakala.

Wulan Mei kapengker punika, ing Cayudan Surakarta, wonten lare, pejah kacemplung kalen, watawis lare wauumur 4 taun, dene bapa biyungipun sangking kabar, anggenipun lapur pulisi, sampun sipeng sadalu, o lapura sakala, watawis pulisi lajeng lapur tuwan dhokter, bilih saget gesangaken kados tiyang estri, kang kasebut ing jurumartani, kasilep ing benawi, sampun pejah, tuwan dhokter saget gesangaken.

Biyang Tega, pinuju meteng, amrithili: sikil yuyu, sareng anggenipun meteng lair, bayinipun boten anggadhahi driji, tangan lan suku, lo, punika kados pundi, punapa yuyu wau, lapur ingkang kawasa, anggutat anggenipun kaprithilan nyuwun pamalesipun, ah sok mekatena leres bilih para tiyang ingkang gadhah semah meteng, kawalerana, sampun ganggu ganggu anyikara, kang sami tinitah gesang.

Kula kedah nyariyosaken angggen kula kakesahan sakedhik engkas, kula aningali, bendungan ing Nglengkong, kang kabenkung simpangan benawi Kadhir, nglangkungi agengipun kange noyani sabin bawah ing Sidaarja, punapa malih kange giling pabrik pabrik tuwin bendungan Plasa, lan kertek mlirik ngandhapipun wonten bendunganipun kadekekan kari pirantos yen wonten baita lumampah, kertek wonten satengahing bendungan wonten korenipun kiwa tengen kori wau kange ngandheg lampahing toya, menawi wonten baita lumampah, yen sangking ngandhap kori ngandhap bikak rumiyin baita lumampah dumugi ngandhap kerteg lajeng kang kabikak wau katutup kori nginggil kabikak sakedhik, bilih toya sampun sami lan toya nginggil tumut ten kori nginggil kabikak baita lajeng lumampah mang-inggil, bilih sangking nginggil ugi makaten sasampunipun baita

wonten ngandhap kerteg kori nginggil katutup kori ngandhap kabikak sakedhik sakedhik bilih toya sampun asat baita kalam-pahaken , dados lampahing baita boten kaget, o kula mindhak kengetan Jayeng Sentika, upami sokawati saget ambendung makaten ing babinahipun Jayeng Sentika, anaming Jayeng Sentika mangsi sageda, jawi dadosa pulisi ngrikul, waged guyupaken tiyang alit ambendung lepen lepen kang sakiten kenging, supados angsala labet jalari suka indhake tedhane tiyang alit nemen tani nebihaken kadursilan rumeksa prajaning ratu.

Ngabei Suradinala, ing Surakarta, kabaripun anak-anak tilar, kenging sasakit kolera, ing wulan mei kapengker punika, sangking sanget tresnanipun dhateng anak ngupados dhukun ingkang saged gesangaken dhateng anakipun kang sampun pejah wau, supradosippun wonten dhukun ingkang sagah gesangaken, agadhah panedha, epahan 1000 rupiyah, pinongka panebutse, nyawane anakipun ingkang pejah wau, dene lare sampun kapend-hem ing dhusun Ngendhen kapurih dhudhuk sareng sampun kadhud-huk mayit wau lajeng kaepeya, menawi sampun kawandasa dinten saged gesang, criyosipun dhukun wau punapa yektos, awit sak punika dereg dumugi kawandasa dinten bilih yektos dhukun wau, badhe kathah ingkang dadakaken lare pejah dhateng dhukun wau. Tiyang kang mriksani kabar jurumartani, kathah ingkang sami ngaosi demang Puspawilapa, anggenipun macakaken kabar boten wonten pigunanipun, sarta sami ngraosi makaten: Demang Puspa-wilapa, prasasat amurih dahwen angajara dumaeng Ardasonya, awit kamah teksih bodho, mila Dahwen dipu ken suka serat sampun ngantos pedhot pedhot punika sasatipun yen dahwen sageda pinanggih Ardasonya, kapurih jewer karnanipun ARdaso-nya, supados priksa pituturipun, dene reraosanipun tiyang wau kula nyumanggakaken namung kawuningan nami trakula MAs Dahwen.

Kaserat ing dinten Rebo tanggal kaping 16 wulan Juni taun 1869.

Katandhan Ki Kutis.

=====

Ingkang serat saha ingkang tabe kathah kathah katur panjenen-ganipun tuwan ing nagari Surakarta ing nguwasan Mangun srerat Jurumartani ingkang punika kula dherek nyaosi pawartos ing ngandhap punika.

Nagari Ngayogyakarta kampunging Kadanurejan waten satunggil tiang setri padamelanipun sade sekul penak namanipun bok Kartadikrama punika sesadeyanipun sekul kacriyos eca piyambak para Pangeran utawi para niyaka ing nagari Ngayogyakarta sami ngersakaken jajan sekul rames sangking kayektosanipun inggih eca ngantos kacriyos dumugi wetan kikis bawah ing nagari Surakarta. Ingkang nyriyosaken wau tiyang sade uwos ingkang sangking wetan kikis, griyanipun tiyang ingkang sade sekul wau wingking dalem Kadanurejan pinggir radinan ageng sak kidul Maliyobara, kilenipun tuwan Sayit Ngabdollah namung punika anggen kula nyaosi pawartos.

=====

Wangsulan dhateng R.D. Atmoemitro. (huruf latin)

Kula sampun anupiksani seratipun demang Puspawilapa, amrate-lakaken menawi Ardasonya boten sumerep sadining pikajengani-pun Dahwen (Dahwen ugi mastani cobolo dhateng Ardasonya, awit boten sumerep pikajenganipun) samangke R.D. ATmosoemitro, amratelakaken panimbangipun sampa terang, manawi seratipun Dahwen anggadhahi daya kakalih.

1, Angunyeri dhateng Dahwen maoni pranatanipunparentah ageng,
2, Bab kang larapipun kadamel amungkiri. (sarta R.Atmosoemi-tro, adora paksa dhateng para priyantun ingkang sami ningali seratipun Dahwen).

Satengah sami kapurih sampun ngantos ngerami dhumateng Dahwen bilih eram dhateng Dahwen kawastanan tiyang gopok, ewadene kang sami mariksani jurumartani, mongka eram dhateng Dahwen bilih purun sampeyan wastani gopok kula nyumanggakaken awit eram wau boten masthi dumunung wonten sawiji. (sarta boten yen mesthiya dumunung remenan babaluhi, utawi ewa), (wangsl R.D. Atmoemiro, amastani wangsanipunDahwen saijab-ijab) saijab-ijab wau panunggilanipun tiyang gumun gumun inggih gagetining eram punika mugi kagaliya, dene cariyosipunDahwen temen boten ngawon-awon ing ngatasing parentah.

Menggah wawaton sampeyan sakng panggrayangan jengandika, boten mijil wawaton serate dahwen mung medal dak menangna anajug purun ingkang dereng mesthi, (e, raden Atmasumitra Raden Atmasumitra, sampeyan punapa sampun anganggeb sanjata sampeyan adamel unggul jengandika abantah) anggen jengandika asung panjurung ramen ramenan ing kabar jurumartani, amusthi sanjata, inggih punika sanjata sapeyan pangleburing mengsaah, anggen sampeyan sampun pikantuk taken-taken namane dahwen ingkang saestu, selak boten yen miris saking punika. Kaserat ing dinten Setu tanggal kaping 19 wulan Juni 1869.

Kyai Pananggal

Mas Dahwen kaliyan Ardasonya tuwinpuspawilapa, ing mangke kula aturri kendel anggenipun sami udur bab santun nama, awit kula badhe boten pruu amacak malih serat sampeyan makaten wau, menggah santun nama punika ing sayektosipun kapendhet saking timbalan kaliyan padamelanipun para priyantun ingkang sami kasantunan namanipun, dene wewahing tedha punika atas gumantung wonten ing katrimahipun padamelan ingkang sami linampahan, punapa malih wewahing tedha wau sampa boten kenging manawi panggesanganipunpara priyantun punika atimbang kaliyan pamedaling tedhanipun amesthi malah kapara langkung kathah, boten ngantos kirang, anjawi saking makaten, kanjeng raden adipati amasti boten kirkirangan kawicaksanan, pangayom tuwin pangowelipun dhateng bawah kalerahanipun para priyantun sanagari surakarta, kenging kawastanan tanpa timbang, parentahipun para priyantun wau gadhah lurah kados kangjeng raden Adipati ignkang sapunika, kula dereng sumerep

patih dalem ingkang anyameni kanjeng raden adipati wau ing bab pranataningparentahan, sakalangkung tata prayogi, kenging kasebut utami, pantes dados satutuladan ing sawing-kingipun.

Wangsulan dhateng mas tan wande ing Sukaarja.

Kula sampun maos serat sampeyan mas ingkang kapacak ing Jurumartani tanggal ping 17 wulanJuni taun punika ongka 24 suraosing serat s sampeyan anggumunaken ing ngatasing tiyang bodho, punapa dene pangalembana sampeyan dhateng raden tumenggung Gondaatmaja ingkang anglangungi saking murwat (ciptaning manah kula: i, Ya jagad dewa bathara, apa angung-kuli kapinterane para guru, guruning para murid calon guru jawa ing pamulangan gedhe Surakarta, tak kira durung ana praatusane.

ngantos adamel ewa tuwin gugujenganing ngakathah, mokal sanget mas enpriyantun ing Ngayogyo kemawon saged e, basa, bokmanawi saweg saged satembung, kalih tembung, sampunjengandika wastani nelas kasagedanipun sangalam donya boen wonten ingkang angungkuli, eh, ya wong cubluk mono sauni-unine, kula nyuwun priksa mas angening sakolah raden tumenggung wau pinten taun lamenipun sarta wontening tanah pundi, mugi kula sampeyan paringi katrangan.

Mas Jengandika kula aturi sarta sampun dados panggalih sampeyan benjing malih manawi nglebetaken serat kabar sampun nganeh-anehi, bokmanawi andadosaken riribeding sarira sampeyan mas awit saking dipun ewani ing ngakathah, sarta dipun wangsui nedha katrangan o, ibata susah ing manah jengandika mas.

Nguteran ping 21 Juni 1869 katandhan Pak Surti.

Ingkang tabe pakurmatan kathah-kathah, katur panjenenganipun tuwan igkang ngarang serat jurumartai, kula ngaturi panjurung kabar, menawi prayogi mugi kalebetna ing jurumartani.

Kula pinuju langkung badhe dhateng ing Delanggu,kula kendel ing wande, dhuwet sak ler Baki punika ownten tiyang cariyan, mentas nedhakaken jampi, sadherekipun sakit kolera, saben wonten tiyang sakit kolera, piyambakipun ingkang dipun kengken nedhakaken jampi, kaetang sampuntiyang 17 iji,punika sami angsal pitulungan saras amung tiyagn kalih ingkang pejah, margi sampun kasep panedehanipun jampi, kula lajeng nerangaken ingkang saget dados dhukun niku sinten kang sanes dhukun tiyang sumeja mitulungi mawon, margi boten purun dipunsukani wragat, malah wonten tiyang ingkang sami waras punika, kathah ingkang sami ngantuk-antuki inggih boten purun nampeni, punika lurah kula pulisi ing Baki ngriki, ingakng mitulungi jampi punika, p niku pun damele menawa pulisi nyukani tomba wong lara kolera, marga dipu paringi songka kangjeng parentah gedhe boten tiyang angsalle damel piyambak tranganipun saben wonten tiyang nywun jampi,kula lajeng dipunkengen mendhet dhukut, kaliyan lajeng kengkenan

Abasarak, punika lajeng dipun pipis wau dhukut, dipun toyai arak abenipunmalih kula boten tetreng, sak cangkir wedang, dipun ken ngunjuk kaping 2, inggih lajeng saras, dika sumerup jenenge, kang padha waras wau, kula igngih sumerep margi kula punika ingkang dados jujungan saben wonten tiyang kang nyuwun jampi, menawi sampeyan kirnag pitados sampeyan tanglet daken dhateng Demalang, 1 Pak Sari, 2 Bok SAri, 3 Pak MIngun, 4 Bok Mingun, 5 pak Raji, sami ing Demalang, 6 mbok Suyut, 7 Suta, 8 bok Songrah, 9 bok Ireng, 10 Rdiya, 11 Diman, sami ing baki nganglak 12, adhenipun pak Bugil ing Bataran, 13 anakipun Tadrana, bekel sawahan, sami bawah pangengernye dalem 14 Jayadrana, bekeling pakis, 15 anakipun Mertadongsa, bekel ing Bayanan, pniaka ngkang sami waras, ingan gboten angsal pitulungan, 1 boklegi, Ngablak, 2 Dipawijaya, Pakis, punika saserepan kula upama kula jaluk tomba menawa sanak kula lara, boten duwe dhuwit bisa kang nambani, punika dede pabenan mas tiyang kula punika criyos sak temenipun kaliyan saserepan kula amung menawi sakitkolera kang sapun kelampahan saget waras, sumantern wau menawi sak jawenipun pesthi, margi tiyang punika amung kadamel jalaran mawon atas gusti ingkang kuwaos punika tantunganipun sareng sampeyan badhe jampekaken tiyang sakit boten gadhah yatra, kajawi nyambut damel punika jampenipu punika kula tedhani katrangan bab dhukut punapa, utawi abenipun baten sumerep mila punika menawi prayogi pinuju sala inggih kalebetna menawi boten sela kula nyumang-gaken.

Kasera Kemlayan kaping 10 Juni 1869.

Kawula pun Mlaya.

Ongka 26, 1 Juli 1869

Benjing ing dinten Saptu tanggal kaping 3 wulan Juli ing ngajeng punika, badhe wonten lelang ing griyanipun tuwan Jaspres ing Surakarta, menggah ingkang badhe kawade ing lelang barang-barang praboting griya warni-warni, kadosta: patileman sakasur bantalipun kenging kaange tilem ing tiyang kalih, kursi, meja, benet, bangku kajeng tuwin penjalin, pangilon, tuwin pigura, Sekitsel, kaca tiyolet, meja suci muka, kenap, dilah gantung dilah stroli, tuwin sanes-sanesipun akathah.

Punapa malih lembu estri sampun meteng sepuh tuwin pedhet jaler satunggil, wah barang dandosan pethakan sawatawis,

=====

Serat kintunan ungelipun kados ing ngandhap punika.

Tata dhahar.

Kula gadhah prakawis kaliyan tuwan ingkang maosi siti dhusun ing Singgih utawi Janglot tuwin kaliyan Administraturipun, mila kula lajeng kesah dhateng siti dhusun ing singih wau, sanadyan ing mongsa sapunika sakalangkung angel marginipun, inggih ugi kedah kula lampahi, awit saking wonten prelunipun sanget badhe angrampungaken prakawis kula wau, anjawi saking punika tuwan ingkang maosi siti dhusun ing Singgih pakewed manawi dhatenga ing nagari, amargi padamelanipun saweg panuju angundhuh godhong sata, menggah anggen kula dhateng dhusun ing Singgih wau, sayektosipun andadosaken preluning panyerat kula punika ingkang badhe kula pratelakaken supados kaserepan ing ngakathah.

Sasampunipun rampunging prakawis kula wau, kula badhe mantik intg dinten enjingipun, kala samanten kula kaliyan tuwan ingkang maosi siti dhusun ing Singih tuwin Administraturipun panuju lelenggahan wonten ing pandhapi, tumunten wonten tiyang alit ing dhusun dhatng sangajenganipun Administratur, anedha pitulung dhateng Administratur punika, supados kasukanan adil ing prakawisipun, dene ingkang dados prakawisipun punika kacariyosaken ing ngajengan kula, manawi wonten priyantunipun kanjeng gupremen tiyang jawi puru-purun adamel lalampahan, prayogi bilih kapratelakna wonten ing serat pakabaran, mindhak enggal sangsaya sar, punapa malih tuwan ingkang maosi siti dhusun ing Singih sampun gadhah pikajengan badhe angaturi uninga dhateng parentah bab lalampahan wau.

Sampun limrah titiyang dhusun sami sambut sinambutan maesa, kangge kadamel malujeng sabin mawi pituwus anykani pantun tuwin sanesipun pamedal saking ingkang katanem, dene tedhang-ing maesa ing saben dintenipun punika tiyang ingkang ngelet kedah anyukani. Salajengipun wonten tiyang jawi anama sutajaya ing dhusun Belung bawah dhistrik Kuwu Paresidhenan Samarang, kala ing wulan ruwah ingkang sampun kapengker anyambut maesa sarakit dhateng tiyang ingkang nama Ranu Semita, bekel ing dhusun Ngablak bawah ing Singgih dhistrik Sokawati Surakarta Adiningrat, maesa wau sami meteng sepuh,

menggah kanggenipun maesa punika badhe kadamel anggarap sabin, sarta eletanipun patun pitung amet, ingkang nem amet badhe kasukanan sasampunipun panen, ingkang sahamet ing dalem sadinten kalih dinten laminipun, dene bab prajangjeyanipun anglet maesa wau amung ijeman kemawon, sarta kasaksen dening lurah dhusun ing Belung Kilen anama Ropangi.

Sutajaya kala samanten sampun anampeni maesa sarakit wau, kabekta dhateng griyanipun ig dhusun Belung Kilen, sareng antawis kalih dinten purn Ranu Semita dhateng griyanipun Sutajaya ing dhusun Belung Kilen, prelunipun badhe anedha pantun ingkang sak-amet, ananging sadumuginipun ing dhusun Belung Kilen pun Ranu Semita sakalangkung kagetipun, amireng manawi maesanipun sarakit sampun kawade dhateng Sutajaya wonten peken ing purwadadi, pun Sutajaya anedahaken serat lilahing pamadenipun maesa saking lurahipun anama Ropangi, awit saking cariyos boten tetela, bilih lurah Ropingi dipun dorani dhateng Sutajaya bab pamadenipun maesa wau, sarta boten tetela, bilih Ropangi tumut dhateng pangapus, ananging sampun tamtu manawi piyambakipun sampun anyukani serat lilah punika dahteng Sutajaya.

Wondening Ranu Semita amasti kenging kemawon bilih puruna anggugat dhateng pangadilan ing bab maesanipun kawade wau, ananging titiyang alit kathah kaajrihanipun angladosaken prakawis dhateng pangadilan, bok manawi dereng terang ing seserepanipun bilih pangadilan punika boten anyimpang saking lampahipun, mila kalampaahan pun Ranu Semita pilalah angupados dhateng Sutajaya, ciptanipun bokmanawi pun Sutajaya badhe saged andunungaken rampunging prakawis.

Sutajaya ingih angakeni manawi sampun amade maesanipun Ranu Semita, punapa ingkangdados jalaranipun punika boten kaprate-lakaken, ananging pun Sutajaya tumunten gadhah pirembag badhe atepang rukun ing bab maesa sarakit ingkang sampun kawade wau, pun Sutajaya aprajangji badhe anglintoni maesa kalih ingkang sami agengipun kaliyan ingkang sampun kawade ing dalem kalih dasa dinten utawi badhe ambayar pangaosing maesa, kathahipun 157 rupiyah langkung 75 sen, kadamel reyalan 70 reyal, sareng makaten pun Ranu Semita apitados dhateng prajagjeyanipunika, saha lajeng purun anyarantosaken.

Sareng sampun jangkep kalih dasa dinten pun Sutajaya boten anyukani maesa utawi arta, dados anggenipun sumados pun Sutajaya wau amung kadamel pangarema-arem kemawon, kalampaahan ngantos kaping tiga anggenipun Ranu Semita dhateng griyanipun Sutajaya, inggih tansah mubeng kasanggi ing krami kemawon, wekasan pun Sutajaya angesahi, manawi wonten tiyang dhateng anedha maesa utawi arta boten kapanggih. Wasana pun Ranu Semita judheg ing manahipun, lajeng anedha pitulung dhateng lurahipun Adminisetratur ing Singgih, nunten Adminisetratur punika akinten serat dhateng jaksa ing Purwadadi, sarta ing sanalika asuka uninga dhateng wadana pulisi ing Sragen, inggih lajeng angintunaken Ranu Semita mawi kinanthenan serat dhateng wadana ing Kuwu, sami sanalika wadana ing

Kuwu lajeng aniti pariksa prakawisipun, sareng sampun katiti-pariksa, prakawis punika lajeng kaladosaken dhateng Bupati ing Purwadadi.

Sasampunipun makaten Bupati ing Purwadadi angintunaken tiyang ingkang gadhah gugat dateng jaksa Landard anama raden Ngabei Padmakusuma, supados kainggahna dhateng pangadilan.

Sasampunipun angugeri prakawis, jaksa wau lajeng anedha arta kathahipun 25 rupiyah, arta punika kawastanan: arta tata dhahar, manawi boten anyukani arta 25 rupiyah wau, prakawisipun boten kenging kainggahaken dhateng pangadilan sanjangipun jaksa manawi pun Ranu Semita menang prakawisipun, pun Sutajaya badhe kajibaha mangsulaken arta 25 rupiyah dhateng pun Ranu Semita, dene manawi rau semita kawon prakawisipun, arta salangkung rupiyah badhe kadamel ical, kaserepaken dados gadhahanipun Padmakusuma, makaten punika saderengipun rampunging prakawis saking watawis bokmanawi arta wau sampundados kinang, tatedhan utawi dados apyun.

Kados amanggih cilaka pun Ranu Semita manawi gadhah panginten sayektos, bilih prakawisipun boten kenging kainggahaken dhateng pangadilan ing saderengipun ambayar arta 25 rupiyah,mongka kala samanten pun Ranu Semita boten gadhah arta samanten kathahipun, mila lajeng ngupados sambutan, begjanipun teka lajeng angsal, bokmanawi anyukani sareman, sapinten kathahing sareman punika boten wonten tiyang ingkang sumerep, nunten arta salangkung rupiyah wau kabayaraken dhateng jaksa, ananging boten andadosaken pitulung sagedipun wangsuming maesa utawi arta pangaosipun, malah andadosaken wewahing cilakanipun, sareng prakawis sampun karampungan, pun Sutajaya amung kapatrapan ambayar arta pangaosing maesa dhateng Ranu Semita, kawangkid ing dalem sawatawis laminipun,manawi boten saged angleksanani ing pambayaripun wau, barang gadhahanipun badhe kawade, menggah saking pamurwat boten wonten pangaos gangsal reyal.

Manawi makaten karampunganing prakawis, dados amung katindakaken karampungan sipil boten kainggahaken ing kriminil, dene karampungan sipil wau sampun tetela awit saking ungelipun serat ing ngandhap punika:

Ingkang serat, sarta tabe urmat akathah-kathah, sangking ingkang saudara, Rahaden Bei Patmakusuma, Jaksa Landrat, abdeling Grobogan, ingkang mugi kaatur ing saduara, tuwan ingkang anguwasan, ing Janglot sedaya. Wiyosipun kula sampun anampeni, sratipun saudara 1 tanggal kaping 25 Oktober 1868 tampi kula , tanggal kaping 3 Nopember ingkang 1 srat tanggal kaping 31 Oktober 1868, tampi kula tanggal 4 Nopember wau 2 srat ingkang suraos sami ugi, sangking prakawis gagatipun, Ranu Semita, kadi dening ingkang sampun kasebut, sratipun sauda kalih pisan wau, ingkang punika, inggih prayogi, saha sanalika, kawula inggih lajeng munjur ing kangjeng tuwan Asisten REsidhen, dening wau tiyang ingkang kajedhek mesthi bayar, dhateng Ranu Semita, menawi boten ingal bayar, inggih badhe kalelang, barang gadhahanipun, kadi dening adad ingkang

sampun tumindak, pajengipun barnag, inggih badhe kabayaraken dhateng wau pun Ranu Semita, dening mangke ing wingking, kula ngaturi srat katrangan malih.

Grobogan tanggal kaping 4 Nopember 1868.

Jaksa bij de Landraad van Grobogan, Padmo Koesoema.

Sutajaya ing mangke wonten salebeting kunjaran, ananging anggenipun kakunjara punika, amargi saking prakawis maesa sanesipun, mila sampun terang bilih pun Sutajaya gadhah panggaosta saking anggrami maesa anggenipun angapus-apusi, kula mastani patrap makaten wau sampun tetep dados pangapus saha anggagampil barangting tiyang ingkang dipun pitadosaken dhateng piyambakipun, manawi pun Sutajaya amung kapatrapan badhe kawade barang gadhahaniipun kemawon, dados sakathahing kawekelan tuwin katemenan sami kasingkraken, andadosaken kauntunganipun Sutajaya saking anggenipun angrami maesanipun tiyang sanes ingkang medal saking pangapus, sarta andadosaken untunganipun jaksa Padmakusuma saking arta tata dhahar, dene pun Ranu Semita ingkang anandhang cilaka kecalan arta 182 rupiyah langkung 75 sen, bokmanawi badhe andadosaken kamlaran ing salami-laminipun.

Punapa boten langkung prayogi manawi saantawis laminipun Sutajaya kapambengan anggenipun angrami maesanipun tiyang sanes ingkang medal saking pangapus, manawi piyambakipun kapaksa kendel alampah pangapus punika ing antawis laminipun, bokmawi lajeng mantun babar pisan kaniyataniipun awon wau.

Punapa boten prayogi manawi sampun terang prakawisipun, kanjeng tuwan residhen ing Samarang angemutna dhateng Raden Ngabei Padmakusuma, sampun purun purun malih anedha arta tata dhahar, awit punika kalebet lampah ambalithuk tiyang, boten pantes manawi priyantunipun kanjeng gupremen anglampahaningkang kados makaten wau, manawi Padmakusuma miturut ing pangemut punika, bokmanawi kanjeng gupremen badhe pikantuk priyantun sae ing ngatasipun Padmakusuma wau.

Menggah ingkang sami wonten saha amiteng kala pun Ranu Semita anyariyosaken prakawisipun, punika walandi kalih, kaliyan wonten malih walandi satunggil ingkang anyerat serat punika, punapa malih kaum dhusun ing singgih.

Katandhan La.

=====

Asung pawarti katur kyai Jurumartani

Ing dinten Jumungah Legi tanggal kaping 1 wulan Rabingulawal ing taun Je, angka 1798 kula pinuju ngili-ngilingi serat pananggalan taun 1869 ingkang ngarang tuwan A.B Kohen Stuwar (A.B.Cohen Stuart) priyantun amarsudi kasusastran jawi ing nagari Batawi.

Ing ngriku saseratannipun mungel ing kaca 101 bab pasebutanipun para ageng jawi, tembungipun mekaten: dene menawi wonten ingkang boten narimah mugi parenga ing galihipun mang tedhani pitedah kawratna ing serat Jurumartani malih, utawi akintuna srat dhumateng kula medal ing Pos, ing sadhanganing pangalih, dene ingkang dados pamrih kula namung badhe ngrawati

saestuning ngadat wewatonipun nagari Surakarta, utawi nagari Ngayogyakarta.

Saking pangrembag kula parayogi kula kintunaken dhumateng tuwan ingang ngarang serat jurumartani, supados anambahana serat kabar, kula raden wiradimurti ing nagari Ngayogyakarta, pangkat Mardika, nanaging kula ragi sumerep bab pasebutaning priyayi ageng jawi, kadosta para putra dalem ingkang sinuwun utawi para abdidalem pangeran santona, punapa dene para adidalem bupati sasamenipun ingkang sami kalilan mangangge kulukan nigara sarta berci, lan tulan nacindhe, amargi punika ewonipun abdidalem ketawis kinging kasebut priyayi ageng, saha sami ngasta pulisi salebetung negari utawi sajawanipun nagari, sarehning ingkang badhe kula ganjaraken namung ingkang perlu sumedya andhangani pamundhutipun tuwan A.B.Kohen Stuart, ing ngandhap punika pratelanipun:

Bab pasebutan leresanipun bendara pangeran ariya Adiwinata Kaptin ajidan dalem ingkang sinuwun kanjeng sultan Gusti Kan-jeng Raden Ayu Sekar Kadhaton.

Para pangeran putra leresipun, bendara Pangeran Ariya

Para pangeran santona leresipun, abd dalem Pangeran ARiya

Ing pepatih dalem leresipun abdi dalem raden adipati.

Para bupati nayaka 8 jawilebet inggih punika abdi dalem bupati ageng wadona 8 ananging bupati ageng wadona jawi 4 ingkang 2kasebut lurah, utawi kaliwoning pepatih dalem inggih punika bupati ageng wadona bumi sewu, satunggilipun bupati ageng wadona bumija, wondene ingkang 2 kasebut bekel mila dhasar kabawahaken ing bupati ageng wadona lurah kekalih wau, inggih punika bupati ageng wadona panumbak anyar, kalih bupati ageng wadona panumping, pasebutan mekaten wau sampun tumindak ngadat sak dangonipun ing nagari Ngayogyakarta.

Para bupati anom inggih punika kasebut abdi dalem bupati anom ananging kathah saha warni-warni,menggah peperanganipun ing pangkat kadosta

5 abdi dalem bupati wadona prajurit lebet

1 abdi dalem bupati pepatih ing kadipaten, punika ambawahaken 1abdi dalem bupati wadona prajurit ing kadipaten 6 abdi dalem bupati miji ing kadipaten.

3 abdi dalem bupati wadona dhestrik Mantaraman.

3 abdi dalem bupati wadona ing Redi Kidul 1 sepuh, 2 nem

3 abdi dalem bupati miji lebet sangking karsa dalem mirungga.

2 abdi dalem bupati wadona punakawan

8 abdi dalem bupati bumi sewu, ingkang 4 sepuh ingkang 4 nem

8 abdi dalem bupati bumija,ingkang 4 sepuh igkang 4 nem

1 abdi dalem bupati Kaliwon Kori

1 abdi dalem bupati Wadona Gamel

2 abdi dalem bupati Miji Kori

1 abdi dalem bupati pepatih ing kapatiany punikia ambawahaken

3 bupati wedona dhistrik Mantaraman 3 bupati wadona ing

Redi Kidul, 1 abdi dalem bupati wadona taman 1 abdidalem
bupati wadona Gladlag: 1 abdi dalem bupati ing Imagiri, 6
abdi dalem bupati pamiji ing kaptiyan.
2 abdi dalem bupati wadona jaksa 1 sepuh ingkang 1 nem
2 abdi dalem bupati Langhir, ingkang 1 nem sangking kartsa
lem mirungga
4 abdi dalem bupati wadona maosan dalem ing Kilen Pragi.
2 abdi dalem bupati Kaliwon kaparak kiwa tengen
5 abdi dalem bupati pamiji kaparak kiwa tengen
2 abdi dalem bupati kaliwon tedhong kiwa tengen
4 abdi dalem bupati pamiji gedhong kiwa tengen
1 abdi dalem bupati lurah Carik lebet.
4 Tuwa ing pambeka Anyar, 2 sepuh ingkang 2 nem
4 Bupati panumping ingkang 2 sepuh ingkang 2 nem
1 abdi dalem bupti kaliwon pamaosan dalem, punika abawahaken
4 bupati wadona pamaosan ing Kilen Pragi.
2 abdi dalem pangulu ageng, ingkang 1 kakim ingkang 1 Lan-
drad, mila kyai pangulu tumut kula pratelakaken ing ngriki,
amargi awon abdidalem bupati, awit patidhan dalem tedha
sabin tuwin bayar punapa dene songsong sami, kaliyan abdi
dalem bupati anem.
Prantondha Raden Wiradimurti.

=====

Manawi kepareng karsanipun tuwan ingkang ngarang Jurumartani,
serat panjurung kula punika, mugi kapacakka, kula maos juru-
martani, ongka 23 ingkang medal kemis kaping 10 Juni, wonten
saseratanipun mitra kula ingkang asesilih nama Kramadrana,
ing Ngayogyo Mancingan Parang Wedang Kramadrana anyapih
priyantun tetiga, ingkang sami ngrmbag suraos kawruh wonten
ing Jurumartani, Raden Atmadikara, Raden mas bekel Sumitra
tiga, kyai Warga, punika sami kapurih sampun anglangjengaken
anggenipun anggunem kaelokan kadugi tanpa wusana, saking
pamrayogi ing Kramadrana wau, adat manawi saweg pinuju wedal-
ing karsa punika, awon sae ugi dereng kenging kapekak ing
liyan mandar mandawi kirang sareh ingkang wawarah trekadhang
seling serep ing pamanggihipun enget kula jurumartani ongka
24, Raden Atmadikara, kados sampun amangsuli suka panarimah
dhateng Kramadrana, namung raden Bekel sumitra,tuwin Kyai
Warga ingkang dereng mangsuli, ing mangke Kramadrana, ugi
kula penggak karsanipun, kula aturi rembagan kaliyan kula
kimawon sami tiyang sepuh, sumongga kula nedha pratikel
saratinipun amongtani, supados tulus saratinipun punapa, tuwin
dinten wulan taun ingkang sar manawi miwiti garu maluku tuwin
tancebing tanem sarta tulak wilujenganipun kula sampeyan
parangi wulang, kalih dene ingkang mungel ing kidungan, lamun
sira arep nandur pari, apa saha, sawengi sadina, iderana
galengane, wacanen kidung iku, punika kados pundi yen sampey-
an sampun angsal saserepan upami kula badhe anglampahi du-
nunging donga ingkang pundi, awit kula raos wawarah ing
kidung punika kathah pikantukipun, naming kula teksih kodheng

upami badhe anglampahana dereng sumerep manggenipun ing donga, manawi Kramadrana sampaun angsal pitedah prayogi katalarna dhateng kula, kula badhe andherek sesabin kados sampeyan. Katandhan Reksi Bagaspati.

=====

Panuwun kula dhateng panjenenganipun tuwan, ingkang ngarang serat Jurumartani, ingkang mugi mugi, serat kula punika kapacakka, wonten serat Jurumartani.

Sampaun sawatawis lami, angggen kula maos serat Jurumartani ongka 19 ing ngriku wonten, priyantun mertandhani nami, Karmintuhu, anyariyosaken, bilih nagari Batawi, badhe pista, minongka kormat dhateng kanjeng tuwan ingkang wicaksana, Gupernur Jendral Jan Pitereskun,

Punika wetos kathah, ingkang sami bantoni, murih jangkep pasamuaning warni, sarta amertosaken, bilih Ngayogyakarta badhe ngintunaken beksan, kathahipun tiyang 50 iji kajawi para niyaga, ingkang badhe ngiridh, Raden Tumenggung Arya Gondaatmaja.

Ing ngriku Karmintuhu, sampaun mastani, sapinten bingahipun para tiyang jawi ing nagari Batawi, bilih aningali beksan, kuciwa badhe boten sumerep dhateng beksan, anaming wonten ingkang badhe jumeneng Kartabasa.

Punika kula apitaken dhateng Karmintuhu, ingkang sayektosing nami sinten, kalih ingkang dipun dalemi ing pundi, tiga punapa sampaun terang pamirsanipun, dhateng punapa kawontenanipun, ing nagari Batawi, sakawan punapa sampaun terang pamriksanipun, bilih para tuwan-tuwan mesthi boten wonten ingkang pirsa dhateng adat caranipun priyantun jawi besa, gangsal tegesipun tembung karem, kados pundi teges sarta patrapipun kados pundi, punapa dene tembung tuhu, kados pundi, teges sarta patrapipun, nem kula pitaken, sadaya manungsa gesang punika, 1 bilih dipun wastani, sae, 2 saget, kados pundi, utawi dipun wastani awon 2 bodho punika raosing manah kados pundi,

Kalih dene punapa sampaun limrah, sadaya manungsa punika, ingkag dipun uningani, amung sae sarta kawasisanipun piyambak, dhateng badaning nga sanes, boten priksa saene sarta wasisan, ingkang dipun pirsani amung bodho awonipun, sareng awon bodhone piyambak boten priksa, bilih tiyang punika masgul dipun wastani bodho sarta awon, inggih sokur.

Sinerat ing Ciagung kaping 20 Juni taun 1869
katandhan Secawacana.

=====

Ongka 27, 8 Juli 1869

Benjing ing dinten Salasa tanggal kaping 13 wulan Juli, 1869
badhe wonten lelang ing griyanipun tuwan Y.Dhekwan ing Loji
Wetan Surakarta, menggah ingkang badhe kawade ing lelang
barang praboting griya kadosta: meja mawi sela marmer, pigura
nem iji sakalangkung sae, kursi kajeng nongka, konsolles,
benet, wonten benetipun damelan ing Batawi, dilah gantung
tuwin dilah setroli, wonten ingkang mawi lisah petroliyum,
stolep kenap, meja bunder tuwin meja pasagi, benet inuman,
sekitsel,meja cuci mukak, patileman, pirantos wadhah inuman
tuwin sanesi-sanesipun.

Punapa malih bala pecah sapanunggilanipun, dadosan pawon,
inuman tuwin tatedhan wah sanes-sanesipun barang ingkang
badhe kawedalaken.

Menggah barangipun titiyang sanes boten kenging kanunutaken
lelang.

katandhan L.N. Lengkring.

=====

Buwaya ingkang saged agendhing

Serat pakabaran saking tanah Prasman anyariyosaken kados
ingkang kasebut ing ngandhap punika:

Ing gisikipun saganten tanah Jawi sakalangkung kathah buwaya-
nipun, agenging buwaya ing ngriku angungkuli sakathahing
buwaya ing anah sanesipun, ing tanahipun titiyang malajeng
buwayanipun asring adamel karisakan ageng, ing muhara Batawi
kemawon titiyang ingkang sami pejah dening buwaya kenging
kaetang ngantos atusan, menggah titiyang ingkang taksih
dereng terang mangertosipu sami amastani, bilih titiyang
ingkang pejah katedha ing buwaya punika kamah sampun kalebet
ing papasthen, dene buwaya wau ing ngatasipun titiyang mala-
jeng sami pinudya-pudya, ewadenten para tiyang malajeng
inggih sami purun amejahi buwaya, manawi buwaya punika amuna-
sika dhateng piyambakipun, punapa malih para tiyang malajeng
wau inggih ugi asring ambubujeng buwaya, pamrihipun badhe
anelakaken kapurunan tuwin trampling solahiun, ananging
manawi buwaya punika sampun kapejahan, bangkenipun lajeng
kaurmatan, manaw8i wonten tiyang purun purun amunasika dha-
teng bangkening buwaya, lajeng dipun murinani ngantos dados
tutukaran.

Lalampahan ing ngandhap punika badhe anerangaken bab pita-
jengipun titiyang malajeng dhateng buwaya wau.

Kala wulan Mei sampun tanggal sepuh wonten baita kapal dha-
teng saking nagari Walandi, katumpakan ing sudagar satungil
tuwin titiyang numpang sanesipun sudagar wau ambekta raja
brana ingkang pangaosipun sabuntel tuwin sanesipun
barang warni-warni, sareng makaten sudagar wau badhe minggah
dhateng dharatan, anumpak baita alit mudhun saking baita
kapal, saha ambekta barangipun sadaya, sadumuginipun ing
sawangan lepen, baitanipun katampek ing toya lajeng kerem,
kala samanten sudagar ical, awit saking ebahing toya tiyang

gadhah panginten, manawi para buwaya sami rebatan anedha dhateng sudagar wau, bokmanawi barangipun sudagar sami kauntalan ing buwaya, awit buwaya punika sakalangkung gragasiipun, manawi wonten barang gadhah ing toya, lajeng kasarab.

Salajengipun ingkang wonten salebetting baita kapal titiyang sami kaget sadaya, aningali keremming baita ingkang dipun tumpaki dhateng sudagar, sarta anignali icaling sudagar sabarngipun, ciptaning manahipun para tiyang salebetting baita kapal wau, sampun boten saged atutulung daheng sudagar, sarehning sudagar punika kakinten sampun pejah, mila para tiyang wau badhe amales ukum kemawon dhateng buwaya, kala samanten para tiyang ing baita kapal sami mirantos ing dada-mel, sasampunipun makaten lajeng anumpak baita ingkang kaudhunaken saking baita kapal, kathahing titiyang ingkang sami numpak baita kalih likur, wonten ingkang ambekta sanjata, sarta wonten ingkang ambekta wadung tuwin lading, sareng baita wau dumugi ing dalem satus lo tebihipun saking gisiking saganten, boten antawis dangu tumunten wonten buwaya angatinal wonten saantawising baita kakalih, sirahipun manthongol sangginggiling toya, sarta cangkemipun amangap, nunten buwaya punika badhe agupak wonten ing bladheran sapinggairing saganten, ananging para tiyang salebetting baita enggal sami anyanjata sareng dhateng buwaya ingkang tatu ajur amoh, lajeng pejah wonten ing dharatan tebihipun satus dindak saking anggenipun kasanjata wau.

Boten dangu lajeng wonten titiyang malajeng sami dhateng aningali buwaya ingkang pejah punika, sareng para tiyang ing baita sami murugi buwaya wau, sampun kapanggih kine pang dhateng titiyang malajeng ingkang aningali wau punika.

Kala samanten wonten ungeling gendhing ingkang medal saking buwaya kamirengan ing ngakathah, andadosaken kaget sarta eramiing para tiyang ingkang sami mireng wau, titiyang ing baita boten saged anggayuh ingkang dados sababipun wonten gendhing makaten punika, kalampahan para tiyang ing baita tuwin titiyang malajeng sami kendel boten ebah badanipun ngantos sakendeling gendhing, nunten para tiyang ing baita sasampuning mantun kagetipun, enggal anyelaki bangkening buwaya ingkang sumedya badhe kabedhel, awit titiyang ing baita boten gugon tuhon kados tiyang malajeng.

Sarehning titiyang malajeng kala samante kayuyun sanget dhateng gendhing ingkang medal saking buwaya wau, mila lajeng tetep ing pitajengipun dhateng buwaya ingkang pinudyu pudya kados dewa, sarta lajeng boten suka bilih buwaya kabedhela, kalampahan para tiyang ing baita atangled kaliyan titiyang malajeng, wekasanipun titiyang malajeng kawon,

Wasana tiyang lajeng sumerep bab wedaling gendhing saking buwaya, sareng buwaya kabedhel, tiyang amanggih orgel wonten salebetting weteng buwaya, orgel punika kenging mimis panggenan puteranipun, dados kados dipun lampahaken, lajeng munggel gendhingan.

=====

Wuwulang ingkang kasangetan

Kala tanggal kaping 15 wulan Juni ingkang sampun kapengker para priyantun kaliyan pangagenging titiyang Cina sami kalempakan wonten ing griyanipun litnan Cina ing Magelang anama: Beh Ing Wan, menggah ingkang dados prelunipun kalempakan punika, badhe angrembag prakawis beyaning panggaotanipun para tiyang Cina ing Magelang, kala samanten ingkang sami wonten ing pakalempakan tuwan Kontelir, patih kaliyan wadana ing Magelang, punapa malih para pangagenging titiyang cina, boten antawis dangu anggenipun sami lenggah para rpiyantun wau, tumunten wonten ingkang dhateng tiyang Cina satunggil anama: Ta, Ta, tiyang Cina punika dados lit ing Pakalempakan wau, sarta lajeng amurugi dhateng Litenan Cina, ing ngriku Litenan Cina punika lajeng dipun tatoni ing bau tuwin rainipun dening tiyang Cina wau, manawi boten enggal kapitulungan dening wadana ing Magelang, bokmanawi litenan Cina badhe anemahi pejah, wadana punika anyandhak kursi, lajeng kakeprukaken dhateng Cina ingkang ngamuk, kalampahan Cina wau dhawah ing siti, lajeng kacepeng ing ngakathah.

Sareng tiyang Cina ingkang ngamuk punika pitakenan menggah ingkang dados sababipun anatoni dhateng litenan Cina, wangsu-lanipun amung awit saking sakiting manahipun, amargi piyambakipun ing ngajeng kaerang-erang dhaeng litenan Cina, malah sampun kalampahan katundung saking griyanipun litenan cina wau, wondening tatonipun litenan Cina sanget tuwin botenipun, punika boten wonten keteranganipun, sanadyan makatena, ewa denten lalampahan ingkang kados makaten wau andadosaken pangemut-emut ing ngatasipun patraping tiyang ingkang wonten ing nginggil sampun ngantos sawenang-wenang dhateng andhap-andhapanipun.

=====

Kala ing taun 1867 ing Ngayogyakarta wonten lindhu ingkang andadosaken sangsaraning titiyang kathah, saha ngantos anemahi karisakanipun nagari ing Ngayogyakarta, tiyang ina anama Ko Ho Sing atutulung dhateng bangsanipun tuwin titiyang sanes ingkang sami kasangsaran, kathah titiyang ingkang kasangsaran wau kapanggenanaken wonten ing griyanipun, dene ingkang sami kataton kasukanan mori, punapa malih titiyang ingkang sami pejah saking dening lindhu wau kawragadan ing pamendhemipun, wah titiyang ingkang sami kacingkrangan ing tedha, kasukanan uwos tuwin tatedhan sanesipun, sakalangkng kathah pitulungipun tiyang Cina wau dhateng titiyang ingkang sami kasangsaran saking dening lindhu, malah anyukani wragadipun andadosi griya pamulangan Cina ingkang risak sabab saking lindhu wau, menggah pitulungipun Ko Ho Sing punika lajeng kayektosan ing ngakathah, mila kalampahan pun Ko Ho Sing kadadosaken Lit ing Kamar Bolah ing Ngayogyakarta dening para tuwan Lit ing Kamar Bolah punika.

Wondening cariyos ing nginggil wau saking Sastra Permadi, malah pun Sastra Permadi amewahi ing cariyosipun manawi lalampahan sae punika amesthi pikantuk sae sakig ingkang maha

kawasa.

=====

Kula matur ing panjenengan sampeyan tuwan Redhaktur, anggen kula boten amangsuli dhumateng sratipun CFP punika awit kula manah tanpa damel bilih lalawanan kaliyan tiyang kang sampun tetela catcatan kaengetanipun manawi gadhah tekadahng malah sepen, inggih tiyang sapun kasebut ing serat kla sakawit saestu boten tebih, Mila sanajan pun CFP wau lajeng amangsuli malih dhateng srat kla kang katur ing anjenengan sampeyan punika sayektos boten kula praduli amitrangna suraosing sratipun, langkung prayogi mitrangaken serat anggitanipun para saged, samanten malih katimbang kula andamelaken wangslan dhateng CFP, langkung prayogi kula gineman kaliyan sane-sipun kasambi ngaturi pakabaran kados ing ngandhap punika:

1 Canggeh tuwin Canggeh Tiwon tiron tiron ambek welasa sampun kalintu tampi mila kula boten mawi nyebutaken mas utawi raden awit kula namung miturutaken saking tondha nama sampeyan kimawon, bilih kula amewahana mas manawi dede leresipun wekasan malah andadosaken lepat, samantena wau boten dhateng sampeyan kimawon dalah kula mastani dhateng sanesipun kados ta: dahteng Abdulatip; Wigyapanitisstra, Gunawan sapanungil-anipun inggih namung miturutaken saking tondha namanipun kimawon, tranging samanten kula anggadhahi pirembaging bilih andadosaken prayogi, mugi sampeyan sampun ngnatos kaget sarta mangsuli dhateng seratipun CFP, utawi pak Nuning, wekasanipun mindhak andadosaken camahing sarira sampeyan, pareng boten parenga sampeyan kula jiyat mugi manggalliya tutuladan kados pambekanipun Sokrates pujongga ing Rum, kang kasebut ing serat cariyo kalihatus kawandasa sakawan ing kaca 23 awit pun CFP punika saestu boten marojol kados prate-la kula kang katur panjenenganipun tuwan Redhaktur kasebut ing ngajeng wau, tur anyegik ngaken kuminter amun keri bodhonipun, punapa boten makaten tanun denten pak Nuning punika kula boten manceni bab kasagedanipun sawatawis ananging kenging kula wastani budining tiyang panas baranan kaduk purun sepen sanget dugi prayogi. Bubuden kang makaten punika punapa wonten emperipun budi kautama rak inggih boten tur kula pyambak saged wicanten ananging dereng saged anglampahi mila sampeyan tiron tiron ambek welasan teka karsa lmawan angaben seserepan leresing wawaton paramasastra: o biyung, biyung bok inggih teka kendel punapaha, sanajan badhe gineman punapa kirang para saged ingkang nglangkungi pak Nuning, rak inggih boten, kajawi punika sumongga sami pethakan, sanajan kula boten raraosan kaliyan pak Nuning ananging ngaturi rembag dhateng sampeya ewadenten kula anamtokaken pak Nuning lajeng nyrudug dhateng seratan kula punika, ananging kula sampun boten manah amangsuli, E bok inggih dipun nglangkungi wangslan iun dhateng canggeh tuwin canggeh tiron-tironipun kula sampun boten mraduli, sampun tanun samanten kimawon inggih, gentos anyariyosaken kabar tuwin seserepan anggen kula angsal salebetipun kula kekesahan nalika wulan kang

kapengker punika.

3. ing dhusun Surawana bawah Kapulisen ing Bayalali Surakarta wonten uwit kalapa epang kakalih dados tiga kaliyan delegipun.

4. Salebetung wulan Pebruwari taun punika, pawartosipun tuwan Johan Kasperdhansralendhorep ing jiwa anakipun mantu wasta tuwan Dhelo kaliyan tuwan Mayor punika kekerengan kaliyan tiyang jawi wasta Surawinangan akanthi anakipun wasta Onggalesana, wonten ing dhusun Trotok ananging kula boten terang jalananipun kalampahan tuwan Mayor kapendthung ing alu kengng sirahipun ngantos ngalonyom kulisipun, wujuding badan saengga adus rah, dening Onggalesana. Boten watawis dangu tuwan Johan Kasperdhan sratledhorep sumerep bilih anankipun mantu anandhang tatu, sanalika lajeng titir sarta ngungelaken bendhe, sadhatengipun titiyang ing jiwa sabawah wataws wonten tiyang 200 mirantosa dadamelipun lajeng ngepang ing dhusun Trotok, ananging sampun pinanggih suwung sadaya, awit sampun sami kesah ngupados pangusen, salajengipun prakawis katur ing parentah, samangke kula dereng angsal pawartos sampun karampungan utawi derengipun.

5. Anggen kula kekesahandhateng dhusun sareng panuju ing dinten salasa kaping 25 Mei utawi kaping 13 sapar sami kapengker punika, kula numpak karetea mampir aningali pabrik nila ing sekar suli sareng wanci pukul 4 sonten kula wangsluk saking ngriku kula dumugi margi sacelaking dhusun kalemut lajeng wonten lesus langkung saking santer watawis wonten 300kaki kubuk agengipun, tujunipun kareta kula sampun ragi mengkeraken, saupami lampahing kareta kula ngantos katumbuk ing lesus, saestu andadosaken risaking kareta, awit kula timbang sareng lesus angambah ing padhusunan griya kathah kang sami kabur empakipun, utaw salongkang sami manggen ing kakajengan inggih sami kabur katut ing lesus malah kathah kang sami kalempet, kakajengan sami kados kauntir, sareng ngambah ing sabin kang saweg dados paleleran punika ngantos meh telas toyaniipun awit sami gogolongan saka kalapa tuwin sakalenthing mumbul watawis 80 utawi 100 kaki inggilipun lajeng ambyar, wonten malih tiyang ingkang katrajang ngantos dhawah kewalik walik, saking enggenipun tiyang padhusunan amastani inggih punika ingknag nama Caleret taun.

Wasana ing tembe bilih wonten selaning padamelan kula dhinas, sapikantukipun kula badhe ngaturi panjurung kabar ing jurumartani malih.

Kaping 11 Juni 1869, Dipalukita.

Saking panuwun kula tuwan Redhaktir, SErat Tamba punika mugi kapacak ing SErat Jurumartani.

Kula pun Jayengwesthi, ing Mancingan, medal saking, guwa, lajeng pitaken dhateng para tiyang ingkang sampun nate kesah dhateng ing (Ng)Arab, pitaken kula kados ing ngandhap punika.

1 bab Sahadat

2 Bab Salat

3 Bab Puwasa

4 Bab Jakad(lamun kuwasa)

5 Bab Kaji (lamun kuwasa)

Lo kados pundi ingkang 2 mawi kaol ingkang 3 kok boten punika punapa sababipun mekaten malih ingkang ongka 5 tyang Jail murakap, kok mathem anggenipun ajujuluk tuwan Kaji, malah malah tyang kang sampun kesah kaji wau, yen baten kasebut tuwan kaji, baoten purun semaur, lajeng nepsu, o rehning sanget bodho kula, tuwan kaji Jail Murakab kula aturi maringi priksa dhateng pun Patik Sumongga, wijangi, 5 bab wau punika sabab ing tembe, kula badhe ngayoni sujarah dhateng sareyan dalem Madinah musaraphah Amin, anamung yen sampun dumugi, ing Mancingan ugi nama Jayengwesthi, malih bokmanawi jrihyen kasiku, dene ngalah nama tuwan Kaji Jail Murakab.

Tamat Titi. Katandhan dene RAden ARya Jayengwesthi,ing Mancingan.

=====

Agung panjurung klayan urmat, serat tamba punika, menawi tuwan galih pantes, kula nuwun kapacakka, ing dalem mustaka jurumartani.

Eh eh saking temen-temen kula, nggen amba, sung kabar, saking Ngayugya, wonten satunggaling tiyang, wasta raga bondha, punika pun Raga, nandang sangsara picak mripatipun, kalih pisan, wondene karyanipun rinten dalu, amung crita,rigit purwa, sarwi nabuh gongsa, gumbeng, kendhang pring, bedhe, gong, pring, kethuk kenong keprak, gongsa, warni, e la keprak wau, katabuh pribadya, wragatipun sedalu, menawi katanggab 100 sen, kajawi sekul wedang, la ingkang dadosaken iramipun ing ngakathah pun raga, wau tiyang 1 kok saged nabuh warna 6 tur sarwi crita,lah katimbanga ta, kalih dhalang ing saensi-pun, yen katun tiyang kaliy pun redi sona, punika sampun kondhang, sak negari, meksa kawon kaliyan pun BOndha, 6,6 pramila saking panuwun kawula pun Redi nrimaha katunjung dene pun bondha, bokmenawi ing tembe saget sasap, tamat.

Titi Katandhan tiyang awon sanget griya, sak ngadhaping SEdhatu, Bubrah, pun Susah.

=====

Kawisudhan Margongsa.

1 Ngabei Brajajedmika,karsa dalem, dados Penewu Sepuh, Sabin, 5 jung, margi sdaking wekel ngladosi wonten ing ngarsa dalem.

2 Ngabeu Brajadenta, dados penewu, gentosi, Brajajedmika, sabin 3 jung.

3 Ngabei Brajakersa, dados bekel agentosi Brajadenta, sabin, tiga tengah jung sami jungjungan ing Ngayuggya, wondene jajaranyipun teksih gumantung dereng wonten karsa dalem, tamat. Titi, Useng.

Katandhan dene Raden Ariya Jayengwethi. ing Mancingan.

Ongka 28, 15 Juli 1869

Para tiyang ingkang taksih gadhah sambutan dhaeng kantor lelang ing Surakarta, kala wulan Maret 1869, ing mangke sami kaemutaken, ambayara sambutanipun saderengipun utawi satelas-ing wulan Juli punika, manawi boten angleksanani ing pambayaripun wau, amasthi badhe katagih medal saking panguwasaning parentah.

Surakarta kaping 1 Juli 1869

Katandhan dening kang ngwasani kantor lelang
Tuwan Bosower.

=====

Pawartos warni-warni

Tuwan Se (C), dados Sekaut ing Batawi, kala ing dinten Senen tanggal kaping 28 wulan Juni ingkang sampun kapengker adhawah saking kapal, andadosaken pejah sanalika wonten ing ngenggen.

=====

Serat pakabaran Sallompret malajeng anyariyosaken ingkang dados karsanipun kanjeng gupremen, bilih wiwit saking para wadana manginggil badhe boten kakengingaken ing beyanipun kareta satunggil, makaten ugi wiwit saking para wadana wau mangandhap inggih ugi boten kakengingaken beaning bendi satunggil, awit kareta tuwin bendi punika kagalih prelu kadamel tumpakan ing salebetipun anglampahi padamelan.

=====

Kala tanggal kaping 4 wulan Juni punika ing wanci sonten watawis jam sakawan, griyanipun tukang damel sekar latu ing kampung Pacinan Samarang kabesmen amargi saking pambaledhosing sekar latu, andadosaken pitunan ageng, kala samanten griya kalih ingkang sami risak babar pisan, anjawi saking punika wonten tiyang tiga ingkang sami kataton ngantos sanget.

=====

Kala badhe angkatipun baita kapal ingkang anama Willem kaping III ing wanci enjing amarengi tanggal kaping 5 wulan Juli punika, kathah titiyang sami dhateng ing Ebum, sedyani-pun badhe kurmat angaturi wilujeng ing margi dhateng kanjeng tuwan Waleson Jendral Mayur saha Komandhan saking prajuriti-pun Kanjeng Gupremen ing sabawahipun Samarang sadaya, kala samanten ingkang sami wonten ing Ebum para opsi saking prajurit militer, tuwin para opsi ripun prajurit Mardika, anjawi saking punika kanjeng tuwan residhen tuwin kanjeng tuwan Asisten pulisi ing Samarang, wah para pangageng sanesi-pun inggih sami tedhak ing Ebum wau.

=====

Mengkah sela inten ingkang sakalangkung kathah pangaosipun ing sapunika titiyang tansah amanggih wonten ing tanah apri-kah Poncot kidul piyambak saking pawartos kala angkatipun pos ingkang kantun piyambak saking tanah wau titiyang sampun amanggih sela inten kalih dasa iji, wonten selanipun inten satunggil ingkang gadhah wawrat 47,5 karat, pangaosipun

kirang langkung saking 25000 rupiyah, sarta woten malih selanipun inten satunggil iji wawrat, 83,5 karat, pangaosipun kirang langkung saking 360000 rupiyah, dene pamedalipun mas tanah ing ngriku ngantos sapriki dereng saged anyekapi wra-gading pamelikipun.

=====

Gugon Tuhon

Gugon tuhon punika kalebet ing pitajengipun titiyang ingkang kirang pambudi, kathah kemawon titiyang ingkang sami gugon tuhon apitados dhateng samukawis ingkang kawastanan singit saha dhaeng panggenan ingkang kakinten dados pangalapan awit saking kakinten dipun griyani ing lelembut, kadosta: gandruwo, jrognkong, thethekan, wedhon sapanunggilanipun, mongka sayektosipun boten wonten, manawi titiyang gugon tuhon amastani wonten, kula apitaken dhatengtitiyang gugon tuhon wau, punapa lelembut punika gadhah griya kados manungsa, bilih gadhah kados pundi anggenipun saged dumunung wonten ing kakajengan, ing sela tuwin ing panggenan ingkang kawastanan pangalapan wau, punapa lelembat wau anggenipun agagriya wonten ing kakajengan amung tummempel ing uwit kemawon, punapa pamlangkrong ing epangipun, punapa lelebat ingkang kawastanan agriya wonten ing sela punika punapa amung aleng-guk-lenguk sanggingiling sela, punapa malih lelembat ingkang agagriya wonten ing panggenan pangalapan wau sami angadegaken griya banon punapa griya gebyog, punapa titiyang gon tuhon sampun aningali griyaning lelebat wonten ing panggenan ingkang kawastanan pangalapan punika.

Kula apitaken malih dhateng titiyang ingkang sami gugon tuhon, lelebat wau kadadosanipun saking punapa, kados cariyosipun para tiyang gugon tuhon, amastani bilih kadadosanipun lelembat punika saking manungsa, manawi makaten ingkang dados punapanipun, punapa raga punapa rohipun, manawi kawastanan raganipun ingkang dados, punika boten wonten emperipun, amargi samukawis ingkang sampun pejah lami-lami sirna ing kawujudanipun, kados ta tiyang pejah punika raganipun lajeng bosok tuwin ajur, cekakipun lajeng atunggil kaliyan siti, dene manawi kadadosanipun saking roh ing manungsa, punika sangsaya boten wonten emperipun pisan-pisan, awit roh ing manungsa kados ingkang sampun kapangandikakaken ing kanjeng Nabi Mukamad kasebut ing Kur'an, punika kadadosanipun saking ingkang maha kawasa, sakalangkung sanget asoripun bilih roh ing manungsa kawastanan dados gandruwo, thethekan, wedhon jarongkong sapanunggilanipun.

Ing mangke titiyang gugon tuhon kula aturi sami anggalih saha ambudi, punapa wiji punika saged asantuni jinis kadosta: wiji nongka punapa saged thukul duren, tigan ayam punapa saged anetes kambangan, salajengipun wiji sa ngalamdunya punapa boten athukul tunggil jinisipun ingkang medalaken wiji wau, punapa boten kenging kaanggep saha kapitajeng, bilih raganing manungsa badhe dados siti, amargi kadadosanipun saking siti, dados wangsl dhateng jinisipun malih, makaten ugi roh ing

manungsa kedah atunggil kaliyan ingkang anedhakaken, saka-langkung sanget anggenipun angsoraken titiyang gugon tuhon dhatengrohing manungsa, saminipun kados sosotya kaanggep karikil sela cemeng.

Kala ing jaman buda akathah kemawon titiyang ingkang sami amumudya dhateng kakajengan, sela, kuburan tuwin sanesipun ingkang kaanggep gadhah kawasa asuka begja cilaka, mila makaten pitajengipun titiyang buda, amargi saking dereng sumerep dhateng ingkang maha kawasa, ingkang sayektosipun, ewadenten titiyang buda wau sampun gadhah panggraita dhateng kawontenaniipun ingkang maha kawasa, bokmanawi panggraitanipun punika awit saking aniningali isen-isening ngalamdunya, tuwin kawontenaniipun samukawis ingkang katingal ing ngawang-awang, kadosta: srengenge, rembulan, lintang sapanunggilanipun bongsa kodrat, punika sadaya saestu wonten ingkang anitahaken, ananging sarehning titiyang buda boten gadhah panutan kados titiyang ing jaman sapuniqa, mila kenging kawastanan kirang saserepanipn dhateng ingkang maha kawasa, dados gugon tuhonipun tiyang buda wa aawit saking petenging pangertosipun, wangsl titiyang gugon tuhon ing jaman sapuniqa sami anemaha dahteng gugon tuhonipun, awit sampun padhang pangertosipun, kok boten purun ambudi kaindhakaning panger-tosipun wau.

Wasana panuwun kula dhateng titiyang gugon tuhon, mugi-mugi sampun ngantos rengat ing galih, dene kula kami purun angelaraken prakawis bab gugon tuhon wonten ing Jurumartani, kula boten pisan-pisan amaoni dhateng pitajengipun tiyang gugon tuhon,pamrih kula ingkang sayektos destun amung anelakaken samukawis ingkang mokal-mokal, kados ingkang kasebut ing ninggil wau, supados kagalih saha kabudiya piyambak-piyambak dhateng para tiyang gugon thon mawi wawaton kawontenaning bongsa kodrat ing ngalamdunya, ing ngajeng kula inggih saka-langkung gugon tuhon awit saking pitados dhateng bongsa kamokalan wau, kla asring midhang dhateng kuburan, asuka sekar tuwin konyoh dhateng kajengan, sela sapanunggilanipun panggenan ingkang kawastanan singit, ing ngriku kula gadhah panedha dhateng lelembat ingknag dumunung wonten ing kakajengan, sela sapanunggilanipun, mugi kasukanan kanugrahan, ananging boten antawis lami kula angsal saserepan saking mas Abdulatip ing Samarang tuwin mas Wigyapanitisstra ing Kudus, kala samanten sakalangkung kaduwung kula, dene kula sampun purun-purun angasoraken dhateng kamanungsan,mongka manungsa punika kadunungan ing roh ingknag kadadosanipun saking ingkang maha kkawasa, menggah ingkang kawasa aparing begja cilaka, sakit kasarasan amung satunggil inggih punika ingkang maha kawasa piyambak, begja cilaka, sakit kasarasan punika boten kenging kasuwun utawi kalumuan, awit sampun gumantung ing papasthen, dene papasthen punika gumantung wonten ing karsanipun ingknag maha kawasa.

Katandhan Dahwen Tiron.

Ing serat Jurumartani ongka 26 kula sampun amaos panangisipun Mas Secawacana, semunipun ragi rengu, awit kula angalembana dhateng Raden Tumenggung Arya Gondaatmaja, mengkah saking putusipun ing kasusastran. Sadagunipun kula maos kok angleges ing manah, dene wonten ingkang gangsul manahipun margi saking anggen kula angajengaken raden tumenggung wau, angkah kula ingkang wau badhe kula singkiraken, tegesipun boten badhe kula rembag malih panangkis wau, wasana kula manah, owel bilih kakendelaken, kasapisan dados boten badhe angrameni serat wawarti, kaping kalih manawi kula kendelaken sasad bosa, rehning boten amung lokaken budinipun kajujuluk Secawacana, mila ing sapunika kula badhe angarem-aremi dhateng sampeyan mas.

Anggen sampeyan kagungan kanepson wau, lepat babar pisan, nanging boten jalaran saking anggen sampeyan masgul e boten, namung awit anggen sampeyan angawonteni jatining kothong, lo punika mas ingkang kula welasi.

Upami sampeyan andarbenana kamemetan nanging sampun kaduk tyas abela tampi lo mas sabab kula timbang aluwung angajengaken mengsah ingkang sampun yekti, kalayan angajengaken mitra ingkang lamis, kula wawrat bok dipun ganjara sapinten mongsa gek sampeyan karsaha anangis anggitan kula, sabab badhe ananpuk dhateng sariranipun pyambak.

Dhuh mas Secawacana, dipun waosa malih anggitan kula ingkang astiti, nanging sampun sampeyan amung amaspaosaken aksara besaos, sabab aksara makaten prasadad layon, mila sampeyan kula aturi amungseng. Manawi dereng kapanggih aminta asraya dhateng tiyang sanes ingkang kalebet sarjana, sampun ta atata, dhateng pundi ta kajengipun utawi keplasing tatembungan kula.

O, mas sampeyan kula byantoi dadonga, mugi-mugi kaparingana waskitheng tyas kacongkah anggayuh pikajengan, ananging manawi sampeyan boten kadunungan guna weweka, lah kula lepas kangan sabab kula kengetan liding paribasan: sinten ingkang anyلومot awakipun pyambak inggih kuwajiban anjagongi biluripun.

Wonten malih ingkang dados gela kula, dene sampeyan anganggit serat kapacak ing serat kabar, emperipun kadi tiyang dados priyayi ingkang ngasta leleresan nalika aniti pariksa dhateng sakitan, lah punapa sampeyan boten anggayuh pyambak bilih anggen sameyan anyual ngantos dipun angkani, saking tumangkar tangkaripun saingga asil prasadad sun anjegogi rembulan, ewadene kula boten patos purun darbe watek kendel babar pisan kados rembulan: sampeyan mawi taken jatining nama kula, saha tegesipun, kantun kantun sampeyan pribadi jajuluk Secawacana, punika tegesipun punapa, tuwin punapa boten kenging kawastanan dhampit kaliyan nama kula.

Kalih dene mas sampeyankula caosi atur, nanging sampun pisan andadosna lepating panampi, saestunipun upami kula sumerepa yen sampeyan badhe arengu, tuwin dhengera yen sampeyan awisma wonen ing Ciagung Cici makaten dede panggenan wawengkoning

sentral Nusajawi di samber kuwuk yen kula puruna angalembana dhateng raden tumenggung Gonda, sabab kula wawrat sampeyan kemawoninggih amumpuni sabarang kardi, ingkang ewon dhateng padhalangan, samanten punika kula nuwun maklum bilih wonten tatembungan ing nginggil kang boten angrojungi kaliyan pamanggih utawi raosing manah sampeyan dipun agung pamengku sampeyan.

Wasana kula angrumiyyini, sampun ngantos sampeyan ikalba sakula, tegesipun, tatembungan padhalangan wau, sampun sampeyan kosokwangslu kadunungaken dhateng raden tumenggung Gonda, o boten.

Surakarta ping 5 Juli 69, Katandhan Karmingtuhu.

=====

Saking panuwun kula, dhumatengpanjenenganipun tuwan tukang ngarang, srat Jurumartani, ing nagari dalem Surakarta, ingkang mugi lajeng kapacula, wonten ing dinten Jumungah, ngajeng punika, ingkang supados tumunten sagetipun kauningan, para priyantun ing tampi, srat jurumertani, wondenten panuwun kula, kados ing ngandhap punika,

JNalika dinten Malem Kemis kaping 3 wulan Sura taun Je punika, 1798, wonten tiyang nami Kartadikrama, dados bekelipun pawingking, tyang nami Kasantirta, dhusun Gumulan, bawah kabupaten Kapolisen Bayalali.

Wegdal sumanten, pun kartadikrama, gadhah kapal satunggal jaler, Wulung Abang, kabeta dursila pandung, sareng lapur, dhateng polisi kang bawahaken, nami mas Bei Dirjadipura, inggih lajeng mudhun, dhateng dhusun Gumulan, pun Kartadikrama,kapoundhut tanpa dhendha yatra, 5 gangsal rupyah,pethak, wondenten tiyang alit salebete ing dhusun Gumulan, sami kapundhutan yatra, dhendha braya, kathahipun 5 gangsal rupyah slaka, denten namining tiyang alit kang sami kadhendha, kados ing ngandhap punika.

1 Kasantirta, bekel pengajeng, 2, nami Pak Banget, 3, Pak Blengur, 4 Trunagala, 5 Pak Kabul, 6 Pak Saja, 7 Sanawi, 8, Trasetika, 9, Cadrana, dados pulisi ingkang bawahaken dipun lapuri tyang kapandungan, baten pindhah pindhah, dhawahaken ngupadosi katrangan, agengipun mitulungi, nyuwunaken serat saitwara,inggih baten, ingkang dipun engeti, kalayan kaperlokaken, naming anggenipun ngupados arta, baen ketang medal saking jalaran rusiya, dhateng tyang bawahipun inggih katempah.

O, bok inggih mugi-mugi, gusti kula ingkang sampun winenang ngasta pengadilan, amariksowa, dhumateng sadaya tiang, ingkang dipun bawahaken ngabei Dirjadipura.

Nuwun makaten malih, nunggil salebetipun wulan Sura warsa Je, mas ngabei Dirjadipura, muwun dhumaeng bawahipun ing dhusun Turus, wonten tiyang satunggal bawahipun nami Pak Kreweng, bekel Turus, punika, pinuju mentas tumbas kapal satunggal jaler Wulu Abang, kawuningan dhateng mas ngabei, Dirjadipura, pak Kreweng lajeng dipun timbali, kapurih beta kapal dalah sratipun lulusan, sareng pak Kreweng sampun dhateng, kapal

wau, kapundhut margi kagalih kapal peteng, aturipun pak Kreweng, bilih kapal kapindhut nuwun mopo, margi panumbasipun trang, sangking tyang wasta Asmasentona Gridheh, sratipun pas cetha, cacok klayan wujudipun kapal, naming mas bei Dirjadipura, meksa kedah kagantung, dupih sratipunlulusan baten wonten ingkang nyebutaken ciri,taliwangke, rehning pak Kreweng baten sumerep, nyuwun pitedah,panggenanipun ciri, ingkang wasta, tangsul wangke, punika ingkang pundi, mas ngabei Dirjadipura, lajengdhatengaken deduka, pak Kreweng dipun gebagi, klayan demang penatus nami Setradrana, aliyas pak Sinem, lajeng tumut nganiaya, jejege dhumateng pak Kreweng, denten kapal saestu, kabeta dhateng mas bei Dirjadipura, pak Kreweng wau lajeng sakit, watawis satengah wulan, pak Kreweng ragi sekeca, punika lajeng nedha pitulung, dhumateng tiyang ragi mangertos wasta Pramanggala, bekel Turus, kapurih nyuwunaken gadhahaniipun kapal ingkang gumantung wonten ngabei Dirjadipura wau, pak Kreweng ugi tumut dhumateng Bayalali, naming sumedyanipun Pramanggala, bilih kapal baten pareng kasuwun, lajeng ngunjuki kawuninga dhumateng ing pangadilan ageng, sareng kapal wau dipun suwun dhateng Pramanggala, dhawahipun mas bei Dirjadipura, inggih pareng, mawi mundhut panebus yatra 60 uwang.

Ing nalika dinten Jumungah tanggal kaping 9 wulan Sapar Je punika, griyanipun Wongsalesana, bekel dhusun Karangpoh, dipun dhatengi lurahipun Polisi, ugi mas ngabei Dirjadipura, dhatengipun ing ngriku wau, pun Wongsalesana, sak kancanipun bekel Karongpoh, kadakwa, walet yatra rukun damel margi ageng, 4 pasokan, naming pun wongsalesana, boten rumaos kuwaledan yatra rukun damel, margi pendhak kalamongsa bayar, ingkang nampeni, demangipun mas bei Dirjadipura,nami Kretadi-rya, aliyas Demang Cacar, sami Karangpoh, punika mas ngabei Dirjadipura, lajeng apurun purun mendheti barang, gadhahaniipun Wongsalesana wau, 1 warni lameng, 1 warni dhuwung 1 kendhil dembagi, kaserebpaken rukun damel dene pun Wongsalesana,kekah boten suka, nyuwun betehipun kalih demang Cacar, ingkang dipunkuwasakaken nampeni rukun damel saklamenipun, mas ngabei Dirjadipura baten ajeng, ngantos badhe bacok-binacok arit ageng, mas bei Dirjadipura, mesa kesah mawi beta barang, jujug griyanipun bekel nami Kretasemita, sami karangpoh, gadhah dhuwung satunggal iji, inggih tumut kabeta dhateng ngabei Dirjadipura, kasrapaken rukun damel, rehning rumaos tiyang alit, mongka mas bei, drjadipura sampunbaten kenging, kauduraken, dados sam nglari dhumateng Bayalali, ngaturi yatra paneus, tiyangkalih, kenging yatra, 24 kawanlikur rupyah dembagi, barang lajeng kaparingaken wangsul.

O, pramila, sakelangkung panuwun kawula, mugi ingkang jeng parentah ageng, anggaliya, atur kawula, ingkang kawrat wonten pustaka pawarti.

Kaping 29 Mulut warsa Je, ongka 1798.
=====

Ongka 29, 22 Juli 1869

Tuwan Langkring asuka uninga bilih ing mangke atampi barang pangangge kapurih amadekaken, menggah warnining barang kados ingkang kapratelakaken ing ngandhap punika:
Supe mas sarakit mawi sela barliyan ageng,
Gelang mas sarakit mawi sela inten wolung iji
Susuk kondhe mas sarakit mawi sela inten wolulikur iji,
Sengkang mas ulir uliran sarakit mawi sela inten tigang dasa iji,
Kancing mas kalih likur iji mawi sela inten kangge rasukan kabayak,
Peniti dhadha mas mawi sela inten tigawelas iji
Katimang mas satunggil
Rante Arloji mas satunggil
Karanthil arloji mas 4 iji
Barang ingkang kasebut ing nginggil wau badhe kawade bayar kenceng kemawon.

Menggah pandameling marginipun kareta asep sapunika sampun dumugi ing Kaliyasa, tebihipun 11 epal saking nagari Surakarta, denekareteg ingkang badhe kaambah ing kareta asep wonten lepen Kaliyasa ing mangke saweg kagelak ing panggarapipun, sanadyan kareteg punika dereng rampung, inggih ugi panggarapipun margining kareta asep wau taksih kalajengaken, awit lampah ing titiyangipun ingkang anyambut damel sami medal ing kareteg damelan dadakan wonten lepen Kaliyasa ing ngriku.

Seratipun Darmapraoga anyariyosaken kados ing ngandhap punika:

Menggah kawontenanipun paresidhenan Bagelen sapunika akathah titiyang ing Kuthaarja ingkang sami nyuwun pemahan titilaran-ting tiyang sepuhipun utawi tilaraning sadherek, mongka pemahan punika sampun kaenggenan ing tiyang sanes, laminipun wonten ingkang 25, 20 utawi 15 taun amargi pemahan wau ing ngajeng kapanggih suweng sampun katilar dhateng ingkang gadhah, awit sami angalih dhateng siti dhusun sanesipun, ing mangke ahli warisipun ingkang gadhah pemahan rumiyin,, sami darbe panuwun ing wangsulipun pemahan inkang sampun kaenggenan ing titiyang sanes wau, mawi angaturaken seksi ingkan sami anyumerepi dhateng prakawisipun pemahan punika.

Wangsulanipun ingkang angenggeni pemahan sapunika boten suka, amargi anggenipun angenggeni pemahan wau awit saking parentahipun kapala dhusun ing ngriku, kala samanten pemahan kapanggih suerng, saha sampun katilar dhateng ingkang gadhah utawi ingkang ngenggeni rumiyin, punapa malih anggenipun angenggeni pemahan ingkang suweng punika sampun lami, sarta sampun amewahi taneman wonten ing ngriku, wah sampun kathah anggenipun amragadi pemahan wau, ananging ahli waris tansah adreng ing panedhanipun wangsuling pemahan, kalampahan agugat dhateng ngajenganipun kapala dhistik, ing ngriku kapala

dhistrik lajeng angrampungi prakawis punika, pemahan kapalih, ingkang sapalih kasukakaken dhateng ahli waris, ingkang sapalihipunkasuakakaen dhateng ingkang angenggeni enggal, sampaun andadosaken panrimahipun ingkang angenggeni enggal wau, ananging ahli waris dereng anarimah, lajeng sowan angaturaken gugatipun dhateng tuwan Grippir ing ngriku tuwan Grippir anulak ingkang dados gugat, mawi apratela bilih dede bebahaniipun angrampungi prakawis ingkang kados makaten, dene ingkang gadhah bebahani angrampungi prakawis wau, punika pangulu ing kabupaten, salajengipun ahli waris sowan dhateng mas pangulu, tumunten prakawisipun karampungan dening pangu- lu, manut ingkang kasebut wonten ing Kitab Parail, pemahan kasukakaken dhateng ahli waris, tiyang ingkang angenggeni enggal amung kaangsalaken taneman anggenipun ananem wau, kala samanten tiyang ingknag angenggeni enggal boten anarimah, amargi anggenipun angenggeni pemahan sampaun lami, saha sampaun anglampahi damelipun dados kuli, ing wekasanipun prakawis punika ngantos sapriki dereng rampung malah wewah titiyang- pun ingkang sami gadhah gugat bab warisan pemahan, kalampahan ngantos kamirengan ing nagari sanes, ing ngriku titiyang ing nagari sanesipun lajeng sami gadhah pikajengan, badhe angugat bab warisan pemahan, sakalangkung ramenipun titiyang ingkang sami anedha pemahan titilaraning titiyang sepuhipun, manawi parentah nagari boten enggal adamel rampunging prakawis bab pemahan wau, amesthi badhe sangsaya wewah kathah titiyang ingkang sami gadhah gugat bab warisan pemahan.

=====

Ing tanah Eropah wonten Nyonyah sampaun dados semahipun priyantun, panuju mara tamu kaliyan ingkang jaler, amedalaken wiraos ingkang kalebet saru pitembunganipun, nunten ingkang jaler asrengen dhateng semahipun wau wonten ing ngajenganipun titiyang kathah, wicantenipun makaten: kowe menenga, awit kowe iku gemblung, wiwit kala samanten nyonyah wau boten purun wicanten ngantos laminipun ing dalem kalih dasa utawi tigang dasa taun tansah kendel kemawon, malah dhateng anakipun inggih boten purun wicanten sakecap kemawon, sarehning nyonyah punika anetepi ing kendelipun ngantos lami, lajeng wonten titiyang gadhah akal supados nyonyah amedalna waraosipun, menggah akal punika makaten, sareng nyonyah lengah piambak wonten salebeting griya, tiyang lumebet ing griya amendheti barang ingkang lajeng kabekta kesah, ananging nyonyah punika tansah kendel kemawon, aningali barangipun kapendhetan ing tiyang wau, salajengipun anaking nyonyah punika badhe laki, kala samanten nyonyah dipun pitakeni dhateng priyantun ingkang aningkahaken anakipun wau, punapa sampaun andadosaken pareng ing pikramaning anakipun, wangslaning nyonya amung manthuk kemawon, saha lajeng anandhani serat paningkah, ing wekasan nyonyah anggenipun kendel punika awit saking anetepi ing pikajenganipun ingkang jaler.

=====

Kabar wowohan aneh

Ing dhusun Candra bawah kapulisen ing Kartasura, saking pawartosipun tiyang ing dhusun ngriku, wonten satunggal uwt dhuku sakalangkung ageng inggilippun punika yen awoh bilih dereng katur ingkang kagungan woh wau boten kenging katedha ing tiyang, kalampahan wonten tiyang meteng nyobi purun nedha dereng kattur ingkang kagungan wasana sarng lair bayenipun prathol darijinipun sadaya, menggah lare wau sappunikanipun taksih gesang, saking pamanggih ing tiyangipun bayi prathol darijinipun wau jalaran anggenipun purun purun nedha dhuku dereng katur ingkang kagungan, wondening tiyang sepuh ing ngriku sampun gadhahhi papeling bilih dhuku punika yen awoh boten kenging katedha ing tiyang ngriku rumiyin wasana tiyang estri wau puru nedha, andadosaken kasangsaran ing ngartasing badanipun piyambak dados cariyosipun tiang sepuh wau boten cidra, bilih dhuku wau takih milalati, dene dhuku nalika akiripun Majapahit sampun wonten.

Kula sakedhik anglejari panedhanipun Secawacana, pitangledipun dhumateng Karmingtuhu, minongka panjurung kula dhateng Karmingtuhu.

Kula sampun anupiksani seratipun Secawacana,pitakenipun bab kaping 6 sadaya manungsa gesang punika, 1 bilih dipun wastani saged utawi sae, punika kados pundi 2 dipun wastani awon utawi bodho raosing manah kados pundi, (ing mangke sakedhik kula kumedah amanjurung adunungaken kalawan kosok wangsl), kados pundi anggen kula dunungaken, e makaten mengga tiyang ingkang dipun wastani saget punika raden Atmasumitra, kados pundi ko dipun wastani saget margi saget umuk andunungaken boten purun kawon kasagedanipun kaliyan raden Atmadikara, bab dununing tilem tuwin supenan saminipun bangsane ngelmi, ingkang dereng pisan-pisan nyamleng kaliyan karsanipun raden Atmasumitra.

Wondenten ingkang dipun wastani awon utawi bodho raosing manah kados pundi, (e mangke mangke mas Karmingtuhu, mas Secawacana kemawon sampeyan wastani bodho raosing manahipun kados pundi), awit sastranipunkathah ingkang sami lepat sumongga manawi jengandika wastani bodho, boten purun jengandika purih jlendrehaken kang kasebut wonten serat pakabaran Jurumartani, ongka 25 tiyang wade skul pulen penak namanipun bok Kartadikrama ing wingking kadanurejan sakelangkung eca, katumbasan para pangeran utawi nayaka ing Ngayogyakarta, punika ingkang tumbas sadya kemawon namaning wijang-wijanging sinten sekul penakan dados karames, (O kalebet aneh sanget punika, ko sekul penak kenging karames) sampun mas sampun mas anggen kula babantu naming sakedhik punika thok dhelipun.

Kaerat ing dinten Salasa tanggal kaping 6 Juli 1869.

Kyai Pananggal

Tuwan Redhaktur kula matur,bab pekabaran adat wawaton ingkang kagem panjenengan dalem ratu kula, ingkang sinuwun Kanjeng Sultan ing nagari Ngayogyakarta.

Bab waris anakipun abdi dalem ageng utawi alit pangkatipun,

bab 1 waris sedherek boten kenging gentosi yen bapakipun ajal, 2 bab anak estri boten kenging, 3, bab anak saking selir yen boten anakipun malih sinking patmi, inggih boten kenging, 4, bab bapa gentosi anak ugi boten kenging, 5, bab anak leres,yen dereng magang bebasan nglebur tapak lebu dalem ugi boten kenging, senajan anak wau sampun balek, samawona alit e senadyan sampun magang wonten ing ngarsa dalem utawi sampun dados punakawan yenkerеп lepat utawi lepat saking culika,ugi boten dados, sumanten punika, kejawi sangking karsa dalem utawi sih dalem boten kenging dipun paelu,bejanipun tiyang, mila kula badhe wejar sangking bab punika: supados paramitra sadaya, sampun ngantos anginten bab kirangipun adil panjenengan dalem ratu kula kekalih, punapa malih kanjeng guprenemen pengadilanipun sampun anyekapi, lan wicaksana boten kakirangan sangking pranatan lan tatimbangan.Malah dereng dangu,kula aningali wonten ingkang mungel ing Jurumartani, yen satengahing kaol bdhe wonten ratu dil ingkang badhe andhatengi, ingknag gadhah ungel makten punika, saking pamnggih kula , kdos ugi kinging kawestanan bodho lan dereng nate sumerep dateng ngelmu sabrangan mila tiyang punika sampun inggal angaken pujongga, yen dereng anginteri, lan ngayaki galepunging nalar ingkang lembat, ewadene kula sumgakaken dhateng kyai juru, katandhan ingkang sawek muncul malih wonten ing pasamuwaning Jurumartani.

Kyai Slompret.

=====

Kinuswa sakathahing pakurmatan kang lumintu saengga toyamili, sumaos ing panjenenganipun tuwan ingkang anggubah Jurumartani, manawi kapareng ing panggalih mugi kapacak kaserat kabar kang minongka panjurung kula punika, Sarening sakingpaningal kula watawis sampun kathah para priyantun ingkang ngarsakaken tampi tuwin anglebetaken kabar wonten salebeteng serat Jurumartani, pramila kula sumengka angaturi pawartos salajengipun nyuwun seserepan dhumateng priyantun ingkang karsa aparing wangulan sabab ingkang badhe kula cariyosaken punika andadosaken kodhengin gmanah kula, menggah katranganipun kados ing ngandhap punika:

1 Kilap temen tuwin botenipun watawis taun lamining pun kula mireng pawartos srebatsrebats kang awit karsanipun ing kang-jeng parentah ageng nagari Surakarta sampun ngencengaken boten anglilani bilih para paprentahan amundhuta arta wragad panggaraping prakawis dhumateng ingkang kenging prakawis kadosta: warnining arta pauger, pasongan bilih katiti pariksa prakawisipun, tuwin patuwasing pikudhung karampungan.

2 Wasana wedal sapunika wonten tiyang gadhah prakawis wasta pun Setrapawira bekel dhusun ing Sagaten, 1 jung, bawah kapulisen ing Klathen, sakawit Setrapawira nyuwun idin ing parentah kapulisen anggenipun badhe damel bekel pawingking siti ingkang sakikil dhumateng anakipun pyambak kakalih, dados tiyang satunggal sami kabau, sareng ing dinten Isnen kaping 12 Sapar taun punika ing kabupaten anglampahaken

utusan priyantun panewu pulisi wasta Raden Ngabei Sumareja ing Manjung, bilih tanpa pakewed lajeng kaidenana pandameling bekel pawingking wau. Sareng dumugi ing Blabag Sagaten boten kalampahan tetep awit siti sakikil ingkang badhe kataneman bekel wau wonten tiyang ingkang ngakeni sampun dados bekel pawingking kasanggi ing tiyang tiga wasta Mertasetika: Suryasetika, Jagasetika punika ingkang sami ngekahih, salajengipun prakawis badhe kaaturaken ing parentah kabupaten ananging raden Ngabei Sumareja mawi mundhut arta pasangon 1 rupiyah dhumateng tiyang ingkang badhe katanem bekel boten saestu wau, samanten malih tiyang tiga kang sami ngaken sampun ddos bekel pawingking kajawi arta pasaid inggih kapundhutan arta malih, 5 rupiyah sumerep pauger, ing mongka raden Ngabei Sumareja boten susah angugeri, awit aturanipun sami kadhawan ngawrataken ing serat dados inggih nglampahi saruthuk ngupados sambatan dhumateng satunggaling sanes, watawis 8 dinten raden ngabei Sumareja dhateng Nlabag malih titi pariksa dhumateng prapat punika inggih mundhut pasangon malih 40 wang, sasisihipun, kumpuling guggat tuwin jawab dados 80 wang, . Sapunika prakawis dereng rampung, mila guwayanipun tiyang titiga wau ngantos payus-payus utawi sambatipun ingkang estri sami makaten, (e iya ta Allah iki rupane wong kajujur, saupama wong lara iya lara patheken, sapisan rupane agawe wirang, kaping pindho rasaning lara tandhes balung, tur kurang kurang begja kabanjur mati, kaping telu wuwuh tambane kapopok ng prusi, dadi tambah klabakan enggone ngrasakake laranig kaprusi, kapingpat trekadhangundur-undurane nganggo ngeres-linu.

Lo punika tanun ingkang kula kodhengi wau, menggah patrapipun raden ngaei Sumareja makaten wau punapa medal saking pangwasanipun pyambak,punapa angsal saking pangwasanipun ing kabupaten sarta kaparengi pun ingkangjeng parentah ageng nagari, samanten malih warnining arta punapa lajeng katur dados kauntunganipun kabupaten puapa dados kauntunganipun raden ngabei Sumareja pyambak, pramila sakingpanyuwun kula mugi mugi wontena para priyantun ingkang karsa paring seserepan dhumateng ngatasipun tiyang bodho, sukur sewu manawi panjenanganipun raden mas tumenggung Mangunkusuma karsa paring sih seserepan tumrap ing jurumartani ananging mokal ewadenten manawi karsa paring inggih badhe saklangkung ing pamundhi kula awit kula upamekaken kados dene karsa paring obor tumraping tyang kang dereng nyumerepi, samanten malih punapa wonten awonipun kados ta kula temenipun tiyang bodho kumedah sumerep lampah-lampahipun ingpaprentahan, (saking pamanggih kula pyambak kados boten)

Ing kampung Kaparak Kiwa kaping 23 JUNI 1869
Katandhan Kyai Ardasungkawa.

=====

Panjurung

Bilih anddosaken akaliyan kaparenging galihipun tuwan ingkangngarang Jurumartani, sarta kagalih pantes kaliyan ka-

wontenaning serat punika, mugi karsaha amacak ing Jurumartani, sampun sawatawis mongsaha wonten satunggaling mitra kula amacakaken seratipun ing Jurumartani. anuwun parigsa dhateng ingkang karsa paring sumerep, bab tegesing nama lanjar tuwin rondha, awit ingkang sampun kalimrah bilih estri ingknag sampunanglampahi sasasemah, mongka pegad dereng ngantos anak-anak, punika sami kalimrah winastan lanjar, manawi pegat sampun anak-anak sami winastan rondha, , wangsl papantesipun winastana lanjar inggih ingkang sampun anak-anak wau, ananging boten awit kawon kaliyan kalimrahaning ngakathah, sarta saderenging nama wau katrangan kaliyan leresing tegesipun, sanadyana sampun sawatawis lami kaliyan kawontenaning kabar wau, malah ngantos sapunika, dereng wonten ingkang karsa aparing pitedah kados pundi lerespun, ingkang makaten wau tansah andadosaken pangajeng-ajeng para ingkang badhe karsa nyumerepi tegesipun, bokmanawi pangajeng-ajeng wau sami kemawon akaliyan pangajeng-ajenging mitra kula ingkang gadhah pitangledan, ewadene sangking sangettingpangajeng ajeng kula bab tegewau, ananging tansah andadosaken kaliyan cuwaningmanah awit saking kalalu ing panganti, awekasen peksa manempuh byat medharaken kaananing tembung kang ginusthi: tur ingkang dereng atartamtu nyondhongi kaliyan karsanipun ingkang angawontenaken pitengledan sakawit, langkung malih dhateng sanesing para mitra destun badhe kalebet ing bab sanlir wimbaning kakonang paksa mandipengwiyat, bayacurna sadurunge kayaktin, wangsl pamanggih kula bab ing nginggil wau, kados ingkang kasebut ing ngandhap punika.

1 Setri ingkang sampun asasemah pegat dereng puputra, kasebut nama lanjar, pamanggih kula leresing nama walajar sasumerep kula tegesing, wala, lare, jar, oncat utawi lumajeng, wetah ing tembung nama, walajar, kinging dipun tegesi kang wus oncat songka bocah,inggih punika setri ingkang sampun ical namanipun prawan.

2 rondha, ron, godhong tuwin sasemen, dha, marga utawi dada-lan, wetah ing tembung nama, rondha, tegesipun kangwus kadalanan sasemen.,

Wasana saking pamanggih kula ing nginggil wau, upami dereng anocogi kaliyan karsanipun mitra kula ingkang gadhah pitangledan, utawi dhaeng para ingkang karsa amariksani serat punika, sanadyan dumugya ing pamoyok pisan kula badhe boten pinggeding manah, destun bilih wonten ingkang karsa aparing sumrerep leresipun ing teges wau, saestu badhe andadosaken sakalangkung bingah dhateng ing ngatasipun kula.

Setragondamayid kaping 17 Juli 1869. Katandhan Ruwiyarini.

Sampun leres pangandika sampeyan bab tembung walajar, ewadene wonten ingkang anegesi makaten, walajar, wal, uwal, lanjar lanjran, kajengipun kang wus uwal saka ing lanjaran, wonten malih ingkang anegesi makaten, wala, rare, jar, ajar, dados wetahipun kenging dipun tegesi, rare sampun mambet ajaran saking tiyang jaler, dados sampun ical namanipun prawan. Redhaksi.

=====

Ongka 30, 29 Juli 1869

Tuwan Pan Ginse ingkang angadegaken pandheyen ing Setrat Belakang, mentas anampeni barang warni-warni, kadosta: benet Tosan prantos wadhadah yatra tuwin barang ringkes ingkang damelanipun adi sanget dilah petroleylum sae-sae, dhudhug tuwin gantung, tosan galigen ageng alit waos inggris lisah cet tuwin cetipun sekrup engsel graji ageng alit kikir warni-warni, sanjata tuwin keskul gagrag enggal sae-sae, sarungan tuwin pakeyan kareta mawi barlin kendhalii kapal rakitan tuwin titiyang barlin, punapa malih asring adamel kran pasiraman saha andadosi tuwin angecet kareta, sarta anapel tracaking kapal.

=====

Pawartos warni-warni

Kala tanggal kaping 13 wulan Juli punika ing wanci enjing wonten pakabaranipun bab karetek tosan ingkang badhe kangge wonten ing lepen Tuntang, kaprenah celak kaliyan tempuran, punika sampun dumugi ing panggenanipun, mila ing mangke titiyang badhe saged anglajengaken ing pamasangipun margining kareta asep, ingkang kalayan kasantosanan ngantos dumugi ing Ngringin.

=====

Bupati enggal ing Kediri sareng Kanjeng Tuwan REsidhen ing Kediri tindakan saking nagari Kediri adhaadhwah kinen angrampasi wit-witan ingkang wonten sapinggairing margi ageng, pangrampasipun kapronggol ngantos dumugi uwitipun ing nginggil, andadosaken ialing aubipun ing margi ageng, punapa malih sarehning pamronggolipun ing mongsa wiwiting katiga amesthi badhe andadosaken pejahing uwit wau, ewadenten kajengipun kenging kaangge wonten ing pawon.

=====

Tuwan Wa, ingkang gagriya wonten satengahing loji Surakarta, kala tanggal kaping 7 wulan Juli punika ing wanci dalu ami-reng sabaraning tiyang lumampah wonten ing palataran, kala samanten tuwan Wa lajeng tangi, sarta amariksani dhateng salebeteng griya, sareng dumugi emper ing wingking, aningali korining sepen satunggil sampun menga, sarta wonten senik kakalih kebak isi barang suwek sampun kawedalaken saking sepen, ananging pandungipun sampun lumajeng medal saking griya,l wedalipun amenek pager banon mawi ondha, menggah kori ing wingking piyambak tuwin korining sepen kabikak kalayan sorog dadamelanipun pandung, dene barang ingkang ical kabekta ing pandung amung setrika satunggil.

=====

Ing tanah Eropah wonten tiyang salebetipun sakit sanget gadhah pikajengan amemeling, bokmanawi dumugi ing pejah pirantos wadhadah saseratan ingkang kala samanten isi serat-serat wados, kalebetna ing tabelanipun saha tumuta kapendhem, salajengipun pikajengan punika kaleksanan, pirantos wadhadah saseratan dipun lebetaken ing tabel tunggil kaliyan jisim,

lajeng kapendhem, sareng makaten dereng lami tiyang amanggih serat cathetan angkaning loterei arta wonten ing meja panyeratanipun ingkang pejah, ing ngriku wonten angkanipun ingkang angsal kauntungan, kathahipun 50,000 rupiyah, kala samanten tiyang ingkang manggih serat cathetan punika lajeng anggraita, bokmanawi loting loterei ingkang angsal kauntungan seket ewu rupiyah kalebet wonten ing pirantos wadhah saseratan wau, mila ahli warisipun ingkang pejah badhe gadhah panuwun dhateng parentah kalilana andhudhuk ingkang pejah, supados sageada amendhet pirantos wadhah saseratan wau, saderengipun kalampahan dipun dhudhuk, kuburanipun ingkang pejah punika kajagenan, pamrihipun sampun ngantos kadhudhuk ing titiyang sanes.

=====

Tawan La ing tanah Eropah gadhah sakit sirah ingkang saka-langkung sanget, sampun madal sawarnining jampi boten sged amitulungi, kalampahan sakinipun sangsaya sanget, ing wekasan tuwan La, lajeng pejah, sareng makaten dhukunipun gadhah panedha badhe ambedhel sirahipun tuwan La, wau, ahli warisi-pun amarengi ing pambedhelipun punika, sareng dhukun miwiti ambedhel, boten dangu tuwan La, gesang malih, sarta ambengok sakalangkung seru, salajengipun wiwit kala samanten karaosing sakit ical babar pisan, ing mangke tuwan La, sampun saras saha wilujeng.

=====

Kala tanggal kaping 27 wulan April ingkang sampun kapengker ing wanci dalu pulisi ing tanah ERopah angsal pirantosipun tiyang durjana, andadosaken kuwatos sanget dhateng para tiyang ingkang sami gadhah pethi tosan wadhah arta, pirantos punika awarni bur tuwin tatah, manawi kadamel ambikak pethi tosan boten wonten sabawanipun sarta rikat sanget, pethi wau katugel saking ing ringan lajeng kenging kawengakaken.

=====

Panuwun kula dhateng panjenenganipun tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani, mugi serat punika pacaka ing Jurumartani, inggal punika, kula maos serat Jurumartani ongka 14.

Ing ngriku wonten saseratanipunpriyantun ing nagari Ngayogyakarta, ingkang wasta Raden Wiradimurti, pangkat merdika, amratelakken dhateng saserepanipun, bab sasebutaniing para ageng utawi para nayaka, ing nagari Ngayogyakarta, suraospun, maoni dhateng sasebutaning Serat Almenak, dadamelanipun tuwan Kohen Setiwar, ingkang medal taun 1869, mila kula wastani maoni, sabab mawi nyebutaken kados ngandhap punika.
1, bab, ingkang kasebut pangeran kaptin ARya Adiwinata, Ajidan dalem ingkang sinuwun Kanjeng Sultan, kapancah leresipun,
Bendara Pangeran Ariya Adiwinata kaptin Ajidan dalem ingkang sinuhun kanjeng sultan, mangkaten salajengipun para pangeran putra dalem.

2, ingkang kasebut Gusti Raden ajeng Sekarkadhaton kapancah leresipun, gusti kanjeng Raden Ayu Sekar Kadhaton.

3, Para pangeransantana, pangeran Arya, kapancah leresipun,

abdi dalem pangeran ariya,
makaten salajengipun.

Pratelan ingkang mangkaten wau, kengingkamireng, naming boten
kenging kagalih,

Menawi panjenenganipun tuwan Kohen Setiwar, badhe anggalih
pratelanipun Raden Wiradimurti, ingkang boten raseh kalih
pratelan ngajeng-ngajeng, kula boten dherek,
amargi kula sampun rambah-rambah, pitaken dhateng priyantun
ing nagari Ngayogyakarta, saben santun priyantun, santun
cariyosipun dalah ingkang sampun dados tumenggung anem, utawi
dhestrik, inggih geseh-geseh cariyosipun, kados ta pratelan
ingkang sampun kangge punika, ugi pratelan saking nagari
Ngayogyakarta, wah pratelanipun priyantun pirsa parentah
ngajeng, suprandonosipun wonten ingkang nyampahi, ing ngajeng
ingkang ngarang serat pananggalan, sampun gadhah pamanggih
anyebutaken gusti raden ayu sekart kadhaton lajeng kaampah
ing priyantun, kasebutna gusti raden ajeng, sareng sampun
katurut, sapunika wonten ingkang maoni, ewadene menawi raden
wiradimurti, pratelanipun wau mawi katrerangaken dhateng
parentah ageng, sarta parentah ageng mretandhani, inggih
kenging kagalih bilih boten mangkaten, sampun boten kenging
kagalih sarta tumenggung ngantos 95 punika anggumnunaken
kathahipun.

Ingkang kaping kalih pratelan ingkang sampun kasebut wonten
ing serat pananggalan taun 1869 punika kula manah sampun
leres sadaya, wontena gesehipun ing babasan, sawetawis, manut
sangking karsanipun ing nata satunggal satunggal, booten
kenging katunggilaken, paribasan nagari mawa tata, desa
macacara.

Pramila kula purun mastani mangkaten, sabab kula mireng
anggenipun ngandikan gusti kula, kanjeng pangeran ing nagari
Surakarta, tur pangeran ageng wah sepuh,

Punika ngandikan kalih tamu sangking nagari Batawi, tamu wau,
matur nyuwun saserepan, prakawis sasebutanipun para gusti
kakung putri, kalih sasebutanipun para bupati, dhawahipunkan-
jeng pangeran mangkaten. Sing kowe takokakem apa sasebutan
yen matur ing ratu, apa digawe carita, utawa pratelan kaya
surasane, layang pananggalan mengkono, catur iku aja kowe
uwor bae,]

Aturing tamu, nyuwun pirsa sadaya, dhawahipun kanjeng panger-
an mangkaten, yen matur ingkang sinuhun,

1 ngaturake pangeran putra ratu, kaprenah sepuh, raka jengan-
dika pangeran anu, utawa rama jengandika pangeran anu. Menawa
kaprenah nem, rayi dalem utawa putra dalem.

2 ngaturake pangeran sentana, manawa kaprenah sepuh, raka
paduka, utawa rama paduka, pangeran anu, yen kaprenah adi
utawa putra, rayi sampeyan, utawa putra sampeyan,

3 ngaturake raden dipati sapangisor, abdi dalem raden adi-
pati, utawa abdidalem raden tumenggung anu, mangkono nalika
jaman kuna.

Anaming saiki, saben pangeran kaprenah sepuh, iya kaaturake

raka dalem, utawa warana dalem, kaprenah nem, kaaturake rayi dalem, utawa putra dalem, raden dipati sapangisor, kaaturake abdi dalem.

Manawa sasebutan digawe pratelan, delenga layang pananggalan ika bae wis bener
putra dalem sinuhun Anu.

1 Pangeran Anu (mangkono saurute, tumeka para tumenggung, wis bener ora susah aku tutur)

2 pangeran anu

Dene sasebutan bendara, utawa gusti iku pangalembana, pangrègane bature dhewe sak benere kasebutna, pangeran putra dalem sinuhun anu.

1 pangeran anu, mengkono bae saurute wis cukup, ora susah nganggo kangjeng pangeran anu, manawa ana kang masgul,tutura yenaku kang aweh rembuk, aku dhewe iya pangeran gedhe,
Mangkaten saking pamireng kula, dhawuhipun kanjeng pangeran gusti kula, pramila kula keda tumut gadhah aturan dhateng panjenenganipun tuwan Kohen Setiwar (Cohen Stuart), ing wusona kula anyumangggakaken karsanipun tuwan.

Sinerat ing nagari Surakarta, tanggal kaping,...wulan Juni 1869, katandhan Mas Astradarma.

=====

Ing Jurumartani ongka 21 wonten seratanipun Mas Sukaarja, amratelakaken menggah kasagedanipun Raden Tumenggung Gondaatmaja angungkuli manungsa kang kumelip ing ngalam padhang sadaya, saha sampun kaloka ing tanah monca ngamonca, amargi saged ing basa nem warni: Walandi, Arab, Koja, Cina,Aprikah tuwin Jawi.

Ingkang awit saking agenging goroh sampeyan kula badhe bingah bilih jengandika karsa salin nama pun Goroh, utawi dora, utawi boten temen, menggah gunggungipun boten temen sewu saleksa salajengipun boten dados temen satugel malah dados goroh ageng angreda.

Carita, kondha, gotek utawi wawatos jengandika ingkang makaten wau sayekti saking katarik dening engetan anjalebut amlempem utawi abosok, ewa dene kula inggih ngandel uku-ukur, bilih raden tumenggung wau saged tembung Walandi nanging namung satugel tembung Arab saklimah, tembung Koja sacuwil tembung Cina saprapat glintir, tembung Aprikah sajuwing, basa jawi amasthi saged tembung malajeng kados boten saged babar pisan karana boten wonten pratelan jengandika.

1, Jengandika awawarti, bilih kasagedanipun raden tumenggung ingkang samanten punika sampun kaloka ing tanah ngamonca, lah inggih saking bab punika ingkang anetepaken nama jengandika pun goroh, alias dora karan anak pak boten temen apaparab pun Jugul.

2, Jengandika amastani, bilih raden tumenggung Gondaatmaja amung kuli manungsa kang kumelip ing ngalam padhang sadaya: awit saking punika tetela ing serep kula, yen angetan jengandika punika kebuntel kebungkus kesasaban utawi kelimutan ing ngalam bureng apeteng adhedhet dereng nate sumerep ing tron-

tonging ngalam padhang.

3 Punapa jengandika anginten manawi saampun kaloka ing tanah ngamonca, tegesipun sami kaliyan dereng kasumerepan ing dhukuh moncapat.

4 Punapa jengandika anginten manawi ing ngalam padhang punika namung isi tiyang kakalih, ingkang satunggil tiyang gemblung, kaliyan panjenenganipun raden tumenggung ingkang jjengandika umukaken wau

5, lan malihpunapajengandika anginten bilih jembaripun alam-padhang punika namung sajembering palataranipun raden tumenggung Gondaatmaja kaliyan palataran jengandika (teka tuna temen kaweh jengandika, mas).

Boten langkung mas sukaarja, panuwun kula dhateng sampeyan sampun ngantos amedharaken wawartti gegemblungan malih malih, awit ing pulojawi ing mangke titiyang wiwit anggrinda engetan kathah ingkang sampun ragi lancip boten sempug kadi jengandika. Pun Ambekwelasan.

Sami-sami ungel-ungelaning serat anger, ingkang kapara mikantuki, kasumerepan dening para tuwan, ingkang sami anebas siti, ing salebetung kagungan dalem kraton Surakarta, utawi Ngaogyakarta, pamanggih kula ingkang kapara perlu kawradinaken ing ngakathah, inggih punika bab wawatesing dinten pambau-yaring pajeg dhateng para patuh, rehning dereng patya kareto-san dening kang pantes anyumerepi, wonten ingkang mastani yen pembayaring pajeg wau, kapesthi saderengipun Grebeg Puwasa Mulud, salong wonten ingkang mastani saderengipun tumapak gangsal welas dinten, sasampuning gerbeg, wonten malih ingkang mastani bilih pembayaring pajeg wau, kedah esah saderengipun, 40 dinten sasampuning grebeg, manawi anglangkungi samanten, kang amaosi kapatrapan kukum. Panampining tiyang kangwekasan wau, kadi kenging kanggep leres pyambak sabab bilih bilih wawaton pasokipun kagungan dalem pajeg pamaosan dalem pribadi.

Mila manawi boten anyimpang pamanggih kula, prakawis wau, prayogi wontena ingkang karsa amadhangaken murih pradina saru*[iing*] kang manggepikan nalar wau, boten susah kula prate-lakaken bilih ingkang karsa byawarakaken punika kedah prayayi ingkang kuwijiban utawi ingkang mungkul dhateng surasaning anger-angeran tuwin pranataning praja, sabab nilih boten dipun serepaken salong wonten ingkang sami anggragap ing pepeteng, kadadosanipu kalintu saha sasar-susur, tur angat-hahi padamelaning nagari, samanten punika inggih sampun kasinggihyan bilih wonten pituwasipun, rehning prakawis ingkang reraketan yatra makaten sok wonten ingkang kecer minongka pituwasipun, rehning prakawis ingkang reraketan yatra makaten sok wonten ingnag kecer minongka pituwas, ananging anggen kula angrembag makaten wau, ing saleresipun amurih sampun damel prakawis utawi udur, bilih awawaton tanpa genah.

Asring-asring kula amirengaken bilih para patuh ingkang

kapara inggil anggenipun mapanaken manahipun punika sok asring muring-muring, manawi boten kabayar pajegipun ing sakala ngintunaken serat pethuk, mongka nalaripun boten kabayar tumunten wau, inggih kathah besaos, dene ingknag asring sumrambah inggih punika awit dereng wonten yatra, lo punika saka mantyan para patuh wau, lajeng aduduka susumbar aciya-ciya, kadi susumbaring Suwondageni, botenipun patih Suwondageni , sawek suraosing kondha, susumbar wawaton sae. Mangke punika kula tampi warti, saking Ngayogya, punika regi anglengkara sanget saha angawontenaken jatining kothong. Sumongga kula aturi myarsakaken dadongenging mitra kula, mongka mitra wau priyayi kapara kafcelakaken dening para agung, anama: Ma, Nga, Sa, mila kapara dhamang rosing nalar. Wonten p[riyayi stunggal nembe kanugrahan kakulawisudha punika gadhah lengkah kapaosan dening tuwan, sadangunipun sajegipun kabayar kapara lungse, nanging dereng sapisan ngantos langkung saking 40 dinten sasampunng grebeg. Sareng ing dinten Ngakad tanggal kaping 8 Rabingulakir dados nembe 26 dinten sasampuning grebeg mulud Je, gadhahanipun pajeg kakintunaken murih angendhongi damel, sareng konca ingkang badhe angladosaken ngatinggal lajeng dipun pitakeni marginipun ngantos lungse anggenipun angaturaken pajeg, dyan amendhet pananggalan asru sengkutipun kadya anggalih bab wilujenging kraton dalem, kengkenan wau lajeng kadhamangaken wonten ing njajenganipun priyayi kathah, bilih sampun kasep pambayaring pajeg wau, nunten yatra kawansulaken saha kengkenan dipun ngandikani makaten: sanadyan aku ora anampani pajeg patang windu, mongsa gek kaweken atasing mas picis tutura menyang tuwan mu kang majegi, kon soba dhewe menyang panjenenganku. Lo punika ingkang anggumunaken, mongka priyayi wau, kalebet mojog atasing pangkatipun utawi anggenipun mapanaken sarira, manawi boten lepat priyayi wau, kapara sumerep dhateng kasusastran tegesipun boten kengng kalebet dupara, manawi tan sumerep tataning praja, suprandene pamireng kula kagungan dalem pajeg padha osan dalem ingkang kapaosan nunggil kaliyan lenggahipun patuh kang kasebut nginggil wau, nembe kacaosan kala ing dinten Kemis tanggal kaping 5 Rabingulakir serepipun dadosna mulet tigang dinten, mongka yatranipun kapasrahaken dhateng utusan dalem konca ordenas, tegesipun boten susah anyowanaken, kadi dening karsanipun patuh kang sampun asring kasebut nginggil, amila pamanggih kula sesebutaning angger, ingkng kula wastani ngajeng wau, prayogi kacethakaken, sarana undhang, utawi kapacakka ing serat Jurumartani menggah rosipun ingkang temen, sabab lah punika atrapipun, ngantos wonten ingkang seling serep, kabaripun dalasan ing sapunika, dereng saged gilik, tur lurah patuh wau sawek kabar, sanadyan suda ing kawicakasanan regi kadunungan watek utami, anggeripun sampun kakathaha\en ingkang ngonggrong, awit bilih panjungipun kainggilen sok amumetaken panon. Surakarta kaping,.....katandhan Ka, Ta.

=====

Ongka 31, 5 Agustus 1869

Tuwan Langkring asuka uninga bilih ing mangke atampi barang pangangge kapurih amadekaken, menggah warnining barang kados ingkang kapratelakken ing ngandhap punika:
Supemas sarakit mawi sela barliyan ageng,
Gelang mas sarakit mawi sela inten wolung iji,
Susuk kondhe mas sarakit mawi sela inten wolulikur iji,
Sengkangmas ulir uliran sarakit mawi sela inten tigang dasa iji,
Kancing mas kalihlikur iji mawi sela inten kangge rasukan kabayak,
Peniti dhadha mas mawi sela inten tiga welas iji,
Katimang mas satunggil,
Rante arloji mas kenging kadamel kalung,
Rante arloji mas satunggil
karanthil erloji mas 4 iji
Barang ingkang kasebut ing nginggil wau badhe kawade bayar kenceng kemawon.

=====

Tuwan Panginse ingkang angadegaken pandheyaning Setrat belakang, mentas anampeni arang warni-warni, kadosta: benet tosan prantos wadhadh yatra tuwin barang ringkes ingkang damelanipun adi sanget dilah petroleyun sae-sae: dhudhug tuwin gantung, tosan galigen ageng alit waos inggris lisah cet tuwin cetipun sekrup engsel graji ageng alit kikir warni-warni, sanjata tuwin keskul gagrag enggal sae-sae, sarungan tuwin pakeyan kareta mawi barlin kendhali kapal rakitan tuwin titiyan barlin, punapa malih asring adamel kran pasiraman saha andadosai tuwin angecet kareta, sart anapel tracaking kapal.

=====

Pawartos warni-warni

Serat saking Kedhiri anyariyosaken kados ing ngandhap punika: Kala ing taun 1868 ing Kedhiri wonten gudhang sata kathahipun kalih dasa iji, sami kabesmi ing tiyang, menggah pangaosipun gudahng sata kalih dasa iji wau watawis meh wonten sakethi rupiyah, sinteningkang ambesmi gudang-gudhang sata punika, saha punapa ingkang dados jalaranipun, titiyang taksih sami kodheng, manawi wonten ingkang mastani dhateng durjanaipun, durjana wau lajeng kula waran awit saking kiranging pratandhanipun, manawi tiyang angepahi sadasa rupiyah dhateng tiyang estri, kapurih ambesmi gudhang, punapa malih manawi tiyang estri punika dhateng ing wande, wangsulipun ambekta latu ingkang kadhelikaken, lajeng dhateng gudahang aneseli latu payoning gudang, ananging boten wonten ingkang sumerep, punika tiyang estri ingkang ambekta latu kagalih boten gadhah dosa, amesthi kemawon kedah anglamahaken punapa ingkang kasbut wonten ing serat angger, ananging kados pundi kadadosanipun, bilh tiyang ambesmi gudang sapanunggilanipun taksih saged anglajengaken ing padamelanipun awon wau. Ingkang punika mugi mugi biskal ing Kedhiri tuwin wadana ing

Srengat ingakng sampun sami anedahaken taberinipun angupadosi titiyang durjana, sampun ngantos kembra ing taberinipun wau, saha mugi mugi wontena pranatanipun ingkang badhe angicalaken reresah punika.

=====

Ing tanah Prasman badhe wonten tiyang Cina dhateng, tiyang Cina punika sampun anglampahi kakeletan badanipun sapalih dening kraman ing nagari Cina, awit kala samanten ing nagari Cina wonten reresah ageng, para kraman titiyang cina sami balila purun mengsa dhateng ratunipun piyambak, dene tiyang Cina ingkang dipun keleti wau dados prajuritipun Kanjeng Raja Cina kabandhang ing mengsa, lajeng dipun keleti ngantos sapalih ing badanipun, ananging boten anemahi pejah, andadosaken pangeram-eram ageng, menggah tiyang Cina wau sapunika wonten ing Londhon, kulitipun ingkang kineletan taksih katin-gal anggalambah wonten ing badanipun sapalih.

=====

Ing padhusunan tanah Eropah wonten prawan satunggil ngumur salikur taun, prawan punika karosanipun sakalangkung angeram-eramaken, kenthang wawrat kalih atus pon prawan wau kuwawi ambekta piyambak dhateng peken boten mawi rakaos ing pambektanipun, panggesanganing prawan punika saking solah pratingkahipun sampun kados tiyang jaler, wonten ing griya losemen anggenipun angombe bir boten marem sawatawis gelas kemawon, manawi wonten ing giya losemen wau mongka amireng reresah, tiyang ingkang damel reresah lajeng kacandhak gitokipun, sarta kawedalaken ing sanalika saking griya losemen ing ngriku, andadosaken bingahing titiyang kathah ingkang sami wonten ing losemen, para jajaka akathah ingkang sami ajrih dhateng prawan punika, dene ing mange prawan wau anyambut damel kados tiyang jaler, dados rencang aalampah tatanen wonten ing Ra.

=====

Saking pawartos ingkang saestu kanjeng sultan ing Turki dhadhawah adamel gelang ingkang gadhah pangaos langkung saking kalih yuta rupiyah, gelang punika badhe kapisungsung-gaken dhateng putri ing Walis (Wales) tanah Inggris, kaprenah mantuni pun kanjeng ratu Inggris, minongka pangemut-emuting rawuhipun putri ing Walis wau wonten ing Setambul, sarehning sampun dados ngadatipun para bongsa luhur ing nagari Inggris, boten karsa anampeni bibingah saking titiyang ngamonca, punika andadosaken pakewedding galihipun kanjeng sultan bab gelang wau sagedipun katampen dhateng putri ing Walis, ananging lajeng wonten ingkang anyaosi pamrayogi dhateng kanjeng sultan, supados gelang sageda katampen, dene ingkang anyaosi rembag pamrayogi punika abdinipun kanjeng sultan Jendral laut anama Obarbasah, suraosing rembaga makaten; Kanjeng Sultan Kayasakaken baita kapal wonten ing tanah Prasman, sarehning baita kapal wau taksih kathah kikiranganipun, mila ing mangke gelang punika serepna panumbasing baita kapal dadamelan

inggris ingkang sakalangkung sae.

=====

Ing tanah Prasman wonten kriya tiga dhateng ing Losmen, ing ngriku sami anedha tuwin ngombe inuman ngantos akathah badhe bauaranipun, sareng makate kriya titiga punika kawatawis kasupen dhateng kancanipun salah satunggil ingkang sampaun ngajak anedha tuwin ngombe inuman wau, awit sinten ingkang ngajak punika kedah ambayar wragading anggenipun anedha tuwin ngome, kalampahan dados paben, nunten kriya ingkang satunggil gadhah rembag supados sageda rampung ing prakawis, dene rembagipun kaajak main bolah, sinteningkang kawon, punika abadhe kajibah ambayar wragading anggenipun anedha tuwin ngombe wau, rembag ingkang kados makaten punika murwat sangat, ananging kriya ingkang satunggilipun lajeng anjambak rambuting kancanipun kakalih, sirah kaaben jebles ngantos satengah pejah kriya kakalih wau, saha lajeng dhawah ing siti kalih pisan, nalika kriya ingkang satunggil angaben jebles sirah ing kancanipun kakalih, mawi wicanten makaten: lahsaiki aku gawe karambol, mulane kena di arani aku sing menang, sasampunipunwicanen makaten, kriya wau badhe kesah, ananging lajeng kaandheg dening para rencang losemen ing ngriku, ing wekasan kaladosaken dhateng pulisi.

=====

Tiyang kasasar kang boten nate kaambah margining tiyang, Sampaun sawatawis dinten anggen kula ngajenga-ngajeng kabarri-pun raden Atmadikara, anyariyosaken Kramadaya ing Surakarta, kados pundi raden ARmadikara ko lami anggen sampeyan nyariyosaken, kabaripun Kramadaya wau mantuk sangking jagong, sumeja wisuh dhateng pakiwan, kapethukaken tiyang durjana, lajeng anyuduk dhateng Kramadaya, kenging sangandhaping susu kiwa, tatu nala sap salebetung kulit sajawining daging, cikatipun kramadaya, tanganipun kang kirwa nyandhak tanganing durjana, tanganipun tengen anggunus dhuwung lajeng kalarihaken tiyang durjana, karaos pikantuk natoni ping kalih, sarta dhuwunging durjana lajeng karebat kenging, tiyang durjana sareng kenging karebat dhuwungipun lajeng malajeng, anaming Kramadaya boten kakilapan ingkang gadhah dhuwung wau, manawi pun Trunarenyep anunggil andamelan dados abdi dalem niyaga, boten dangu pulisi tandang dhateng ing ngriku, saha lajeng ngupadosi tiyang durjana, anggaledhah griya tongga tepalihipun Kramadaya, nuju samanten wonten satunggal griya sareng kagledhah, kalambuning kobong griya wau minep, nalika samanten pulisi ambiyak kalambuning kobong, wonten tiyangipun jaler angliga dadamel pulisi boten miris dadamel ligan lajeng katubruk tiyang ingknag angliga dadamel tiyang kang ngliga dadamel boten sumeja lawan salajengipun tiyang kabonda, katangledan tiyang wau boten rumaos yen nyidroha Kramadaya. Sareng wanci pukul 1/2 6 enjing, wonten tiyang estri, sumeja reresik dhateng sumur, saweg badhe nimba anginguk sumur, kaget ningali wonten tiyang ingkang manggen salebetung sumur angampeng, sarehnng tiyang wau boten purun amentas saking

salebetung sumur, pulisi lajeng anjiret gulonipun tiyang wau,
sarta pulisi boten pangling manawi kang wonten salebetung
sumur punika putn Trunarenyep ingkang gadhah dhuwung kadamel
nyidra, ewadene pun Trunarenyep sareng sampaun kenging kajiret
boten bingah bilih mentas sangking sumur teksih gesang,
lajeng salulub salebetung toya, ananging jiret katarik ing
ngakathah inggalipun mentas pun Trunarenyep kalenger, boten
ngantos anemahi pejah, sangking panginten kula nyata, Tru-
narenyep ingknag nyidra dhumateng Kramadaya, lajeng kasasar
palajengipun ingkang dede margi sanyata inggih, punika kasa-
sar margining timba, dene tiyang ingkang ngliga dadamel
wonten salebetung kobong wau pikajengipun kula sajatose
boten saget gayuh, awit prakawis sampaun sami katur parentah
kula dereng pikantuk katranganipun.

Pasanggrahan paring galayan Surakarta wonten guwa ingkang
mentas kadamel enggal guwa wau angokang ing pinggiring kali
Jenes menggah wiyaripun watawis 15 kaki, lebetipun 25 kaki,
inggilipun 6 kaki, punika salebetung guwa, wonten belikipun
kakalih, toya wau lan toya ngalepen inggil toya belik ingkang
wonten salebetung guwa, sarta guwa wau ing ngandhap mawi
kajobin pethak, sangajenging lawang guwa katra>tag, tiyang
ingkang ningali sakalangkung kathah, malah kapara ingkang
marigsani bokmas-bokmas tuwin para bakul-bakul lan parawan-
parawan, ngantos jejal uyel boten tan wonten pedhotipun, dene
tiyang ingkang wawadeyan ugi kathah, kabaripun prasasat
sakaten kathah ing tiyang dodol tuwin tiyang ningali, margi
ingkang sami ningal punika, guwa wau kamanah bolorong dados
para tiyang sami nyuwun idi nyuwun palarisan, lo, tiyang
ingkang ningali wau yen mastani balorong, sok makatena punika
tiyang gugontuwon.

Pakabaran salebtung Surakarta, wonten lare tilem asandhing
dilah satrali ingkang lisahipun patruliyun, sareng lare wau
nglet tanganipun anyampe dilah ingkang kasandhing tilem
adhwahing badanipun lisah balabar kabesmi kadilat ing latu
satrali punika, badane lare wau saget murup lare kaget gulun-
gan kathah tiyang ingkang mirulungi, kasiram ing toya, saha
kaserbetan ewadene latu kang murup wonten ing badan boten
saget pejah dening toya, tuwin sarebet malah kapara sarebet
dados latu murup piyambak, pejahipun latu sareng lisah kang
tumrap ing badan sampaun telas, gedadosanipun lare saget
gesang, 11 dinten lajeng pejah, o sok makatena priyogi ing-
kang sami kagungan dilah kang lisahipun petroliyum sampaun
ngantos kasandhing sare.

Ing saleripun karetek gadhing, wonten tiyang karetek Gadning,
wonten tiyang gagriya ing ngepang waringin ngriku dene tiyang
wauu manawi enjing midhun sakedhap lajeng minggah methangk-
rong wonten ing ngepang wau, sonten inggih medhun gedadosani-
pun tiyang kacepeng dening pulisi, kagaledhah griyanipun ing
ngepang wau, wonten barangipun awarni sengkangmas, 2 rikit
sami mawi iten saha sinjang sabutk sutra cacahipun kula boten
trang, o, suprandosipun semahipun sakawan, lo punika bilih

badhe papapanggihan kaliyan bojonipun wonten pundi, punapa wonten ing ngepang anggenipun anusuh wau, ingkang dados ngungun kula dene wonten tiyang kados peksi gagriya wonten kakajengan, sareng kadangu pulisi nama pun Klithig kados pundi kajengipun titiyang wau ko gegriya mangkruk-mangkruk wonten ngepang, punapa sangking boten wontenipun kajeng jatos, dados tiyang sami anggadahi akal anemah gagriya ing kakajengan ingkang ageng-ageng, tuwin pareng-paeng badhe kadamel guwa, manawi kamanah apriyogi badhe anulari ing ngakathah sami gagriya kajeng ageng utawi guwa.

Raden Atmadikara kabar griyanipun rompot sanget, ing tembe bilih sampun trocoh boten kenging dipun nggeni, raden Atmadikara punapa badhe gagriya mangkruk-mangkruk wonten ngepang utawi damel guwa. Sokur sewu bilih asaget iyasa ngukuli sangking punika.

Kasrat tanggal kaping 26 Juli 1869.

Katandhan Ki Kutis.

=====

Kula sampun maos serat kabar ingkang wonten tandhanipun Raden Waradimurti, saha pangkat mardika, wonten nagari dalem Ngayogyakarta, jurumartani ongka 25 ingknag mijil ing dinten Kemis kaping 1 wulan Juli 1869, ijeman tuwin suraosipun anjawi karsanipun para srejana, yen kula dherek mupakati. Princen tenapi perang-perangipun awit bendara raden adipati dumugi priyayi abadi dalem bupati anem minggah. Sawab yen panjenenganiun tuwan Kohen Setiwar, ngersakaken ngurutaken pangkat kalenggahanipun para bupati anem nagari dalem Ngayogyakarta mila dangu sarta ngekathahi srearatan sawab para bupati punika pundi ingkang dados kantun inggih nem kalenggahanipun atur kula ingkang sumanten penika, yen boten wontensih dalem ingkang sinuwun dhateng upati ingkang saweg kinulawisudha wau, temtu dhawah nem, yen ingkang saweg angsal sih dalem inggih katrenjelaken maggen ing pundi sakresa dalem nunggil gelangan sami abdi dalem bupati anem.

Makaten malih kiyai Panulu Imam kakim nagari Ngayogyakarta, dhaharipun pitedhan dalem sabin sami bupati anem anamung klilan ngangge sosong, sam priyayi ageng nayaka, sawab kalenggahanipun kakersakaken ngenemi, abdi dalem raden adiapti, Klila nyepuhi abdi dalem priyayi ageng nayaka, ananming kula nuwun priksa Kyai Pangulu landrad punika, pangkat kalenggahanipun ngenemi ing pundi, tuwin nyepuhi sinten, menawi raden Wiradimurti sumerep, sawab punika gelangan bupati anem, sangking punika kula temen aming nuwun jarwa kimawon, sampun kagalih nyual.

Ketandhan pun Madyasastra.

=====

Punika serat kula

Raden Mas Panjimangunpawarta, katur ingkang panjenenganiun para priyantun tuwin para bendara ingkang sami kersa aningali serat Jurumartani ing nagari Surakarta.

Kula gumun sanget aningali raden ngabei Ranapranata, Panewu polisi kapaniyan, Surakarta. Dene sakelangkung dir siya-siya dhateng konca tiyang kampung Jagalan anggepilun kados putra dalem ingkang mengku jagat putra dalem terkadang boten makaten anggepilun, anggen kula gadhahi atur sumanten wau, nalika ing dinten akat kaping 21 wulan Siyam ing warsa Jimawal, ongka 1797.

Raden Ngabei Ranapranata panewu pulisi ing Kapaniyan, ingkang bawahaken kampung Jagalan, punika aparing dhawah dhateng para tiyang Jagal ingkang sami mragat maesa, saking karsanipun ing kajeng parentah ageng kapaniyan, sadaya tiyang jagal boten kalilan mragat maesa estri, sareng antawis dinten tiyang mragat maesa estri, Raden Ngabei Rana Pranata lajeng paring bawah dhateng tiyang jagal ingkang mragat maesa estri kapundhutan yatra, 1 maesa estri 1/2 rupiyah slaka, punika dumugi ngantos sapunika sampun katamtokaken saben wanci jam 5 sonten pulisi ranapranata wau, lajeng mariksani sadaya tiyang jagal ingkang mragat maesa estri, utawi malih menawi mragat maesa jaler kapundhutan yatra beya, dene menawi pinuju dinten pekenan Pon wanci jam 3 siyang punika saklangkung bingah suka pirenanipun ing panggalih, aawit sadaya tiyang dhusun ingkang sami beta dagangan maesa dhateng Jagalan. 1 maesa kapundhutan yatra beya 22 dhuwit manawi maesa kang gepokan peteng kapundhutan langkung sangking mesthi, kados dene menawi rehipun anggadhai prakawis bongsa ambutan lajeng kapatrapaken rukun, nicil saben wulan, aning yatra cicilan wau boten kaparingaken dhateng ingkang nyambutaken, rehning tiyang ngalit namung kendel nyebut gusti Allah ingkang paring sandhang pangan. Utawi malih menawi pinuju boten amriksani, Ranapranata suka warnen pitados nampani yatra besel maesa estri 1/2 rupiyah abdi dalem mantri buminatan Mas Ngabei Resakrama, boten kados sa mantri sampun kaparingan tedha siti 3 jung purun damel rencangipun ranapranata, damel lingsem ingkang paring tedha, sadaya tiyang nyambut dagang laya dereng kantenan bathenipun. Boten langkung kaniaya gusti allah ingkang paring drajad dhateng Ranapranata, ing nagari Surakarta kados kirang tiyang se ing kanjeng parentah aegeng menawi teksih nganggeb dhateng Ranapranata, estu kampung Jagalan sadaya tiyang risak, utawi nalika salebetipun wulan sura ugi taun punika wontensatunggal tyang wassta Martawijaya kapala kampung Jagalan mragat maesa estri wulubule regi 18 ringgit, punika pondhutan yatra 3 rupiyah kaliya Ranapranata. Minongka besel dhandhan anggenipun mragat maesa estri bule wau, tuwin kula taksih gumun malih dhateng Ranapranata, kok gadhah wawenang damel peken wonten saleripun kampung Jagalan kaparingan nami peken ing Purwadi, pekennanipun pendhak Pon edados tetela ranapranata wau damel resah wonten ing kampung Jagalan, atur kula sadaya wau menawi kanjeng parentah ageng anggalih sadaya tyang ing kampung Jagalan kang sami mragat maesa mugi kapriksaha sadaya. Nagari Surakarta kaping, wulan Rabingulakir, Je, ongka 1798

Kula tiyang meskin Surakarta, Mangunpawarta.

=====

Ongka 32, 12 Agustus 1869

Para priyantun ingkang sampun kula kintuni seerat supados ambayara sambutanipun sumerep panumbasing barang toko, punapa malih ambayara waledipun pangaosing serat Jurumartani, ing mangke sai kula aturi, mugi ambayara ingkang tumunten sambutan wau, supados sampun gantos manggih ingkang andadosaken rengating manah.

katandhan F.H.Jaspres

=====

Tuwan Panginse ingkang angadegaken pandheyaning Setrat belakang, mentas anampeni arang warni-warni, kadosta: benet tosan prantos wadhadah yatra tuwin barang ringkes ingkang damelanipun adi sanget dilah petroleyun sae-sae: dhudhug tuwin gantung, tosan galigen ageng alit waos inggris lisah cet tuwin cetipun sekrup engsel graji ageng alit kikir warni-warni, sanjata tuwin keskul gagrag enggal sae-sae, sarungan tuwin pakeyan kareta mawi barlin kendhali kapal rakitan tuwin titiyan barlin, punapa malih asring adamel kran pasiraman saha andadosai tuwin angecet kareta, sarta anapel tracaking kapal.

=====

Pawartos warni-warni

Wonten jajaka saweg ngumur sangalas tahun badhe amejahi sagawonipun ingkang taksih alit, menggah griyaning jajaka wau ing dhusun Jelapan bawah ing distrik Bandhongan, dene anggenipun badhe amejahi sagawon punika, awit sagawon wau mentas anedha sekuling adhiniunjajaka, nunten sagawon kabekta dhateng lepen praga, ing ngriku sagawon kabucal ing toya, supados pejaha, ananging sagawon saged anglangi dhateng pinggir lajeng mentas, kalampahan sagawon kabucal ing toya malih, tansah saged mentas dhateng dharatan, andadosaken sakalang-kung napsuning jajaka, ing wekasan sagawon kacandhak dening jajaka, dipun kempit lajeng kabekta ambyur ing lepen, pikajenganipun jajaka, supados sagawon sampun ngantos saged amentas malih dhateng ing dharatan, ananging kadadosanipun sagawon kaliyan bendaranipun sami pejah kabalabag.

=====

Bekel ing dhusun Sambang bawah Magelang angsal bajing estri warninipun pethak idep abrit, menggah bajig ingkang jaler inggih ugi warni pethak sapuniaka taksih, ananging dereng kenging kacepeng.

=====

Dereng lami ing La wonten tiyang jaler badhe angendhat ambyur ing lepen, ananging lajeng kapambengan dening tiyang ingkang panuju wonten panggenanipun badhe angnedhat wau, sareng kapitakenan punapa ingkang dados sababipun badhe angendhat, wangulanipun jajaka makaten: kala ing ngajeng kula rabi angsal rondha ingkang gadhah anak estri ngumur wolulas taun, sareng makaten bapak kula remen dhateng anak kula kuwalon wau, lajeng karabenan, dados bapak kula wiwit kala samanten

kaprenah mantu kula, dene anak kula kuwalon kaprenah embok kuwalon kula, awit saking dados bojonipun bapak kula, sareng makaten bojo kula amanak jaler, dados kaprenah ipening bapa, utawi kaprenah paman kula, amargi anak kula jaler wau kaprenah sadherekipun embik kula kuwalon, embok kula kuwalon ingkang kaprenah sadherekipun paman kula, sarta kaprenah anak kula kuwalon, ing salajengipun amanak jaler, dados anakipun jaler punika kaprenah sadherek tuwin putu kula, bojo kula lajeg kaprenah nini kula kuwalon, awit bojoning bapak kula anakipun, , mongka kula dados semahipun nini wau, dados kula kenging kawastanan kaprenah punapa ing sayektosipun, punapa mara sepuh, punapa sadherek, punapa putu, sarehning kisruh sanget ing bab urut-urutaning prenah punika, mila ing mangke kula badhe angendhat, amargi saking bingunging manah kula.

=====

Dereng lami wonten tiyang estri anedha pegat dhateng semahi-pun, ananging pangulu boten kadugi megataken, amargi tiyang esri boten kenging anedha pegat bilih semahipun boten amarengi ing pegasipun wau, kados lampahipun agami islam, nunten wonten tiyang anama Samsu amireng bab prakawis anedha pegat punika, Samsu wau lajeng suka rembag dhateng tiyang estri ingkang anedha pegat, kasebut wonten ing serat pakabar-an Bintang Timur, suraosing rembag tiyang estri kapurih sowan dhateng ngarsaning pangadilan, ing ngriku ingkang jaler kagugata, bilih ingkang jaler pnika boten nate anyukani ingon ing sapantesipun, surat kuran amratelakaken, manawi tiyang jaler wajib anyukani arta tiga tengah rupiyah dhateng semahi-pun ing dalem sadinten, minongka ingon tuwinpanumbasing sandhang panganggenipun, ingkang punika manawi tiyang estri wau anedha ingon dhateng ingkang jaler satengah rupiyah kemawon ing dalem sadinten, amesthi ingkang jaler wau badhe boten saged anyukani, kadadosanipun tiyang estri saged amaksa ing pegasipun kaliyan ingkang jaler wau.

=====

Cariyosipun tukang gambar ingkang misuwur kala jaman kina. Wonten tiyang anama Samuwel Dhobrat sakalangkung miskinipun, ing ngajeng dados muridipun guru gambar ingkang sampun misuhur sanget ing bab endahing damelanipun gambarran, ananging Samuwel Dhobrat wau kalaa samanten dereng kalebet murid ingkang saged, ing salaminipun atunggil sagriya kaliyan guru gambar punika, menggah umuripun Samuwel Dhobrat sampun lumebet kawandasa taun, dene panggesanganipunwonten griyaning gurunipun abeberah ngeet griya, ig ngriku Samuwel Dhorat tansah kapoyokan dening kancanipun para murid, sanadyan Samuwel Dhobrat pagesanganipun angecet griya, ewadenten taksih kenging kawastanan tiyang saged.

Menggah ingang andadosaken kabingahanipun Samuwel Dhobrat wau, manawi amarengi kalilan ing guru dhateng padhusunan, wonten ing padhusunan Samuwel Dhobrat angraosaken sakecaning badanipun, sareng pinten ing ngriku Samuwel Dhobrat agambar

pasiten, ing nalika gambar pasiten punika sampun rampung rerenganipun, Samuwel Dhobrat boten purun anedahaken dhateng titiyang, awit sumelang bokmanawi kapoyokan ing titiyang, sareng makaten anuju ing wanci dalu Samuwel Dhobrat lumebet dhateng panggenaning anyambut damel gurunipun, ing ngriku Samuwel Dhobrat amendhet pulas kadamel mulas gambaripun pemahan, sareng gambar pemahan wau sampun rampung ing pamulasipun, kalampahan ngantos tigang dasa taun lamnipun boten wonten tiyang ingkang sumerep dhateng gambar punika,punapa

malih boten wonten tiyang ingkang sumerep kala pamulasipun. Panuju satunggiling dinten Samuwel Dhobrat sakit ngantos lami sarasipun, kalampahan andadosaken kacingkranganipun ing tedha, awit boten saged anyambut damel, wasana Samuwel Dhobrat gadhah pangajeng-ajeng ing bab badhe pakantuking tdha, gambaripun wau badhe kawade, kabekta dhateng tiyang ingkang asring anumbasi gambar-gambar, ananging sareng dumugi satengah ing margi, Samuwel Dhobrat aningali wonten lelang amade gambar akathah,mila Samuwel Dhobrat lajeng gadhah panedha dhateng tiyang ingkang amadekaken gambar gambar punika wonten ing palelangan, supados gamabripun kawadekna wonten lelang ing ngriku, tiyang wau inggih sagah amadekaken, gambar lajeng katawekaken tigang rupiyah, kala samanten gambaripun Samuwel Dhobrat katingalan ing titiyang kathah, sareng Samuwel Dhobrat mireng gambaripun katawekaken tigang rupiyah, sakalangkung bingah ing manah, awit anypta bilih ata tigang rupiyah punika badhe eka katedha ing dalem tigang dinten, boten dangu wonten tiyang ingkang ngawis salangkung rupiyah, lajeng wonten malih ingkang angindhakai ing pangawis wau, kalampahan amindhak mindhak pangawising titiyang, ing wekasan gambar kaawis 125000 rupiyah, lajeng kaeculaken ing pangawis ingkang kantun piyambak punika, menggah ingkang ngawis gambar kantun piyambak wau, punika Grapidhungkelsepah, kala samanten Samuwel Dhobrat sakalangkung bingah ing manah lajeng anyelaki grap ingkang tumbas gambar, pikajenganipun badhe asuka panrimah dhateng grap wau,awit sampun anumbas gambaripun ngnatos pangaos samanten kathahipun, sareng grap aningali bilih kacelakan ing titiyang ingkang boten murwat panganggenipun, lajeng angrogoh kanthonganing rasukanipun, amendhet arta badhe kasukakaen dhateng tiyang punika, awit kamanah bilih tiyang wau badhe priman dhateng grap, Samuwel Dhobrat enggal matur: o, tuwan kula boten apriman dhateng sampeyan, sayek-tosipun kula ingkang damel gambar lajeng sampeyan tumbas wau. menggah gambar damelanipun Samuwel Dhobrat, ing sapunika dados kagunganipun Raja ing Beyeran ing tanah Eropah.

Sangking suka mirenaning manah, inggal nanggulang lampah cariyosnya kyai Slompret ingkang katembern mungguh ing Juru-martani ongka 29, kaping 22 Juli taun 69, ing ngriku kula ngeningaken suraosipun cariyos adat waton ingkang kagem panjenengan dalem ratu kula, kekalih, Ngayugya tuwin Sala,

muwah kanjeng gupremen lah e ngriku dados condhonging manah kula. Dene ginem bab waris lah kula kedahipun jarwa terangipun sampun kapethit-pethit mekaten kados pujongga lajeng saged anampeni.

Ingkang kula delingaken makaten ta: awit warisipun para bendara pangeran putra, utawi pangeran sentana, punapa dene ali warisipun pepatih ing panjenengan ratu, tuwin bupati nayaka, dumugi mantri kados pundi, punapa beda bedanipun kapratelakena sami, kula ngajeng-ajeng sage damel pasamuwanin gjurumartani, dene pirembak kula dereng angsal pitedah ingkang tamtu, mila pamanah kula sekewet ugi wonten kirangipun pandungeng sampeyan dumadi kuiwa semu, yen boten kawjarna pisan kaos ta sami anakipun bupati, gadhah selir, lajeng medali jaler, utawi lajeng gadhah semah sami bongsa alit namung semah patmi gadhah anak jaler, punika kados pundi, yen bodowa utawi botena, sabab dungeng sampeyan teksih kakiran- gan kyai dene sedaya, sampun otен kula waoni, namung wonten satunggal bab malih, ingkang magepokan, adatipun ing tanah gupremenan kula sampun angalami, panjenengan para ageng, kedah remen aganjar para abdenipun kathah, trapipun wonten kaotipun akaliyan adat wawaton nagari kakalih wau, ugi wonten ingkang sami, kados ta wonten lowokan pangkat kalenggahaning demang, ingkang kagentosaken dede waris, ingkang kagentosaken pernah sasoranipun kalenggahan, wonten ingkang kaliyer ngenggeni ing pangkat wau, lajeng ngandhapipun caket angenggeni ingkang kainggahaken wau, ngantos tundha-tumundha dumugi mernahaken kalenggahanipun ingkang magang sampun lami, meka- ten malih, wonten ugi ingkang kapilih sangking panuwunipun piyambak, mila saben wonten lowokan sanget ramenipun tiyang amajeng ing damel sami ngatingalaken kasaenanipun: dados saben wonten demang lowok dalasan magang sami gadhah pangajeng-ajeng mingseripun kalenggahan, mila animbang setat pandhines, inggih punika kasaenanipun pangawulan lan lam pangawulanipun dene warisipun ugi angsal saking sihing tiyang ageng kaprenahaken panggenan seseran wau, sak pantesipun sabab dede pitangipun piyambak lah ing ngriku yen wonten seseranmalih, ugi dumugi ngantos kados pangkating bapakipun, punika yen tanah gupremenan kyai kaotipun, ananging boten wande lalampa- hanpunika makaten trajangipun, yen boten makatena kados pundi, neh, rak inggih prayogi, ta kyai, punika tanah kula, yen sampeyan dereng dhamang, mila kula gentos kawejara, bab ing ngajeng wau sanget ing pangajeng-ajeng kula.

Sukarini kaping 18 Bakdamulud, Je, 1798
katandhan Pun Wiluta.

Mugi tumuntena wonten karsanipun tuwan ingkang ngarang Juru- martani amacak ing serat kabar, mandar katuruna para redhaksi kacap ing kabar sanes-sanes, supados amitulungana kasusahani- pun kepala dhistrik ing Kuthaarja, punapa dene kasusahani- pun para kang ngerembag ing ngatasipun punika.

Jurumertani nomer 29 kenis kaping 22 Juli 1869.

- a Kula maos cariyos seratipun Darmaprayoa, bab tiyang gugat pemahan ahli waris kalayan kang ngaken wajib darbe.
- b Kunengta tiyang kang gugat ginugat pinunggeling tembung, ingkang gugat adreng dereng tarimah, saengga dumugi leresan dhistik, grus dhateng tuwan Gripir, ing ngriku kabalak dene leresipun angawikani, dene kang wajib wenang bab punika, ki mas pangulu kelampahan ki mas pangulu, amutus prakawis wau mawi wawaton kitap Prail, ing w wusana gentos boten anarimah kang ngaken wajib darbe, aliwaris semunipun sampun narimah,
- c Kosok wangslipun gentos narimah gentos agugat ahli waris kalayan kang ngadarbe.
- d Ingkang punika rehning kula dede nayaka, miwah boten manggepokan kuwajiban, ananging wajibing tiyang nindakaken tulung tinulung kang kakinten damel tata tentrem ecaning manah ing sasami, rumaos temen kula kaabdekaken ing parentah anipun srimaharaja, kang langkung wicaksana, ing ngandhap punika panangis kula.

1 Mugih ngemut-ngemuta kang kasebut srat pranatan bab kawujudanane kang anyekel pangawasa anindakake bebeneran ing Nederlan Indhiya.

Ing bab 2 lan bab 3

2 Klayan anginglinga layang angger wawatone kukum ing Nederlan Indhiya bab 1,2, 11,12, 13, 17, 22, 23, lan bab 36.

3 lo punika kados pundi murat maksudipun utawi kateranganipun angger punika sadaya, temtu boten wonten tiyang susah, sarta otentik ngantos kaireng liya nagari,

Awit sert Jurumartabni mungel mekaten, ing wekasnipun prakawis punika sapriki dereng rampung, malah wewah titiyangipun ingkang sami gadhah gugat bab warisan pemahan kalampahan ngantos kamirengan ing nagari sanes, ing ngriku titiyang ing nagari sanes, lajeng sami gadhah pikajengan badhe anggugat bab warisan pemahan, sakalangkung ramenipun titiyang ingkang sami anedha pemahan titilaranipun tiyang sepuh-sepuhipun, wondening kang dipun sumelangi bilih negari boten enggal angrampungi, manawi sansaya kathah titiyang kang gugat warising pemahan tilaraning titiyang sepuhipun,mila inggal kula matur dhateng para sumitra saupami murat kateranganing tembunging anggreng utawi srat pranatan sampun pinanggih punapa kewran, ahli nagara kasuwunan adil, la tyang sampun pendamelanipun, ananging manawi kirang adilipun anetepi anggreng gupermen temtu tasih kisruh, awit agami ugi kekah punapa malih kuwasaning ratu bengkas anambung ing dalem karajakanipun mendhet saking, murat maksudipun kitab Tambiyul Apilin miwah purbawasesan sang prabu.

4 ing mangke kula pitaken dhateng mitra kula pun Darmaprayoga, ing ngajeng gugatipun titiyang ahli waris punapa terang anetepi wot gupremen, tuwin sampurnaning kitab andika nabi, Fakih gampil temen titiyang badhe damel kasusahaning titiyang, o engeta ki kutis nyariyosaken prakawis yuyu saget gugat ing ngarsaning gusti allah, ing dalem kinten kinten, punapa malih nyengaja damel susahing sasami, kosok wangslipun

pun, malah jurumertani No.29, punika katandhan kyai Panangan lan wonten dhuku kainten kinten saget gugat ing pangayunaning kang maha kawasa, cekakanipun kados pundi sang tumenggung bupati ing Kuthaarja, wonten pasuwalan mengkaten, punapa boten galih nisthaning kutha, menawi boten saget damel landhesan leleresan kang kenging kamirengaken riya negari, ewet punapa para nayaka yen boten galih kukum, miwah amapaki braja lungit anamengi pelor kancana, punapa inggih prakawis samanten kimawon ngantos nyampar koncaning kang agung, awit kantos sakalangkung adamel kridhaningrat, yen kalampah rame-rame titiyang gugat ginugat punapa praja lyan, eca sare eca dhahar, rak damel susah ing ngakathah, panuwun kawula sageda tumunten cnathel.

Katandhan pun Kasilep.

Dereng saget mencangkul ing pasamuwan, Jurumartani, 24-7-69. Kejawi saking titimongsa, kula suka keterangan, sampun sadan-gunipun, pikajenganipun, Ahlul Pekih, sulaya wau ing ngatasi-pun, ngeplasaken kasaenan, andadosaken pangabekti temen-temen dhateng ratu, punapa malih sulayaning murat angekahaken ingkang kawastanan kitap mantek, angluksesken dhateng para ahlul kitabing kang karan midkal, mila sakalangkung bingah ingkang sampun nacat pujongga, tuwin ngaken sarajana sami mancaha kalepatan ing satunggiling sanes.

=====

Ing Jurumartani ongka 30 kula sampun anupiksani anggitanipun mas Ambegwelasan, bab wiwinih ing suraosipun boten kula manah, awit wonten ingkang kuwajiban mangsuli, nanging ingkang dadosaken ceceking pamanggih kula, inggih punika ukara ingkang wekasan, mawi anyebutaken makaten:

Boten langkung mas Sukaarja, panuwun kula dhateng sampeyan sampunngnatos amedharaken wawarti gegembungan malih malih, awit ing pulo jawi ing mangke titiyang wiwit agrinda engetan: kathah ignkang sampun ragi lancip boten sepug kadi jengandika.

Lo punika menggaha tiyang anggandhen paku, kaleresan kenging endhasipun mugi mugi kathaha ingkang sami semerep dununing saha paedahipunjurumartani, amurih medharaken ingetan ingkang seret seret saha ingkang teksih kasasaban utawi murih mam-bengi sarupining lalampahan siya-siya, ingkang limrah dados rerembanipun para langip utawi ingkang tanpa kadang, saha ingkang pancer asli sudra, liya saking punika jurumartani paedahipun amradinaken kawruh, angungalaken ing kang awon utawi ingkang utami, sapinten ta kaotipun ing rumiyin kaliyan sapunika, sarne neg kathah cap-capan kalilan anglairaken pambudi sapanunggilanipun murih kautamen.

Surakarta ping Agustus. Katandhan Ka. Ta.

=====

Ongka 33, 19 Agustus 1869

Para tiyang ingkang taksih gadhah sambutan dhateng kantor lelang ing Surakarta, kala wulan April 1869, ing mangke sami kaemutaken, ambayara sambutanipun saderengipun utawi satelas-ing wulan Agustus punika, manawi boten angleksanani ing pambayaripun wau, amasthi badhe katagih medal saking panguwasaning parentah.

Surakarta kaping 1 Agustus 1869

Katandhan dening kang ngwasani kantor lelang
Tuwan Bosower.

=====

Pawartos warni-warni
Kaelokaning tataneman.

Raden Bagus Mukhammad anyariyosaken bab aenging uwit pisang ingkang kalebet bangsanipun pisang kaluthuk, kalimrahanipun uwit pisang punika amin amedalaken jantung satunggil, ewadeten uwit pisaang ngkang kacariyosaken Raden Bagus Mukhammad wau, amedalaken jantung pitu ingkang ageng sakawan ingkang alit tiga, jantung pitu punika sampun dados woh sadaya, dene agenging uwitipun limrah kemawon, menggah ingkang andadosaken pangeram-eram awit saking uwitipun limrah kados uwit pisang ingkang kathah-kathah, teka saged amedalen woh ingkang sakalangkung kathah, dene manawi wonten ingkang boten pitados dhateng kaelokanipun uwit pisang wau, mugi aningalana dhateng kampung Petengan ing Demak, utiw pisang punika dumunung wonten pakebonan uwit pisang salebetung kampung ing ngriku.

=====

Samarang kaping 16 Juli 1869, serat Partikelir saking Japara anyariyosaken kados ing ngandhap punika:

Kala pejahipun wulan Juni ingkang sampun kapengker wonten baita labuh sajawining muhara ing Juwana, baita punika katin-gal boten Jenak anggenipun alabuh wonten saganten ing ngriku, sakedhap sakedhap angalih saking panggenanipun labuh, kalampahan kayektosan dhateng pulisi ingkang tansahangulataken ing pangalihipun baita saking panggenan wau, anjawi saking punika pulisi sampun mireng, manawi baita wau ambekta apyun peteng wolung rembat, punapa malih menggah namanipun ingkang gadhah apyun peteng punika sampun terang.

Sarehning baita wau badhe angoncati pamariksaning pulisi, lajeng alayar mangilen, adadosanipun kala tanggal kaping 4 wulan Juli ingkang sampun kapengker tiyang amanggih srumbungan belek ageng isi candu 86 katos wonten salebetung tambak, srumbungan punika pandamelipun sakalangkung santosa saha rapet, tutupipun mawi kapatri, sampun boten kuwatos manawi kalebetan toya, anjawi saking punika kala tanggal kaping 4 wulan Juli wau wonten baita kapriksanan ing ebum, baita punika ing lebet kadekekan rorogan, sareng ingkang gadhah baita kapitakenan bab lorogan wau, wangulanipun kadamel angawati arta tuwin barang peni-peni, salajengipun lorogan kapriksanan, ing ngriku tiyang amanggih apyun peteng, mila

kengig kawastanan bilih aturipun ingkang gadhah baita mawi lorogan punika isi barang peni-peni tuwin sarta sampun anete-pi ing kayektosanipun, awit apyun wau kamurwat regi sakethi rupiyah.

=====

Lalampahan ingkang sakalangkung elok bokmanawi saweg sapisan punika para dhokter ing Londhon sami amarsudi kayektosanipun, menggah pratelanipun kados ing ngandhap punika:

Tuhan Pha, dados pujongga, kala ing mongsa badhidhing sakit boten sanget, ananging sakitipun wau dados sakit kuning, sasakit kuning punika badan sakojur, mripat cangkem gusi wah untu nipun awarni kuning, sareng sakitipun sampun saras, pujongga wau paningalipun sakalangkung padhang, punika ingkang dipun tingali asring katingal awarni abrit, ijem kuning, trekadhang biru tuwin sanes-sanesipun warni, paningal sakathahing warni wau ngadat amung sadinten utawi kalih dinten laminipun asantun santun, kados ta aningali abrit sadinten utawi kalih dinten, lajeng asantun warni aningali kuning, makaten salajengipun bab santuning warni punika, menggah mripatpun pujongga wau sampun kapariksanan dening para dhokter ing Londhon, ananging para dhokter boten saged amastani punapa ingkang dados sababipun katingal abrit kuning tuwin sanes-sanesing warni punika.

Pujongga wau paningalipun dalu utawi rinten sami kemawo padhangipun, ananging katingal abrit kuning tuwin sanes-sanesing warni kados ingkang sampun kasebut ing nginggil punika, manawi wonten ing dalem petengan pujongga wau saged amaos tuwin anyerat serat sampun kados rainten.

=====

Sayid Mukhammad Aidit atumbas baita kapal asep badhe kangge saking batawi dhateng Jedah, sarta kangee kadamel ambekta para tiyang ingkang sami minggah kaji dhateng ing Mekah. Kala rumiyin ara tiyang ingkang sami dhateng ing Mekah anum-pak baita kapal layar, kathahipun ing titiyang ngantos sewu anumpang baita kapal layar satunggil, salebetipun wonten ing ngriku para tiyang wau sami kacingkrangan sanget saha kathah ingkang sami kenging sasakit, amargi saking kathahing susuk-er, ing mangke para tiyang ingkang sami minggah kaji dhateng Mekah sakalangkung sakeca wonten ing baita kapal asep wau, ing samangsanipun anedha angsal tatedhan, kadosta: sekul wedang teh, kopi tuwin beskuwit boten ngantos kikirangan, punapa malih lampahing baita kapal aseppunika lajeng kemawon dhateng ing Jedah dados boten susah mawi kendel aminggah dhateng dharatan wonten ing Singapura, menggah tambanganipun tiyang satunggil amung 150 rupiyah,mila salajengipun badhe kathah tiyang ingkang badhe dhateng ing Mekah, supados sageda amurugi sandhang panganggeling kaji.

=====

Mgi sampun andadosaken panggalihipun tuwan ingkang ngarang Jurumartani, mila kula boten angaturi panjurung kabar bab ing kramadayon margi nalika semanten kula saweg pinuju kathah

padamelan kula ingkang parlu,ing wingking kimawon manawi kula
angsal kabar ingkang pantes kapacak ing Jurumartani, kul
angaturi panjurung kados ingkang sampun, dene saseratanipun
ingkang asesilih nama, ki KUlis sarta amemook ngawon-awon
dhumateng kula, punika kula botn amangsuli, kula mnah kedhik
damelipun kados rare poyok-pinoyok kalih dene sumelangging
manah kula, bokmanawi ingkang nama ki KUlis punika, para
bendara, utawi para tuwan tuwan sabab kalihprakawis
punika,kula boten pisan pisan yen badhe anggadahahaha cipta
purun ing lair batos namung ajrih, sanajan langkunga saking
punika pangawonawonipun dhateng kula sumongga kimawon atur
kulapunika ing sayektosipun kimawon denten manawi tiyang alit
ing sasami kula, gadhah umuk badhe purun dhateng kalih bab
wau, punika dora sanget kula gedugi maiben aben ajeng, dene
manawi ingkang nama ki KUlis punika, tiyang alit sak sami
kula sayektos boten magepokan ing kalih bab nginggil wau,
kula naming eram sanget deneing kawanteranipun ngantos kirang
lawan karsa angawon-awon dhateng tiyang ingkang tanpa dosa,
ewa semanten kula inggih boten pisan-pisan yen anggadahahaha
cipta ajrih tuwin emar, kumepyur mawon boten, kados ing
sakarsanipun kula angladosi, manawi kula angambah leres
manawi kula lepat angungkuli dhateng kalih bab nginggil wau,
kaajrihan kula, naming ing jurumartani boten prayogi yen
kadamelaudur ingkang boten pantes kamirenga ing para ageng,
mila prayogi alantaran rembag ingkang sae kimawon, ingkang
kados pangungun kula punika naming inggih ta lah dene salami
kula andherek menjurung ing Jurumartani, pangraos kula dereng
nate gadhah wiraos ingkang gangsul dhumateng sadaya ingkang
wonten ing Jurumartani.

Katandhan Raden Atmadikara, Seyektos.

O, sangking katressaning manah.

Wisaneng deya, gen namba nupiksa serat koran ingkang tumrap
ongka 28, Kemis kaping 15 Juli taun 69, cinarita dene mas
Dahwen Tiron, ing ngriku mas Tiron,nyariyosaken lampahipun
tiyang gugontuhon,punika kalebet pengajengipun tiyang kirang
budi. Ing kathah kimawon titiyang kang sami pitados dhateng
samukawis kang singit, saha dhateng pengalapan, kang sami
dipun enggeni lelembat. kados ta jongkong wewe lan thethekan
wedhon keblak sak panunggilanipun, iya ta lah mas Tiron temen
anekatdaken yen punika dede kadadosanipun, loh, hu-hu, lah
puniku, Alkamdlilahirabilamin, dhuh mas Tiron darbe tekat
lir sarengat nabi, Sam, kang sinebda munggeng kitap lan
Kor'an, mara kepriye ta wangsla mung wong gugon tuhon yah
mengkene ngae bok ya wis, cekake kedadosanipun lelembat wau,
kok sangking manungsa karit, trangipun saking turunipun
jim,jim punika kedadosanipun saking kar, kar punika tumanja-
nipun brama, allahurabik, kala jaman kangjeng nabi Adam
ngaleisalam, idajil lan natolah tan purun kantun dhateng
kanjeng nabi, krana jeng nabi sangking kisma, pun lahnat
sangking wana, o, mila leres ngagya jandika, wiji nongka tan

saget thukul semongka, sabab suwarga lan neraka wijine beda,
mekaten malih kala jaman buda kathah mudyang kayu geng utawi
sel a tuwin sapanunggilanipun, sr kaanggep kuasa suka seja lan
cilaka, i,yak luwa ketela ketebiyan ing jaman kuna nembe
punika rak inggih wonten, tanah sapta ing dhusun Karangmaja,
semah nya demang, mangunarsa, kasurupan dening lelembat suka
pirsa yen benjang ari malem Jumunwah kliwon, yen dhusun
Karangmaja kinarya marga, lampah nya bupati, Mertaadinegara,
badhe apalakroma kirik karangmaja kinan tilem munggeng jaba.
Jrih menawi kenging rubeda, en boyo pitados kijing ler desa
samyu musna, sareng kaya kinten yekti tan ana. Enjingira
kijing wus sumekta, jawabe wong gugon tuhon ing tanah redi
rak inggih kathah,tyang ngangge ngelmu buda nyebut para dewa,
suwaneh memundhi kajeng sela, upami kala sowak sru dhateng
goragodha barang kang sineja kirang berkatya. O, sinten ta,
kang boyo gumun dene manungsa tekatna kadya mangkana,em
kakeyyan sekarat, iya wong ngora iman mono sak reka-rekane,
tan etang-etangblebu ing sumur bandhung, ugere oleh untung,
apa bundering bunder, sapa kang ngidheb pangukiring kacang
cina, sangsaya ketrucut gineme wont ora idheb ngelmu rasah,
tan kadi wong ahli suwarga,memuji yang sukmaha, sarengat
sabar nrima,murweng dung kapesthen namba, bok kekejera kaya
manuk branjangan masi oleya, katempuh jiwa raga, o, tan liyan
manira pudya tinetep na ing ngiman mulya, cinelakna sang
bethara, Amin, Tamat, Titi, Katandhan Kaya nagis-nagisa ing
Ngayugya.

Kula sampun maos seratanipun raden Ariya Jayengwesthi ing
Mancingan, ingkang tumrab ongka 27 kemis kaping 8 Juli taun
69 ing ngriku jayengwethi pitaken dhateng para tiyang kang
sampun nate kesah dhateng Arab, pitakenipun kados ing ngand-
hap punika.

1, bab sahadat, 2 bab Slat, 3 bab Puwasa, 4 bab Jakat (lamun
kuwasa), 5 bab Kaji(lamun kuwasa).

Lo kados pundi ngger, ingkang 2 mawi kaol ingang 3, kok boten
mekaten ta ingkang 2 sebab mawi bondha, ingkang 3 gededel
sangking kersa, wangsula ingknag ongka 5 tiyang jail murakap
anggenipun mathem nama kaji, katenta, amung anglenggahi
anggenipun nama kaji kajen, boyo angangge kake suwiji, tond-
ha,upami kula ketamuwan paa kaji, baten kula sudhiyani gelar-
ran pasir tamtu sakit manahipun, kaping 2 lesninga sangking
pendamelanipun negari supados sampun wonten ingkang ngaken
nama kaji, wondene jayengwesthi badhe ngayoni sujarah dhateng
pesareyan, dalem Madinah musaraphayah sampun baten, cilaka
yen kula baten sumereb kersa jeng ngandika, andekna si kaji
jail murakap rukun 5 dianggo jeneng, toh samine yen bakda
sembayang punapa pigeh kasebut mas bakda sembayang, suwawi
badhe baten purun, mila kula anggit-anggit ign sak lebeting
wardaya leres sanget raden ariya Jayengwesthi nggenya sual
ing dalem mustaka Jurumartani, mrih kabatanga para limpat,
kula gadhah penuwun sakecap sampun perduli ungelipun tiyang

sampun jengandika rembak amung nggen jengandika majeng ngladosi sang nata, sampun keguh ing poncabaya, bokmanawi ing tembe wonten bejanipun kenging kadamel ngingoni anak rayat sedherek bujengandika tamat.

Sinerat ing Munthilan kaping 18 Juli 1869, katandhan tiyang Mualap, ing nembe kang nama jawi pun Bakar, badhe nama kaji jrih manawi kasiku dening Allah menawi kawratan pendamelan.

=====

Asung pawarti katur kyai Jurumartani

Ing dinten Senen legi tanggal kaping 11, wulan Rabingulawal ing taun Je, ongka 1798

1 dhawuh dalem ingkang Sinuwun Kanjeng Sultan Negari Ngayogyakarta, saha sampun abyantu panggalih akaliyan kanjeng tuwan residhen Bos, saklawokipun bupati anom patih ing Kadnurejan ingkang kakersakaken anggentosi kalenggahanipun, bupati anom mihi reh kaparak pangawa, RAden Tumenggung GondaATmaja, kalenggahanipun tetep kados dene ingkang dipun gentosi lengkah sabin 100 karya, bayar 100 rupiyah ing dalem sawulan, sarta kapatedhan nama, Raden Tumenggung Gondakusuma.

2 Wondene aliwarisipun bupati anom patih ing kadnurejan kang sampun tilar, anakipun jaler ingkang sepuh pyambak nama den panji Natawirana, dhistik ing Gadhingan, sarehipun dereng cukup dados patih ing Danurejan sak punika dipun karsakaken dados bupati anom miji reh kaparak pangawa, kapatedhan nama Den t"umenggung Ranadirja, nunggaksemi tyang sepuhipun lengkah sabin 50 karya, bayar 50 rupiyah ing dalem sawulan, ananging sabin kalilan milih tilas lengahipun sabin ingkang rama.

3 Kula wiwit badhe anglajengaken katranganipun pratalan kula ing ngajeng, bab pasebutanipun para ageng jawi, ing negari ngayogyakarta, ananging serat kula ningali serat Jurumartani, ongka 30 katandhan mas Astradarma, dados anggen kula bahde nglajengaken katranganipun pratelan wau, kedah kendel rumiyin.

4 Kula kedah nuwun prayogi dhumateng kyai juru, punapa kula lajengaken katranganipun pratelan kula ngajeng, bab pasebutanipun para geng utawi para bupati, ing nagari Ngayogyakarta, punapa boten.

5 Kula nuwun nerang dhumateng tuwan, A, B, Kohen Stiwar (Stuart), priyantun amarsudi kasusastran jawi, ing nagari batawi, anggen kula mituruti pamundhutipun kawontenanipun pasebutanipun para ageng ing nagari Ngayogyakarta, punapa dados dhanganing panggalih, punapa boten.

6, Wondene wewaonipun mas AStradarma,punika boten kula praduli pisan pisan, amargi budi dahwen punika boten pantesmipun lawan nilaripun awit asring kalisir dhateng leleresaning ngadat, sanadyan ingkang salira, awewaton pengageng satunggiling negari, ewadene kula boten munawika, sabab ingkang kula pratelakaken boten gepik singgol pasebutan negarenipun, ananging pasebutanipun para priyayi negari ingkang kula

dumunungi nggen, saha sampun tumindak ngadat.
7 ing wasana kula miturut ingkang dados pitedahipun priyantun
kekalih 1 tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani, 2 tuwan
A.B.Cohen Stiwar ing negari Batawi.
Raden Wiradimurti Ngayugyakarta, prayoginipun inggih kala-
jengna. Redhaksi.

=====

Saking katressaning manah nggen amba nupiksa serat koran
ingkang tumrap ongka 27 Kemis ping 8 Juli 1869.

Ing ngriku wonten piwulang ingkang langkung saking sanget,
klampahan litnan Cina ing negari Magelang, katatonan dene
tuang Cina wasta Ta Ta.

Toh, piwulang ingkang kados mekaten wau, badhe baten kaangge
ing ngakathah malah malah adadosaken tepe tuladanipun para
priyantun ing nginggil, sampun kantos sawenang-wenag dhateng
reh-rehanipun, bokmanawi manggih sangsara ingkang kados
mekaten, gentya kang cineragap canging negari Yugya, ugi
wonten priyantun gadhah lampah mekaten, e, e, ngukuli Litnan
Cina, tur sarwi memisuh lo, sumelang kula wau bokmanawi,
kasudurehne dedamel, suwawi sinten kang kecalan, gejawi tyang
awon kados pun kula , rak inggih ta.

O allah andekna kul asumereb malih, priyantun ing tanah redi,
kidul, tur kalereson, dhateng reh-rehanipun, rongga, ing
Semikar, wonten ing ngriku, mas riya, gadhah wulang ingkang
langkung saking murwat, reongga, rumaos lingsem, janggerat
nulya bandhak kursi, sarwi nekak jongga, wegту samanten
inggih rame, sampuna, riya mungel kapok allah kados pundi, o,
ingkang adadosaken eramipun ing ngakathah wau, priyantune
kalih wau kok lajeng salaman, punika saking panimbang kula
kenging kadamel pangola, karnalaning para satriya ing negari
Ngayugya, yen wonten ingkang gansul lampah lajeng enggal
salaman, kados cariyos amba ing nginggil wau punika, tamat,
titi, Katandhan tiyang Awon sanget Griya sak ngadhaping
Sepatu, Bubrah, pun Susah.

=====

Ongka 34, 26 Agustus 1869

E.Apogel tukang gambar ing Balapan Mangkunagaran, wade gambar
ingkang kawastanan lokomotip reta asem pitung warni, argi 24
rupiyah.

Menggah lampahing kareta asep ing mangke sampun dumugi nagari
ing Surakarta, andadosaken pangeram-eramipun para tiyang jawi
ing Surakarta sadaya, sareng kareta asep punika dhateng
sapisa ing nagari Surakarta, ambekta grobagkawawratan kajeng
tuwi tosan ingkang pancen dipun ambah lampahipun rodhaning
kareta asep inggih punika ingknag kawastanan: ril sakalang-
kung kathah titiyang ingkang sami aningali, malah kathah
titiyang ingkang sami numpak ing grobag, ingkang lumampah
dhateng dhusun ing lepen Yasa, makaten saben saben kareta
asep dhateng ing nagari surakarta, titiyang sami anumpak ing
grobag dhateng dhusun lepen Yasa, titiyang ageng alit sami
ingah-bingah anumpak ing grobag tumut lamah ing kareta asep
dhateng ing dhusun lepen Yasa tanpa bayaran, punapa malih
titiyang ing 'Surakarta akathah ingkang sami dhteng Samarang
anumpak kaeta asep boten saking dening wonten prelunnipun,
amung kadamel bibingah ing manah kemawon.

Titiyang jawi ing Surakarta boten saged anggayuh ingknag
dados jalaraning sagedipun lumampah kareta asep punika,
manawi katarik ing kapal utawi maesa sapanungilanipun, amas-
thi lajeng katingal ingkang murugaken sagedipun lumampah
kareta asep wau, kados pundi teka kareta saged lumampah awit
saking sumuking toya panas, saibata kathahipun kaindhakaning
saserepan para bongsa ERopah, manawi katimbang kaliyan saser-
epanipun titiyang ing jaman kina, boten wonten emperipun
pisan-pisan, mila kenging kawastanan bilih indhaking sasere-
pan medal saking pembudi, bongsa Eropah punika boten kendel
ing pembudinipun dhateng sakathahing prakawis, tansah boten
purun anguwakaken pembudinipun wau, bilih dereng kapanggih
ing kayektosanipun.

Kala tanggal kaping 13 wulan Agustus punika ingkang sinuhun
Kanjeng Susuhunan Kaliyan garwa dalem kanjeng Ratu Pakubuwana
ing Surakarta tedhak dhateng gilingan panggenanipun kendel
kareta asep, ing ngriku ingkang sinuhun kagungan karsa anith
kareta asep dhateng dhusun lepen Yasa, kalampahan ingkang
sinuhun kaliyan kanjeng ratu saha abdidalem ingkang sami
andherek bidhal dhateng ing dhusun Lepen Yasa, katingal bilih
andadosaken suka pirenanipun ing galih dalem, awit panjenen-
gan dalem wau karsa anitipariksa kareta asep
sapanunggilanipun ingkang kalebet kangge ing kareta asep
punika, sakundur dalem saking dhusun lepen Yasa, ingkang
sinuhun inggih ugi katingal sakalangkung bingah ng galih.

Bab juru-juru martani, kasusahanipun titiyang anayuban ing
Surakarta, kados ing ngandhap punika.

Kala ing dinten malem Akat tanggal kaping 21 ngajengaken

tanggal kaping 22 wulan Agustus punika, kula saking Surabaya
badhe mantuk dhateng Samarang, sareng dumugi waradinan ageng
sakidul wetanipun alun-alun kidul Surakarta, kula mireng
waranipun gamelan kados nayuban kula prelokaken ningali,
cariyosipun dalemipun prayantun kaliwon bumi, anama Bandara
Raden Mas Angabei Ma Ya, kaleres wayah dalem ingkang sinuhun
ingkang kaping gangsal mentas andhaupaken ingkang rayi putri,
nanging tamunipun boten patos kathah amung para bandara
sawatawis kula ragi karena ningali ringgitipun ingkang
kaangge nayuban wau, cariyosipun tiyang ingkang sami ningali
awasta pun Gambyong ing Mangkunagaran inggih paunika ingkang
kacriyos sae, sareng panganten bibar beksa, tumunten wonten
prayantun satunggal ambeksa dados sawek rambah kaping kalih,
tumunten wonten prayentun bagus lencir jene tur taksih nene-
man ingkang lajeng alenggah ing krosi, mawi bekta rencang
sawatawis prayantun punika cariyosipun putra kapenakanipun
kanjeng pangeran Adipati Arya Mangkunagara, anama Raden Mas
Sasra Atmaja, kang sawek kapocot inggal saking kalenggahanni-
pun kalwon anon-anon ing Mangkunagaran sareng sampun sawata-
wis napas anggenipun lenggah, anembungaken angaken dipun utus
ingkang rama: kanjeng pangeran adipati Arya Mangkunagara,
amundhut ringgit pun gambyong, ingkang nalika punika sampun
kaangge nayuban sarta sampun boten kaawisan kaundang sadhen-
gah tiyang, inggih ta: atiyang nama ringgit angalap berahan,
wekdal sumanten para prayantun ingakng lengah jagong, saten-
gah wonten rembag anykakaken satengah angekahai, dangu dangu
saening panggalihipun ingkang kagungan dalem bokmanawi karaos
bilih taksih kaprenah santana awit sami bongsa luhur, mongka
katingal prelu ingkang kautus lumampah murugi, kaleres putra
kapenakan ing mangkunagaran kalampahan ringgit pun gambyoong
kabekta kaaken saha narimah dipun pilalah dalu dalu pados
ringgit sanes kala sumanten kula asidhakep asta kalih tumenga
ing ngakasa, inggih talah saenipun para lurhur punika, beda
temen akaliyan titiyang alit awit ingkang utusan bilih yektos
pangakenipun ingkang kautus wau, bokmanawi anggalih makaten
sanadyan salaminipun kenging katanggap ing titiyang sanes,
sarta taledhek wau ejeripun angalap epah, ewadente rehning
abdainipun piyambak boten wonten pakewedipun kapundhuta, saha
boten kirang utami ingkang kautus murugi kaprenahputra kape-
nakanipun samanten punika bilih sayektos kautus kalangkung an
malih ingkang angangge inggih kok teka nyumanggakaken, upami
katanggora tiyang tanah Samarang, saestu boten preduli, saha
tamtu boten suk awit sampun janji kasewaka tanggap sadalu
punika, atas ingkang ambayar ingkang gadhah wawenang, kajawi
ta: yen ingknag suwau sampun wonten undhang tumindakipun
patrap makaten punika, ananging inggih boten kadosa, iba
cuwanipun para prayantun ingkang sami jagong, aluwung kang wa
boten purun utawi boten kalilan.

Anggen klaprelu anyariyosaken punika, supados para titiyang
ing Surakarta asumerepa, saha sinten ingkang badhe nayuban
kula aturi pamrayogi mugi sampun angangge ringgit pun gam-

byong punika, awit bokmanawi kacuwan kados ingkang kasebut
ing nginggil.

Samarang kaping 25 Agustus 1869
Katandhan Mitranipun Redhaksi.

=====

Pamuji dhumateng kasaenan katur panjenenganipun tuwaningkang
ngarang sert Jurumartani, menawi kagalih priyogi,mugi kapaaka
ing Jurumartani.

pamongmong dalem ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan Pakubuwana
kaping IV awit saking timur, ngantos jumeneng nata, nama
ngabei Yasadipura kapisan (I) empujongga ing nagari Surakar-
ta, enggenipun yasa patileman kubur kawrat saputra wayahipun
wonten siti patedhan dalem lalenggahipun nama dhusun Ngaliyan
Karya Sajung, tanah ing Pengging, siti sajung wau kapradika-
kaken namung kapurih rumeksa pas sareyan saha ngadeg bar
Jumungahipun dene kan dipun dadosaken pradikan ngriku wau,
turun tumurun kaprenah putra wayahipun ngabei Yasadipura
piyambak boten kaselapan tiyang sanes enggenipun damel siti
pradikan wau, nyuwun idi dalem ingkang sinuhun kanjeng Susu-
hunan kalilan saha pradikanipun wau, lebetipun sowan ingg
garebeg Mulut tuwin ing sadamel-damelipun ing pradikan kaun-
jukaken sangandhap sampeyan dalem katunggilaken abdi dalem-
pradikan kados paten nanging siti teksih dados lalenggahipun
Ngabei Yasadipura turun tumurun , sapengkeripun Ngabei Yasad-
ipura, lajeng kapetak ing ngriku, ingkang rumantos putranipun
sepuh, nama Ronggawarsita, nunggak semi,nama Yasadipura
kaping kalih, inggih dados empujongga, ngrangkep dados pamo-
mong dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan Pakubuwana
kaping V, awit timur ngantos jumeneng nata, namanipun Rongga-
warsita, katunggaksemi ingkang putra sepuh, sasuru dalem
ingkang sinuhun kanjeng susuhunan Pakubuwana kaping VI
kaengetan menawi Ngabei Yasadipura kaping kalih wau, pamomong
dalem sawargi ingkang rama, awit saking timur, lajeng kinawu-
la wisudha dados abdi dalem wadana kados paten kapatedhan
nama Raden Tumenggung Sastranagara, nama Yasadipura dipun
angge ingkang rayi, dados kaliwonipunnama Raden gabei Yasadi-
pura, kala taksihipun Raden Tumenggung Sastranagara, pradikan
ngaliyanlowong, anakipu prakan kang ngajal nama pun Amad
Ngali, kakersakaken dados wakil pradikan Ngalyan kaparingan
serat piyagem mawi asma, pun Ahmad Ngali wau prenah wayah
kapenakanipun Raden Tumenggung, lestantun enggenipun angimami
ing bar Jumungah, saengga sapriki, Ahmad Ngali manahipun
saleh saha ykem ing ngagami sarengatipun kanjeng Nabi duta
Mukamad Sam.

Raden Tumenggung Sastranagara, seda, ingkang kakersakaken
anggentosi kalenggahanipun dados wadana kadospaten ingkang
rayi nama Raden Ngabei Yasadipura, kang sampun dados kaliwo-
nipun wau, nama teksih lestantun nama Yasadipura, raden
tumenggung Yasadipura, lenggahipun kaliwon ingkang kakersa-
kaken anggentosi, wayahipun raden tumenggung Sastranagara,
nama Raden Ngabei Ronggawarsita, ngrangkep dados empujongga

ing nagari Surakarta, ing ngriku dhusun Ngaliyan nipun ancdepi pradikan ananging kang dipun nancepaken dede pun Ahmad Ngali kang sampun kadadosaken wakil pradikan kala Raden Tumenggung Sastranagara wau, dene kang dipun dadosaken pradikan nama kyai Supingi, kyai Supingi punika, ingkang ngastri prenah uwakipun Ahmad Ngali, ingkang ngimami bar Jumungah, teksih Ahmad Ngali.

Raden Tumenggung Yasadipura, seda, ingkang nunggak semi nama Yasadipura, putranipun sepuh, kakersakaken dados kaliwon kadospaten nama raden Ngabei Yasadipura, dados kancanipun Raden Ngabei Ronggawarsita.

Ing kalajenganipun Pradikan Ngaliyan Kyai Supingi, sarehning sampun sepuh, seleh dhateng anakipun jaler kekalih, kang sepuh nama Asradimeja, nunggak semi, nama Supingi, sekikil anak ingkang nem nama Imanreja, sekikil dados Sitisajung, dipun kalihi, ingkang ngimami bar Jumungah, teksih pun Amad Ngali, sabab anakipun Kyai Supingi kekalih wa, lampahipun kados tiyang abritan kalih pisan boten wonten labetipun ing ngulami, boten antawis lami, kyai supingi jajal, lajeng anakipun jaler sepuh, kang nunggak semi nama supingi wau, nututi ngajal titi;aripun anak sami estri, ingkang jaler satunggal nama pun mulya teksih lare, watawis umur 14 taun dereng saged ngaos wah ngeb tegesing ngeb cacad sukunipun kang kiwa, tlapakanipun anjengat mangtinggil yen lumampah ingknag kadamel tumapak tungkakipun dariji suku pating cakundher mengandhap, lare punika, lajeng dipununjukaken ing gusti kanjeng ratu kadhaton kasuwunaken ing gentosana tiyang sepuhipun, lajeng kaparingngaken dhateng mas pangulu Tapsir anom, pangulu ing Surakarta, andikakaken mariksa, sapriki tansah dados udur, bab ingkang ngembani, udur wau, dereng puwas.

Punika kados pundi, dene abdi dalem pradikan mawi dipun embani, menawi ingkang ngembani tiyang maksiyat punapa sah, kalih dene menggah emban wau, menawi kang dipun embani sampun saged anglampahi ing damelipun ingkang dipun embanim kedah lajeng nglampahi piyambak, yen lare bodho, saha cacad mengkaten ngantosa kaki kaki badhe boten saged anglampahi kuwajibnipun ing damel, inggih talah panjenenganipun raden tumenggung Sastranagara, ingkang secatuhi ing gusti, saha ing nagari, dene namanipun sampun boten kocap dedamelanipun wakil Pradikan Ngaliyan boten gathek ciri, saha teksih anglampahi dados imaming bar Jumungah, tuwin teksih nyungkemi agamini-pun, lo wonging pradikan ngaliyan ingkang sekikil mugi mugi gusti Allah kang sipat rahman lan rakim saha para gusti ingang katingal ing netra kapala, para kanjeng kang ageng-ageng, ingkang sami dados warananipun ratu kula, mugi kagungan sih welas dhumateng pun Ahmad Ngali, kersa angawula wisudha, kaabdekna dados abdi dalem pradikan Ngaliyan sakikil wau, persasat angocapaken asmanipun Raden Tumenggung Sastranagara, Sinerat kaping Agustus 1869, Takandhan pun Amumuji.

Ing serat Jurumartani kemis kaping 24 Juni 1868 ongka 25, wonten saseratan tapak astanipun tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani, suraosipun mas Dahwen ARdasonya, Puspawilapa, kapurih sami kendel enggenipun udur bab santun nama yen boten purun kendel tuwan badhe boten karsa malih macak ing Jurumartani, saseratanipun priyantun titiga wau, sangking karsanipun tuwan ingkang makaten wau, kula manah kasinggihan sanget amargi sampun daweg yen kendela semanten.

Denten kang mungel pangalembana akathah kathah dhumaeng kanjeng raden ADipati ing samangke, punika leres dhasar ing sayektosipun.

Kados makaten malih, saha cepipun dados abdi dalem wadana jegsa raden Tumenggung jeksanagara, enggenipun anglampahaken prakawis ing pradata dalem sakalangkung rikat patitis titi trang resik prakawis nyuwun adil ing pradata dalem sami asuka bingah ing manah, amargi prakawis ingkang wolung taun sangang taun meh badhe kalampahaken ing basuka bingahipun kang darbe prakawis yen saget angajeng-ajeng karampunganipun ing dalem nem belas taun lamenipun kawanlikur taun sanget suka bingahipun kang tampi pamenang, kenging kajagekaken kadamel ambayar sambutan lelang, Sinerat ing Surakarta Adiningrat kaping 8 Agustus 1869. Katandhan Surapringga.

Tuhan Redhaktur, kula nenuwun sarta medeng, mugi kapacaka serat kula punika, mila kula nuwun merdeng, sapisan punika, serat kula yen boten kapacak badhe ddos kacuwaning manah kula, sarta kula amesa, yen tan kapacak para priyayi ing Ngayugya badhe kathah ingkang morot saking panumbasing kuran Jurumartani, awit karembag tanpa damel saha kula ngajeng-ajeng medalipun ing dinten kemis ngajeng punika, menggah ungel-ungelanipun kados ing ngandhap punika.

Kula Ngabei Sastrapremadi, abdi dalem Carik reh ing Kadanurejan ingkang asring dipun kanthi, raden Tumenggung Sasrakusuma, abdi dalem bupati anem ingkang kabebghan garap prawan tanah, salebetipun nagari Ngayugyakarta, kula sampun aningali serat Jurumartani ongka 30 ing ngriku wonten tandhanipun ka, ta, anyariyosaken sami sami aungel-ungelaning serat angger, ingkang kapara mikantuki, kasumerepan dening para tuwan tuwan ingkang sami maosi siti salebetipun kagungan dalem kraton kekalih, surakarta ngayugyakarta, sangking pamanggihipun, kat, ta, ingkang perlu kawradinaken ing ngakathah, inggih punika bab wewangen pambaring pajeg dhateng patuh, rehning dereng natya karetosan dene ingkang pantes anyumerepi, panam-pining manah kula, ka, ta, anyemu, durung genah wewatone prakara kuwe, bab punika, ka, ta, wicalanipun rak sampun nyumerepi piyambak sarta mangertos, wonten ing bab kaping 12 serat piyagem prajanjeyan pamaosing dhusun, ing sapunika teka ngaping kalih damel, pramila kula kodheng sanget dhateng kang dereng patya karetosan wau, dene bab pambayaring pajeg wau, kula matur cekak kimawon, ka, tam kula aturi mriksani, piyagem prajanjeyan bab kaping 6 lajeng mriksanana bab kaping

29, pradata akir, dene yen teksih ngekah panampining tiyang, kang wekasan wau, kadi kenging kaagep leres piyambak inggih ta, bab kaping 20 pradata awal ingkang bade byantoni panampining tyang wau, pramila kula ingkang mangsuli, kados kula ugi anggadhahi wajib sarta awit pamanggihipun, ka ta, prakawis wau prayogi sanget dene wonten ingkang dhamangaken murih wradina sarupining kang magepikan nalar wau.

Bab ingkang kasebut ing nginggil punika, sedaya menawi ka, ta, teksih seling serep upami kersa apeganggiyan andadosaken krenan kejawi punika mugi sampun sereng, kadi dene kang kinulawisudha inggal punika, menawi boyo kelintu, ka,ta, wau, mitra kula priyongga, yen kasereng tan kula tan kuwasa.

Sastrapremadi.

=====

Wangsulan sakedhik dhateng Dahwen Tiron.

Dahwen Tiron manawi temen-temen sampun boten gugon tuhon kula inggih nglastantunaken sarta sukur ing pangeran, ananging semangding manah kula bokmanawi namun kendel ing pangandika sampeyan kimawon boten terus ing panggalih cuci, amargi kula pyambak sampun badhe birat pun gugon tuhon wau, awit katarik saking dayaning pamiyare lan paningal, mila saking pamanggih kula tetela awis tiyang ingkang saged temen-temen anyingga-kaken segrig raosing gugon tuhon wau, sanajan makatena ewadenten kula kedah pitaken dhateng sampeyan, sarehning sampeyan sampun angangkeni boten gugon tuon saupami wanci dalu sampeyan anglampahi wungu pyambak wonten satengahipun pakuburan ing katangan tuwin ing makam Dawa (Surakarta) utawi malih sampeyan wungu pyambak karsa watawis celak kalyan bangkening pandung, menggah raosing panggalih sampeyan punapa boten gadhah segrig sarta boten beda katimbang wungu wonten ing griya sarta kathah kanthinipun jajagongan, bilih sampeyan ngakeni boten beda sumongga sami ambucal nama sambutan andyakaraken asma sajawi, salajengipun kula badhe nyuwun kayaktosanipun, wasana kula angajeng ajeng wangslan sampeyan kang tumrap ing Jurumartani malih.

Kaping 4 Agustus 1869

katandhan kang saweg silih nama: pun Gugon Tuhon

=====

Lepating pancecapipun panjurung kula kang kapacak ing ongka
27 kadosta: amunkeri leresipun amunkeri, salong, kalong,
Dipalukita.

=====

Ongka 35, 2 September 1869

Kareta Asep

Sasampunipun anyambut damel ingkang kalawan rekaos, sarta ing saben dinten boten mawi wonten kendelipun, ngantos pinten-pinten taun laminipun, ing mangke kareta asep sampun dumugi ing Surakarta, manawi ajeging lampahipun kareta asep saking Samarang dhateng Surakarta, utawi saking Surakarta dhateng Semarang sampun kapranata, punika sadhengah tiyang amesthi badhe saged ayektosi piyambak, saiba kawasaning arta tuwin padamelan, teka saged angrampungaken prakawis ageng ing bab wontenipun kareta asep punika, saiba talepasipun budining manungsa dereng saged amiwiti saha angrampungaken padamelan ingkang sakalangkung ageng makaten wau, sakathahing pakewed kasirnakaken, sakathahing sasandhungan ginempalaken dening budi dayaning para sujana ingkang sami angrebat suwala, akokosokan pambudi murih rampungipun padamelan ingkang linangkung, kadadosanipun saged pikantuk asiling padamelan punika, sakalangkung anggenipun angeram-eramaken pambudining para tiyang ingkang sampun sami anelakaken santosanipun ing ngatasing padamelan ageng wau, kalampahan sapunika kareta asep saged lumappah medal pareden tuwin angambah sabinan bawah Surakarta, tebihipun Samarang kaliyan Surakarta sampun dados celak, ing dalem tigang jam tiyang saking Surakarta saged dumugi ing Samarang, makaten ugi saking Samarang dhateng Surakarta inggih amung tigang jam sampun dumugi, kala rumiyin sakalangkung rekaos tiyang Surakarta kekesahan dhateng Samarang, utawi tiyang saking Samarang dhateng Surakarta, wonten ing margi kabaledugan saha karaos panas saking dening kasrengan surya, kathah kemawon ingkang boten adamel sakecanipun para tiyang kekesahan anumpak kareta ingkang katarik ing kapal, manawi kacariyosna sadaya, mindhak kakahaben saseratan, anjawi saking punika bayaranipu kareta ingkang katarik ing kapal inggih ugi kathah, wangsl sapunika tiyang kekesahan saking Surakarta dhateng Samarang, utawi saking Samarang dhateng Surakarta saged enggal dumugi, wah bayaripun sakalangkung sakedhik, punapa malih saged wangsl ing sanalika manawi sampun angrampungi ingnag dados prelunipun.

menggah gampiling pambektanipun samukawis pamedaling siti kawrataken ing kareta asep, punika angeram-eramaken, kala rumiyin titiyang angangge grobag kadamel ambekta pamedal wau, sakalangkung rekaosipun para lembu ingkang anarik garobag punika, awit marginipun garobag ngadat ajeblog tuwin mendhak-mandhukul, asring kemawon wonten lembu ingkang pejah ing margi awit saking sayahipun, andadosaken karisakanipun pangingah ing lembu, rejaning pangingahipun lembu punapa saged lestantun, saestu boten awit tiyang badhe boten gadhah lembu ingkang lema, mila ing mangke kareta asep kenging kaanggep piguna sanget awit dene asung rjaning para lembu punika, sinten ingkang kedah angsal panrima ing ngatasipun prakawis

ingkang kasebut ing nginggil wau, kula prasajakaken kemawon, inggih punika sumuking toya panas ingkang kawastanan ing tembung walandi: Setum, setum punika sampaun angrambpungaken padamelan ingkang sakalangkung ageng, kadosta: wontenipun kareta asep, pabrik pabrik setum, baita kapal asep, sapanung-gilanipun pirantos ingkang kalampahaken dening setum.

Bud dayaning manungsa andadosaken pangeram-eram, budi daya punika sampaun akathah kemawon anggenipun adamel rampunging prakawis, sarta amratandhakaken wewahing saserepan, mila ing mangke praogi sami angeneget-engete wiraosing babasan makaten: Saserepan andadosaken kawasa. Redhaksi.

=====

Kabar prelu ing ngatasipun tiyang ingkang nandhang sakit, Kala anyaosi priksa dhumateng para mitra kula, yen ing pacinan ing Surakarta, wonten sinsah dhateng sangking Surabaya, sinsah wau sagah anjampeni tiyang sakit incok utawi sakit mripat kabuwanan sasaminipun, sarta sagah anjampeni sakit purus, kadosta tiyang jaler boten pasah dhateng tiyang estri sapanunggilanipun. Menggah anggening sagah anjampeni sinsah wau, mawi jangji, yen ingkang kajampenan boten saras, boten susah ambayar satungal punapa, dene yen saras inggih ambayar punapa ingkang sampaun dados janjinipun. Ananging sarehning sinsah wau badhe tumunten kesah dhateng Samarang sarta lajeng mantuk dhateng nagari Cina, mila manawi wonten ingkang karsa anjampekaken priyogi ingkang tumunten kimawon.

Ing wasana, sinsah wau, ing mangke mondhol wonten griyanipun babah Kwik Sing Lim, inggih punika babah A dhang, ing Pacinan Surakarta.

Ngaat tanggal kaping 29 Agustus taun 1869.

=====

Wulan kapengker punika, kabaripun Ngabei Secayuda, ing Surakarta, numpak baita wonten ing bangawan dumugi Kedhungbelang, rencangipun wasta pun Rukiya, kajalungub saking baita, lajeng kabalabak kalampahan anggenipun madosi, kajala tuwin kakradak ing kanan keringipun Kedhungbelang, boten kapanggih, sareng sampaun sipeng sadalu, jisimipun Rukiya, kapanggih wonten Kedhung kenthingan, lare wau awit kirang prayitnani-pun.

Tuwan ingkang ngarang Jurumartani, ing ngajeng sampaun anyariyosaken bok Sana kang gagriya, ing dhusun Purwasari, sangking prayitnanipu bok Sona, tiyang estri anyanjata pandung, awit pinuju katilar jagi ingkang jaler.

Sawatawis wulan Kabaripun bok Sana wau, katilar jagi ingkang jaler malih, griyanipunkalebetan dursila kecu, ananging bok Sana, sanajan gadhah dadamel sanjata, bilih katamakna sanjatanipun anginten boten kawawi, yenlawana dhateng dursila kecu, rumaos dede tandhing, nalikanipun kecu dumugi lawanging dhawah, bok Sana boten kasamaran bilih badhe kadhatengen dursila kecu, anak tuwin rencangipun sami kaajak lumajeng, medal korining butulan wingking, asingendan manggen pakebonan ingkang peteng, bok Sana piyambak lajeng wang sul lumebet ing

griya amanggen ingkang boten kauningan dening dursila, sareng dursila kecu, sampun ,umebet ig griya, bok Sana namung angawasaken dursila ingkang satunggal kimawon boten nedya angawasna dursila sadayanipun, kalampahan pamandengipun ngantos tamat, boten pangling dhumateng tiyang dursila, ingkang kapandeng wau, dalah sandhang panganggenipun tamat, sareng dursila sampun sami kesah, saha sampun kathah tiyang tandang dhateng, bok Sana lajeng mratelakaken dhateng pulisi, nama griya panganggenipun dursila satunggal wau, kalampahan lajeng kacepeng, menggah pandakwanipun bok Sana wau yektosipun yen dursila kula dereng pikantuk katrangan awit cihnaning barang kang kabekta ing dursila dereng wonten, sarehnin prakawis sampun katur ing parentah, pamuhi kula tumutena kapanggih dursilanipun, dene barangipun bok Sana ingkang kabekta dursila kecu, kabaripun namung pangaos 900 rupiyah, dene barang gadhahanipun watawis wonten pangajeng 20000 rupiyah, awit prayitnanipun bok Sana, barangipun kasimpen ingkang boten kauningan dening dursila.

Raden Atmadikara, amratelakaken kaajrian jengandika, dhateng para bandara, tuwin dhateng para tuwan mangkaten punika, namung ngupaya lumuturing pangalem sairip sandining pisusung sangking sawatawis kados lare, sinten tiyangipun ingkang gadhah panganggeb marojol saking punika, lare parecet kimawon prasasat jumbuh lan karsa jengandika, raden Atmadikara, ki Kutis sampeyan manah ngawon-awon amoyok dhumateng kang sari. Kula rak namung pitangled ing tembe, boten saking anggen sampeyan mratelakaken piyambak kasebut ing Jurumartani ongka 16 taun 1869 punika,pratelan jengandika makaten griya jengandika sukuning panggung Sontakusuman ingkangngriring wetan naming sanget rompotipun, samangke kula dhrek mas Tani, bilih griya jengandika rompot sagedt lajeng rengu, O, tiyang saking pratelan jengandika pribadi, kok lajeng nyepak amastani kula mamoyok angawon-awon titiyang jawi ingkang sade, sokur bilih saged lelang sirap tuwin kajeng jatos rumiyin lan samangke ki Kutis ta nedya ngina. Raden Atmadikara lajeng asumbar, yen gadhah ana cipta ajrih emar kumepyur kimawon boten, adho, punika ki Kutis ingkang ajrih nun awit ki Utis boten saged nyikut keris, dene yen jengandika ngupaya lawan bantah, bilih ki Kutis dhangsan pandamelan kula ugi nyakajeng, sagendhing jengandika anyantah ing Jurumartani, tan nedya mingket sajen-thik ingkang kalayan maedai sanyata, kenging kaangge ing ngakathah, sampun telas raden Atmadikara, wangulan kula dhateng sampeyan.

Kaserat ping 22 Agustus 1869
Katandhan Ki Kutis Sayaktos.

=====

Manawi pareng karsanipun tuwaningkang ngarang serat Jurumartani, kula ngaturi panjurung isining Jurumartani, kados ing ngandhap punika, ing salebetipun wulan Jumadilawal taun Je punika, para putri sentana dalem ing kadhaton Surakarta, sami karsa langenan pengantenan ecedipun praboti, sacaraning

panganten denten ingkang pinetha, dhaupipun Arjuna, kaliyan Warasumbadra busana tuwin upacaraning panganten sapanunggilanipun sam jene suwasa pethakan sayektos, dene sengkang, kancing paniti, tuwin selut agemipun panganten ugi sela baliyan sayektos punapa dene dalem pandhapi pringgitan saisinipun pasateyan tuwin mebel mebel kembar mayang, joli turongga, utawi kemeja dhahar kursi risban sami alit alit sarta sae-sae pandamelipun samanten malih rasengganing dilah pandhapi, krunserali ageng alit sami lisah petroleyun sadaya dene ingkang sami jagong lenggah ing kursi, esthinipun para pangeran sami kaningaran tuwin ngagem songkok wawangananipun sadaya angeramaken saking watawis waragadipun boten kirang, 5000 rupiyah, para putri para gusti ugi sami katonjok sekul ulam dhaharan ing jodhang alit, piringipun ugi piring gelas alit alit dene ingkang sami katonjok wau, ugi sami anyumbang arta, tuwin busana,jagonganipun tigangdalu, dene panggihipun penganten kala ing dinten buda cemengan kaping, 10 Jumadilawal tahun Je ongka 1798 dhaupipun wanci pukul 5 sonten sasampunipun dipun sowanakening panjenengan dalem ingkang sinuhun lajeng kabekta medal dipun ubengaken ing radinan salebet beteng, panganten saupacaranipun tuwin ingkang jagong sadaya kadadosaken sak wadhah ageng, kapikul tiyang 4, ingkang jajari abdi dalem prajurit 24 sarta tambur salumpret musikan utawi malihh reyogan 12, sami rare alit prabotipun kembar sarwa abrit, dene sasrahan kembar mayang kayu dewandaru rata kencana kursir dewa, gamelan lokanonta ugi kadadosaken sak wadhah ageng, namung ingkang kinarya gamelan munyeng tawang punika wregel alit 2 iji, sami kaampil wonten sangajeng panganten dene ingkang andherekaken para putra dalem kakung putri timur timur sami nitih rata tuwin turongga, pangarsanipun kanjeng gusti timur anitih rata saembanipun sadaya pangagem busana pameran ingkang dherek dharat jaler estri watawis 300 nalika semanten ing ngradinan tiyang ningali jaler estri, sampun boten kenging kawical ingkang sampun kamregen lajeng sami andherekaken mubeng, sareng sampun tepung ubengipunlajeng kabekta kundur dhateng kadhaton katata ing panggenan malih, saderengipun sapeken injing sonten mawi dipun sowanakening ngarsa dalem ingkang sinuhun, ing dinten Senin ping 15 kaleresa sapekenipun punika karsa dipun undhuh dhumateng ing pasangrrahan tinjomaya, paurmatan utawi ingkang dherek anglangkungi kaliyan Ali kapanggihipun, punapa malih ing tinjomaya, rasenggan bawahanipun tuwin sugataning tamu, boten sanes kaliyan andhaupaken putra sayektos tuwin tamunipun ugi para ageng akung putri, tiyang padhusunaningkang tebih tebih sami dhaeng aningali, sadaya tiyang padhusunan sami sakelangkung suka sarta ngunguning manah, awit sami anembe wuninga, kalangenan makaten, ta inggih tiang dhusun malih, kula ingkang tiyang nagari ugi eram sanget anggen kula ningali, ngantos boten angraos sayah saking bingah kula.

Katandhan Ascaryambeg.

=====

Winangsul sebdaning tuwan A.B. kohen Setiwar saha priyantun amarsudi kasusastran jawi, ing negari Batawiyah, kaecap dene tuwan G.C.T.pandhorop (Van Dorp), ing negari Semawis, priyantun kekalih wau, karsa ngarang serat penanggalan kage, ing taun 69. Lah ing ngriku wonten ingkang munggal makaten, pratelaning grahana, grahana ingkang katinggal ing pulo jawi salebet taun punika amung 1 inggihpunika grah, Sintaresmi, dhawahipun Marengi dinten jumungah kaping 23 Juli, murweng jam 8, kantos jam 1/2 11 (sawelas), krowaking kantos sepalih. Ing wusana, saking kak kinging driya, genamba, ngentosi kantos pukul 2 dalu, kedka dhar wnten ing jawi, malah sumilaking wulan purnama, sidi, milamba, perlu, angetosi, kekadhar munggeng jawi, menawi menawi, estu, kula badhe sembahyang, sunat grahana, rehning tan wonten punapa-punapa, inggih tansah mamuji, alhamdulilahirabilamin tamat. Titi, Katandhan dening Raden Arya Jayengwesthi, ing Mancingan

=====

Kula ngaturi panjurung kabar, katur panjenenganipun tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani.

Kula ngaturi puninga, kala dinten Jumungah kaping 13 Agustus 1869, konca bekel sadaya, bawahipun tuwan Temulus Siti 11 jung, bawah Kejawin Siti, 11 jung punika sambi abingah-binjah, ngaturi wilujeng dhumateng panjenenganipun, tuwan Mane, ingkang nguwasan ing Temulus, kaliyan ngaturi wilujeng dhumatng mas Ronggamangunreja, pulisi ing Baki, sami anglujengaken kaliyan nayuban, wonten ing bendungan ing dhusun Gedhongan punika ngajeng mas Ronggamangunreja, amitepangaken ing rembag pirukunan, dhumateng tuwan Mane, dipun aturi sami ngupadosaken toya, kenging ipun kangge sabin siti 22 jung, sami keparengipun, lajeng garap susuwangan, utawi garap bendunganipun, sampun sami rampung koya sampun saget minggah sae, mila sami abingah margi sampun kelangkung, 11 taun laminipun sabin dados taduhan sak punika kinten siti 22 jung wau dados sabin gadhu, pramila tiyang ingkang kalebet siti 22 jung sami ngaturi kurmat wilujeng muji sagetipun lestantun sakpanginggil pramila kula ngaturi wuninga supados tuladan sabin taduhan, ingkang kinenten laminipun angsal toya, kagaliya supados angsalipun ing toa kenging kagadhu, kapirukuna kados ing nginggil punika, kelangkung prayogi panjenenganipun tuwan kaliyan mas Ronggamangunreja, sami anjenengi genipun bingah bingah kur tampa punika. Kaserat ping 14 Agustus 1896, Ingkang ngaturi tondha,Kelencer.

=====

Saking kumendah atur panuwunipun abdi dalem pangindhung, mugi kauningan ing para parentah ing negari kawula ngaturaken kabar saha salajengipun nywun tulung ing para parentah nagari sadaya.

manawi mas Bei REsaniti, abdi dalem kaliwon Suranata, ingkang sak punika purun purun damel susahing tiyang alit pangindhung.

Bab, 1 purun purun amundhuti yatra piragad gadhu, 1 tiyang kapindhutan 1 rupiyah, ingkang menika sampun rambah-rambah, dalah pitumbasipun ing nguwot kalen inggih amundhuti yatra, 1 tiyang 3 wang, selajengipun kathah tiyang susah.

Bab 2, manawi wulan Siyam, mas Bei Resaniti wau, purun purun mundhuti panganan dhateng tiyang pangindhung, 1 tiyang ka-pundhutan, 12 piring, utawi ingkeng eca-eca,
bab 3, manawi wonten tiyang wade tinumbas griya,ing salebeti-pun kampung Soniten, inggih kapundhutan bagi pausur, sareyalipun 10 dhuwit.

bab 4, manawi wonten tiyang amantu inggih purun mundhut pakepel, 1 sawung, 2 dangan wos, sarta mawi mundhut palagara.

Bab 5, anjawi saking ingkang sampun kasebut ing ngnggil wau, kang dados cucuking kasusahaning tiyang pangindhung, menika tiyang tiga

1 ingkang nama Sarawikya, gebayan Suranata, karem dhateng madat.

2 ingkang nama Mas Ronggasuraradimeja, pulisi Soniten, punika asring aseing purun anyolong gagamanipun tiyang patrol utawi remen setori kaliyan tiyang pangindhung.

3 kang nama pak Sidi, gebayan alit menika inggih ugi dados cucukipun mas Bei Resaniti.

Bab 6 sadaya abdidalem mantri, utawi panajungan,punapa dene abdi dalem parak gedhong, ingkang menawi sami kenging tumindak patrol, namung abdi dalem konca suranata ingkeng boten purun patrol, salamenipun, sak lurah Bekelipun sadaya, amung ingkang tuindak patroli tiyang pangindhung kimawon, ingkang panyuwun kadadosna kawuningan parentah ageng.

Dhatuk

=====

Para tiyang ingkang taksih gadhah sambutan dhaeng kantor lelang ing Surakarta, kala wulan Mei 1869, ing mangke sami kaemutaken, ambayara sambutanipun saderengipun utawi satelas-ing wulan September punika, manawi boten angleksanani ing pambayaripun wau, amasthi badhe katagih medal saking panguwasaning parentah.

Surakarta kaping 1 September 1869

Katandhan dening kang ngwasani kantor lelang

Tuwan Bosower

=====

E.Apogel tukang gambar ing Balapan Mangkunagaran, wade gambar igkang kawastanan Lokomotip reta asep pitungwarni argi 24 rupiyah.

=====.."""

Ongka 36, 9 September 1869

Tukang jampi enggal

Mentas tampi malih barang rupi-rupi, saking Eropa, kadosta:
set kopalpresis lisah lin jegul kange angecet jampi, tuwin
menuman sanesipun sadaya wau waged anumbas sakedhik utawi
kathah, kalayan sakalangkung pantes ing pangaosipun.

H.R. Weiting.

Wonten tiyang kaecalan uwang kertas tigang lembar, ingkang
kalih lembar aregi nyeket rupiyah, angkanipun 5596 tuwin 8199
ingkang salembar aregi salangkung rupiyah, angkanipun 4943,
sinten-sinten ingkang amanggih uwang kertas wau, sami kaaturan
anyowanaken satiyangipuningkang ambekta, dhumateng wadana
pulisi ing Surakarta.

Pawartos warni-warni

Sakingpawartos ing tanah bawah Salatiga dereng lami wonten
lalampahan bab tiyang anyolong rare, kalampahan panyolonging
rare punika sangsaya mindhak kathah, andadosaken kuwatosing
manah, ananging kala wiwitipun wulan Agustus ingkang sumpun
kapengker ititiyang ingkang nyolong rare wau sumpun kacepeng
kalih, dene rarenipun inkang kacolong inggih sami kapanggih
wonten ing titiyang ingkang nyolong.

Saking pangajeng-ajenging para tiyang babpratandhanipun
anyolong rare punika, mugi anyekapana sagedipun amatrapi
paukuman dhateng titiyang ingkang anyolong rare wau, punapa
mlaih prelu sanget angicalna lalampahan ingkang kados makaten
punika, bilih boten kaicalaken, dhateng pundi prugipun titi-
yang kampung, ing wanci dalu titiyang kampung wau tansah
kuwatosing manah, bokmanawi barang gaduhanipun kapendhet ing
tiyang durjana, ing wanci rainten bokmanawi anakipun kacolong
ing tiyang, pulisi tanah ing ngriku boten kenging bilih
kabebahanan pangrumeksanipun ingkagn kalawan anyekapi, supados
sumpun ngantos wonten rare ical kacolong ing tiyang, mila ing
mangke pangajeng-ajengipun para tiyang, mugi parentah ing
Salatiga karsaha amarsudi prakawis punika, supdos sageda ical
babar pisan lalampahan nyolong rare wau.

Saking raraosaning para tiyang jawi ing tanah bawah Salatiga,
manawi panyolonging rare punika kacariyosaken awit saking
karsanipun kanjeng gupremen, amargi prelu sanget para rare
wau kadamel tumbal, dipun pendhem gesang wonten ing panggenan
ingkang kadamel talesing karetteg tuwin gedhong-gedhong,
menggh ingkang andadosaken elok sanget ing bab raraosaning
tiyang makaten punika, bilih anggenipun amendhem gesang
para rare wau, minongka kauntunganipun kareta asep, saibata
kamokalanipun raraosaning titiyang punika, manawi makaten
punapa kareta asep taksih anandhang kikirangan.

Ing dhistik Wanareja ingkang angajengaken abrik wanareja,
kaprenah ing margi ageng ingkang dhateng Malang, punika kala

tanggal kaping 12 wulan Agustus ingkang sampun kapengker wonten tiyang jawi kaliyan semahipun ambekta kapal satunggal ingkang kawawratan barang gagramen, kekesahan dhateng Pasuruan, sareng wanci jam sakawan enjing tiyang ingkang kekesahan wau kapethuk ing tiyang satunggil, sarta lajeng amaos wetengipun, kalampahan tiyang ingkang kekesan anemahi pejah ing sanalika, semahipun lajeng jerit anedha tulung, boten dangu kenthongan mungel, sarta pulisi enggal dhateng tandang tulung, dene tiyang ingkang maos lumajeng andhelik dhateng salebetung griya, kaprenah celak ing panggenan anggenipun amaos wau, wontening ngriku lajeng kacepeng dening pulisi awit saking papariksan tiyang ingkang maos punika ing ngajeng sampun nate gadhah sakit ewah, malah sampun kajampenan ing dhokter.

=====

Kasangsaran salebetipun ing tilem

Tiyang Jawi anama Mertadongsa agagriya ing dhusun Karangrayung dhistrik Manggar bawah Demak, anyelapaken dhuwungipun ing gedheg prenah celak kaliyan patilemanipun, pamanahing tiyang punika boten wonten kuwatosipun bab badhe dhawah ing dhuwung wonten patileman, mila anakipun ingknag tilem wonten patileman ing ngriku boten kamanah badhe anandhang tiwas, menggah anak wau saweg tilem saatawis jam dangunipun, tum unten wonten sagawon lumebet ing patileman, badhe anedha uwos inggang kadekekaken salebetung patileman, sareng tiyang sepuhipun rare sumerep bilih wonten sagawon lumebet ing patileman, lajeng kagusah, panggusaipun mawi anggebrak gedheg ingkang dipun selapi dhuwung punika, kadadosanipun dhuwung konus saking sarungan, andhawahi anakipun estri ingkang saweg ngumur pitung taun, pucuking dhuwung tumancep sangandhaping pundhak ngantos lebet tatuipun, boten dangu anak wau lajeng pejah.

=====

Menggah takenipun ingkang nama Dipalukita kasebut ing Juru-martani onga 34, bab temenipun anggen kula boten gugon tuhon, punika wangslan kula sayektosipun inggih boten, ananging panampi sampeyan bab gugon tuhon sakalangkung nyimpangipun saking saserepan, awit emaring manah sampeyan same-kaken kaliyan gugon tuhon, dados ing mangke kula saged amastani bilih sampeyan taksih ragi kirang ing pangeraos dhateng tegesipun gugon tuhon tuwin emaring manah, tiyang gugon tuhon punika medal saking pitajeng, boten saged animbang dhateng kayektosan, dados amung tumut keli kemawon dhateng pamiyare tuwin paningal, boten mawi kaupadosan piyambak ing bab kayektosanipun, kadosta:kuburaanipun Gusgimbal ingkang wonten ing Bekonang, sapinten ta kathahipun titiyang ingknag dhateng ing ngriku sami anedha kamulyan, kauntungan anggenipun lampah gagramen sapanunggilanipun, punapa malih anedha anak, kasaran, karaharjanipun laki rabi, tuwin sanes-sanesipun ingknag adamel kawilujengan, punika sadaya anyimpang saking kayektosan, kados pundi teka siti saged asuka kamulyan, karaharjan,

kawilujengan, kasarasan tuwin sanes-sanesipun wau, bokmanawi sampeyan karsa mangsuli makaten: awit saking katrimahipun siti ingknag sampun ala labet sae kala taksih gesangipun, dados ingkang maha kawasa badhe karsa angganjar dhateng titiyang ingknag sami ngabekti dhateng siti ingkang sampun alabet sae wau, o punika bote wonten emperipun pisan-pisan, menggah kamulyan, karaharjan, kawilujengan kasarasan tuwin sanes-sanesipun ingkang sami kasebut wau, sadaya sampun kapasthi dening kang mahakawasa, boten kenging kasuwun tuwin

kalumuan.

Salajengipun pitaken sampeyan bab dumunung piyambak wonten ing kuburan, punapa boten andadosaken segriging manah, wangslulan kula sayektosipun boten wonten manungsa ingkang luwar saking segriging manah, ananging segriging manah wau kenging kapambengan dening engetan santosa, ewadenten taksih karaos segrig, awit manungsa sampun tinitah kadunungan sakathahing sasakit, dene segriging manah punika kalebet dados sasakit, sarta dumunung wonten rahi manungsa, dados kenging kaanggep babektaning rah wau, mila tiyang gesang sampun kawajiban rumeksa dhateng badanipun piyambak, supados sampun ngantos kenging ing sasakit.

Wasana pratela kula dhateng sampeyan, bilih kula taksih anunggemi pitembungan kula ing bab anggen kula boten gugon tuhon, dene emering manah wau titiyang sangalam dunya sami andarbeni sadaya, sarta jalaraning wontenipun emaring manah punika medal saking rah, awit manawi titiyang sakit, cekakipun tiyang ingkang saweg kalindihih ing susah, kaget sapanunggilanipun ingkang nama sasakit, punika asring aningali maujud ingkang boten wonten sayektosipun.

Ingkang mugi mugi kaatura panjenenganing tuwan ingkang ngarang serat kabar Jurumartani, panuwun kula menawi kagalih prayogi, saseratan kula ing ngandhap punika, mugi kapacaka ing serat kabar Jurumartani.

Kula Jayengrahpas sareyanipun Kyai Ngabei Yasadipura kapisan (I) ing dhusun Ngaliyan Pengging, mila sering kula perlokaken ziarah, sarehning ngabei Yasadipura kapisan wau ngulami ageng saha empujongga, dados pamomonging ratu ageng, kalangajeng pasareyanipun teksih anyawab berkah ing dhumateng putra wayah kang sami ziarah, kala kang tatengga pasareyanipun teksih tinengga ngulami leres saha gusti, putranipun titiga dados bupatos sadaya, putra sepuh, nama Raden Tumenggung Sastranagara, putra kang tengahan nama raden Tumenggung Yasadipura, putra kang wuragil nama Raden Tumenggung Amongpraja, semanten punika wau, saking pangetang kula, awit saking agenging sawab berkahipun kang rama, kala pasareyanipun teksih dipun rekasa saleres-leresipun kajagi ing prdikan ngulami suci sayektos, sapunika ingkang tetengga, pradikanipun kekalih, sami anaki-pun ki supingi, kang sepuh nama Asradimeja, kang nem nama Iman Preja, lampahipun sami kados tiyang kasiyat angumbar

hawa nepsu sadinten-dinten kados pundi liripun Asradimeja supingi ping kalih wau, dipun tarimani wayah kapenakanipun Raden Tumenggung Yassadipura, sapisan wayahing lurah, kapng kalih, wau boten wonten panraimahipun saha sukur ing allah utangala, teksih pados malih, katila rabi sanes utawi nyelir kalih titiga, punapa punika lampahing ngulami, sareng tilar dunya, anakipun jaler ngumur 14 taqun dereng sumerep alip bengkong, punika tulad ing bapa, awit boten amerdi ngaos rehninglampahipun maksiyat wah lare punika cacat, adhining Asradimeja, kang teksih gesang punika, nama Imanreja, punika inggih dipun tarimani, kapenakanipun Raden Ngabei Yasadipura, punika inggih ngrangkep selir kekalih, rinten dalu namung nyelakaken seliripun punika, kang estri ngantos ngenes lajeng sakit boten saras-saras, nalika wulan kang sawek kapengker, raden panji Purbawardaya, aliya-liyan dahteng Jebres ingkang ngestri enggenipun sakit namung kantun ngelus kimawon katilar saos bekti dhateng Jebres angsal paolan enggenipun pados tiyang estri, sareng dalu kang estri kapenakanipun raden Angabei Yasadipura wau, ngajal kentheng-kentheng kang jaler Iman Reja, boten nungli, punapa punika tiyang ngulami leres ngulami jaman ing pundi, yen tiyang leres sanadyan kadahuwaha-na ing lurah, kang estri sakit sanget kantun sangginggil tenggag inggih pamit punika menawi tiyang leres, yen anak Supingi, kalih pisan boten pened lampahipun, Ngabei Yasadipura Kasapisan (I) pasareyanipun sareng katengga tiyang maksiyat lajeng boten wonten berkahipun samenirmenira, dhumateng turasipun, sadaya sami kekirangan tedha tuwin sandhang, delasan kang sami lumampah ing damel sami ugi, anjawi saking sami kikirangan lampahipun sadaya pating salongkrah pating besasik sami seling tunjang, mongka sapunika kang dados pradikanipun kaancepaken senen wingi, anak Astdimeja lare cacad wah bodho wau, kanamakaken kasan Besari, punika kalebt nama tilar kayektosanipun duraka sanget sangsaya saya ngabei Yasadipura Kapisan (I) badhe ical babar pisan brekahipun ing wingking kula badhe sumerep kados punapa malih rekaosipun tedhak Yasadipuran Kapisan.

Pun kakang ingkang mumuji, kapacak ing Jurumartani, kala Kemis kaping 26 Agustus 1869, ongka 34 punika leres temen pamujinipun, kula raos pun kakang mumuji punika, sampun awas ing tiwal batin enggenipun mawas kawontenanipun samangke, tedhak yaadipuran kapisan tegesipun murih karaharjanipun sami kaberkahana luluhuripun kados kang wau-wau, ananging enggenipun mumuji boten kaleresan ing wekdalipun mumuji angleresi mendhung, dados surya wulan boten amadhangi bumi.

Sinerat kaping 6 September 1869

Katandhan pun Kondhamenyura.

=====

Manawi kepareng karsanipun tuwan ingkang mangarang serat Jurumartani kula angaturi panjurung kabar kados ing ngandhap punika:

Kala ing dinten kemis kaping 25 wulan Jumadilawal ing taun Je

punika, kanjeng Kyai Pengulu, ing Surakarta, angsal ganjaran momongan putri, santana dalem putranipun kanjeng pangeran Arya Natabrata, ingkagn sampaun sawarni, dados wayah dalem ingkang sinuwun kaping 5 ing Surakarta, dene paningkahipun wanci pukul 8 sonten, wonten ing dalem pamethelan ing lebet kraton sampeyan dalem ingkang sinuhun karsa anjenengi, lenggah ing kursi, kaliyan para pangeran sepuh dene para pangeran putra santana, tuwin para bendara panji wayah, sadaya sami sowan ing ngarsa dalem utawi sadaya para bendara wau sami kadhwahan ngagem rasukan pethak sikepan, dalah sampeyan dalem ingkang sinuhun ugi mangagem rasukan sutra tulis pethak dene ingnag maleni panganten kangjeng pangeran arya Natabrata, ingkang sak punika, ingknag musikumi tuwin seksi, abdi dalem Ketip utawi Suranata, para kaji ngulama sami angamini, wonten ing ngarsa dalem sareng sampaun ijab paningkahipun kanjeng kyai Mas Pangulu lajeng mundur saking ngarsa dalem tumunten panganten putri, kaparingaken medal anitih joli, kangjneg kyai pangulu, dharat lumampah ing ngajeng joli, ginarbeg para ketip ngulama kaji suranata, ajar jurupradikan, kaurmatan abdi dalem musik lampahipun kaapit ing ngobor kawandasa sisih, medal sawetan setinggil dumugi tengah alun-alun minggok mangilen lajeng medal ing gapura mesjid ageng, dene tiyang ningali, jaler estri boten kenging kawical sadaya pakampungan kathah ingkang suwung sawedalipun panganten sampeyan dalem ingkang sinuhun karsa amirsani saha garwa putra, santana putri para biyada, parekan cethi sami andherek sadaya, tedhak dalem miyos sakilen sitinggil lajeng lenggah ing panti panggenan gong sasekati, ingkang ler, sagarwa putra tuwin para ratu ibu sadaya, para putra santana, tuwin abdi dalem prajurit abdi dalem Ordhenas lurah ingkang sami ngampil-ampil sami sowwan ing ngarsa dalem sajawining kori gapura, kapasangan main api, long mrecon anglangkungi kathah, sareng panganten sampaun panggih, long mrecon dipun sumet anglangkungi rame swaranipun ngantos sak jam dangunipun panjenengan dalem ingkang sinuhun amirsani wonten samadyaning kori gapura, sakendaelipun maina api sampeyan dalem tedhak dhumateng panggenan gongsa sekati malih,l sareng pukul sawelas sampeyan dalem kundur sagarwa putra, dene panggenan panganten tamunipun anglangkungi kathah bongsa ngulami tuwin para priyantun sugata tuwin paurmatan ugi semuwa, kanjeng kyai pangulu, wau kenging kawastanan anglangkungi bekjanipun pyambakipun sampaun sepuh, angsal tariman putri wayah ing ratu, tur teksih prawan tuwin angoregaken para ageng ing Surakarta sadaya, saha sih paparing dalem arta busana paurmatan ugi anglangkungi, punika,dados tetimbanganipun prikonca ingkang gegriya ing Gentingan sakilen sitinggil ugi nunggil wulan kimawon sampaun griyanipun kabesmi boten saget angungsekaken barangipun wah wonten ingkang kecalan anak pejah kabesmi, salajengipun sami kadhwahan angalih saking papan gendhingan wau, punika titimbanganipun ingkang saweg bingah, kaliyan ingkang saweg susah.

Katandhan Kyai Basarrodin Pangulu ing Wanamarta.

=====

Uduripun Sastrapremadi akaliyan Ka, Ta.

Bilih tiyang rumaos kuwajiban anerangaken bab prakarwis ungel-ungelaning serat angger, punika boten kenging awawaton badanipun piyambak, tegesipun seserepaning tiyang wau boten pisan-pisan kenging kadamel pandadaripun kawruh ing liyan, makaten rosing pamanggih kula, nalika maos wangslanipun Ngabei Sastrapremadi, priyantun wau amung ambujeng nalar ingkang kalebet wiwijangipun baboning prakawis awit amung karsa nyebutaken bab angger sawatawis tan mawi anggepok suraosipun utawi boten mawi anyukani katrangan amung angempakken pitembungan ingkang kenging kabasakaken arda sumanthaka, inggih punika menggah anggenipun namtokaken bilih kathah priyantun ingknag badhe morot saking panumbasipun Jurumartani saupami anggitanipun boten kapacak. Punapa inggih ta ngabei sastrapremadi kineringan ing sakathah ing priyantun Ngayugya. Punapa inggih priyantun sadaya wau anggenipun sami numbas serat Jurumartani amung jalanan saking kadhawahan ing parentah, boten saking kagendeng ing kumacelunipun angindhakken kawruh, dalasan sapele akados punapa, punapa inggih pramugarining priyantun Ngayugya badhe boten taha angawisi dhateng saha botipun sami tumbas serat Jurumartani, jalanan saking sabab ingkang remeh kawontenanipun, punapa saking pamanggihipun ngabei sastrapremadi, panumbasing jurumartani makaten kalebet jiyadad, kados upaminipun raja ing tanah Maroko yen karsa susukan catur akaliyan patihipun mongka rumaos badhe kawon lajeng angandika.

prajurit Piyon iki ajokna, yen ora kowe dak kethok gulumu, saestu boten, o sampun andadosaken eruning galih, dene kula kamipurun ngaturi pamrayogi ing sampayan, ing samukawis pratingkah, pamrih makaten ingkang kedah tansah pinandeng, sampun ngantos dhumawah ing gedebok andhap, A La.

=====

menggah ingkang sampun kasebut ing serat Jurumartani ongka 35 bab kareta asep, kaetang larikan saking ngandhap 23 larik wonten ungell-ungelan: dereng saged, punika lepat, leresipun dene saged,

Redhaktur.

=====

Ongka 37, 16 September 1869

Tuwan Jaspres enko asuka uninga dhateng para priyantun, bilih pangecapan tuwin tokonipun ing mangke sampaun kawade dhateng tuwan Pe Ef Purneman dados sapunika ingkang anglajengaken pangecapipun serat-serat tuwin pamadenipun barang-barang toko, punika tuwan Purneman wau.

Menggah para priyantun ingkang taksih gadhah sambutan dhateng tuwan Jaspres enko, punika ingknag anagihi taksih tuwan Jaspres enko, mugi samiya ambayar sambutanipun dhateng tuwan Jaspres enko wau.

Ingkang punika panuwunipun tuwan Jaspres enko, mugi para priyantun sami karsaha apitados dhateng tuwan Purneman, kados anggenipun sampaun apitados dhateng tuwan Jaspres enko, ingkang sapunika angaturaken panrimahipun dhateng para priyantun wau, awit sampaun apitados dhateng tuwan Jaspres enko wau laminipun ngantos sawatawis taun.

Katandhan tuwan Jaspres enko.

=====

Kados ingkang sampaun kasebut ing seratipun tuwan Jaspres enko, ing mangke kula inggih amratelakaken dhateng para priyantun, bab panumbasing toko tuwin pangecapanipun, dados kula sapunika ingkang anglajengaken pangecapipun serat serat tuwin pamadenipun barang-barang toko wau.

Ingkang punika panuwun kula dhateng para priyantun mugi sami kaparenga ing galih, saha apitadosa dhateng kula, sasaged-saged kula badhe angladosi ingkang dados karsanipun.

Katandhan P.F. Purneman.

=====

Ing dhusun Tompalong bawah Demak wonten tiyang kaki-kaki, angekrek gulunipun piyambak kaliyan beling, mila gadhah pratingkah ingkang kados makaten wau, awit saking karaos lungkrahing badan, pamikiripun sampaun cekap anggenipun gesang wonten ing ngalamdonya laminipun sawidak taun.

=====

Salebetung kampung Banjarmalathi bawah dhistrik ing Kediri wonten rare alit kabekta ing rewonda dhateng uwit kalapa, rare punika saweg ngumur sawulan, mila kabekta ing rewonda amargi saking katilar wonten ing griya piyambak dening titiyang sepunipun, sareng emboking rare jerit jerit anedha tulung, kathah titiyang ingkang dhateng sami tandang, kala samanten titiyang sami rembagan supados sagedipun anguwalaken rare saking rewonda, nunten wonten tiyang sepuh satunggil ingkang suka rembag, para tiyang ingkang sami dhateng tandang kapurih mantuk sadaya, manawi boten mantuk bokmanawi rewonda ambucal rare saking uwit kalapa, pirembag makaten punika katurut, boten dangu rewonda medhun saking uwit kalapa, sarta lajeng anyelehaken rare wonten panggenanipun amendhet wau.

=====

Pamitranipun tiyang kaliyan peksi.

Menggah budining tiyang punika sakalangkung angeram-eramaken,

sarta boten anympang saking ingkang dados kayektosanipun, samukawis ingknag wonten ing ngalamdunya sami kenging kare-haken ing manungsa sadya, kadosta: latu, toya, angin sapanunggilanipun bongsa kudrat, sakathahing kawruh sami kadarbenan ing manungsa, sanadyan sato kewan sami boten kantun anggenipun angretosi dhateng pikajenganing manungsa, saibata dayaning budinipun manungsa, kados pundi teka peksi saged sumerep dhateng pikajenganipun manungsa, saha lajeng abiyantu dhateng pikajengan wau, dene cariyosipun peksi ingkang sami ambiyantoni pikajenganipun manungsa, kados ingkang kasebut ing ngandhap punika:

Ing tanah Eropah kaprenah ler wonten talaga satunggil kang sakalangkung agengipun titiyang igkang sami agriya wonten sapinggairing talaga ing ngriku, padamelanipun ing saben dinten amendht ulam wonten ing talaga wau, dene pamendhetipun ulam punika kabiyantonan dening peksi dhadhali, lampahipun biyantu wau makateen: ing wanci enjing sampun ajeg para peksi dhadhali punika angalempak wonten ing griyanipun titiyang ingang mendhet ulam wau, sami mungel saupaminipun kados angemutaken dhateng para tiyang ingknag mendhet ulam, lkapurih mangkat amendhet ulam, titiyang punika lajeng mangertos ing sasmitaning peksi, kalampaahan para tiyang boten dangu sasi anguculi baitanipun ingkang kadamel mendhet ulam, saweg rampung kemawon anggenipun sami anguculi, para peksi lajeng mabur angrumiyini ing lampahipun baita, saha ngupados pangge-nan ingkang kathah ulamipun, dene titiyang baita wau sami angetutaken iburing peksi sapurug-purugipun, sareng peksi manggih panggenan ulam ingkang kathah, lajeng peksi sawatawis aniyup anyamberi toya ingknag dipun enggeni ulam wau, wonten ing ngriku para tiyang sami kendel, sarta lajeng andhawahaken saya, sareng saya kaentas sampun kebak isi ulam, para peksi ing sanalika sami kasukanan ulam, sasampunipun ulam kapendhetan, para baita lajeng mangkat malih, lampahipun kados ing-kang sampun kasebut wau, manawi sampun cekap angsalipun ulam, para tiyang mendhet ulam lajeng sami mantuk kairingaken ing peksi kathah.

Kula angaturi panjurung kabar dhumateng ing panjenenganipun tuwan, ingkang kagungan panguwasa, angarang srat Jurumartani, wonten ing nagari Surakarta ADiningrat.

Sangking panuwun kula mugi panjenenganipun tuwan, lajeng karsa amaca wedalipun serat jurumartani benjing ing dinten kemis ngajeng punika, supados kawuningan sarta ginalih dening gusti kula, kang kajibah angasta panguwasa nagari.

Kula pikantuk katrangan saking wewadulipun pamitra kula tuhu, akekasih pun Dhanyang Sejati, ingkang ambaureksa siti lenggah kula ing Dhepok Tulungrena, pamrina ajejalaran amirngaken, saking pangresulanipun para titiyang alit, ingkang panggesanganipun saking lampah ggramen, asade tinumbas kapal waten kagungan dalem peken kewan ing wande Pelem Nagari, sadangunipun kajagi ing pulisi peken ageng, pun angabei

Bujapranata, punika malah andadosaken resah miwah papetengipun ing peken, amargi ing Pajagenipun baten anglampahi kang saleres-leripun, awit kang dipun prasudi amung wedalipun ing kauntungan, seyos kados dene, prayantun ingkang mangan cas ing kautamen, sumeda wade damel labet nagari, kalayan temen-temen, ananging ing samangke inggih kedah kedah koyuping jamanipun, tangeh sanget saupami andarbei kaengetan memales dhateng kang damel gesang, amila manawi pikantuk sih, pinaringan wawenang patrapipun lajeng ngrusaga sedaya daya, ing wekasan lajeng supe dhateng sabarang reh kang winajipaken, mila makaten pranatanipun pulisi peken kewan, kang sampun dipun tumrapaken ing para titiyang grami, tuwin belatik, manawi kang sade kapal wau, sami tiyang bawah parisidhenan ing Surakarta, dalem satunggiling kapal, panariking waragat tekenan baten kenging kirang saking 1/2 rupiyah walikanipun 3 utawi 4 wang, wah tumbasan dhadhung, 2 wang, yen kang sade kewan saking liyan parisidhenan 1 kapal panarikipun ing wragat sampun kadamel mesthi 1 utawi 1 1/2 (1,5) rupiyah, saupami wonten sawijenipun tiyang ingkang amabeni, sawatawis sayang dhateng wragat, inggih dipun tekati, boten kadugineken satunggil kalih kang wonten gesehipun ungelipun ing serat pulu tuwin mathi cirining kapal, punika panarikipun ing wragat sampun kadamel mesthi 5, 6, dumugi 10 rupiyah, mawi undha usuk ageng alit tipun ing kapal, utawi kathah kedhikipun ing reregen, sanadyan waten kewan peteng kang kasade ing peken ngriku, jangji mituruti ing panedhanipun inggih wilujeng sarta kateken seratipun, terkadhang inggih kateken ing peken kimawon, trekadang , terkadhang dipun jak mantuk dhateng griyanipun ing kauman dene tiyang kang sampun nate pepajengan, saha katarik ing wragat langkung sangking murwat wau, kang teksih kengetan nami griyanipun,

1 Sadiwirya, Baran, dhistrik Padhangan, 2 Iji kapal pajeng 23 rupiyah wragat 2, 1/2 rupiyah pethak.

2 Surasemita, peken Kaliwon, Surakarta, 1 kapal pajeng 15 rupiyah wragat 1 rupiyah pethak.

3 Rsawijaya, Tamanan, Mangkunagaran, 1, kapal pajeng, 17, rupiyah wragat 1 rupiyah pethak,

4 Wirasemita, bekel Manahan Mangkunagaran, 1 kapal pajeng 14 rupiyah wragat 1 rupiyah pethak,

5 Suraprawira, Ngadiwijayan, Surakarta, 1 kapal pajeng 17 rupiyah wragat 1 rupiyah pethak,

6 Ranapiyoga, Bausasran Mangkunagaran, 1 kapal [ajeng 17 rupiyah wragat 1 rupiyah pethak,

7 Karyawijaya Gadling, Surakarta, 1 kapal pajeng, 19 rupiyah wragat 1 rupiyah pethak, blantik kang sampun sumerep trang patrapipun pulisi peken ingkang sumanten wau.

1, Kyai Lepa, ing Purwadiningrat, 2 Kramansana, kampung Sindusenan, sami Surakarta 3, Satika, Jethakpandhes, 4 Setrawikrama, ing Jurug, sami bawah ing Mangkunagaran.

Bab 2, ingkang dados pangresulanipun, para titiyang alit, ingkang sami jagi kagungan dalem ing peken ageng nagari,

sadangunipun Mas Angabei Bujapranata, , dados pulisi peken saha, lajeng angebregi gagriya salebetipun ing peken saanak rabenipun punika lajeng kathah ngudur saha papeteng salebetipun ing peken ngriku margi sangking nakalipun ing pulisi, angrebat pokilipun tiyang ngandhap, saben melek kimawon pulisi peken wahu, sakaliyan ingkang estri, mangkrak kudha bijig binijig berik-binerik, kalih tiyang peken rebatan payung kepang kajang kang kange pasewan ing bakul bakul, utawi rasa baten barang lereban, sadaya sumedya dipun rayuti dhateng ing griyanipun pyambak, tiyang kang boten miturut, lajeng dipun awoni dipun damelaken dhadhakan ing prakawis sanesipun, ngantos kalampahan waten kang dipun lebetaken ing kunjara, bilih boten kenging kahagal lajeng dipun alus kependheman saya papan panggenanipun tiyang kang dipun angkah wau, kapurih bilaenipun ing tiyang, kala salebetipun taun punika, anggenipun mendhemi saya, dhateng iradikrama, lajeng konangan, rambah kaping 2, kang sami sumerep terang rasesah ing peken ageng wau, 1 ki Dipadrana, aliyas Pak Ketul, 2 Idrana, 3 Wongsareja, 4 Iradikrama, 5 Asi, wau saya lajeng kawuningakaken, ing panjenengananipun babah kapitan, Limjaba, wreni pisang kalih uler, sekar kanthil, 2 menyan madu, kabuntel ing sinjang pethak, punapa dene saben dinten apurun purun ngummbar suwara, dhateng kancanipun tiyang peken, yen anggenipun dados pulisi peken wau, boten klayan pracumah mawi kapundhutan yatra kathah dhateng para parentah, mila boten ulap dhateng sesamining agesang, awit ngandelaken ajenipun, poncasarana, tuwin lajeng apurun-purun anerak awisan nagari, sawrenenipun tiyang sade kembangan rumput gadhong sami dipun pundhuti unusan, sadaya pratingkahipun baten kenging dipun engetaken, ngaken sampun atas terang sangking dhawuh dalem kangjeng raden adipati, sakaliyan kanjeng tuwan, besar residen ing Surakarta.

Ingkang punika sarehning wonten sawijenipun priyantun makaten patrapipun, namung mugi mugi andadosena kawuninganipun ingkang jeng parentah ageng nagari. Ing Jatitudur tanggal kaping 12 September 1869. Katandhan Kyai Tesakwaja.

=====

Wangsulan dhumateng pun Madyasastra.

Menawi boten lepat saestu pun Madyasastra wau, priyayi ing nagari Ngayogyakarta.

Kula sampun aningali serat Jurumartani, ongka 31, ing ngriku pun Madya sastra mupakati bab asung pawati kula dhumateng kyai juru.

Ingkang punika raden kula atuei kendel rumiyin amargi sasertan kula asung pawarti wau saweg dipun arubiru, dhumateng mas Sastradarma, kados priyayi ing negari Surakarta, ananging panyampahipun boten kula praduli pisan pisan sangking pamanggih kula budi dahwen punika boten pantes dipun lawani ing nalaripun awit asring nalisir saking leleresaning adat, negari satunggil-tunggilipun.

Ing wasana ingkang kula ajeng-ajeng namung asung prayogenipun

priyantun kekalih 1 tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani,
2 panerang kula dhumateng tuwan A.B. Cohen Stuart, lah punika
ingkna gpantes kula lawani pamundhutipun kawontenaning ngadat
pasebutan negari ingkang kula dumunungi nggen, sabab cundhuk
kalih sakawitipun nalar,

'Wondene pitaken sampeyan raden menggah kalenggahanipun kyai
pangulu landrad kaji jajar punika prayogi kula jarwani saked-
hik katrangnanipun parentah ing negari boten adunungaken
kalenggahanipun kyai pangulu landrad wau, ananging dipun
awonaken abdi dalem bupati anom manawi kyai pangulu kakim
kaji Ibrahim Kamalodiningrat punika sampun leres pratelanipun
saseratan sampeyan.

Raden Wiradimurti: ing Ngayogyakarta.
=====

Kala jamanipun Prabu Dipayana inggih punika prabu parikesit
ing nagari Ngastina, punika kasebut Ratu Adil kala jaman
buda, kala semanten wonten tiyang dhusun rurukunan sami
tiyang dhusun wasta pun Secabawa, punika boten darbbe pasi-
ten, pun Suta, punika pasitenipun wiyar, pun Suta wau. saking
dening kakirangan bau, pasitenipun kathah kang bera boten
kagarap asring micanten dhateng pun Secabawa, kowe iku, ala
ora nana gawemu, palemahaku iku, akeh kang padha bera, becik
garapen mengko yen metu apa-apa, iya diparo, aku separo kowe
separo, pun Secabawa, kapenujoning manah, enggalanipun siti
lajeng kagarap kataneman pantun sareng sampun pantun sepuh,
pun Secabawa sanjang dhateng pun Suta, ye sitinipun kang
kataneman pantun sampun sepuh, pun Suta kapurih mariksani,
lajeng mangkat tiyang kekalih sami ngideri taneman pantun
wau, langkung kathah, sareng sampun kapriksanan pun Secabawa
damel wates ing pepaliyanipun pun Suta boten suka, yen kang
weni pantun punika dipun palih, ingkang dipun sukakaken
paliyanipun kang weni godhong apapa, kang turut galengan,pun
Secabawa mesemmm dipun kinten tembung sasembranan ananigng pun
Suta pamiraosipun wau boten kaanggep sasembranan kekah yektos
menawi godhong apa-apa kang dipun sukakaken paliyanipun
wicantenipun Suta, biyen tembung ku menyang kowe terang resik
bumi ku garapen yen metu apa-apa, padha diparo, kowe sanggem
banjur kok garap samengko kowe anjaluk parone iya apa-apa iku
kang takwehi parone, yen pari, aku ora janji aveh parone,
duksemana kang meruhi iya padha misih urip nalika aku padon
lan kowe, pun Secabawa sanget susahipun mireng wicantenipun
Suta, enggalanipun kelajeng dados utur, katur ing parentah
nagari, panggalihipun parentah, kemokalan banget tembung si
Suta, ananging ana saksine, sadaya para parentah, sami kawk-
en, lajeng katur dhateng sang prabu Dipayana, miyos magerla-
ran saksi saksi katur sadaya.

pun Suta, saha pun Seecabawa, katimbalan mangarsa, kadangu
aturipun pun Suta, sitinipun dipun ken anggarap pun Secabawa,
ing tembe medala apa-apa, boten narimah, kedah nedha paliya-
nipun pantun kawula boten suka jangji sang nata andangu pun
Secabawa, aturipun ingkang sampun mupakat siti kataneman

malih mertiga, inggih kang dipun tanem punika ingknag kaphalih, sang nata ngunandikeng galih, leres pun Secabawa kagalih pun Secabawa aprekal dhateng pun Suta, yata prabu Dipayana, kendel sanalika, sarehning ratu tinitah adil boten kasamaran ing satunggal tunggal, lajeng anangu malih dhateng pun Suta, eh Suta, kowe matura temen tetepe, pari iku kang bener duweke sapa, pun Suta matur, gusti ingkang leres kawula kang gadhah, sang nata dhawuh andikakaken nguggeri aturipun Suta, lajeng utusan mariksani pantun sadaya, kang leres andikakaken maring aken Suta, kang pantun tumungkul andikakaken maringaken secabaw, mongka pantun leresa anjejer punika, kang limrah pantun kang gabug kang aos tumungul awit saking awratin wuwulen, dados karampuunganipun kang gabug dhateng pun Suta, awit sangking pangakenipun piyambak, kang aos dhateng pun Secabawa, punika ratu Budha, nanging kasebut adil, sinerat kapung 6 september 1869. Katandhan Pun Kondhamenyura.

=====

Ha manira, wus nupiksa, usuling mas, kata, ingkang tumrap ongka 32 punika inggih seklangkung lejaring tyas amba, pundita ingkang lejaraen manah, o baten kadosa sampeyan, ki Tana-la, ingkang kuwajiban ing wusana meksa jandika trajang pyeh, dados sampun limrah, ing kathah kapal rakitan punika, yen teksih ajaran mekaten palajaripun na, mekaten malih ukareng jandika, ingkang kecalaping mekaten, lo, punika menggah tiyang gadhen pakuk leresan kenging dhasipun, i, si, kata, keyong putih ager muni bae, ora nganggo di tangkep cakok dados manah kula baten, amung kadamel ngrameni pasamuwaning jurumartani, ewasemanten la kula sumongga, yen pagembagan dika, wangslu dhateng dhas sampeyan piyambak, ingknag kantos kumemplang,ra, eh ah, ukreng janjika, ingkang katun kula remen sanget, sabab serat jurumartani, ila kathah paedahipun ing ngatasing tyang laip kados pun kula, e ta apesipun, tyang gadhah satru punika, menawi sampun kakorek ing jurumartani, lajeng sampun, baten purun ngacam macam lami tyang ing jaman kuna.

Tamat katandhan tan wande ing Sukaarja.

=====

Ongka 38, 23 September 1869

Menggah para priyantun ingkang sami karsa tumbas serat Juru-martani wiwit ing wulan Oktober ngajeng punika, inggih taksih sami angsal, pangaosipun sarupiyah ing dalem sawulan.

Tuwan Jaspres enko asuka uninga dhateng para priyantun, bilih pangecapan tuwin tokonipun ing mangke sampun kawade dhateng tuwan P.F.Purneman dados sapunika ingkang anglajengaken pangecapipun serat serat tuwin pamadenipun barang barang toko, punika tuwan purneman wau.

Menggah para priyantun ingkang taksih gadhah sambutan dhateng tuwan Jaspres enko, punika ingkang anagih i taksih tuwan Jaspres enko, mugi samaya ambayar sambutanipun dhateng tuwan Jaspres enko wau.

Ingkang punika panuwunipun Tuwan Jaspres enko, mugi para priyantun sami karsaha pitados dhateng tuwan Purneman, kados anggenipun sampun apitados dhateng tuwan Jaspres enko, ingkang sapunika angaturaken panrimahipun dhateng para priyantun wau, awit sampun apitados dhateng tuwan Jaspres enko wau laminipun ngantos sawatawis taun. Katandhan tuwan Jaspres enko.

=====

Kados ingkang sampun kasebut ing seratipun tuwan Jasprs enko, ing mangke kula inggih amratelakaken dhateng para priyantun, bab panumbasing toko tuwin pangecapanipun, dados kula sapuni-ka ingkang anglajengaken pangecapipun serat serat tuwin pamadenipun barang-barang toko wau.

Ingkang punika panuwun kula dhateng para priyantun mugi sami kaparenga ing galih, saha apitados sadhateng kula, sasaged saged kula badhe angladosi ingkang dados karsanipun.

Katandhan P.F.Purneman.

=====

Ing tokonipun tuwan P.F. Purneman ing Surakarta titiyang saged pikantuk atumbas barang-barang kados ingkang kasebut ing ngandhap punika:

Kertas pos warni-warni, kertas walandi tuwin kertas pelin, kertas kadamel rekening, lei mawi tutup kados buk.

Pandoman, waterpas, jidaran gelas wonten ingkang gepeng tuwin ingkang gilig.

Portepel, pirantos wacucal kadamel angrawati serat serat iber, supados sampun ngantos teles kenging ing toya.

Pethi Jaitan (tidak jelas, bolong) sakalangkung sae, tuwin pethi panyukuran ingkang sae sanget.

Garan pen waos wonten ingkang sakalangkung sae, tuwin ingkang pasaja.

Lading pangaretan wonten dhusipun kadamel angrawati, potelot warni-warni.

Serat kothong kadamel anyanyatheti samukawis.

Waduh mangsi wonteningkang sakalangkung sae sarta ingkang pasaja,

Gambar-gambar sawatawis kadamel titingalan dhateng rare,

serat cara walandi kangge dhateng para rare, tuwin serat cara walanci kalebet dhateng kawruh, kar tanah nederlan tuwin sanes-sanesipun.

Punapa malih pirantos wadhah peksi manawi sampaun pejah kasan-jata, topi anaman rumput pinggiripun wiyar, tuwin sanesipun topi-topi

Kestul mawi dhopis ingkang dhopisipun dumunung ing kertas kangge dolananing rare.

Baki ageng cet-cetan perlak dadamelan tiyang japan, baki alit warni-warni, sambuk tuwin sanes-sanesipun barang akathah.

===== Pawartos warni-warni

Ing nagari Londhon tanah Inggris wonten griya kathahipun tigang kethi kalih leksa nem mewu wolungatus, griya samanten kathahipun wau kaengenan ing tiyang tigangyuta, dene tiyang tigangyuta punika kalebet rencang sakethi wolungleksa, tukang sapatu tigangleksa, graji kalih leksa gangsal lewu, graji tiyang esri ingkang adamel sandhang panganggenipun para estri kawantek sagangsalewu.

Kala ing taun 1868 para tiyang ingkang kasebut wau anelasaken lembu ingkang sami kapragad, kathahipun tigang kethi saleksa gangsalewu, menda gangsal kethi, pedhet tigangleksa, babi kawanleksa, tuwin sanes-sanesipun inggih kathah, menggah kewan samanten kathahipun punika regi kirang langkung saking kawanatus sangandasa kalih yuta rupiyah. (Rp. 492 juta).

===== Patileman atos

Saking cariyosipun tuwan Sorseseton ing tanah Indhiya wonten tiyang anglampahi padamelan raja pejah, lajeng kapatrapan paukuman, manawi tilem ing wanci dalu utawi siyang kinen tilem ing patileman mawi kapantekan paku ing sawiyaripun sadaya, ananging paku punika kadamel papak, supados sampaun ngantos saged anatoni badanipun ingkang kapatrapan paukuman, tuwan Sorseseton wau sampaun aningali piyambak dhateng tiyang ingknag kaukum punika sasampunipun anglampahi paukumanipun ing dalem gangsal taun, kulitipun tiyang wau katingal kados kuliting warak kala samanten tiyang ingkang kaukum tilem ing patileman mawi paku amratelakaken, bilh anggenipun tilem wonten ing patileman mawi paku punika ing salajengipun karaos sakeca, malah darbe pamanah ing tembe wingking manawi sampaun luwar saking paukumanipun, badhe atilem wonten ing patileman mawi paku wau.

=====
Ing kitha Amsterdham tanah Nederlan sampaunika titiyang sami anyoba wade ulam kapal, manut ing kitha ageng ageng tanah sanesipun ingkang titiyangipun sami wade ulam kapal, menggah ulam kapal ingkang wade wonten ing kitha Amsterdham punika sakalangkung sae,utawi kapal ingkang.....nagari ing ngriku dhawah amariksani dhateng kapal ...pragad, manawi kapal punika kirang seger kasarasanipun boten kalilan kapragad, sakalangkung sanget nastiti pamariksuning parentah,

menggah ulam kapal punika sakalangkung mirahipun, manawi katimbang kaliyan regining ulam lembu, amesthi kaot sapalih, punapa malih pikantukipun ulam kapal wau amurugaken seger kasarasaning tiyang, manawi tiyang kirang karosaning badani-pun, lajeng anedha ulam kapal, punika pikantuk sanget, awit ulam kapal adamel rosaning badan, para dhokter sami amastani, bilih ulam kapal punika sae katedha ing tiyang, awit adamel kasarasaning badan.

=====

Kanjeng Tuwan Residhen ing Batawi sampun tampi serat, kapurih anyyadhiyakaken dalemipun paresidhenan sagedhang salirangipun sadaya, badhe kadaleman ingkang jeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral, awit dalemipun kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral badhe kadadosan saha kawangun malih, dene salaminipun kasuwungaken dalemipun kanjeng tuwan ingknag wicaksana guprenur jendral wau, dereng rampung anggenipun andadosi, punika kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral taksih manggen wonten dalem ing paresidhenan.

=====

Serat saking setambul anyariyosaken ingkang dados pangesthi-nipun kanjeng sultaning setambul, karsa amilujengaken putra-nipun ingkang badhe kasupitan, mawi pasamuwan pista ageng, wragadipun kirang langkung saking sayuta kawan kethi tigangleksa pitung ewu gangsal latus rupiyah, kanjeng sultan wau lajeng amundhut arta samanten kathahipun wau dhateng priyatunipun ingkang anyepeng arta nagari anama Sadik Basah, ananging Sadik Basah tuwin patihipun Kanjeng Sultan anama Ngalibasah, sami saos unjuk awratipun amedalaken arta samanten punika, kadadosanipun kanjeng sultan anarimah, sanadyan katingal rengating galih, ewadenten lajeng anyandekaken anggenipun badhe damel pista ageng wau.

=====

Tiyang ingkang gething dhateng sata sampun angetang kalawan talatos kathah ing idunipun titiyang ingkang kawedalaken dening titiyang ingkang sami remen udud, pangetangipun makaten, titiyang ing ngalam dunya ingkang sami udud kirang langkung saking tigangatus yuta, ingkang idu tiyang samanten kathahipun punika kalih pratigan utawi kalih atus yuta, manawi idunipun tiyang deket kamurwat sakan ing dalem saditten, dados idunipun tiyang kalih atus yuta kawan yuta kan, andadosaken sewu kawanatus sangadasa kan ing dalem sataun, etangipun sakan punika langkung sakedhik manawi katimbang kaliyan gendul ingkang ragi ageng.

=====

Mas Ajar Saputra juruserat ipun bupati ing Demak saged anedahaken rare satunggil dhateng tiyang ingknag remen aningali, rare punika sampun ngumur tigang taun boten gadhah unto tuwin rambut.

=====

Ing dhusun Palang Bawah dhistrik ing Demak wonten wwoh kalapa satunggil anuwuhaken uwit tiga, sadaya sami gesang ngantos

saged awoh.

=====

Ing Surakarta wonten rare tilem celak kaliyan dilah ingkang mawi lisah petroleyun, dilah punika kasampe ing rare salebetipun tilem wau, kalampahan dilah punika pejah, sarta lisahipun lajeng murub ambesmmi sandhanganing rare, andadosaken pejahing rare wau, ananging antawis sawelas dinten.

=====

Judul hilang

Nem wulan laminipun kula karaos sakit ing tangan, sakathahing jampi ingkang sampun kula angge boten saged anyarasaken, sareng makaten kala tanggal kaping 21 wulan AGustus ingkang sampun kapengker kula gadhah sedya, badhe angangge jampi toya panas ing ngarga tapa, kaprenah antawis kalih epal saking griya kula ing Kendhal, awit sampun kathah kemawon titiyang ingkang cariyosan bab saenipun toya wau kadamel jampi, mila kala samanten kula lajeng badhe anyoba toya panas punika kadamel angekum tangan kula ing kang sakit, mawi angombe toyanipun panas wau.

Menggah laminipun anggen kula anjampeni tangan kula kalayan toya panas punika amung kalih welas dinten, kadadosanipun tangan kula ingkang sakit saras babar pisan.

Sarehning kula kala samanten boten saged dhateng panggenanipun toya panas, supados sageda angekum tangan kula kaping kalih ing dalem sadinten, amargi saking anyepeng padamelan, mila kula kedah koengkenan ing saben dinten amendhet toya panas, kawahdahan ing lodhong ageng, pamendhetipun toya punika lodhongipun kedah kasumpelan ingkang rapet wonten salebetung toya panas, supados angin sampun ngantos saged lumebet, sadumuginipun ing griya toya wau kula ken anggodhog, sareng sampun sedhengan panasipun, lajeng kula angge angekum tangan kula ingkang sakit ngantos dumugi sangginggalilakupun keteging tangan, dangunipun satengah jam, dene pangekum kuping kalih ngantos kaping tiga ing dalem sadinten.

Menggah toya panas wau inggih sakalangkung prayogi kadamel anjampeni tatu tuwin kadhas kudhis, awit sampun kathah kemawon titiyang ingkang anjampeni tatu tuwin kadhas kudhisipun sami saras sadaya.

=====

Ri sampuning tabe kaurmatan kawula ingkang akathah kathah katur, panjenenanipun tuwan ingkang ngarang kabar Jurumartani, wiyosipun, kula ngaturi panjurung isenipun ing Jurumartani, lumayan kadamel rarameyan.

Kula maos sert Jurumartani ongka 35 sakalangkung anggen kula gagetun ngungun ing manah, lajeng gadhah osik mangkaten, o, iya talah, titae kang maha mulya, kawarna-warna temen, kang weden, kaya raden Atmadikara iku, teka nganti akeh temen kuwatire, sinajana kanjeng raja, wong ngaku ki Kutis wedi apane, saupama mas Guldì arani ki Kutis, mongsa jenenga ki Kutis.

Basa ana sing kendel kaya raden Aryajayengwesthi iku, nganti

angeram-eramake gone sugih kuwanen, kayata grahana iku, wong sajagat iki, kang ora picak, pasthi padha sumurup iya sinajaa picak, pasthi ngrungu wartane, ewadene, manawi picak, budheg, bisu, embuh, iya sinajana, nyata ora nana grahana, jer ora pantes, nganggo angerang-erang, ngelah-elahake mangkono, wong wis pirang pirang taun durung ana sing luput, yen lagi luput sapisan bae, ora pantes di leh-lehake, iku yen luputa, dadi raden ARyajayengwesthi iku, kena diarani wong lancang pangucap utawa wong ladak pangucap, kena diarani sauni-unine, wong ora nana sing dhendha, yen benere,mengkono iku, wis ora kena dijak lelawanan wicara, marga mong sawurunga gawe jengkelin ati, naming aku kudu takon sapisan bae,
Raden Aryajayengwesthi, sampun dados dadu kasampeyan inggih nun, anggen sampeyan purun asuka pangerang-erang dhateng para tuwan kang ngarang serat pananggalan, dalah kang ngecap, prakawis grahana ing wulan Juli punika, punapa sampun sampeyan mupakataken para priyantun kathah, bilih boten grahana, sabab kula pirsa bilih grahana, ngantos krowak sapalih, malah kathah ingkang ningali mawi keker, sampun nun pitaken kula.
Kula matur pitaken dhatng raden Atmadikara, naming sampun ajrih paring kabar kang weca, nalika wulan Juli kaping 23 ing nagari sampeyan Surakarta, punapa inggih wonten grahana, mugi sampeyan suka kabar kawrat ing jurumartani.

Sinerat Samawis tanggal kaping 14 Ogustus 1869

Katandhan Mas Surengwesthi.

=====

Wangsulan kula ingkang ngarang serat pananggalan Samawis dhumateng raden Wiradimurti, serat Jurumartani ongka 33.
Raden Wiradimurti anedha pamrayogi kula bab anggenipun mratelakaken sasebutanipun para ageng nagarti Ngayogyakarta, punika inggih sakelangkung prayogi kalajengaken.
Kali dening malih mas Sastradarsa, menawi taksih gadhah pratelan malih inggih prayogi kalajengna, malah sakelangkung tarima kasih kula dhateng priyantun sakalaiyan wau, enggenipun sami karsa nyembadani panedha kula pitedah, anaming manawi boten kangee mugi sampun dados masgul ing pangalihipun, dene pamendhet kula pratelan wau saking priyantun ingkang kaetang sumerep piyambak, kengingipun kula ewahi manawi sampun atas terang saking parentah, yen dereng terang leresipun, kedah kula netepi pratelan krumiyin kemawon, wondening para tumenggung ingknag kalebet ing serat pananggalan, amung para nayaka ageng utawi para pulisi, bilih pratelan tumenggung langkung saking satus punika, yen kalebet na sadaya, saestu kakathahan.

Sinerat Batawi kaping 11 wulan September 1869.

katandhan A.B. Cohen Stuart

=====

Kula angangenengan salebeting manah, ananging saking sangeting panganganan kula wau, wekasan ngantos lumerber wonten ing Jurumartani, kados ing ngandhap punika ing kawontenanipun.
Inggak sakawit kula mireng kabar, yen ing wedal punika,ing

ngari Surakarta, sakelangkung kathahipun titiyang Cina ngkang sami darbe atur gugat bab sambutan, O, menggah lalampahan makaten wau, sngking raosing manah kula, prayogi sanget manawi tityang Cina, kaawisan boten kenging nyambut sarta anyambutaken dhateng para wadu wandawa ing nagari SURakarta sadayua, dene yen badhe awade tinumbas ingggih abayara ken-ceng kimawon, saupami wonten ingkang purun purun nerak awisan wau, mongka ngantos dados prakawis ingkang anyambutaken kabonggana.

Wondene ingkang sampun kalajeng nyambut anyambutaken sarta dados prakawis ingkang sampun rampung utawi ingkang dereng karampungan punika, para priyantun ingkang sami nyambut tuwin kagugat wau, katitiya priksa ing atrang, pinten kathahing pamedalipun balonja wulan sarta tengah taunan, salajengipun pinten kathahing pamedalipun wau, ingknag sapalih kabagiya dhateng para tiyang ingknag sami anyambutaken dadosa paniciling sambutanipun, dene ingkang sapalih, taksiya lestantun katampen dhateng ingkang gadhah pamedal, supados wontena ingkang kadamel ngingoni anak rayatipun utawi kacekapa angge-nipun lumampah ing damel. O, saingga sampun kapranata makanen, mongka wonten satunggiling wadu wandawa ingkang leleda boten anglampahi ing pandamelanipun punika setdheng sanget yen atammpiya paukuman ingkang sakelangkung awrat tuwin kabingkas saking kalenggahanipun, O, ing wasana, anggen kula kamipurun amedhar panganggen-angening manah wau, bokmanawi dados wimbuh karaharjaning praja, awit saking....kula, ing-kang anerarik wedaling manah dhateng kadursilan punika, boten langkung jalanan amargi saking kakirangan, mongka kabadhe kareksa ing kakiranganipun, tamtu rak inggih kaot, tur ing pangreksanipun wau boten mawi prabeya, boten adamel karisa-kaning titiyang, lan malih misuhuripun sapinten kimawon utaminipun adamel suka myang kacekaping para wadya wandawa sadaya, O, ing wekasan sadaya wau, kagalih prayogi linaksanan utawi boten sumongga, kaping 5, Jumadiakhir Je, ongka 1798.

Katandhan Surengpati.

=====
kala karaton nagari Pajang Jumenengipun Kanjeng Sultan Adiwijaya Kalipaturasul umpak umpak kipun teksih kathah malih.

Wonten tiyang ing dhusun Mayang, karan anak byang Menir, lakinipun inggih pak Menir, pangupajiwanipun wade tampilan kaliyan tape wungkusan kaideraken utawi kadhasaraken sate-pining radinan ageng, kala samanten kang kadamel sesegerani-pun tiyang kang sami lumampah ing radinan ageng, ingggih tampilan punika ingkang mikantuki dhumateng badan kang sapi-san seger, kaping kalih andadosaken kuwat, ing jaman mangke kang kadamel sesegeraning tiyang lumampah, kang kasade sate-pining margi ageng, cao, utawi bir tuwin dhawet lan sanes-sanesipun,

Kacariyos byang Menir wau, enggenipun wade tampilan kaliyan tape wungkusan ing salami-laminipun andadosaken kasugihanipun griyanipun ageng-ageng, maesa, lembu, kapal, langkung kat-

hah, tumbas sabininignmoncapat, moncagangsalipun kang jaler damelipun tegilan sabin kasugiyaniipun saya andedel ngantos dados pangusenipun tongga dhusun tiyang kang sami melarat sami dhateng nedha pitulunganipun, sareng rumaos sampun kathah bandhanipun kendel enggenipun wade tampilan tuwan tape wungkusan pamanahipun sumeda anggaota kang pantes lumampah gramen dhateng kedhu, utawi dhateng pasisir ing Semawis saurutipun ambekta lembu kapal winotan gagrane,

Kacariyos byang Menir pak Menir, salaminipun dados juragan tansah tuna padaganipun lami-lami saya katikel katikel andadosaken kathah sambutanipun raja darbekipun telas kasadenan sadaya, delasan griya griya telas dados malarat sanget boten saged nedha tuwin nyandhang, langkung kagagas icaling kasugihannipun jaler estri langkugn prihatus ranten dalu, titiyang kang sami dipun pitulungi kala pyambakipun sugih, dipun dhatengi griyanipun boten wonten kang purun manggihi, saya sanget pangungunipun byang Menir.

Ing satunggaling dinten byang Menir, saking sruning sungkawa, darbe osik anyuwun adil kanjeng sultan Pajang, badhe pepe ing alun-alun nanging kang jaler boten rembag awit kamanbah boten kenging katindakaken byang menir kedah adreng, angleresi dinten apsowanen ageng, wanci byar remeng-remeng, dereng wonten tiyang satunggal tunggal, byang Menir mangkat saking griya lumampah dhateng alun-alun sila majeng amangidul sangandhap wwwringin sengkeran kang kilen sareng sampun wanci mangsanipun priyagung sanegari pepak sowan ing pagelaran kanjeng sultan sampun miyos magelaran, ing ngriku kanjeng sultan awas ningali ing ngandhap wringin sengkeran kang kilen wonten tiyang estri pepe, namung kaliyan lare estri satunggal inggih punika pun Menir, abdi dalem anggandhek kautus ngirid ing ngarsa dalem, sadumuginipun ngarsa dalem byang menir sahanakipun sujud sumungkem ing kisma, kanjeng sultan angandika andangu, sira wong ngendi, lan apa karanira, pepe ana ngalun-aluning sun byang Menir matur nembah, saha sru anangis ing wiwitan dumugi wekasan konjuk sadaya, byang Menir ing wekasan nyuwun adil dalem denten tiyang amrih cekap wekasan dados kere, boten saged nedha saha nyandhang....sultan Pajang, kendel sapendhenget saha mangenget-enget ing galih, langkung welas dhumateng kawulanipun sasampuning sawetawis dangunipun kanjeng sultan Pajang angandika, E kawulaningsun byang Menir, rengen ta sabdaningsun kang dadi pangadilaningsun kang dhawuh ing sira, sira baliyaadol tampilan sarta tape wungkusan maneh saben telung sasi, sira lapura ing papatih ingsun si adipati Moncanagara, mratelakna apa anane kauripanira, ing sajroning telung sasi mau, supaya liinebokake ing layang lapuran konjuk ing ngingsun, byang Menir matur sandika, sujud sumungkem ing kisma, dhawuh pangadilan dalem wau, kaestrenan priyagung sanegari, kang sowan ing ngarsadalem kangjeng sultan lajeng jengkar kondur angadhaton, kang nangkil bibar mundur sowang-sowang.

Kacariyos byang Menir angesokaken ing sadhawuh dalem amangsu-

li wade tampilan akaliyan tape wungkusan malih, saben tigang wulan lapur dhateng kapatiany punapa kawontenaning gesangipun ing ngriku gesangipun nyang Menir, langkung gampil wiwit lapur sapisan langkunging kang tinedha kang sinandhang, kathah bathinipun, saha menawilapur, akanthi unjuk-unjuk tampilan tuwin tape wungkusan ingkang katur ing kapatiany piyambak ingkang konjuk kanjeng sultan piyambak tampilan utawi tape, saben konjuk ing kadhaton lajeng kadhahar ingkangjeng sultan kraos seger sarira dalem, ing kalajengani-pun nbyang Menir kapatedhan siti ing Mayang, kathahipun boten kacariyos damelipun saben wanci pukul satunggal siyang, nglebetaken dhahar dalem tampilan tuwin tape wungkusan, lestantun ngantos dumugi karaon nagari Surakarta Adiningrat, kala panjenengan dalem ingkang sinuhun kanjeng Susuhunan Pakubuwana kaping IV utawi kaping V , ppunika teksih ingkang-nyerat punikia asring sumerep lebetipun pun Tampilan tape wau kilap ing samangke, punapa taksih konjuk kados kewau, punapa kendel, sinerat Akad kaping 19 September 1869. Katandhan dening pun Kondhamenyura.

=====

Panuwun kula dhateng panjenenganipun tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani, mugi serat kula punika karsaha macak ing kabar Jurumartani.

Serat Jurumartani ongka 35, wonten saseratanipun Raden ARya Jayengwesthi ing Mancingan, angerang-erang dhateng ingkang ngarang sarta ngecap serat pananggalan margi raden Arya-jayengwesthi, nalika dinten Jumungah tanggal kaping 23 wulan Juli kakadhar ngantos pukul kalih dalu, anggenipun badhe nakyinaken grahana, wusana boten wonten , malah trang kados wulan purnama.

Ingkang punika, kul aapitaken dhateng raden ARyajayengwesthi, tiyang gagriya celak saganten, kalih tiyang gagriya tebih saganten punika, anggenipun ningali, 1 surya, 2, condra, 3 kartika, 4 akasa, 5 bantala, punapa wonten sanesipun, bokmanawi kados ungelng salika paribasa, desa mawacara, nagara mawatata, sanes-sanes dalah sapaninggalipun, kalih anggen sampeyan cariyos kadhar kirang trerang, punapa tilem kadhar, punapa kakadhar, sarta awit sampeyan medal jawi, pukul pinter, punapa dene, cariyos sampeyan griya Mancingan punika, punapa ingghj Mancingan kang kasebut ing srat Babad gapurani-pun ratu kidul, punapa dhusun Mancingan, bilih Mancingan gapuranipun ratu kidul, dados sampeyan kinawongaken ratu kidul, sarta kasawaban paningalipun ratu kidul boten gadhah paningal peteng.

Saupami makatena, dados kalebet paningal calaina, prayogi enggal dipun jampekaken dhateng singseh tiyang Cina sangking Surabaya, saget jampeni mripat calaina, sapunika wonten nagari Surakarta, anaming bilih boten inggal-inggal dhateng Surakarta, wau cina singseh tumunten mantuk dhateng nagari Cina.

Wangsul sarehning griya kula tebih saganten kidul celak

saganten ler, dados boten kinawongaken ratu kidul, mila paninggal kula mawi pirsa petenging grahana, dalah tiyang sanagari, inggih sami gadhah paningal bilih grahana, ewadene kula nyuwun saserepan dhateng para priyantun sanes-sanesipun nagari, kala wulan Juli tanggal kaping 23 saking pamirsanipun punapa wonten grahana kados paningal kula punapa kados panin-galipun Raden ARya Jayengwesthi.

Sangking panuwun kula, ppara priyantun ingkang mirsa grahana, ing wulan Juli kaping 23 Mugi paringa kabar kawrat ing serat Jurumartani kimawon, asanget ing panuwun kula.

Sinerat Batawi tanggal kaping 10 wulan September taun 1869,
Katandhan Raden ARya Socakirmala.

Asung pawarti katur kyai Jurumartani
Ing dinten Senen kaliwon tanggal kaping 1 wulan Jumadilawal
ing taun Je ongka 1798

1 dhawuh dalem ingkang sinuwun kanjeng sultan nagari Ngayugayakarta, saha sampun sabyantu panggalih akaliyan kanjeng tuwan residhen Bos, saklawokipun abdi dalem bupati ageng nayaka bekel wadana panubak anyar, ingkang kakersakaken agnetosi kalenggahanipun bupati anbo, pamiji lebet raden tumenggung danudiningrat kalenggahanipun tetep kados dene ingkang dipun gentosi, lenggah sabin 175 karya, bayar 105 rupiyah ing dalem sawulan.

2 Wondene aliwarisipun bupati ageng, nayaka bekel wadana panubak anyar kang sampun tilar, anakipun jaler ingkang sepuh pyambak nama Ngabei Sindusantona, panewu bumija, sak punika dipun karsakaken dados bupati anom pamijire gedhong tengen, kasatedhan nama Den Tumenggung Onggawongsa, nunggak semi tiyang sepuhipun lenggah sabin 50 karya bayar 50 rupiyah ing dalem sawulan ananging sabin kalilan milih sabin telas leng-gahipun ingkang roma.

3 Sareng kula aningal serat Jurumartani ongka 33 katandhan tuwan Redhaksi amratyogekaken kula anglajenga pratelan katranganipun pasebutan para ageng jawi, ing nagari Ngayugayakarta, wangslulan kula inggih prayogi, sasaged-saged kulakedah mituruti punapa ingkang sampun tumindak ngadat kados ing ngandhap punika.

4 Pasebutanipun para bendara pangeran putra dalem ingkang miyos sangking garwa dalem kanjeng ratu, leresipun kanjeng gusti pangeran anu.

Dene ingkang miyos saking ampeyan leresipun bendara pangeran ariya anu ananging putra dalem saking ampeyan ingknag sepuh piyambak angsal kasebut gusti pangeran anu.

Para pangeran santana leresipun abdidalem pangeran ariya anu

5 Putra dalem putri ingkang miyos saking garwa dalem kanjeng ratu, leresipun gusti ranen ayu. anu, wiwit sampunipun tetes sareng sampun dipun kramakaken nama kanjeng ratu anu.

Dene ingkang miyos saking ampeyan leresipun bendara raden ayu anu, ananging putra dalem saking ampeyan ingkang sepuh piyamba angsal kasebut gusti raden ayu anu.

6 Pasebutan raden kaliyan den punika dipun bedakaken ingkang kadamel wawaton wiwit timuripun putra dalem kakung putri, kados ta: bendara raden mas gusti, patutan sangking ampeyan. Wondene yen putri bendara raden ajeng gusti patutan saking garwadalem kanjeng ratu bendara raden ajeng, patutan saking ampeyan.

7 Para wayah dalem kakung putri timuripun raden mas raden ajeng, dene yen sampun diwasa, nama raden ariya, utawi raden angabei, kejawi ingkang dipun pacak dados abdi dalem bupati, punika nama raden tumenggung utawi raden ariya, wonten ingkang angsal nama pangeran ariya, dados abdi dalem pangeran santona, para wayah dalem putri nama raden ayu.

8 para buyut dalem kakung putri timuripun , raden mas raden ajeng, dene yen sampun diwasa, nama raden angabei, semanten punika kajawi ingkang dipun pacak daos abdi dalem bupati punika inggih nama raden tumenggugn utawi raden arya wonten ingkang angsal nama pangeran inggih dados abdi dalem pangeran santona, para buyut dalem putri nama raden ayu.

9 Para canggah dalem kakung putri lajeng sak urutipun mangandhap yen wau para buyut dalem dhaup kalih bongsa pengalit kimawon nama den bagus den rara, yen sampun diwasa nama den ngabei, den ngabnten, dene yen para buyut dalem wau dhaup kalih bangsanipun piyambak teksih angsal nama raden mas raden ajeng.

10 Bab pancer, awit panjenengan ratu, punika tedhakipun saking panji kakung kalih sangking putri sami tarim-tinarik sami kuwatipun kados ta raden kalih den pundi ingknag sapun tedhak kapung 4 kedah ngumpulaken ngupados celak ipun turunan saking panjenengan ratu.

Pratelan kula ingkang sampun kasbeut ing nginggil wau sedaya bab pasebutan yen nagari ngayogyakarta saestu kinging kada-mel tertamtu, teksih wonten sambetipun malih.

Raden Wiradimurti ing Ngayogyakarta.

=====

Ongka 39, 30 September 1869

Menggah para priyantun ingkang sami karsa tumbas serat Juru-martani wiwit ing wulan Ojtober ngajeng punika, inggih taksih sami angsal, pangaosipun sarupiyah ing dalem sawulan.

=====

Ing tokonipun tuwan P.F.Purneman ing Surakarta titiyang saged pikantuk atumbas barnag-barang kados ingkang kasebut ing ngandhap punika.

Kertas pos warni-warni, kertas walandi tuwin kertas pelin, keras kadamel reckening, lei mawi tutup kados buk.

Pandoman, waterpas, jidaran gelas wonten ingknag gepeng tuwin ingknag gilig.

Portepel, pirantos wacucal kadamel angrawati serat-serat iber, supados sampun ngantos teles kenging ing toya,

Pethi penjaitan sakalangkung sae, tuwin pethi panyukuran ingkang sae sanget.

Garan pen waos wonten ingkang sakalangkung sae, tuwin ingkang pasaja.

Lading pangaretan wonten dhusipun kadamel angrawiti, potelot warni-warni.

Serat kothong kadamel anyanyatheti samukawis,

Wadhah mangsi wonten ingkang sakalangkung sae sarta ingkang pasaja

Gambar gambar sawatawis kadamel titingalan dhateng rare, serat cara walandi kangege dhateng para rare, tuwin serat cara walandi kalebet dhateng kawruh, kar tanah nederlan tuwin sanes-sanesipun.

Punapa malih pirantos wadhah peksi manawi sampun pejah kasan-jata, topi anaman rumput pinggiripun wiyar, tuwin sanes-sanesipun topi-topi.

Kestul mawi dhopis ingkang dhoposipun dumunung ing kertas kangege dolananing rare.

Baki ageng cetcetan perlak dadamelan tiyang japan, baki alit warni-warni, sambut tuwin sanes-sanesipun barang akathah.

=====

Titiyang ing ngalam dunya.

Tiyang sajodho jaler estri saged gadhah anak sadasa kaetang madya kemawon, dene anak satunggil tunggilipun punika ing dalem kalih dasa taun inggih saged anak-anak kathah, kenging manawi kaetanga tiyang sajodho wau saged gadhah putu satus ini ing dalem seket taun, putu samanten kathahipun punika saged enggal anak-anak ngantos gangsalatus iji, utawi lang-kung saking samanten, manawi wiwit saking titiyang sajodho jaler estri anak buyut saturunipun kawilujengan sami gesang sadaya, amesthi ing ngalamd unya titiyang alangkung kathah katimbang kaliyan kawontenanipun tiyang ing sapunika, awit ing mangek titiyang ngalam dunya kathahipun kawatawis kirang langkung wonten saking sewu yuta, ananging boten maaten patrapipun ing pangetang, amargi boten sadaya titiyang ingknag sami laki rabi satunggil-tunggilipun saged gadhah anak

sadasa, punapa malih sakathah ing anak ingkang lair boten amesthi gesang sadaya, kathah ingkang sami pejah kala taksih alit utawi nemneman, ewadenten indhaking titiyang manawi boten katrajang ing pageblug, ing dalem nemlikur taun sakin-tien saged tikel kaping tiga, suwawi kula aturi etangipun ingkang medal saking pamurwat, manawi kala ing taun, 1800, titiyangipun ing nagari walandi kamurwat wonten kalih yuta, ing taun 1826, titiyang punika sampun mindhak dados 6 yuta, sarta ing taun 1852, amesthi dados 18 yuta kathahipun, ananging sayektosipun lepat sanget pangetang ingkang kados makaten wau, mindhaking tiyang, punapa ingkang amambengi indhaking tiyang, bokmanawi kamanah awit saking wontenipun prang, pageblug tuwin pailan, perang,pageblug tuwin pailan punika sampun leres adamel sudaning kathahipun tiyang ngantos awon ing dalem sakedhap kemawon, ananging sanadyan na wonten prang, pageblug tuwinpailan ingkang saged anyuda kathahing tiyang ing sanalika wau, ewadenten sudanipun punika boten ngantos lami lajeng wewah malih, amargi saking kathahipun titiyang laki rabi saha kathahipun rare ingkang sami lair sasampunipun kathah pepejah wau, salajengipun kathah ing titiyang mantuk kados ingkang rumiyin kaladereng wonten prang utawi kala dereng kaparag ing pageblug tuwin pailan.

Wondening inghdaking tiyang punika manawi boten kapambengan dening lalampahaning kudrat, amesthi saged lestantun saha langkung kathahipun katimbang kaliyan wontenipun titiyang ing ngalam dunya sapunika, awit tiyang wau kalebet bangsaning kudrat.

Wonten malih jalaranipun ingkang dados pembangan inghdaking tiyang, manawi boten wonten jalaran wau, amesthi tiyang ing nagari ingkang kathahipun sayuta, ing dalem 26 taun amindhak dados 3 yuta, salajengipun ing dalem 78 taun titiyang ing nagari wau amindhak dados 27 yuta, ing mangke kula badhe anerangaken bab boten sagedipun mindhak mindhak ngantos samanten kathahing titiyang, jalaranipun kados ingang kasebut ing ngandhap punika.

Manawi salebeting gedhong wonten tiyangipun sadasa, sampun kapancenan tatedhan tiyang satunggil tunggilipun ing dalem sadinten boten ngantos kirang, dados tatedhan wau amung cekap kapatedha ing titiyang sadasa punika, mongka lajeng kawehawan tiyang kalih ingkang sami tumut anedha tatedhanipun tiyang sadasa wau, boten mawi kawehawan ing tatedhan awit saking boten wontenipun, punika amesthi boten wande wonten lalampa-han kalih prakawis ingknag badhe andadosaken kasangsaran, ingkang sapisan tiyang kalih welas way badhe wonten kalih ingkang pejah kalireng inggih punika ingkang kawon, awit boten saged angsal pandumanipun tatedhan, kaping kalihipun manawi pandumaning tatedhan tiyang sadasa kadum dhateng tiyang kalih welas, inggih ugi tiyang kalih welas punika saged gesang sadaya wonten salebeting gedhong, ananging badhe sami suda karosaning badanipun, amargi saking kiranging tedha, punapa malih manawi kewehawan tiyang malih, titiyang ing salebeting

gedhong amesthi boten saged gesang sadaya, awit salebetung
gedhong wau amung kapancenan tatedhan ingkang cekap katedha
ing tiyang sadasa kemawon, wangsl manawi amung tiyang sadasa
kemawon ingkang sami dumunung wonten salebetung gedhong
punika, amesthi titiyang wau sami saged seger kasarasan,
manawi tiyang kalih welas ingnag wonten salebetung gedhong,
sanadyan sageda gesang, inggih tansah sami boten gadhah
karosan kados angsal tatedhan ingkang cekap, mila ing mangke
kenging kawastanan bilih kathah ing titiyang salebetung
ngalamdunya sumpun kamesthik saking dening kathahing tatedhan
ingkang dados panggesanganipun.

Kula badhe mastani nagari satunggil ingknag wiwitanipun amung
sakedhik titiyangipun, nbunten awit saking lohing siti ing
ngriku, saha awit saking prayogining prenahipun kadamel
lampah dagang, punapa malih awit saking jalanan sanesipun
ingkang andadosaken wontenipun tedha cekap dhateng tiyang
ewon, nagari wau amesthi enggal indhaking kathah titiyang-
ipun, ananging kathah ing titiyang punika kedah saged timbang
kaliyan tedha ingkang andadosaken panggesangan.

Anggen kula mastani bale nagari ingkang titiyangipun enggal
mindhak kathah, kados ingkang kasebut ing nginggil wau,
punika boten saking awag-awagan kemawon, ananging sayekto-
ipun makaten, manawi kathah tedha inggih kathah tiyangipun,
meggah ingkang dados pratondha kathah tedha kathah tiyang-
ipun, kados ingknag kasebut ing ngandhap punika.

Tanah Amerikah ingkang wau sakalangkung kedhik tiyangipun,
ananging lajeng mindhak mindhak titiyangipun boten mawi
wonten pambengan punapa punapa, saben salikur taun laminipun,
indhaking titiyang tikel kathahipun, awit sumpun wonten
tedhanipun para rare ingkang sami lair tanah ing ngriku, dene
ingkang kawastanan tedhan punika boten angamungaken ingkang
warn tatedhan kemawon, inggih ugi sanesipun ingkang
andadosaken gesangti yang, awit tiyang gesang punika kedah
kacekapan ing panggesanganipun, ing tanah walandi ingang
andadosaken prelu sanget ing ngatasipun tiyang gesang, punika
kedah sumpun wonten griya sandhang pangangge tuwin tatedhani-
ipun, ananging ing tanah Aprikah boten makaten, katedhan
punika sawatawis kemawon sumpun anyekapi, awit saking pame-
daling siti titiyang Aporikah saged angsal langkung kathah
tuwin gampil pikantukipun ing pundi-pundi sumpun wonten,
andadosaken pangesanganipun mila titiyangipun ing tanah
Aprikah punika langkung kathah katimbang kaliyan tanah
walandi wau, dados kathah ing tiyang punika gumantung wonten
kathahing tatedhan, cariyos punika taksih wonten sambetipun.

=====

Pawartos warni-warni

Woonter tiyang Inggris anama: A.Kameron gadhah panuwun dha-
teng parentah ageng ing nagari Inggris, supados kaparingana
pitulungan waragad anggenipun badhe kesah atiti pariksa
dhateng pulo Borneyo, awit tiyang Inggris punika mireng
pakabaran ingknag saestu, manawi ing pulo Borneyo wau wonten

tiyangipun angangge kucir, sarta boten kumpulan kaliyan titiyang bongsa sanesipun tanah ing ngriku, menggah panuwuning waragad anggenipun badhe kekesahan punika boten kathah, ingkang kasuweun amung awarni barang, supados sageda anggrami barng wau awit saking lampah lilintonan kaliyan pamedaling tanah ing ngriku, punapa maluh tuwan Kameron anywyn sanjata sawatawis kathahipun, badhe kadamel damel manawi wonten titiyang ingkang purun amunasika, wah kadamel amejahi titiyang ing pulo Borneyo ingkang kasebut wau punika, bilih boten kenging kacepeng gesang, sasampunipun kacepeng gesang utawi pejah badhe kabekta dhateng nagari Inggris.

=====

Ing dhusun Padhang dhistrik Rembes bawah Tuban wonten rare kakalih kenging wisa saking anggenipun anedha katela ing kang kawastanan katela menyok, menggah ingknag suka kabar ing bab prakawis punika, ing mangke angemetaken dhateng sakathahing tiyang sampun ngantos purun-purun anedha katela menyok wau, dene katela menyok punika ing peken kathah titiyang ingkang sami wade, awit sampun asring kemawon titiyang ingkang anmedha katela menyok sami sakit kamilikaten pulung manahipun andadosaken pejah.

=====

pitulunganing kapal ingkang angeram-eramaken. Wonten kapal picak kacempung ing lepen, sakalangkung anggenipun angeram-eramaken dene kapal ingkang boten picak gadhah pangertos atutulung dhateng kapal ingkang picak kacemplung ing lepen wau, menggah anggenipun kacemplung kapal picak punika wonten ing lepen ingkang lebet ing tanah Amerikah, sareng kapal ingkang boten picak sumerep bilih bangsanipun kacempung ing lepen boten saged mentas awit saking boten sumerepipun, lajeng ambrengingah, supados kapal ingkang picak amirenga, sarta lajeng amurugi dhateng panggenanipun ambrengingehwau, ananging kapal picak kawatawis gadhah sakit budheg, mila boten saged amireng pambrengingeh ing kancanipun, kala smanten kancanipun kapal punika lajeng anyemplung ing toya, kadadosanipun kapal ingkang picak saged minggah dhateng dharatan awit saking panuntunipun kapal ingkang boten picak wau.

=====

Serat pakabaran saking tanah Dhitse anyariyosaken bab sarana-nipun ingkang sakalangkung prayogi angresiki ples utawi gendul, inggih punika kenthang mentah ingkang kadamel angresiki, kenthang mentah wau kairis alit-alit, sasampunipun dados irisan alit-alit, kalebetna ing ples utawi gendul ingkang reged punika, kadekekan toya sakedhik, lajeng kagoaga, kadadosanipun ples utawi gendul lajeng saged resik inng dalem sawatawis sekondhe dangunipun.

=====

Tiyang sampun anamtokaken manawi bongsa inggris anama, Y.E. Tolor ing tanah Amerikah sampun gadhah pamanggih adamel baita kapal, ingkang saged lumampah salebeting toya, menggah baita

ingkang kados makaten punika ing tembe badhe angewahaken lampah ing prang wonten saganten.

Wondening baita kapal ingkang saged lumampah salebetung toya wau sampun kacoba, kalampahan salebetung toya wonten saganten bawah tanah Amerikah, salajengipun tuwan Y.E. Telor badhe dhateng nagari Inggris, supados sgeda amratelakaken ingkang dados pamanggihipun wau dhaeng naganinipun.

=====

Pamanggih ingkang kawastanan ageng ing jaman sapunika, kalebet prelu bab adamel icaling raosipun tiyang ingknag kabedhel utawi kakethok sukunipun, kala ing jaman kina wonten begolong titiyang durjana ing tanah Prasman, anama Granpransewah kacepeng ing nagari, lajeng kawesi asat supados angakena kadosanipun, sareng kasakitan boten kadamel raos, malah kalajempolaning suku kalih pisan katugel, boten karaos sakit sakedhik kedhika, kala samanten bonggoling titiyang durjana tansah tilem kemawon, salajengipun wonten kancanipun satunggil ingknag tumut kacepeng, apratela dhateng parentah, bilih bonggoling titiyang durjana wau anedha sabun pangumbahan, inggih punika dados sarananing angicalaken raos, manawi badhe andhatengaken kraosipun malih, punika tiyang ingknag anedha sabun kedah kaombeenan anggur, sareng makaten bonggoling titiyang durjana kaombenan anggur ngantos telas sawatawis gelas, sasampunipun kaombenan anggur, bonggol lajeng kabekta dhateng panggenan paukuman, wonten ing ngriku kkasakitan malih, kala samanten karaos sakitipun kaukum, lajeng purun angakeni sadosanipun sadaya.

=====

Mugi andadosna kasanengannipun tuwan Redhaksi, enggalkapacakna wonten Jurumartani, ing Jurumartani ongka 33, 19, Agustus 1869.

Wonten seratanipun katandhan, Raden Atmadikara, sayektos bab dakwa ki Kutis para bendara utawi para tuwan, kula matur ing sampeyan Raden Sayektos, menggah para bendara atuwin para tuwan mongsa namiya ki Kutis, larak tasih sae nami Wraksatai, mila sampeyan sampun ajrih-ajrih yen estu sampeyan mriksa ukum leres lepating kang sampun kasebut dalil.

Sareng kula maos seratan kang katandhan tiyang Mualap anami Jawibakar, punika kula kedah pitaken dhateng traden ATmadikara, awit raden adreng kumedah lan taran piremba kang sakalangkung sae, wonten Jurumartani, punika pirembagipun mitra pun Bakar, para kaji supados sami kaawratan ing pandamelan nagari, sampun mawang ing panganggenipun utawi mawang namini-pun kajen, lorah aden sayaktos punapa angrebagi.

Menggah pamanggih kula titiyang alit kaji wau sanes bongsa tuwan, dados boten neda kalayan kula titiyang alit, punapa sampeyan badhe ajrih dhateng kaji, panuwun kula mugi sampeyan trangaken pandakwa sampeyan dhateng ki |Kutis wau, sampeyan manah para tuwan anyalamur, lo punapa tuwan kaji, punapa tuwan bongsa kulit pethak Welandi, kula ragi kodheng, yen sampeyan ajrih dhateng tuwan kaji, tamtu kathah titiyang

kang eyur tumut ajrih, mongka tanah jawi sampun kathah kaji,
umanipun para priyantun punapa, yen kantos kaekul dhateng
kaji.

Punapa sampeyan boten mangyubagya menawi tuwan kaji kula iri
nyambut pendamelan nagari, yen kalampahan para kaji nyambut
damelan nagari, punapa sampeyan manah boten sae, punapa kula
gadhah manah angiri nyambut damel kalimrahaning kathah dhaeng
tuwan kaji, sampeyan galih wanter tanpa lawan,kula badhe
sampeyan wastani angawonawon dhateng tuwan kaji, dupeh tanpa
dosa sampun nami tuwan kaji.

Kula namung sakedhik raden, kodheng kula bilih sampeyan estu
ajrih dhateng tuwan kaji, awit umipun ing ngayugya kaya
nangins nangis, punika menawi para kaji, sampeyan ewokaken
wong ahli suwarga, punapa suwarga wonten rerupen Pansemat,
kang wonten gambaripun Singabarong, punapa para kaji bioten
anajisaken tuwin ngaramaken angemek Singabarong kang wonten
Pansemat.

O, Raden Sayaktos, kula kodheng sanget bilih sampeyan ajrih
dhateng tuwan Kaji, sipta kula sampeyan sampun dhamang dha-
teng lampahing raos, malah sampun gayuh dhateng bongsa supe-
nan sasaminipun, malah sampun wonten kang reraosan badhe
niweng dalem sampeyan, sanadyan kasebut ing pagriya sampeyan
saru boten dados punapa, yen sampeyan ajrih dhateng tuwan
Kaji, lajeng sande sami dhateng pagriya sampeyan, sabab
kathah tiyang kang tan ajrih dhateng kaji, ing ngarasipun
tiyang kang sumerap utusaning kaji wau tetepipun namung
sumerap ing mekah kimawon, wondening anggening boten purun
nyembah punika tiru-tiru tanah Mekah, upami kula tiru-tiru
namung supe nyembah kimawon, punapa tiyang kathah lajeng
ajrih anggadhaih kados bongsa tuwan.

Kados kathah mawon tiyang lajeng boten kurmat dhateng
priyantun, sami salaman kados caraning, kang kacriyosaken,
katandhan tiyang awon sanget griya sak ngandhaping sepatu,
bubrah, pun, susuh, awit nyambeke nyerat mengkaten para
satriya ing nagari Ngayogyo, yen wonten ingkang gangsul
lampaq lajeng enggal salaman.

Kula nyerat wonten Jurumartani boten saget alus luwes kados
sampeyan raden awit kula sumerab sampeyan niku kathah kang
mastani ahli raos, namung sampeyan pnapa sampun dhamang
dhateng suraos saseratan kula, raos saseratan kula amung
anayogyani, yen ki Kutos sampun pikantuk nami sae, dhateng
kang amangarang serat punika, wasana raos saseratan sampeyan
dereng anembadani, dados ki Kuris sampeyuan galih udur tan
sae wonten Jurumartani, mila kula sansaya adreng amanjangaken
pitaken ing sampeyan, punika sampeyan dipun awon-awon kados
pundi, sabab sampeyan tiyang ahli raos, sampun wiwit gayuh
ginem tiyang tilem kula pnika dereng nate mireng titiyang
angginem jaman tilem jaman kapaten, jawi ginem tiyang gesang,
anggening nyandhang nedha mawi kangelan nandur pari matun
nutu adang sasaminipun, larak kangelan gih den, sareng
sampeyan ngraosi tiyang tilem lajeng kula enget wong turu iku

ngmpi, nglindur, lali, lorak elok gih, kula sampun sampeyan
galih tembung piyokan kados lare, sampeyan rak raden sayek-
tos, mila kula matur sayektos, 24 Agustus 1869
Katandhan Imioyi, kang manggen salebeting Supenan Sayektos.

Ongka 40, 7 Oktober 1869

Menggah para priyantun ingkang sami karsa tumbas serat Juru-martani wiwit wulan Oktober punika, inggih taksih sami ang-sal, pangaosipun sarupiyah ing dalem sawulan.

=====

Para priyantun ingkang taksih dhadah sambutan dhateng kantor lelang ing Surakarta kala ing wulan Juni 1869, ing mangke sami kaemutaken ambayara sambutan wau saderengipun utawi satelasing wulan Oktober punika, manawi boten angleksanani ing pambayaripun wau, vadhe katagih medal saking panguwasan-ing parentah.

Surakarta kaping 1 Oktober 1869

Katandhan dening ingkang ngwasani kantor lelang tuwan Bosower.

=====

Tuwan P.F. Purneman mentas atampi pisis damelan Japan sakalangkung sae, kertu Walandi kapraos, wadhah mangsi, keker mikroskop suryakontha, mangsi abrit biru sapanunggilanipun, potelot kadamel anandhani barang suwek, potelot praosan, potelot kadamel agambar mawi pethen wonten ladingipun pangaretan tuwi sanesipun, armonikah sakalangkung sae, ungelipun, potelot kangege ing undhagi, keker kadamel ningali tebih, ing mangke barang-barang wau badhe kawade sadaya.

=====

Tuwan P.F. Purneman mentas atampi badhe kawade, tromel tosan pirantos wadhah arta, sarta damelan Inggris, sakalangkung prayogi bilih kaagema dhateng para raden ayu, tromel wau kacet mawi sesekaran.

Kertas Pos mawi wonten ulesipun serat kadekek ing dhus.

=====

Tuwan P.F. Purneman mentas atampi badhe kawade, serat pananggalan kangege ing salami-laminipun, regi 50 sen satunggil, wadhah mangsi gelas mawi tutup tembagi kasangub adamelan Inggris regi 1 rupiyah satunggil.

=====

Punika candhakipun cariyos bab titiyang ing ngalam dunya. Punapa titiyang ing nagari satunggil ingkang sampun kathah, saha sampun pikantuk cekap tedhanipun piyambak piyambak andadosaken panggesanganipun, boten saged wewah ing kathahipun bilih tedhanipun boten mindhak, sayektosipun dereng tamtu saged dipun wewah, awit titiyang ingkang taberi ing panggaota boten kenging kawastesan ing bab panggesanganipun, kadosta: kathahing tiyang gumantung dhateng kathah ing tedha ingkang medal saking nagari wau, tiyang saged wewah kathahipun manawi taberenipun amindhak, dados taberen punika ingkang murugaken dhateng ingdhaking pamedalipun siti, saestu andadosaken panggesangipun ing tiyang, sampun limrah awit saking lampah lilintonan tiyang saged.....

Taberening tiyang ing nagari satunggil amesthi saged kemawon angindhakaken pamedaling siti, dene indhaking pamedal punika saesty angindhakaken kathahing tiyang, awit sampun dados

titimbanganipun, indhaking taberen amurugaken dhateng indhaking pamedal ingkang andadosaken panggesanganing tiyang. Menggah pratandhanipun ingkang kados indhakingkathahipun tiyang awit saking indhaking tedha, kados ing ngandhap punika:

nagari titiga kadosta: nagari Inggris, nagari Sekot tuwin nagari Ir indhaking titiyangipun ngantos tikel ing dalem 50 taun, nagari Inggris tiyangipun kala dereng seket taun wau amung wonten sangagyuta, sapuniка dados pitulas yuta, nagari Sekot 1,5 ytua, sapuniка dados kawanyuta, nagari Ir kawanyuta, sapuniка dados 8 yuta, mila ing mangke kathahing titiyang punika kenging kawates dening kathahing tedha ingkang andadosaken panggesangan, dene kayektosanipun kados ingkang kasebut ing ngandhappunika:

Tiyangng nagari satunggil salaminipun boten suda suda kathahipun, sanadyan nagari ing ngriku wonten prang, kaparag ing pageblug tuwin sanesipun sasakit, inggih amung sawatawis taun kemawon sudaning kathahipun, punika salajengipun mantuk malih kados ingkang wau, awit sampun kattipariksa ing bab antuking kathahipun tiyang nagari ing ngriku, menggah prang tuwin pageblug wau kados boten saed anyuda tedhaning tiyang ingkang andadosaken panggesangan, malah tedhaning tiyang punika mindhak kathahipun, amargi saking suda kathahing titiyang ingkang sami pejah ing prang tuwin kenging pageblug, dados tedha wau kados tandho awit saking kiranging tiyang ingkang pancen anelasaken.

Manawi titiyang ing nagari badhe kaindhakaken kathahipun awit saking kawragadan anggenipun sami laki rabi, supados sageada anak-anak kathah, punika badhe boten andadosaken rejaning titiyang, bilih boten kaindhakan ing tedha ingkang andadosaken gesanganipun.

Kathahing titiyang punika boten masthi andadosaken sarananing indhakipun pamedal, malah asring andadosaken kosok wangslipun, ananging indhaking pamedal ing ngatasipun pamedalan taberen, punika saestu dados sarana indhaking titiyang.

Sampun asring kemawon para bongsa luhur tuwin parentah ing nagari amikantukaken titiyang laki rabi, malah asring karsa angantungi ganjaran arta dhateng titiyang ingkang gadhah anak kathah saking pamatawis bilih kathah tiyang laki rabi, inggih badhe angindhakaken kathahing tiyang, supados tiyang jaleripun sageada wewah kathah, lajeng kenging kadadosaken prajurit, sarta kenging kapurugaken ing padamelan, patrapipun angindhakaken kathahig tiyang ingkang kados makaten punika, boten sagead ajeg, ganjaran arta wau badhe adamel kathahing tiyang laki rabi, sarta badhe angathahaken rare lair, ananging manawi boten wonten tedhanipun ingkang andadosaken panggesangan, amesthi rare wau badhe boten sagead ageng dasosipun, sageada ageng saestu sami sasakiten, awit saking kiranging tedha, sanadyan sageada mindhak kathah ing tiyang ingkang saking lampah makaten wau, ewadenten kawasaning nagari boten sagead mindhak, para rare ingkang sami lair badhe boten sagead seger kasarasan awit saking kiranging tedha,

malah angawrat-awrati pagesangan, manawi rare-rare punika saged ageng kadadosanipun, inggih ugi badhe boten saged angindhakaken pamedalan.

=====

Pawartos warni-warni

Serat saking Batawi katitimangsankaping 7 wulan September ingkang sampun kapengker, saking pakabran manawi kanjeng tuwan Panbelumen Wanderes, sasampuniun angasta padamelan dados dhirektur saking paparentahan lebet ing dalem kalih taun laminipun, ing mangke kagungan karsa ingkang saestu, badhe nyuwun pamit dhateng nagari Walandi laminipun kalih taun, punapa malih saking pakabran wau kanjeng tuwan residhen Lamrespantorenbureg ingkang wau dados residhen wonten ing Surakarta, sarta sapunika saweg kondur saking nagari Walandi, badhe kagentosaken kanjeng tuwan Panbelumenwanderes dados dhirektur saking paparentahan lebet.

=====

Surabaya kaping 16 September 1869, serat saking Kedhiri katitimangsan kaping 11 wulan September ingknag sampau kapengker anyariyosaken kados ing ngandhap punika:

Bab tiyang ambesmi gudhang-gudahang sata ing Kedhiri taksih asring wonten, pulisi sasaged-saged sampun anyepeng dhateng titiyang ingkang sami kakinten ambesmi gudhang-gudhang sata wau, titiyang punika inggih sampun angakeni ing dosanipun, ananging sareng sami kapriksanan dhateng Rad Sambang, lajeng boten angakeni dosanipun, mila kalampahan sami dipun luwari. Menggah tiyang ingkang ambesmi gudhang-gudang sata ing Kedhiri wau sampun angakeni kalayan terang prakawisipun, wadana, jaksa, bupati tuwin asisten residhen ing Kedhiri sadaya sampun anguningani ing pangakenipun, malah tiyang punika amratelakakenpanggnan anggenipun amendhet latu kadamel ambesmi gudhang gudhang sata wau, punapa malih sareng kapriksanan dhateng Gripir ing Landart, wangulanipun inggih kados kala kapriksanan dhateng wadana, jaksa, bupati tuwin asisten residhen, ewadenten purun amungkiri aturipun ing ngajeng, sareng kapriksanan dhateng Rad Sambang, kadadosanipun tiyang punika kaluwaran, amargi saking lampahipun ing serat anggger, kados pundi purugipun bilh boten wonten ewah-ewahanipung prakawis ingknag kados makaten wau.

=====

Saking pakabaran wonten titiyang cina ing gapura ing mangke adamel griya ageng pancen kangge Susiteit, ing ngriku badhe kadekekan meja kadamel Main bolah satunggil, sarta badhe kadekekan papan main kegel kalih, menggah bibingahanipun titiyang cina makaten wau sampun amratandhani, bilih anelad bibingahanipun para tuwan Walandi.

=====

Ing Jurumartani ongka 30 ing ngriku wonten saseratanipun Tumenggung Gondaatmaja, eh eh,jandika rebag yen kula, garoh tuwin dura, sarta baten temen, ewasamanten ijandika, ragi ngandel ukurukur, bilih Raden Tumenggung wau, kasagedanipun,

welandi mung satugel, 2 arab mung saklimah, 3 koja, sacuwil,
4 cina saprapat, 5 Aprikah sajuwing, 6 jawi masthi sagety,
gugung sampun jangkep, 6 basa, 6 mas, wangsul jandika, wau,
inggih teksih kathah lepatipun, trangipun, dyan menggung,
samun baten saget babar pisan, mila kula purun nebda mekaten
suwawi, ta, kagaliya, sipayitipun raden tumenggung, punika, rak
sampun kuncara, ing negari monca, tur ing nembe ngasta pangu-
wasa, ing negara, ing wusana, kang dadya sagah ing tan yekti,
sadaya ingkang serta, manira, kantos meniren anggen kula sung
pangalembana, wonten ing Batawiyah, tan arsa mangsuli, e,
bogih, saklimah mawon dara, lo kok boten, eh, yen karsa
panduka makaten inggih sampun leresipun katujang dene pun
welasan, e e, mas welas, jandika enget-enget dhateng kula,
inggih sek langkung tarima kasih, yekti makana, kang kuwala,
arsa, yen besan Ngayugya, dumugi, Batawiyah, garoh ing wonten
manira, yen buya tamtu, garoh, ing kula sumongga, sutik yen
kanggenana, tamat, sinerat batawi kaping 3 Agustus taun 1869
katandhan tan wande, ing Sukaarja.

=====

Ing ngandhap punika, wangsulan kula, dhumateng panjenengani-
pun Tamioyi, ingkang manggen salebetung supenan sayaktos,
Kula sampun maos saseratan sampeyan ingkang tumrap ing Juru-
martani, ongka 39, ingkang medal kemis kaping 30 September
taun 69, suraosipun kula sampeyan galih, andakwa dhateng ki
Kutis yen para bendara, tuwin para tuwan punika sampeyan
sampun seling serep kul aboten andadkwa makaten kula punika
namung nyariyosaken sumelanging manah kul asarehning juru-
martani punika asring kathah ingkang sengsingedan nama, dados
kula amratelakaken ing kaajriyan kula, sawantahipun kimawon
denten sampeyan mundhut katranganipun ingknag kula ajrihi
punika para tuwan bongsa kulit pethak welandi, dene para
tuwan tuwan kajipunika saupami kula ajriya dhateng tuwan
kaji, saiba rare alit ingkang sami anggegajeng dhateng kula,
awit kekathahen ingkang kula ajrihi, sareng para tuwan walandi
bongsa kulit pethak wau, estu pantes kula ajrihi sampun
ingkang nami tiyang alit sak kula, para sangginggil kula ugi
sami ajrih dhumateng para tuwan walandi, dene para bendara
punika ugi makaten wajipun bongsa kula tiyang alit wau
ajrih, awit kaki buyut canggah warengipun tiyang alit wau,
sami abdinipun para bendara, saurutipun manawi sak kula
gadhah wicanten badhe purun kenging kawastanan tiyang boten
pirsa ing leres mila pratela kula dhateng ki kutis mawi kula
remehi, yen dede kalih bab punika, saking pangatiya-ati kula
tiyang ajriyan, yen saupami sanesipun kula, ugi boten makaten
sanajan sintensintena tiyang tandhanipun nama ki Kutis naming
manawi kula sampeyan wastani ajrih dhateng tuwan kaji, punika
boten sanget kaliyan dereng mupakat manawi kaji punika dipun
ajrihi, kang mongka yen angleresi wulan Rabingulawal punika
para kaji atusan kathahipun ingkang dhateng nagari Surakarta,
saupami kul ajriya, saiba anggen kula kerep pyampang mendhak
utawi andhodhok mila leres ing pethek sampeyan ningali
kathahing kaji wau, paitanipun naming angger sumerep ing

Mekah kimawon malah wonten ingkang wangsul ing margi, lajeng ngaken kaji amurih kajenipun menawi ngepangan, namung saked-hik pethek sampeyan, dhateng kula punika ragi lepat manawi kula sampeyan wastani ahli raos kang mongka kula punika sayaktosipun katimbang kaliyan sakonca kula Ordhenan tuwin konca lurah, kawical bodho piyambak denten anggen kula kamipurun cumandhak andherek usul wonten ing Jurumartani, ginem-bab tilem tuwin supenan punika saking pangangkah kula namung badhe ngupados bathi indhaking saserepan kula kimawon kagalih kula saged utawi sumereb jatosipun boten utawi kula sampeyan wastani boten anembadani tuwin kula mastani, ki kutis udur tan sae wonten ing Jurumartani, punika boten makaten saking-kajating manah kula atur kula punika ing sak saenipun udur ingkang mawi semu sereng ing galih prayogi alantaran rembag ingkang utami, wasana ing sakathah-kathahipun samangke kula sampun rumaos manawi kalepatan bab wangslulan kula dhumateng ki Kutis ingkang sampun kalampahan, boten langkung kula namung mangajeng-ajeng pangaksamanipun ki Kutis dhumateng kula. Ti Ti.

Pratondha Raden Atmadikara.

Ing Jurumartani ongka 34 wonten saseratanipun mitra kula, Mas Bei Sastra Permadi, ing Ngayogyakarta, suraosing reng-reng, jawab dhateng mitramba, mas, kata, ing negari Surakarta.

Priyantun kekalih wau,kula sawang,kok samya derdah, rebat leres, bab pajeging siti dhusun, e,mas Sasta Permadi, yen-kenging jandika, kula emutaken, sabab reng-renging. Priyantun laningkang lepat,pyeh, ya wong bodho mono, sak bisa-bisane, andekna durung,maju ing rana, nulya susumbar kakudhung, layang perjanjeyan bab kaping 6 bab kaping 12, utawa, bab kaping 20, pradata awal bab kaping 29,pradata akhir, punika sareng kula timbang, sampun boten mencok ing ngatasining perka-wis punika, Cekakipun ambok leresan jengandika, kagelara sadaya, sampun boyo keluh ing ngatasining mas kata, sabab, ingkang rebat leres kasuwunaken adil kyai Juru, punika, maos sak derengipun 40 dinten,ing wusana, mintra kula, Sastra Permadi, tampi reng-reng kados mekaten, iba, upamiya katang-gor, tyang dhusun kluthuk tamtu ajrih, sabab kudhungipun ageng, sareng ketanggor mitra kula, kata, tamtu sansaya malanging, rugma, ingkang punika, sampun kagalih, kula, wau. ngragong, angendhak suranipun sastra Permadi, boten amung matur sak leresipun besaos, sinerat ing Kartasura ping. Katandhan, Kata Nglambung, Tironan.

Kaatur ing panjenenganipun, tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani, panuwun kawula, menawi dipun galih pants sarta maksih lega papanipun, mugi wontena kersanipun macak serat kawula punika ing Jurumartani. Wonten satunggal panguluing dhistik, S, kabupaten P nami M, S, MN, umuripun kirang langkung 30 taun, punika ing ngatasipun lare nem cekap, menggah engetan tuwin kencengipun dhateng Igami, ing Dhistik

ngriku sareng dipun alami pangulu punika, tiyang sembayang miwah tiyang ngaos tambah kathah, punapa malih mesjid, sak punika dipun damel sae, sarta dipun damelaken kolah mawi kamester, saking dening birainipun dhateng Igami, boten enget rugi, angsal tiyang tur ing ngatasipun tiyang nyepeng Igami, plesiranipun saru sanget, kadosta: 1 Plesiran, ngingah segawon, 2 plesiran main kertu, 3, nonton ronggeng.

Punika ing ngatasipun tiyang jumeneng dados pangulu boten pantes, semanten punika yen sampuna kupingipun budheg, inggih ragi sumerap, mongka kupingipun budheg, dados sedaya tiyang sami getun, sarta kathah tiyangjengkel, sawab menawi dipun ajak wicanten menawi boten dipun jawil boten mireng, panuwun kawula plesiranipun kang sampun kasebut ing nginggil wau, mugi dipun mantunana, sampun dipun lajeng lajengaken, rehning piyambakipun nyepeng Igami, menawi dados tetuladanipun tiyang kathah boten sae.

Sinerat ing Jatimalang kaping, Jumadilakir,
katandhan, kawula tiyang Pekir, Sleman.

=====

Kula maos serat Jurumartani, ongka 34 kemis kaping 26 Agustus 1869, ingkang katandhan mintranipun redhaksi, ingknag dados bubuka ringgit pun gambyong.

Wonten malih ingkang katandhan, Surapringga, punika kula ragi kirang dhamang kang dados pikajenganipun, sabab tembunganipun ing ngajeng mangalembana, dhatengingkang dipun sedyakaken, ing wasana kidangamangsul nanging mencolotipun kirang dudugi, wasana dados tuna dungkap, dumugi mawon boten, yen kaupamekaken tiyang jemparing utawi nyanjata, utawi anggandhen paku, nyrempet kimawon boten, menggaha titiyang nyemplung bengawan, sareng mentas kalumut, punika gadhahi daya pambengok piyambakipun, tak arani banyu iku ora nelesi, yen mengono geni iku temen manasi, lo sakedhik kimawon anggen kula damel panjawatan, punika kula sumongga, panjenenganipun tuwan kang, mangarang Jurumartani.

E kula matur malih, piyambakipun mungel mekaten, ketanggora tiyang tanah Semarang, O sampun kula pethek tiyang Samarang saget nanggap pun gambyong aleng piyambake nanggap wayang cina punika saget, awit gendhingipun sanes lagu, klayan terang tiyang semarang boten sinau beksa, sumerapipun sae awon waton punapa, yen kaupamekna tembung amek geni dedamaran, angangsupi ku lan banyu, wonten emperipun, sareng tembunganipun namung masang gelathik gelodhoge pinasang ing longan, larek sewu mokal, pinanggiya kang dados leresipun, punapa titiyang Samawis sami dereng anggalih, yen nagari Surakarta miwah Ngayugyakarta isinipun namung 4, kang mongka ugreringrat, kraton Surakarta kabupaten Mengkunagaran, kraton Ngayugyakarta kabupaten Pakualaman, punika wayah dalem kang maha agung.

Kejawi punika, tuwan redhaksi, anggen kula bingah manjurung Jurumartani kok amrih punapaha boten, amung dados sapratondha langgengipun wonten Jurumartani kula dherek amumuji.

Ewadenten wonten kang nampeni awon kagaliya, awon punika anandhingi sae, ingkang sae aningalaken kang sami awon, kados pun gugon badhe sumerep kang boten tuhon, pun boten gayuh lami-lami badhe sumerap, gunaning kareta asep sapanunggilanipun.

Pangangen-angen salebting manah, ananging sangking sangeting pangangen-angen kula wau, mila kalampahan ngantos saget lumuber wonten ing Jurumartani, kados ing ngandhap punika kawontenanipun.

Ingkang sakawit kula mireng kabar, yen salebetting taun Jimawal ngantos dumugining taun Je punika, ing naari Surakarta, anglangkungi sangking kathahing tiyang cina, ingkang sami darbe atur gugat bab sambutan. Menggah alalampaahan makaten wau, sangking raosing manah kula, prayogi sanget manawi tiyang cina kaawisan boten kenging nyambut sarta anyambutaken dhateng para wandu wanda ing nagari Surakarta sadaya, ingkang manawi badhe awade tinumbas inggih ambayara kenceng kimawon, dene wonten ingkang apurun purun nerak awisan wau, mongka ingwingking ngantos dados prakawis igkang anyambutaken kabaganena. Wondene ingkang sampun kalajeng nyambut anyambutaken dados prakawis ingkang sampun karampungaken utawi ingkang dereng karampungan punika, sawarnining priyantun ingkang nyambut sarta kagugat wau, katitiya priksa ingkang trang, pinten kathahing pamedalipun wulanan tuwin pamedalipun ing dalem satengah taun, salajengipun ingkang sapalih kabagiya dhateng sawarnining tiyang ingkang sami anyambutaken, dene ingkang sapalih, taksiya lestantun katampen dhateng para priyantun ingkang sami gadhah pamedal supados kacekapa anggenipun lumampah damel utawi wontena ingkang kadamel nyandhang nedha anak rayatipun, saupami sampun kapranata makaten mongka wonten satunggiling wadu wandawa ingkang leleda, boten anglampahi ing sadamel damelipun punika pantes sanget yen kaukuma ingkang sakalangkung awrat sarta kabikak sangking kalenggahanipun.

Ing wasana, anggen kula kami purun medhar panganen-angening manah ing nginggil wau, amargi pamireng kula, para luhur ingkang sami angasta parentah, kapareng sanget dhateng sawarnining pustaka kabar ingkang sakinten mikantuki nalar wewah-wewah ing prajarja. kang mongka saking raosing manah kula, ingkang kasebut ing nginggil wau, ragi magepokan nalar ingkang sawetawis saget ambirat kalesaning praja, awit pamanggih kula, ingkang anenarik wedaling manah dhateng kadursilan sasaminipun punika, boten langkung amargi sangking anggenipun kakirangan, kang mongka badhe rineksa ing kakiranganipun, sampun tamtu inggih badhe kathah kaotipun, utawi sirnaning sambut-sinambut wau, saestunipun ingggih badhe adamel kamayar-an dhateng ingkang sami angasta pangadilan, awit saking boten wonten tiyang gugat-ginugat bab sambutan, lan malih sapinten kimawon misuhuring kautamenipun, dene ingkang siungsing kawasa karsa amurwani mangun suka kacekaping para wadu wandawa sadaya. Tur makaten wau boten adamel karisakan-ing tiyang malah adamel sewu kamulyan tanpa sarana. Ing

wekasanipun sadaya wau kagalih prayogi linaksanan inggih sakalangkung anggen kula sukuring Allah, boten inggih sakalangkung anggen kula sukuring gusti Allah. kaping 18 September taun 1869.

Katandhan dening pun Sardulawikridita.

Sangking sotyang kekeling manah kula, baten saget ngraosaken panyengesingpara mitra, adhuh amba kantos kesah lelona, lamenipun basonta dina munggeng prawata sapta, eh, kula wonten ngriku nasak wona, dene getun ngungun kula wau, kidang menjangan injil, kok boten purun celak mring amba, o, tiyang malih sudiya dhateng kula, ingkang si... dhusun traka, kuburipun Waliyullah, ing ngriku yektos singup, kula lajeng sujarah malih ngidulngilen kawestanan Gebang Tinatar, nggenya tepining samodra, inggih punika patilasanipun kanjeng Sunan Kali, cariyosipun saderengipun taun 1333, punika kalangkung dening ageng, sareng nembe sak punika sanget alitipun, amung gadhong riyu-riyu yektos bagus tur mawi sundhang, inggih punika kodratollah ujaripun ngelmiwiyo ora kena kinayangapa, enjingipun malih kula lajeng mlebet gutha kacemplung nglebet wonten recanipun buda 2, sami netra sinjang sinampingken amung sak punika warni sela sedaya, saking cariyosipun tiyang ing ngriku, menawi mongsa labuh sami nanedha berkah dhateng kyai cemplong sangking yakinipun tiyang bodho sampun dados adat yektos mijilken sinta prayoga, kula lajeng mantuk medal dhusun, 1, 2, 3, ing ngriku dhusun Ga, wonten gadhongipun warni 3,1, jati, 2, wunut, 3, preh, punika damel pepundhen tiyang ing dhusun ngriku, malah saben merti dhusun dipun memile sairip kakekipun ingkang sampun musna, em, rehning kula selak kasesa mantuk mila sanget cuwaning manah kula, dereng demugi ngen kulalana, rak sampun kelok yen tanah redi kidul punika kathah barang buda, tuwinkayu watu kang angker-angker sinembah lir bethara rama, abok inggihpengagenging redi kidul purun kintun srat Jurumartani, yah upami amba sageada dados lurah ing dhusun ngriku, amba sagah amratelakaken, punapa kawontenanipun barang buda, kang gumerlar, ing tanah redi kidul sedaya. katandhan, Purwalelona, ing Sukaarja.

Ing Jurumartani ongka 31, kula maos seratipun Sastra Premadi, suraosipun angewahi anggitanipun ignkang sampun kapacak ngajeng, sabab kamanah alintu utawi lepat ing panyeratipun, punapa dene angakeni manawi meh saben nyerat kalintu atrapi-pun, wong jarik amoh di tambal masthi yen sangsaya bebre.

Pikajengan kula boksampun rewa-rewa kawastanan lepat utawi kalintu, tiyang pancen dereng semerep pisan pisan dhateng atraping ukara utawi sastra, suraosipun amung remen kadamel sawung kineplokan wonten ing pabarataning Jurumartani.

Kados pundi anggen kula boten mastani makaten anyerat redhaktur kemawon dereng genah, dipun serat redhaktur, dangu-dangu dados namung umuk anyrepaken dhateng ing ngakathah, yen mas

Premadi dhenger dhateng tembung Eropah.
Pasangan ta dipun terapaken sakajeng-kajengipun.
Tembung me sakajengipun mas Setra Premadi dipun lintoni
metca, punika rak kalajeng lepatipun malah sangsaya bubrah,
ingkang dipun mastani petca punika tegesipun punapa, kula
pintok-pintokaken dereng wonten ingknag saged dhamangaken,
nanging pamanah kula sastra Premadi badhe mastani weca utawi
ekta, dipunserat metca.
Bok sampun kumapinter mas mindhak dipun gugujeng ing lare,
manawi ijengandika kinarya tatabuh (gigitik) dening ing liyan
sampun kalecek-kaleceken purun anglampahi, kajawi bilih sarta
dados upet mancur, ngandhap paron nginggil palu, aluwung
sampeyan amuruita anerangaken bab saking raosing angger
ingkang kula tedha, kapacakna ing Jurumartani, murih kasumere-
pan dening sinten sintena ingkang manggepokan perkawis ang-
ger, sabab angggitan sampeyan ingkang sapihan suraosipun
namung anuddingi kemawon punika mindhak ametengaken nalar,
kalih dene boten uger tiyang gadhah sert angger-angger.
Ing ngajeng boten badhe kula wangslu anggita sampeyan sabab
suraosipun mawi amapanaken gelar, sampun ngantos dipun ce-
cenges dhateng sang kata, lo kok mawi manah rangkep,pun ta
bilih sampeyan saged andhamangakenawit kakanthi rinten dalu
dening priyayi ageng, kula weca kathahing kang asung panrima,
nanging sampeyan sampun wigih-wigih, sanadyan sampeyan kados
kula, dereng patosa sumerep dhateng lukitaning sastra, ugeri-
pun namung anerangaken suraosing angger, bab pambayaring
pajeg kemawon tegesipun sampun ngantos nyebal saking eliding
pasual, Surakarta ping Oktober . katandhan Ka Ta.

Ongka 41, 14 Oktober 1869

Kala tanggal kaping 4 wulan Oktober punika, amarengi tingalan panjenengan dalem ingkang sinuhun Kanjeng Susuhunan Pakubuwana Senapati ing Ngalaga Ngabdurahman Sayidina Panatagama Ingknag Kaping IX ing Surakarta, putra dalem ingkang miyos saking Kanjeng Ratu Pakubuwana anama Raden Mas Gusti Sayidin Malikul Kusna kajumenengaken anama Kanjeng Gusti Pangeran ADipati Anom Amangkunagara Sudibya Raja putra Narendra Mataram ing Surakarta, kasebut ing serat Kakancinganipun Kanjeng Gupremen, katitimangan kaping 15 wulan Juli ingkang sampun kapengker, sasampunipun kajumenengaken Kanjeng Gusti Pangeran ADipati Anom tumunten ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan amratelakaken sakalangkung suka panarimah ing galih dalem, dhateng kajeng tuwan ignkang wicaksana guprenur Jendral, alantaran kanjeng tuwan Residhen ing bab pangangkating putra dalem kajumenengaken kanjeng gusti pangeran ADipati Anom wau.

Dhumateng para priyantun ignkang sami maos serat Jurumartani. Kula tuwan P.F.Purneman asuka pratela dhateng para priyantun ingkang samimaos serat Jurumartani, bilih ing mangke kula ingkang medalaken serat Jurumartani, mawi angindhakaken agenging dalancangipun ingkang kangee ing jurumartani wau, pamurih kula sageeda angindhakaken wiyaring papan ing Jurumartani, supados angathahna pawertos sapanunggalanipun ingkang badhe kapacak wonten ing Jurumartani punika, menggah para sageeda akathah ingkang sami aprajangji, badhe ambiyantoni pawartosing serat Jurumartani, mila ing mangke panuwun kula dhateng para priyantun sadaya, mugi karsaha andhanganaken ing panumbasipun serat Jurumartani wau, supados sageeda lestantun ing wontenipun serat Jurumartani wau punika.

Wondene sakathahing pakabaran ing bab wade tinumbasing barang-barang sapanunggilanipun ingkang badhe kapacak ing Jurumartani, punika saben dinten badhe katampenan ngantos dumugi ing dinten kemis, wiwit enjing ngantos dumugi angajeng gaken jam kalihwelas siyang, menggah pangaosing pangecapipun pakabaran ing bab wade tinumbasing barang-barang panunggilanipun wau, wiwit tanggal kaping 1 wulan NOpember ing ngajeng punika, amung kaetang 50 sen ing dalem sadsa tembung.

Ing wasana para prtiyantun ingkang dereng tumbas serat Jurumartani, mongka badhe tumbas ing taun 1870, punika badhe sami kakintunaken serat Jurumartani ing dalem kalih wulan, wiwit wulan nopember ngantos dumugi ing wulan Dhesember ing taun punika, boten mawi ambayar pangaosipun ing dalem kalih wulan wau, ing mangke para priyantun punika kula aturi sami angintunaken wangslu serat kalowongan ingkang tumunten dhateng kula malih, sasampunipun katandhanan ing nama, supados kula sageeda amranata cacahipun bab kathah-kedhiking serat Jurumartani ingkang badhe kula ecap.

katandhan P.F.Purneman.

Bab anyambutdamel

Tiyang gesang kedah anyambutdamel, saking anggening anyambutdamel amesthi wonten angsal-angsalanipun, ingihpunika ingkang kawastanan pamedaling panyambutdamelipun, pamedal wau kaangkah sageda mindhak ingkang sakalangkung kathah, ananging boten mawi angindhakaken rakaosing anggenipun anyambutdamel, kadadosanipun lajeng angawontenaken pirantos, inggih punika ingkang adamel indhaking pamedal kalayan kamayaran, pangangkahing titiyang ingkang andunungaken pamedalipunpanyambutdamel wau, punika sageda tamtu ing panarbenipun saha kalayan tentreming manah, kalampahan nagari akumpul kaliyan angger-anggeran, sami manut pamacakipun pirantos ing samukaws damel, sarta amerang padamelan punika, wah amerang pirantosipun pambektaning punapa, andadosaken santosa ing indhakipun kathah pamedal wau punika.

Wondeneing sagedipun kathah indhaking pamedalipun saking anyambutdamel, saestu kedah wonten sarananipun ingkang prelu sanget, inggih punika ingkang kawastanan: luwaring awisan, manawi luwaring awisan kadunungaken, saestu badhe angindhakaken kathahing pamedalipun panyambutdamel, sanadyana adamel sudaning pangaosipun pamedal wau.

Meggah pangluwaripun samukawis panyambutdamel punika andadosaken cariyosipun bab saserepaning tiyang ingkang sampun terang, saben titiyang saestu sampun sami sumerep, manawi lampah ingkang pasaja sampun tinakdir dhateng ingkang maha kawasa, kadosta: pamedaling tiyang saking panyambutipun damel, sapun kalebetaken ing rawatan, punika dados gadhahanipun piyambak, punapa sapikajenganipun ingkang gadhah amsthi pamedal wau kenging kaangge, boten wonten ingkang angaruiru, sanadyan badhe kalintokna kaliyan pamedal sanesipun ingkang sakinten pikantukipun atimbang kaliyan panyambutdamelipun, ewadenten lampah ingkang tinakdir dhateng ingkang maha kawasa katilar, pikajenganing tiyang badhe pikantuk kapamedal boten mawi sarana anyambutdamel, sinten ingkang rosa, punika lajeng anandukaken ing damel dhateng tiyang sanes, supados pikantuk kapiyambaka untunganipun, menggah patrap ingkang kados makaten punika anyimpang sanet saking leres, malah wonten ingknag angrebat pamedaling titiyang sanes, andadosaken wontenipun reresah tuwinprang, ananging lalampahan ingknag kados makaten wau, tumrapipun kala jaman kina.

Sakathahing rencang tumbasan kala ing jaman kina, sapunika inggih taksih wonten sami katrapaken ing padamelan, supados pamedaling panyambutdamelipun andadosna kauntunganipun ingkang gadhah rencang. Sakathahing tiyang durjana ingkang sami gadhah lampah ambebegal sapanunggulanipun sadaya saestu boten kikilapan, bilih boten anyambut damel inggih ugi boten saged pikantuk pamedaling panyambutdamel, sanadyan lampah ambebegal inggih ugi kalebt ing padamelan, para rencang tumbasan pikantuk pamedalan saking anggenipun anyambutdamel, ananging pamedal punika sadaya kadarbe dhateng bendaranipun ingkang lajeng medal pitembunganipun makaten: Batur tukon ora oleh apa-apa saka pametu enggone anyambutgaer, awit batur tukon

iku kalebu dadi bondha kaskayaku, makaten ugi lampahipun tiyang ing jaman kina ingknag sami kabawah ing sanes, salajengipun rencang tumbasan sapanunggilanipun para tiyang ingkang sami kabawahing sanes wau lajeng boten wonten awit saking lampahing agama (Ng)Isa, kadadosanipun bendara kaliyan rencangipun tumbasan sami gadhah pangkat piyambak ing bab ingkang anyambutdamel sarta ing babingkang andarbeni pamedaling panyambut damel punika.

=====

Wonten tiyang ingkang sakalangkung pambruwahipun dhateng tatedhan, punika wicanten dhateng mitranipun, pitembunganipun makaten sila kong temen wong kang ora doyan mangan yen di undang mangan marang wong, Mitranipun mangsuli, iku durung kena diarani cilaka kaya wong kang doyan mangan, mongka ora di undang mangan ing wong.

=====

Wonten sadherek jaler kakalih, sami gething sanget dhateng titiyang estri, saha sakalangkung anggenipun remen angrawati bondha kaskayar, punapa malih sampun boten maelu dhateng kabetahanipun ing agesang, sadherek kakalih wau sami atunggil sagriya, sanadyan anggenipun aakalempak rajabrama ing dalem kalih dasa taun sampun kathah, malah saking pangetang sampa wonten nem kathi rupiyah, arta samanten kathahipun punika amesthi boten kirang kadamel anyampeti dhateng kabetahanipun ig agesang, malah kapara langkunga boten saged kirang, ewadenten boten pisan-pisan angupados saka bingahaning ngagesang, sarta anedhaha ingkang eca-eca, menggah panggesangani-pun sadherek kakalih wau sakalangkung aneh, awit boten purun kukumpulan kaliyan titiyang sanes, sarta ing griyanipun punika titiyang sanes boten kenging lumebet, dados kukumpulanipun sami sadherek kemawon, ngantos dumugi ing pejahipun, sareng sadherek ingkang satunggilpejah, antawis sajam sadherek satunggilipun anututi pejah, wondene anggenipun sami agesang sadherek kakalih ingkang kados makaten wau, punapa saking sampun kulina alit mila, punapa manut lalampahaning titiyang sepuhipun, punika boten wonten titiyang ingkanng sumerep sababipun.

=====

Wonten sadherek jaler kakalih sami gadhah toko wawadeyan kamlili, ananging toko wau boten nate karesikan, mongka lakomipun sampun langkung saking kawandasa taun, dados sakalangkung keprohipun, anjawi saking keproh sadherek kakalihpunika sami cethil, tatedhanipun ing saben dinten amung ngupados rontoganing tatedhanipun tiyang sanes, dene manawi tilem wonten salebeting griya ing saenggen enggen kemawon, dados boten gadhah patileman, sakalangkung sanget anggenipun remen dhateng bondha kaskaya, tiyang sepuhipun inggih gadhah lalampahan kados makaten wau, sareng tiyang sepuhipun punika pejah, sadherek kakalih sami manggih arta kathahipun sakethi alih leksa rupiyah wonten ing patilemaning bapa, punapa malih sareng sadherek ingknag satunggil pejah, bandhanipun sadaya kadarbe dhateng sadherek ingkang satunggilipun, salajengipun

sadherek satunggilipun wau pejah, atilar bondha kaskaya
pinten-pinten ewu rupiyah, ananging bondha kaskaya ewon wau
lajengipun ingkna g andaberni dados tiang sanes, tiyang
punika kadamel alitwarisipun, amargi tiyang wau labet sampun
angundang nedha sapisan dhateng sadherek ingkang pejah kantun
piyambak.

=====

Tutuladanipun tiyang estri watawis ingkang sakalangkung
sanget cethilipun, kapratelakaken kados ing ngandhappunika
cariyosipun.

Wonten tiyang estri sakawan, ingkang satunggil punika dereng
wonten tiyang sumerep, bilih anyumed dilah wonten ing kamari-
pun ngantos ing dalem kawan welas tauun laminipun, dados
anggenipun tilem petengan kemawon, awit saking cethilipun
ngantos pilalaha ngraosaken luwe kaliyan anyuda barng
darbekipun saking dening katedha, manawi aningali barangipun
tiyang sanes, mongka piyambakipun saged anyolong barang
punika, inggih lajeng kacolong, sareng makaten ngantos lami
tiyang estri wau boten katingal medal saking kamar ingkang
korinipun kakancing saking lebet, salajengipun wonten tiyang
ambikak kori kamar punika kalayan paksa, awit tiyang wau
badhe sumerep punapa ingknag dados sababipun dene tiyang
estri punika boten medal-medal saking kamar, sareng korining
kamar sapun kabikak, tiyang lubet ing kamar wau, ing ngriku
tiyang aningali pawesti cethil taksih gesang, ananging sampun
lesah sanget, saha sampun boten saged wicanten, boten ngantos
dangu tiyang estri punika lajeng pejah, sareng barang
tilaranipun ingkang wonten salebeting kamar katiti pariksa,
kapanggih ingkang warniarta kertas kathahipun kawan kethi
wolung leksa rupiah, anjawi saking punika mas inten barang
pethakan,tuwin barang sanesipun ingkang kathah pangaosipun
inggih sakalangkung kathah, lalampahan ingkang kados makaten
wau andadosaken gumuning titiyang, dene wonten tiyang sugih
makaten teka ngantos pejah kalirene.

Tiyang esri kalihipun punika anggenipun wonten salebeting
kamaripun ngantos tigangdasa wolu taun laminipun, boten medal
medal saking kamar wau, manawi wonten tiyang badhe lumebet
ing kamaripun, sakalangkung kekah boten suka dipun lebeti,
dene ing dalem tigang dasa wolu taun punika sakalangkung
anggenipun anandhang kacingtrangan, ewadenten sareng pejahi-
pun, atilar arta kathahipun kawanleksa wolungewu rupiyah.

Tiyang estri katiganipun inggih makaten ugi anggenipun
anyegah tatedhan awit saking owelipun bilih katedha, malah
ngantos anglampahi papariman wonten ing margi ageng, sareng
tiyang estri punika pejah, kathah ing arta titilaranipun
kapanggih sakethi lalih leksa sarupiyah.

Tiyang estri ingkang sakawanipun punika panggesanganipun
saking tatedhan ingknag sakalangkung asor, upaminipun kados
tatedhan ingkang kasukakaken dhateng kewan,manawi tilem
wonten ing jrambah kemawon, sanadyan gadhah patileman kat-
hahipun kalihwelas iji, tur sami sae-sae daya, ewadenten
boten purun atilem wonten ing patileman wau, sareng pejah

barang darbekipun sakalangkung kathah, wonten ingkang awarni arta, mas inten, griyanipun inggih kathah, sarta gadhah siti wiyar.

Menggah tiyang sugih ingkang kados tiyang estri sakawan punika, amratandhani bilih bondha kaskaya boten amikantuki dhateng tiyang ingknag awit saking anggenipun badhe ngupados kaindhakan, ing mangke wonten cariyosipun tiyang sugih ingkang bdhe anampeni artanipun saking Bang (Bank) ing nagari Inggris, sareng lumampah badhe anampeni arta wau, wonten ing margi anyambi nylong kobis ingkang wonten salebetung senik, ing sanalika koangan, lajeng kapatrapan paukumaning kadurjanan, saibata kamelikanipun tiyang sugih wau, kobis satunggil badhe kadamel indhakaning kasugihanipun.

Kawula angturken wangsulan cekak dhateng mas Surengwesthi ing nagari Semawis, andangu kawontenanipun ing grahana wulan nagari Ngayogyakarta kala tanggal kaping 23 Juli, atur kawula inggih sayektos wonten, saserepan kula boten sanes kados saserepanipun raden Atmadikara ing nagari Surakarta.

Wondening raden Arya Jayengwesthi ing Mancingan paningalipun boten sumerep ing dinten Jumungah pon wanci pukul 1/2 8 (setengah wolu) dalu wonten grahana, malah pangakenipun kakadhar wanci pukul 7, dumugi pukul 2, dalu, meksa boten aningali grahana rembulan bab ingkang makaten wau, kula sakalangkung ngungun dhateng Raden Arya, ananging sangking pamanah kula, wonten leresipun sakedhik awit raden Arya Jayengwesthi wau, anggenipun kadhar wonten ing Mancingan punika kalebet wawengkon kadhatonipun ratu kidul inggih punika jagad walikan sangking Kemating lalembat, meh saingga angemperi cariyosipun Raden Jakatingkir, nalika ownten ing Kedhung Srengenge, aningali kadhatoning baya, paraosipun boten seyos kalyan jagad sayektos, makaten ugi raden Arya Jayengwesthi, anggenipun boten saged ningali grahana rembulan, awit sampun kalebet wonten laladan kadhatoning lalambat, dados jagadipun boten kenging kaetang bilih srengenge wau anarik donya, dados katranganipun Raden ARya Jayengwesthi wa sami ugi, kaliyan raden Atmadikara, kang misuwur saget dhateng ngelmi raos, punapa dene anjarwani ipen, ananging kayektosanipun priyantun kakalihpunika, boten wonten ingknag kadunungan kawruh sangking priyantun bongsa Eropah, awit cipta sasmitaning sastra, kedhap kilating pitembungan menawi para sujana amesthilajeng sumerep kimawon, ewadenten kula badhe angsal seserepan kawruh ingkang sangking raden Atmadikara, bab anjarwani ipen, punika kulal sakalangkung kodheng, yen ta kula pirit sangking sarengat awit Kanjeng Nabi Adam, dumugi agami Musa, punika wonten ingkang saged jarwani impen wasta nabidaning yel, nanging kasagedanipun sangking sima, awit nabidaninyel dipun krangkeng awot kaliyan macan, wondening gancaring cariyos masiborong raden, denten agami Ngisa, dumugi agami Mukamad sawek sumerep badhe sangking raden Atmadikara punika, ingkang saged anjarwani inpen. kalih dening malih raden, anggen sampeyan damel titimongsa

wonten ing Jurumartani, Kemis kaping 30 punika angkaning tanggal tuwin sangkalaning taun walandi, mawi ongka aksara walandi, kula mugi kaparingana saserepan, wiwinihhipun aksara kinging kadamel ongka, punika mendhet sakgingpunapa, yenta, kula pirit sakig aksara jawi, punapa punika condra sangkala, memet tuwin mengeng, mila kula adreng supados raden apringa katrangan mugi kamotna ing Jurumartani kimawon, sanget ing pangajeng-ajeng kula, awit badhe angindhakaken saserepan dhateng kula, titi.

Sinerat ing Ngayogyakarta, kaping 27 September, 1869

Katandhan abdi dalem Ordenas, Atma, Wigyasusastra.

=====

Panjurung ing Jurumartani

Awit saking kumascelu kula badhe atatepangan dhumateng ing ngatasing sarira sampeyan ingkang saweg asasinglo nama Mas Gunawan siswa pawiyatan ing Surakarta, nanging dereng wonten jajalaripun pramila ing mangke kula ingkang amiwiti maduh alalantaran saking serat punika, kaliyan kula kedah amahya-kaken namakula ingkang sajati kasebut ing tondha nama, supados anyirnakaen sakathahing panggalih songga rugi, nanging anyelakna raketeng kakadang, dhuh mas gunawan ing mangke kalilanana kula anggelaraken babalang pitaken ingkang namung sanyari panjangipun, sanadyan samantena, ananging kula pancer boten gadug anggayuh piyambak, punika kemawon sampun anela-kaken bilih kula taksih kirang saserepan sanget menggah panuwun kula wau sampun ngantos kagaliha udur ababantah nanging kagalihi apitaken balaka, pratelanipun kados ing ngandhap punika.

Kadosta: tembung pangeluk, punika kula sumerep inggih kirya wacaka, wangsul: pangkeluk, kula dereng sumerep pisan pisan, awit seselan: ka, ing wyakarana kados sepen.

2, Tembung tigangwanda, rekasa, saemper kados ing nginggil wau saking seselan: ka, saking lingga: rasa, bilih otentik makaten punapa tembung camboran dados: arekasa, punika bok, manawi mengeah tembung: rekasa, wau kula nyuwun sumerep punapa tembung sangkrita, punapa tembung kawi, tuwin tembung jawi.

3, kawula, punapa anggadhahi lingga: kula, manawi anggadhahi lingga: kula, dados wonten seselan: dha, bilih boten anggadhahi lingga: kula, kamesthionteng tegesipun sanes,

4, antara, watara; punika leresipun ingkang pundi.

kadosta: antara, punapa ewonipun ater-ater anuswara, saking ing lingga: tara, ananging boten saged cundhuk ing wyakarana, awit ungelipun mangkaten. Aksara: ta, yen dadi purwaning linga iku ing pakecapane ilang babar pisan ing aksarane irung ater-ater, aliya saka ing sandhangane kang ngraketi, sandhangane iku amor ing pakecapane karo aksara irung ater-ater mau, kaya ta: anarka, lirune, antarka. dados beda kaliyan tembung antara, dene menggah watara, punapa pancer tembung tigang wanda, sabab ater-ater: wa, boten wonten.

5, Sade, Wade, punika lih pisan sami kenging katanggapaken: ka, lan: na, ing ikriya, kadosta: kasadenan sinadenan lan:

kawadenan winadenan, punika leresipun punapa kaange sadaya, punapa namung angangge salah satunggal, bilih ing ukara na angangge ingkang lingga: sade, wasana wonten malih tembung lingga ing sawatawis kathahipun ingkang wonten titimbangani-pun kados nginggil wau, ananging boten susah kula pratelakaken, awit punika kemawon sampun anyekapi.

Surakarta kaping 9 Oktober 1869

Panewu Jeksa Nagari Gedhong Kiwa Ngabei Kartipradata.

=====

Kula pun Jayengwesthi, ing Pamancingan, medal saking Guthaka, sru pitaken dhateng para kakim, sukalamba amung w dhed, pratelanya kadi ngandhap punika.

Sinom Meitriya bronta, kayuyun kang mindha ratih, wanuja tanarsa kroma, wong catur samya tinampik, wau ingkang tinampik, sak sanaha ginempukrul, ingkang serat wus dadya, badhe katur mring sang aji, wus kapriksa sang nata anenggalihnya. Surasane putri Jina, kelawan Suna ing Wngi, anegih tiyang sekawan punika ingkang nekseni, duka srinarapati, tibeng pusara sampun, kaparingken kauman, Putri adi sru anangis, langkung kenceng ature saksi sekawan.

Lo, kados pundi kyai, dene wonten prakawis langkung elok makaten, tur samya purun nyagi supata, sedaya, rehning kula tyang balilu kula nyuwun dhamang penggalih, kenginga kula damel wawaton para ahli kula ing Pemancingan, tamat, serat ing Pemancingan kaping 9 Jumadilawal, taun Je, ongka 1798.
Katandhan dene Raden Arya Jayeng WEsthi, Mancingan.

=====

Tuhan P.F. Purneman mentas tampil badhe kawade barang-barang awarni: cet kadamel agambar kawaduhan ing dhus sakalangkung sae, wadhah mangsi sakalangkung sae, pisite karcis, lemek anyerat kadamel saking kertas kandel mawi ules sinjang perlak, bukmawi gambaran kangge ing para rare, ingknag saweg kawulang aksara.

=====

Tuhan P.F. Purneman mentas atampi pisis damelan Japan sakalangkung sae, kertu walandi kapraos, wadhah mangsi, keker mikroskop, suryakontha, mangsi abrit biru sapanunggilanipun, potelot kadamel anandhani barang suwek, pitelot praosan, potelod kadamel agambar mawi pethen wonten ladingipun pan geretan tuwin sanesipun, armonikah sakalangkung sae ungeli-pun, potelot kangge ing undhagi, keker kadamel ningali tebih, ing mangke barang-barang wau badhe kawade sadaya.

=====

Tuhan P.F. Purneman mentas atampi badhe kawade, tromel tosan pirantos wadhah arta, sarta damelan Inggris, sakalangkung prayogi bilih kaagema dhateng para raden ayu, tromel wau kacet mawi sesekaran.

Kertas pos mawi wonten ulesipun serat kadekek ing dhus.

=====

Tuhan P.F. Purneman mentas atampi badhe kawade, serat panangan gal kangge ing salami-laminipun, regi 50, sen satunggil,

wadah mangsi gelas mawi tutup tembagi kasangub dadamelan
Inggris regi 1 rupiyah satunggil.

=====